# СТЕН ЛОЬМАШНА КХЕТАМ БОССАР



*Сама а ялий, дуьне хийца*

# ЛИЗА БИВЕР

Хьоменаш,

Дала Шен йоIарий Iалашо а, дIагIертар а, доьналла а хила тIекхайкхина. Вайх дуккхаболчара Iиндагlехь дийшина Iохкуш тIехдукха хан яьккхина. Тахана Дала сама а девлла, хьала а гIевттина, хIара дуьне хийца тIекхайкхина вай. Шу, шайна гонаха долчу адамашна, кхолларалле а, стратегически а Iаткъам бан кхоьллина дара.

«*Стен лоьмашна кхетам боссар*» — иза, шу кху сахьтана дуьнен чу девлла хилла хиларх лаьцна, Везачу Элан иракарахIитторан дош ду. Кху дерриге а дахьийтарехь Дала бохуш долчо, со чIагI а йина, сан дахаран хIора агIонгахь кхайкхар дина суна. Суна дерриге а дуьненахула барам боцуш дукхачу йижаршкара, шаьш ницкъах а бузий, Дала кху гучудаьллачуьнгахула церан дегнашка бохург дуьйцуш, кхетаре гIуллакхдар дIакхоьхьуш хиларх лаьцна хезна.

Шуна а, кхечу баьччанашна а леринчу, кху книгехула сан безам а, гIодар а тIеэцийша. Кху книгех а, онлайнан тIекхочийла долчу кхечу гIирсех а шайна бевзачу массаьрца а майрра дагадийлийша. Со, «*Стен лоьмашна кхетам боссар*» цIе йолчу книгано шу бода дIабаккха а, кху лаьттахь Делан Пачхьалкх гайтархьама, догдохийла йоцурш кIелхьарбаха а, тIаккха цхьаьна хьалагIитта а Iамориг хиларх теша.

Сан мехала дерш, кху дахьийтаро сан безам а, хьалхаяьлла лелар а, гIуллакхдар а, луш долчуьнца гIо дар а гуттаренна а хийцина. Ас доIа дарца доьху, шу а, кху книгин агIонашна тIехь Делан дагахь дерг а карош, хийцаделла хилийтархьама. Со йоккхаерца, хIара дахьийтар шух а, аша синан лакхалле гIайгIа бечу адамех а хьакхаделла хилар, хаза кийча ю.

Даггара шун,





Лиза Бивер
LisaBevere@ymail.com

MESSENGER
INTERNATIONAL
MessengerInternational.org

# СТЕН ЛОЬМАШНА КХЕТАМ БОССАР

# Книгех лаьцна хетарг

*«Стен лоьмашна кхетам боссар»* цӀе йолчу книгано Дала хӀора зудчунна белла инзаре ницкъ а, елла хазалла а ган гӀо дийр ду шуна. Оцу книгано стен лоьман санна долу дог самадоккхур ду шун, хӀора денна деш долчу цхьатеррачу гӀуллакхех дӀа а доьрзуш, керлачу дӀагӀертарца Далла гӀуллакх дарна иркарахӀиттар а дохьуш.

– Джойс Майер,
гӀараяьлла автор а, Дезачу Йозанийн хьехархо а.

Бивер Лизас, хозуьйттуш билггал бакъдерг дӀакхайкхийна а ца Ӏаш, ша а ехаш ю стен лоьман дахарца. Иза билггал Ӏийсана тӀаьхьахӀоьттинчех а ю, дика зуда а ю, кхерам боцу нана а ю, майрра дӀакхайкхархо а, инзаре яздархо а ю. «Стен лоьмашна кхетам боссар» цӀе йолчу хӀокху книгано гӀо дийр ду шуна Делан Олалла лаьттахь дӀахӀотторца доьзна долу, Дала шайна тӀедиллина гӀуллакх аша кхочушдарехь. Оха ешначу уггар дог иркарахӀиттош йолчу книгех цхьаъ ю иза.

– Джеймс а, Бетти а Робисон,
*LIFE Today* программа дӀахьуш берш.

«Стен лоьмашна кхетам боссар» цӀе йолчу книгано, Дала шуна чу диллина долу сийлахьаллин хӀуш дендаларна тӀехь гӀо дийр ду шуна. Лизин кхинберш иркарахӀитто долчу доьналло гӀо дийр ду шуна шаьш мехала хилар а, шу хӀун дан кхайкхина ду бохург а, шайна чуьра инзаре похӀманаш а дӀаделла, тӀаккха шайна гонаха болчаьрца уьш декъадалийта йиш хир ю шун.

– Виктория Остин,
*Lakewood* цӀе йолчу динан тобанан гӀуллакхдархо,
Хьюстон, Техас.

Оцу «Стен лоьмашна кхетам боссар» цӀе йолчу книги тӀехь Бивер Лизас инзаре тамашийна сурт дӀадоьллу вайна хьалха, Ӏийсан гӀуллакх дар дӀакхехьарехь сема болчу зударийн мел дукха хӀума дан йиш ю массо а агӀор – шен дахарехь, динан тобанехь, дуьнен чохь, бохург а гойтуш. Цу книгано муьлххачу а дуьхьалонех чекхдийла а, Дала шайна тӀедиллинарг хӀун ду къасто а гӀо деш, дегнаш иркарахӀиттадо ешархойн.

– Стовал Уимс,
*Celebration* цӀе йолчу динан тобанан коьрта куьйгалхо,
Джексонвиль, Флорида.

Бивер Лизас йохье кхойкху массо а зударий, синошца сама а довлий, Дала шайна кховдийна ницкъ тӀеэца бохуш. Шайн дахаран муьлххачу а муьрехь шу хӀинца дехаш делахь а, оцу книгано шун ницкъ хилар, доьналла долуш хилар хаадолуьйтур ду шуна, иштта Дала шуна кечбина некъ а гойтур бу.

– Эд Янг,
*Fellowshi*p цӀе йолчу динан тобанан куьйгалхо а, «Хьо! Хьан сий дан хьакъ хиларан кӀоргене кхачар» цӀе йолчу книгин автор.

Лизас язъйина книга – иза Дала иркарахӀотторца аьлла долу, зударшна лерина долу дош ду. ТаьӀна лелар охьа а тесна, шаьш озадолуьйтучух паргӀат а девлла, Делан дика тӀе а эцна, Цо шайна тӀедуьллург дерриг а кхочушдан деза хан ю хӀинца.

– Шерон Догерти,
*Victory Christian Center* цӀе йолчу динан тобанан коьрта куьйгалхо, Талса, Оклохома.

Далла лерина гӀуллакх дарна тӀехь декъашхо хиларе терра, Бивер Лизас вайна дагадоуьйту зудчун амалехь хила дезачунна юкъа безам хилар, сатийсар, йоккхаер, кӀеда-мерза хиларал сов майралла, доьналла, тешна хилар догӀу бохург. Оцу книгано шуна дагадоуьйтур ду, Далла вайн лаамехь дерг, вайна ваьшна иза гале дуккха а хьалха го бохург.

– Брайн а, *Бобби а Хьюстон,* «Хилсонг» цӀе йолчу динан тобанан коьрта куьйгалхой, Австрали.

Оцу книгин тӀехь Лизехула вайна Делан дог хаалур ду, зударшка чӀагӀонца а, доккхачу майраллица а, шайн куьйгаш бехдаларх а ца кхоьруш, хьалагӀовтта боху кхайкхам беш волчу! Шайн Ӏуьргашкара ара а хьоьжуш, Ӏадатийн жехӀалаллина тӀехьа ма лечкъа. «ХӀара санна йолчу заманна лерина», Везачу Эле чӀагӀдайта шаьш Цуьнан Олаллехь. Вайн йиш яц кхидӀа а ладоьгӀуш Ӏан: карти тӀе диллинарг тӀех дукха ду.

– Рон а, Кейти а Люс,
*Teen Mania Ministries* цӀе йолчу организацин кхоллархой.

Латтарчу хӀора зудчо а деша хьакъ ду и Дала иркарахӀотторца яздина дахьийтар – иза синошца сама а девлла, хьала а гӀевттина, долуш долу хьал хийцаре кхайкхар ду! Лизас дагадоуьйту вайна, вайна, зударшна

кхин а сов долу гӀуллакхаш далур ду, нагахь вай тайп-тайпана хилар юха а теттина, цхьаьна а кхетта дуьнен чуьра адамийн эшамашна жоп даларна тӀехь къахьегахь.

– Ненси Алькорн,
*Mercy Ministries* цӀе йолчу организацин кхоллархо а, куьйгалхо а.

Тамашийна, ойла йойтуш йолчу оцу книгано, Дала вай кхолларе хьаьжжина хилий, дӀахӀиттаре йохье кхойкху вайга.

– Маргарет Файнберг, «Базбина йилбазмохь» а, «Делера дерг лахарца» а цӀераш йолчу книгийн автор.

Бивер Лизас дечу доӀанийн Ӏалашо ю, аша и книга йоьшуш, шуна чохь цхьа башха кхерам боцу а, хаза а, аьрха а дерг кхолладалийтар. Цу книгин цӀе цунна йогӀуш ю, хӀунда аьлча Лиза хӀара дуьне хазадеш йолу зуда ю.

– Дино Риззо,
*Healing Place* цӀе йолчу динан тобанан коьрта куьйгалхо

ХӀун хир дара, нагахь хӀора зудчун синца самаялар хилча, шена тӀедиллинарг кхочушдархьама бохучун шайна хьалха сурт аша хӀоттийча, шуна чохь сатийсар кхоллалур ду. ХӀара книга а еший, шайна чохь долу стен лом самадаккха!

– Шарлотта Гембилл,
*Cherish Women Ministries* цӀе йолчу организацин кхоллархо а, куьйгалхо а, Иштта Abundant Life цӀе йолчу динан тобанан коьрта куьйгалхо, Великобритани

И книга нерваш мела йолчарна яц. Иза, пхьош хьала а карчийна, шайн куьйгаш бех а деш, кху дуьненан лазам шена тӀе а эцна, товеш долу Ӏийсан куьг Ӏоттадалар дахьар ду чов йолчарна, дахаро таӀийна болчарна, дог доьхна болчарна. Нагахь шу шайн доцучунна тӀаьхьадевлла лела кӀадделлехь, ткъа шайн долуш дерг декъа кийча хилар шун делахь, хӀара книга шуна ю.

– Мэрилин Скиннер,
*Watoto Child Care Ministries* цӀе йолчу организацин кхоллархо

Лизас стен лоьмах лаьцна дерг довзийтар, цхьанаметта лараме а, шен меттахь долу а хӀума ду. Дерриг а дуьнен чохь вайна го доьналла долчу

а, инзаре болчу а Делан зударийн тукхам хьалагӀаттар. И хилла а ца Ӏаш, амма Дезачу Синан ницкъо а, динан тобанийн еза агӀонаш тояларо а, стен лоьмийн тобанийн ницкъ, сатийсар хилар а меттахӀоттадар хилира. Олалла дар дезаш ерг а йоцуш, безаме а, гӀайгӀа бар долу а, шен мах бовзар долуш, цуьнга хьажжина дахар долу зударий бу уьш. Кхерамах юьзна а, лечкъаш йолу а хӀума а йоцуш, даг чохь керла эшар йолу зуда, дерриг а дӀалоцуш йолу Дала леррина Къобалвинчо еллачу паргӀатонах лаьцна йолу эшар. Цу тайпана майрра толам баккхархо ду, самадалар хилла долу стен лом.

И дог карзахдоккху книга оьшуш ю, тахана хӀуттучу хьолана догӀуш долу жоп дала кийча йолчу хӀора зудчунна. Со теша, шайна чохь доллу «гӀигӀ» шуна карорг хиларх, ткъа оццу хенахь Лизас шун хьажар ЯхӀудан тайпанах долчу Сийлахьчу Лоьмана тӀе дерзор ду – билггал Аслан долчу – Дала леррина къобалвинчу Ӏийсана тӀе.

– Крис Прингл,

*C3* цӀе йолчу динан тобанан коьрта куьйгалхо

«Стен лоьмашна кхетам боссар» цӀе йолчу книгано гойту Бивер Лизина Дала, синан агӀонца йоьзна йолчу принципех лаьцна дийца хаарш делла хилар, цаьрца доьзна цо дуьйцу, кхерам боцу а, инзаре а стен лоьмаш санна болу зударий хьалагӀиттарх лаьцна, шаьш цу тайпана хила кхоьллина ма-хиллара.

– Кристин Кейн,

*Equip & Empower Ministries* цӀе йолчу организацийн куьйгалхоа, *The A21* Campaign кхоллархоа

«Стен лоьмашна кхетам боссар» цӀе йолчу книги тӀехь Бивер Лизас вайн тидам тӀебохуьйту Дала зударшна деллачу кхерамазаллина а, лардарца йоьзна йолчу агӀонна а тӀе, ишттта цо гойту зударийн ницкъ кхачар шайн дахарехь шайна тӀебиллинчу а, шайна безачарна тӀебиллинчу а къовсамехь. Со теша, Лизас шу Делан диканан ницкъаца лела Ӏаморг хиларх, дохкодовлар а, шайн сатийсамехь долчух шун дохар а доцуш, амма, ницкъ тӀеэца, доьналла кхолладалийтарна а, хӀокху дуьненна тӀехь толам баккхарна а.

– Епископ Кортни Макбет,

*Calvary Revival* цӀе йолчу динан тобанан коьрта Ӏуналхо Норфолк, Вирджини

# СТЕН ЛОЬМАШНА КХЕТАМ БОССАР

*Сама а ялий, дуьне хийца*

**ЛИЗА БИВЕР**

**Lioness Arising by Lisa Bevere, Chechen**
© 2022 Messenger International
MessengerInternational.org
Originally published in English as Lioness Arising

Additional resources in Chechen by John and Lisa Bevere are available for free download and video streaming at: **MessengerX.com** and on the **MessengerX** App.
To contact the author: LisaBevere@ymail.com

This book is a gift from Messenger International and is NOT FOR SALE

**«Стен лоьмашна кхетам боссар» Лиза Бивер, оьрсийн маттахь**
© 2022 Messenger International
MessengerInternational.org
Юьхьанца Lioness Arising цӀе йолуш ингалс маттахь арахецна.

Нохчийн маттахь маьхза чуяккха кхин тӀе йолу ресурсаш **MessengerX.com** сайтехь а, **MessengerX** юххедиллларехь а тӀекхочийла долуш ю.
Авторан контактни электронни адрес: LisaBevere@ymail.com

ХӀара книга — «Messenger International» динан гӀаллакх дарера совгӀат дутӀаккха ЙОХКА МАГОШ ДАЦ.

App Store Apple Inc-ан товарни билгало ю, США-хь а, кхечу пачхьалкхашкахь а регистраци йина ю.
Google Play а, логотип Google Play а Google LLC-ан товарни билгалонаш ю.

*Сан берриге а стен лоьмаш санна болчу йижаршина,*
*шайна чохь цхьа аьрха йолу а, кхерам боцу а, инзаре*
*йолу а агIонаш кхоллаялар хаалуш болчу.*

*Хьо исбаьхьа ю!*
*Хьо хIокху заманна кхоьллина ю.*
*Ма кхера хьайн болчу ницкъах, хьайн*
*хаттарех я хаарех. Синца сама а ялий, хьала*
*а гIаттий, хьайна чохь хьуо стенна кхоьллина*
*яра боху дерриг а дIаделла гIорта.*

# ЧУЛАЦАМ


1. Стен лом самадаккха . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 13
2. Таллаза ницкъ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 29
3. Сема а, кхераме а берш . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 45
4. Кхерам а, цецдовлар а . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 65
5. ГӀуллакх дӀакххехьарна ницкъ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 85
6. Вайн цхьа мисси ю . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 99
7. Маршалла хаттар а, тӀехьийзар а. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 123
8. Стечу лоьмаша стратегически ойла а йо, иштта лела а лела уьш . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 139
9. Стен лоьмаш серлонгахь деха, ткъа боданехь толлу цара . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 163
10. Лоьмаца доладалар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 199
11. Шабар-шибарна тӀера гӀигӀ даре . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 215

# 1

## Стен лом самадаккха

Вай синца бертадахарца эмансипировать дархьама кхоьллина ду Iалам.

РАЛЬФ УОЛДО ЭМЕРСОН

1994-гIа шо дара, сан дахаран цу муьран гуттара санна йолчарех цхьа суьйре яра. Со, сабIаьрзечу хьолахь цIахь долу гIуллакхаш низаме дало гIиртина, лууш хиллачул тIаьхьа, сайн метта дIайижира. Аса, хIинца кхо кIант волу, берахйолу нана хиларна, цу хенахь тоъал чIогIа наб йора. Суна айса бIаьргаш дIа-ма-къевллина сихха наб кхетара, тIаккха самайоккхучу сахьт декаро а, берийн гIовгIано а, я, сайн чоьнна чу къедачу къеггинчу маьлхан серлоно бен, сама ца йоккхура. Амма цу буьйсанна, чIоггIа наб а кхетта, со, синан кIорггечу баланехь, сахилале хьалха самаелира.

Садаржале цу хьалхарчу сахьташкахь суна къаьстташ а, башха а гIан гира. Вуьшта, цхьана хIуманах гIан аларца, сан дагахь, сайна сизийн а, IиндагIийн а гарехь хьалхахIоьттинарг ду, амма хIара бIарлагIа кхин яра. Суна гIенаш сих-сиха го, амма хIара санна, оццул къеггина а, къаьстташ а доцуш. Сайн гIенаха суна дерриг а самаха долчуха хаалора. Суна хьалха кхечу барамехь дустаран сурт дара. Суна, со кхин вайн Лаьттан некъашкахула ца йоьдуш хилар хаалора. Со, къеггина, амма бIаьрса ца дойучу, Стигаларчу Пачхьалкхан цхьана меттехь лаьттара.

Серло массанхьара а схьакъедара. Я дохк а, я IиндагI а дацара,

Делаллин серло бен яцара. Со и серло оццул башха хиларна, и гойтучу хьолехь яц. Бес-бесара басарш вовшашна тӀе а дуьжуш, исбаьхьа гар хуьлуьйтура. Мухха делахь а суна долччул дукха сиренан а, сийна а беснаш дагахь лаьттира (амма вайнчарах къасталуш долу). Цигахь, хьо миччанхьа хьаьжча а, я чаккхе а, я йист а яцара, хӀетте а бесара фоно исбаьхьачу беда-можачу басара айаеллачу тӀулган платформина тӀе гойтура, цу тӀехь хиъна Ӏаш дашочу басара стен лом дара.

Иза, шеко йоцуш, шен тайпанан хазалла яра – сийлалле а, нуьцкъала а, хьоле а. Стен лом меттахъхьуьйш дацара, амма сан иза дийна хиларх, цхьа а шеко яцара – ур-атталла суна доьдуш гинчу лаьттара муьлххачу а дийнатал. Цуьнан корта хьалаайина бара, амма буьйлина бацара, хьалхара тӀодаш цо шена хьалха дахдина дара. Чоьш а, бӀаьргаш а дашо бос бетташ дара. Шерачу таьӀна-боьмашчу басара цӀокин бухахь, цуьнан ондачу дилханан хӀора сеттина меттиг гойла дара сан. И исбаьхьа меттаххьуьйш доцу стен лом вайн дуьненарчу муьлххачу стечу лоьмел ондда а, хаза а, нуьцкъала а дара. Со Делаллин васте хьоьжуш хиларан ойлано дӀалоцура.

Цу исбаьхьачу платформин хьалхарчу декъа тӀехь даьгна дара: Терахьаш XXIII.

Цу стечу лоьман юххехь суна суо жима а, маьӀна доцуш а, ткъа сайн кхузахь хилар – тамашийна меттахь доцуш хилар хааделира. Со сайн дегӀах дӀакъастийна йолуш санна а, тӀаккха ур-атталла сайн берах хилар дага ца догӀуш а яра. Суна со цигахь, *гархьама а, кхетархьама а,* леррина хьежархьама а, тӀаккха и дарца, цхьа теллина доцчунна Ӏамархьама а, юйла хаьара. Сан цу бӀарлагӀан духехь дерг схьалаца дезара. Со стечу лоьмаца цхьа йоллушехь, я дог деттадалар а, я кхерам а хаалуш яцара. Со гинчух цецъяьлла бен яцара, и бахьана долуш сан са хьу а йоьлла, хуьлуш долчун декъах долчуха дара. Аса, ма-хуьллу, сайна гонаха долу дерриг а дӀахудура. ТӀаккха со стечу лоьман бӀаьргаш чу хьаьжира. Оццу муьрехь цхьанхьа сайна тӀехьа суна кхойкху аз хезира: *«ХӀара кӀант варца ахьа хьайна чохь стен лом самадоккхур ду».*

Сийлалле а, инзаре а дашочу къегаран дӀасадаржарехь, дерриг а чекхделира. Юха суна дагадогӀург, Ӏуьйре тӀе а еана, со кхоччуш самаяьлла хилар дара. Дерриг а суна хааделларг, кхерамах а доцуш, ткъа лайначу инзаръяларх дерзина даьккхинчуха дара. Со

хIинцца стенан теш хилла дIахIоьттинера? Цхьа хан дIаяьллачул тIаьхьа, вайн дуьне – хенаца доьзна, цу бакъдолчу а, абаде долчу а, кхачаме долчу а стигаларчу дуьненан Iиндагlе дина я цхьадерг довзийтина дерг хиларх кхийтира со.

## СТЕН ЛОМ САННА, ХЬАЛАГIАТТА

Сатасале хьалха боданехь йижина а Iуьллуш, кхоччуш набарх а яьлла, дог а, дегI а дегорца, сихонца дIайоьдучу заманахь чIогIа атта соьга тIехдалийталун дерг дIаделладалийтархьама, Дала цу стечу лоьман бIарлагIа хIоттийна хилар, хааделира суна. Амма кхузахь Цо кхоччуш сан тидам дIалецира. Аса сайн синан хIорра декъалгаца ладугIура. Сан чоь суна кхоьлина а, еса а хийтира, сайна хIинцца гинчу къеггинчу басахь долчу дуьненан контраст гарехь. Лаьттара Iуьйренан гIовгIанаш эхартара чIоггIачу озаца юьстича лагIйина хетара. Со тапъаьлла дIатийра, меттах а хьайна, цу бIарлагIан тIаьххьара юкъ тIехъялийтарна кхоьруш. Ас бIаьргаш дIакъевлира. ХIаъ, дерриг а хьалха санна адара: стен лом а, платформа а, йоза а, бес-бесара панорама а, аз а.

Цхьа хан яьлча сан дог дIатийча, тIаккха ас мал а елла, бIаьргаш дIабиллира. Платформина тIерачу йозанах дерг хаа лаарна со, маьнги тIера хьала а ца гIоттуш, Делан Йозанашка кхоьвдира. Сан хьашт дара, юй-те цу йозанан ма-дарра коьртаца я байтаца цхьа зIе? Нагахь елахь, Лелар бохучу книгин 23-чу коьртехь яздинарг хIун ду те? Сан дог сецира, суна, агIонаш хоьрцуш, гочдархочун коьртан цIе билгалъелира, тIаккха суна и дакъа БалиIаман хиндерг дийцар дуйла карийра. Суна иза ма-дарра, амма пайда лоьхуш волу пайхамар вуйла хаьара. Ас кхин дIа йийшира 19-чу байтана тIекхаччалц хIумма а ца хаалуш:

> Дела адам дац, Цо аьшпаш ца бутту. Иза адамех схьаваьлла вац, Цо Шена дагадеанарг ца хуьйцу. Ша йинчу чIагIонца ца лела ткъа Иза? Ша дийр ду аьлларг кхочушдийр дац ткъа Цо? И халкъ декъалдар тIедиллина суна. Дала уьш декъалбина хилча, сан йиш яц иза хийца. Якъубан тIаьхьенна зулам хирг хилар гуш дац, Исраилан халкъана бохам хирг хилар гуш дац. Церан Веза Дела цаьрца ву! Уьш баккхийберца кхойкхуш бу, Иза шайн Паччахь хиларна. Дала Мисар-махкара арадаьккхина и

халкъ, бугӀанан маӀашкахь болу ницкъ а болуш. Якъубан тӀаьхьенна дуьхьал лелийна бозбунчаллаш а кхочушхир дац, Исраилан халкъана дуьхьал тесна пал а кхочушхир бац. Шен хенахь Якъубах лаьцна наха дуьйцур ду, Исраилах лаьцна эр ду: „Иштта хӀума дина-кх Дала!“

Лелар 23:19-23

Цу дешнаша Делан тешаме хиларх лаьцна дукха бохуь. Цуьнан ваӀданаш чӀоггӀа а, талхамзе а ду. Делан тешаме хилар бахьана долуш Исраилан холмачаллин я неӀалтийн а боьха а, харцхьаяьхначу а тӀаьхьалонех Ӏалашъяре а, паргӀате а хиндолчун сатийсар дара. Цу дерригено а суна сайна хӀинцале хууш дерг дагадоуьйтура, амма тӀаьхьайогӀучу байто со инзаръяьккхинера.

*И халкъ стен лом санна dӀахӀутту,*
шен ижу дӀакхаллалц паргӀат ца долу а,
ша хӀаллакдинчеран цӀий дӀамаллалц
*dӀа ца дуьжу а лом санна хьалагӀотту иза.*

Лелар 23:24, схьакъастийна авторо

Дог деттадаларца ас юха дийшира и, экамчу кехата тӀера, буьрса дешнаш: *«…стен лом санна dӀахӀутту, лом санна хьалагӀотту иза…»*. Ма-дарра долуш санна дӀахӀоьттира сан бӀаьргашна хьалха иштта сурт: лом а, стен лом а хьалагӀовтту беца юкъара. ТӀаккха, уьш хьалагӀевттича, и сурт машаре долчуьра электризованни хилла хийцаделира. Ерриге а чохь садолчу хӀуманашна, лоьмаша шайн агӀо хийцинийла хааделира, цундела уьш цаьрга леррина хьуьйсура. Дашочу басара лоьмаш хӀинца дийшина ца Ӏохкура: меттера дуьйладала кийча а долуш, меттах а хьуьйш, чу хӀаваъ а уьйзуш, шайн меттиге хьуьйсура уьш. Хила тарло, уьш меца я, церан меттиган дӀахӀиттийна долу дозанаш дохийна, мостагӀ кхузахь хиларна синтем байна ду, ткъа цуьнан маЫна, кхузахь хьолада мила ву хаийта деза хан тӀекхаьчна хилар, гайтар ду.

Лоьмаш хьалагӀевттинчу муьрал тӀаьхьа, уьш дӀасалелачуьра совццалц, дуьйлина хилар лагӀ цалора. Нагахь лоьмаш дуьйлина долуш дуьсуш делхьара, дерриг а дисина дийнаташ, лоьмаш ижу а лаьцна, дуьзна довллалц, малдолийла долуш хир дацара.

Уьш самадовларца суна церан ницкъ иштта сайн синехь а

гучубалар хааделира. Вуьшта мила цецваьлла а, дIалаьцна а хир вацара, садаьIначул тIаьхьа хьала а гIевттина, меттаххьуьйш долчу лоьме я стечу лоьме хьоьжуш? Цу гIуллакхе Iаббалц ца хьежийла дацара. Амма иза хIун маьIна долуш дара суна? ХIун терго хуьлийла дара цу акхачу дашочу басара нуьцкъалаллин соьга?

БIарлагIо цхьана хеннахь сан хьашт карзах а доккхура, со дIа а тоьттура. Суна стен лоьмаш, цициган кIорниш санна, маьлхан зIаьнаршкахь луьйчуш тамехь дара, амма таллаpан а, дийнаташ дайаран а суьрташа кхерайора со, ур-атталла дог керчар хуьлуьйтура. Со *National Geographic я Wild Kingdom* передачашка хьоьжучу хенахь, аса, даккхийчу цицигаша антилопаш а, зебраш а юучу хенахь, бIаьргаш дIакъовлура.

И ойланаш сан коьртехула чекхъевлча, суна дIаяханчу буьйсанна гинчу бIарлагIера дешнаш дагадаьхкира: «ХIара кIант варца ахьа хьайна чохь стен лом самадоккхур ду». ХIун маьIна хуьлийла ду те цуьнан? Суна, онддачу а, кхерам боцчу а стечу лоьмана а, сан меттахь Iуьллуш йолчу, йоккха берах йолчу зудчунна а юкъара зIе ца гора. Сох стен лом алар беламе хIума дара. Аса кхоьйн сурсаташ дуура, къовламе вегетарианка а йолуш, ткъа къиза экха дацара со. Со сайн контролехь доцчу массо а хIумано Iадайора; чIогIа сих-сиха адамаш дуьхьалкхетча суна сайн тешна цахилар хаалора. Къаьсттина со ондда а, шайх тешна а болчу зударша кхерайора.

Берах хилар суна дIасацарна бакъяр бохург санна дIахIоьттинера. Со берах хиларал масех бутт хьалха, доггаха доIа дечу цхьана муьрехь, аса дерриг а сайн дуьхьалйийлар дIа а теттина, Деле элира: «Дика ду! Со Хьан ю. Хьан лаам кхочушхуьлийла сан дахарехь! Ас дерриг а Ахь аьлларг дийр ду. Со ур-атталла зударшка а йистхир ю, нагахь Хьуна иза лаахь». ХIетахь сайн цаьрга хIун олийла ду, кхетам ца хиллехь а.

Амма, берах хилча, суна айса йина ерриге чIагIонаш дIайовлуш ю моьттира. Аса, Дала сайна тIедиллинарг а, сайн цунна реза хилар а, ИбрахIим шен кIант Исхьакх сагIина вала кийча хилар санна, шатайпа таллар ду аьлла, сацам бира. Хила тарло, суна сайн кийча хиларна, дуьххьалдIа ял хир ю, амма сан сайн ваIда цкъа а кхочушдан дезар дац.

Амма и суртхIоттар хиллачул тIаьхьа, берах хилале сайн хилла реза хилар хIинца а ницкъ болуш дуьсуш хиларх кхийтира со.

Ткъа кӀантах лаьцна долу дош, хӀун маьӀна долуш ду те?

Берах йолчу хенахь ас сайн йоӀ хирг хилар тардолуьйтура. Суна дуьхьалӀитталучу хӀораммо а сан йоӀ хир ю олура. Сан кӀант хирг хиларан таронах лаьцна цхьаммо а хьаха а ца дора. Со цхьаъ бен яцара, къайлаха кхин а цхьа кӀант хиларан сатуьйсуш.

Ас корта ластийра, сайн лергех ца тешаш. *Нагахь* кхунах цхьа-хӀуъа а бакъ а долуш сан шатайпа стен лом хилла хийцаяла дезаш делахь, хӀета, дера, цхьанна кхин а билгалбевр бара и гергабогӀуш болу хийцамаш. И суртхӀоттар баккъал а кхин а цхьа ладаме шолгӀа тӀечӀагӀдар хьашт долуш дара.

## ТӀЕЧӀАГӀДАР ЛЕХАРЕХЬ

Масех кӀира дӀаделира, тӀаккха тхан гӀала хаза кхаъ кхайкхош йолу, ас чӀогӀа лоруш йолу, зуда еара. Иза сан шанс яра! Цо со а, кхин а цхьа берах йолу доттагӀа а шеца делкъе ян кхайкхира. Сан доттагӀ кхиаме бизнес-зуда яра, цо кӀорггера тешарехьа ерзар лайнера, тӀаккха шен регион – Ази – Хаза кхаъ кхайкхорца инзаръяьккхинера. *Хила тарло, стечу лоьмах лаьцна бӀарлагӀа цуьнна йогӀуш хилла хила а?.* Ас делкъе ечу хенахь юккъехула и хаттар хьала а айина, цуьнан тергоне хьажа сацам бира.

Тхан делкъе яр исбаьхьачу, малх хьаьжначу дийнахь Флоридерчу *Winter Park*–хь нисделира. Тхо кхуьйа а гӀалахула жимма кхирстинчул тӀаьхьа туьканашкахула лелачу хенахь, ас аьххар а суо стоьла хьалха охьа а хаийна, тхешан доттагӀаллечу уьйр хиларехь стечу лоьмах лаьцна муха хьахор дара-те бохучунна тӀехь ойла йора. ТӀаьхьо, оха юург юучу хенахь, сан иштта аьтто белира.

Сан доттагӀчо йоӀ хиларе сатуьйсуш ю элира, ткъа инжилкхайкхорхо, цунна тӀаьхьара олуш, хила тарло, сан а йоӀ хирг хиларна йоккхаера.

– Ткъа иза кхин а цхьа кӀант велахь? – хьаьттира аса.

Иза аса цу тайпана аьтто хирг хилар магийтарх цецъяьлла яра, сан хӀинцале кхо кӀант хиларна тӀе а доьгӀна, тӀаккха Джонна йоӀ еза, цуьнан гӀайгӀа бархьама. Билггал тӀаккха стечу лоьмах лаьцна гӀан дийца а, кӀантах лаьцна кхайкхо а сацам бира аса.

Со иза цхьа маьӀна долуш хиларх тешна яцара. Вуьшта-м, доцийла, хаьара суна. Цу тӀе со-суо а дӀогара тешна яцара цу

дерригенах а. Суна бIарлагIа ма-дарра хиллийла хаьара, амма сайн синтем байна хиларна, аса хIетте а сайн стечу лоьман вастаца зIе хилар кхоччуш ца лорура. Ас кхин дIа а дуьйцура, айса лайнарг дIадала а гIерташ, амма муха сатуьйсийла дара сан, сайх кхетарг хиларх, со-суо а цецъяьлла хилча? Сан зIе йоцу къамел церан боьхна хьийзачу яххьашна тIехь гуш дара. Со, церан кхеташ хилар карош ца хилча, сихха сецира.

ТIаьхьалонгахь бегIийла йоцу ехха сацангIа хилира, цу хенахь инжилкхайкхорхочо, шеконца соьга а хьаьжна, хаьттира:

– Муьлхачу хенахь бер дан дезаш хила тарло ахьа?

– ИтталгIачу октябрехь, – эхь хетарца жоп делира аса, цхьа маьIна дерг алийла хиларна, дайдалар а хаалуш.

Аркъал а яхана, корта а ластийна, цо тешна хиларца элира:

– ХIан-хIа, хIан-хIа, хуьлийла дац, и хан тIекхачале хьо стен лом хилла дIахIоттар. Суна мохь тоха лаьара «Со реза ю!», аьлла, амма бегIийла а ца хетта, дуьххьалдIа корта ластийра. Цхьана агIор суна дайдалар хааделира, ткъа вукху агIор – со жимма карзахъяьлла а, эхь хеташ а ур-атталла сийсазхилла а яра.

ХIун дара цуьнан дагахь хилларг, сан и хан тIекхачале стен лом хилла дIахIоттийла дац, аларца? ХIинца бIаьсте бен яцара, октябрь кхачале кхин а пхи бутт сов хан юьсура! Эххар а, мел хан дIалоцийла дара стечу лоьман кхечу амате ерзаро? Вуьшта со сайн бIарлагIийца дага стенна елира те? Суна, собар а дина, со билггал кIант варан берах юйла хаа дезара.

Сан эхь хетар хаа а делла, зудчо кхетийра:

– Хьоьца хIинца а дуккха а Дала шена тIехь болх бан дезаш дерг ду… ТIаккха иза октябрь кхачале чекхдоккхийла дац. ХIета, хIинца кхеташ ду. Сайна цу зудчун дуьххьал дIа хилар тамехь ца хеттехь а, со цуьнан ойланца реза хилира. Ас дIа а сецна, сайн ойланашна сайца йиса магийча, уьйр хилар тIаьхь-тIаьхьа шен хьалхалерра гIеххьачу ритме юхадирзира. Цо соьца хаалуш гуш дерг схьаалар бен ца динера. Со дахаран дуккха а йолчу агIонашкахь шеконаша а, тешна цахиларо а хьийзийна яра. Ур-атталла сан майрачо Джона а даим а бохура соьга: «Лиза, хила тарло, иштта хала ду хьан ойланца яхар, хьо оццул синтем байна хиларо а, кхерамо а тIехъюьэна ю». Иза бакъ вара. ТIаккха хало алсамъюьйлуш дIахIуьттура. Суна ехха меттахIоттаран проект хила кIордийнера.

## КХИН ЦХЬА А БАХЬАНАШ ЦАХIИТТОР

Дуккха шерийн дохалла аса бахьанаш лоьхура. Со рак цамгарна тIехь толам бaьккхина зуда а, дуьххьалдIа сайн школе даханза бераш кхиош садетта лууш йолу, яханчу хенахь аьтто боцуш хилла, цIийнан нана а яра. Хила тарлой-те Делан суна йоккха Iалашо? Цхьа нуьцкъала а, ур-атталла кхерам боцу а хIума соьгахь самадоккхийла ду те? Суна майрра хилар-м дан там бара. Мухха делахь а со къоналлехь кхераме хIума дезаш яцара ткъа? Цхьа хан яра, аса сайн ойланашкахь сайн хин болу болх адам ден лаьцначунна тIера космонавтана тIекхаччал хуьйцуш.

ХIаъ, суна айса динан тобанан Iуналхочун зудчун а, хьомечу Iийсах тешачун а вастаца йогIуш хила гIерташ, яйина йолу майралла жимма мукъа а юхаерзо лаьара. Со цхьацца хIуманна кийча яра, ницкъ а, товш хилар а тIедаийтархьама. Суна со ледара а, цIийзаш а санна, тIеоьцуш хила кIордийнера. Суна сайн яханчу хенан лазам лан кIордийнера. Со кхайкхамна кийча яра. Суна тамехь дара, сан майра даггара а, ондда а Iийсах тешачарех верг хилар, амма суна цуьнан букъа тIехьа лечкъа кIордийнера. Даим а шолгIачу даржерчу хIуманех лаьцна ойла ян кIордийнера. МоттаргIанаш ян кIордийнера. Стечу лоьман бIарлагIа нийсса суна оьшуш дерг хилла хила а тарло!

Хьоме а, ларлуш а хуьлучу метта, со жимма хилла а кхерам боцуш а, тIаккха Iалашоне гIерташ а хилла дIахIотта кийча яра.

Цу дийнахь, делкъал тIаьхьа, со автомобилан тIам гуттара санна долчул чIогIа къуьйлуш, цIа йогIура. Аса, сайн мелла а кхерамазаллечу «хонди» чохь а йолуш, стен лом муха хуьлу те, аьлла, талла сацам бира. Керстанийн мукъамийн тIаьхьарчу альбомех цхьаннан мукъамехь хелха а сетташ, ас сайн машенан агIонашкара куьзганаш охьа а дахийтина, кондиционере а доцуш, ткъа мохе сайн «кхес» ловзаяйта магийра. ХIинца иза ```бералла``` хетало (цул совнаха стечу лоьман кхес яц). Цициган бIаьргийн кепарчу бIаьргех дукхучу куьзганийн линзанаш чухула суна тIехьара хIума гойтуш долчу, машенан агIонгарчу куьзгана чохь, хьийзина мелированни месаш гира… *Собардехьа, кху кIужалшкахь акхачу стечу лоьман дашо бос го те суна?*

*Октябрь тIекхаччалц Iийр яц со? Вахь! Ас со хIинца а гойтур ю! Стен лом – иза со ду!*

Муха хилла а ца хууш, и дIахIоьттина зIе делкъе ечу хенахь аса лартIахь дац аьлла хетарг аларна, сан доттагIчо дуьххьал дIа долу дIахьедар дарна, кхин а дукха а долу вовшашца уьйр йоцуш хиллачо цхьа тамашийна дерг дIадолийра. Хеталора, цхьаммо со йохье кхойкхуш санна, ткъа аса и кхайкхар тIеэцначу санна.

Сан кIант Арден Кристофер дуьнен чу валарца (цуьнан цIеран маьIна ду «цIеран алунан, хадам боллуш, къобалвинарг») суна чохь цхьа хIума хийцаделира. Кхин а цхьа бер дуьнен чу далар дукха болх хиларан маьIна доллушехь, со йоI хиларна тIегулъелира. Гой шуна, дуккха а болчу кхечу нанойн санна, сан Делаца йолу юкъаметтиг юьйлина яра. Со денна долчу дахарехь дIасаидаран агIонан йистехь яра. Со айса дан дезаш долчу, суна чIогIа лараме хеташ а, тIаьхь-тIаьхьа алсамдуьйлучу а, гIуллакхех оццул йоьзна хиларна, суо мила ю дицделлера. Со шеконех тIехъоьхура. Сан дахар кIезиг хилла а, эгоцентрични а, чудоьлла а, декъаза, кхерамазалле а, эвсар доцуш а хеталора. Суна сайн цIе а, со хьаьнгахь марехь ю а, сайн бераш муьлш ду а дагадогIура, амма зуда а, нана а йолуш санна, айса цIахь дечу гIуллакхаша а, жоьпалло а, суо Делан йоI хилар дицдайтинера соьга.

Со цунах кхетча, Дела тийначу озаца со ондда хилар кхайкхо а, сан кхин цIе яккха а волавелийра. Берриге бисинчарна сан цIе аса дечу гIуллакхашца доьзна яра. Со сайн берашна нана яра, сайн майрачунна зуда яра, динан тобанан декъашхошна Iуналхочун зуда яра, амма Веза Воккхачу Делана со дуьххьалдIа *йоI* яра. Со дуьххьалдIа Цуьнан долахь хиларна тIегулъелча, ерриг а кхузара йогIучу тIаьхьалонашца, дахаран ницкъо сан гуттаре кхочушъян йолийра, тIаккха сан дагахь тем хилира. Сан дог шорделира.

Арден дуьнен чу ваьллачул тIаьхьа со сайн комплексашна а, кхерамера а, аьттонаш цахиларера а, бегIийла йолчу агIонгара а, кхечарна гIо дан йолаялархьама, араяла йолаелира. Арден вакхочу заманахь аса сайн дуьхьара *«Ас сайн дахаран контроль ца йо, суна иза тамехь а хета!»* цIе йолу книга язйира. И книга язъяро суна хьалха керла дуьне дIадиллира. ЦIаьххьана со дерриг а сайн къоман, даггара долчун мацалла йолчу, зударшка йистхилира. Церан лазамна а, хьогаллина а, могушчу юкъаметтигийн къайладаккхаза долчу хьаштана а жоп луш ас кхин дIа а книгаш язйора.

Хан дIаелира, тIаккха тхо тхешан малх болчу а, йовхачу а,

тӀуьначу а Флоридера цӀеношкара, малх болчу а, шийлачу а, екъачу а Колорадорчу кхечу цӀеношка кхелхина дӀадахара. Колорадо кхелхина дахаро тхан доьзал дукха хан цӀахь дӀакхехьарна а, цхьана горгачу стоьлана хьалха гулдаларна а тӀететтира. И доцург а, тхо тхешан дахаран вастехь дукккха дерг хийца дезаш дара. ТӀаьхьадогӀучу итт шарахь сох маситтазза (иза хаадаллал дукха дацахь а) стен лом аьлла цӀе яьккхинера, цунна со дуьххьалдӀа елакъежара, кхин кхоьруш а, эхь хеташ а цӀера growciciг ца хиларх там хилла а йолуш. Суна сайн юьхьша хийцаялар чекхдала герга а дахна, стечу лоьмаца йолу истори чекхъяьлла хетара.

Амма со галъяьллера.

## ЛИЗА, ИЗА ХЬОХ ХЬАКХАЛУШ ДАЦ!

2007-чу шарахь гуьйранна стен лом юха а деара суна. Со, инзарйоккхучу Керлачу Зеландехь зударийн конференцехь кхайкхамаш бечу, дуккха болчу хьешех цхьаъ яра. Цу мероприяте иштта дукха адамаш даьхкина хиларна, иза вовшахтоьхначу динан тобанан моггӀара ши конференци ян дийзира, берриш лууш берш чу тарбалийтархьама.

Хьалхара конференци динан тобанан цӀа чохь, ткъа шолгӀаниг *Auckland arena*-хь дӀайоьдура. Тхо хьалхара конференци чекх а яьккхина, шолгӀаниг дӀаяхьархьама аренехь дара. Гулам дӀаболабелира. Спикерш компетентни а, къинхетаме а, тешаме а Дешан гӀуллакхдархой бара. Амма суна ца девзачу цхьана бахьанина, делкъхенахь со дог этӀаш дӀахӀоьттира. ТӀаккха иза аса тоъал кечам ца барна а дацара, – со-х айса хьалхарчу конференцехь баьхнарг юха бахан бен дезаш ма яцара. Амма хӀетте а суна, цхьа дуьхьало еш хилар хаа а делла, сайн кхайкхам барал хьалха, сан доӀа дан дезаш хиларан хьашт дара. Суна, иза шаьш шайн харжам бина болчу векалшкара а, кхечу спикершкара а, хӀара вовшахтоьхначу динан тобанера а схьадолуш доцийла, хаьара. Тхан массеран а цхьа дог дара, тӀаккха тхо дерриш а Ӏамалъян а, кхайкхамаш бан а, зударий иракарахӀитто кийча хиларца а даьхкина дара. Амма гонаха кхин а цхьа хӀума хьийзара. Хила тарло, Дела сан тидам тӀебахийта гӀерташ вара. Сан суо а йисина, дерриге а цхьалхадаккха дезара, цундела со,

кораш Оклендан аймехьа арадовлучу, сайн хьешан цӀийнан номере юха еара.

Со, аймин агӀорхьа куьйгаш дӀаса а дахийтина, чоьнна чухула дӀасалелара, Дала йигар а, кхетор а доьхуш, иштта сайн iPod тӀерачу: «Оха даим а толаме мохь бетта!» эшарна тӀаьхьара а олуш. Сайн дог кечдархьама, со, Дала сайн дахарехь дика динчунна тӀера, баркалла баха хӀоьттира. Де хьалха аса сайн *«Зудчун гӀайгӀа баран ницкъ»* цӀе йолчу керлачу книгин куьйгаяздарийн кечамбарш чекхдаьккхинера, цундела аса язъяран а, редакци яран а процесс чекхъяларна тӀера Далла баркалла элира. Суна книга язъяр бер дар санна ду, цундела дара сан доӀа кху кепара хезаш: *«Баркалла, Дела! ХӀара кхочушхилла! Суна гергарчу хенахь кхин юха а яздеш охьахаа ца лаьа!»*.

ЦӀаьххьана Дала сан сине олуш хааделира суна: *«Суна чӀогӀа халахета хьо иштта дог-ойла йолуш хиларна… Суна ахьа юха а яздар доло лаьа дела»*.

ХӀун? Со Далла *оьшу-у?* Везачу Эло кхин дӀа бохура: *«Ас нийсса Стигалшкара стратеги лур ю хьуна. Хьуна иза Сан Дашехь карор ю. Хьо ерриге а стратегех дуьззина кхетар яц, цундела Ас хьуна иза тӀаьхь-тӀаьхьа дӀайоьллур ю. Ахьа дӀаяздан а, дагахьлатто а деза Ас хьайга эн дерг, Сан йоӀарий гулбелча, шуна кхоччуш сурт гархьама. Нагахь ахьа пазлан хьайн дакъалг юкъа ца диллахь, сурт чекхдалаза хир ду»*.

ЦӀаьххьана суна хьалха юха а стен лом гучуделира.

Цуьнан нуьцкъалалле а, сецалурйоцчу хазалле а хьоьжуш, суна Дала олуш хезира: *«Аса, кӀант варца ахьа* стен лом самадоккхур ду аьллера. *Ас и стен лом, хьо ду ца аьллера»*.

ЦӀаьххьана, мел доза тоьхна а, сонта а хилла адамийн ойла яр, кхийтира со. Озо кхин дӀа бохура: *«Ӏийса – ЯхӀудан гарах Лом ду, тӀаккха Цуьнан нускало стен лом самадаккха деза хан тӀекхаьчна. Стечу лоьмийн агӀонаш а, дахаран васт а талла»*.

ТӀаккха суна хьалхара агӀо хезира:

*Стен лоьмаша цхьаьна толлу.*

Со цецъяьлла яра. Суна хезнарг библеха дарий-те? ХӀун маьӀна хуьлийла ду цу дерригенан а? Ӏийсах тешачарах болу зударий шайн зудчаллехь ницкъ буйла а, тӀаккха церан мехала хилар бераш дузоран хьуьнарехь буйла а, хӀинцца бен марзбала ца

буьйлабеллера, ткъа хӀинца Дала царех стен лоьмаш ала омра до соьга. Цхьаъ вукхуьнца муха догӀу?

*«Дела Шен йоӀаршна чохь цхьа кхерам боцу а, акха а дерг самадаккха лууш хила тарло те?»* – ойла йора аса.

Суна хьалха юха а Лелар цӀе йолчу книгин 23-гӀа корта гучубелира, цу тӀехь суна Ӏийсах тешачу зударшка хьалагӀовтта кхайкхам гира. Нийсса цу муьрехь аса стечу лоьмийн дахар талла а, царна а Делан йоӀаршна а юкъара параллелаш каро а сацам тӀеийцира. ТӀаьхьара ши шо аса стен лоьмаш толлуш а, цаьрга хьоьжуш а, царех лаьцна яздеш а даьккхира. Юьхьанца суна зударшна а стечу лоьмашна а юкъахь цхьаьнадогӀуш хилар нийсачу маьӀнехь бен карориг цахилар моьттура – Дала сайна деллачу суртхӀоттарх дийца а ца дуьйцуш, – амма хан дӀаяхарца со и бӀарлагӀа сан бен йоцуш, йиса ца дезарх кхийтира. Стен лом суна со цхьа озабезамениг хиларна гайтина дацара. Иштта аса и бӀарлагӀа со пайхамаралла дерг ю аьлла а ца лайнера. Иза суна гайтинера, Далла хууш хилла дела: цкъа-мацца а соьга иза массарна а хезаш эккхийталур долу дела.

ХӀоразза а, аса «Ахьа стен лом самадоккхур ду», олучу хенахь – суна ма-дарра, цо зударшна муха Ӏаткъам бо, гора. Наггахь и реакци тийна хуьлура, амма бӀаьрхишца, царна чохь хьоста дӀаделладелча санна. Цкъаццкъа церан са лоцура, царна довзийтар а хилла, уьш шайна исбаьхьа а, кхерам боцуш а хилар гӀеххьа дуйла кхетча. Со теша, реакци тамаша балла дика хилла хиларх, хӀунда аьлча хӀорра Делан йоӀехь Ӏахар санна, иштта стен лом а къайладаьлла долу дела. ТӀаккха цу стечу лоьман самадолу хан тӀекхаьчна.

Стечу лоьмах лаьцна ойла еш, сан юьхь шуьйррачу елакъажарехь дӀайоьду. Ас белшаш а, куц а нисдо. Стечу лоьмо массо а кхечу хӀуманел дукха дозаллица суо зуда хилар хаадолуьйту суна, цуьнан ницкъ шеконе буьллийла ма-дацийца. Суна схьахетарехь, лом доцург, стеган шен доьналлах дозалла дойтун долуш, цхьа а кхечу хӀуманан васт дац. Лом – ерриге а акхаройн паччахь ду, цундела, хӀета паччахьан зуда мила ю те, аьлла, хаттар ца хӀутту.

## ХЬЕЖА А ХЬОЬЖУШ… IАМА

Вайн кхетар карладаккхаран Iалашонца, Дала дуьне кхолладаларан дуьххьалдIа хиларна вайн тидам дуьххьара бохуьйтуш бац. Масала, Iийсас, зезагашка а хьовсий, Дела вайна тIе духарш а духуш, вайх царех чул алсам гIайгIа беш хиларан хьехам бо вайна (хь.: Маттай 6:28; Лака 12:27). Нийсса иштта Стигалша Делан сийлалла а кхайкхийна, Цуьнан бакъахьаралла гойтур ю (хь.: Забур 18:2; 49:6).

> Стигалша Цуьнан нийсо дIакхайкхайо, массо а
> халкъашна Цуьнан сийлалла го.
>
> Забур 96:6

Кхоьллина долчун акха а, кхераме а йоцу хазалла, вайна кIезиг, ваьш кхоьллинчу Деле хьовса аьтто луш долу, кор долчуха ю. Вай и кор дIа а диллина, йовр йоцчу а, доза доцчу а Делан хазалле ваьшна чохь стигалан дегадар самадаккха маго деза. Вай дIаделладеллачу хьажарца Цо кхоьллина долчуьнга хьоьжучу хенахь, вайгахь Деле йолу хьогалла самайолу. Вайн сино ваьшна гуш долчун терго йо. Кхоьллина долчо мохь эккхуьйту: «Кхин а цхьа дуккха дерг ду! Хьуна гуш долчул, алсам дерг. Хьуна хезаш долчул, алсам дерг. ДуьххьалдIа адамийн телхаш долчул, сов дерг. Езачу меттехь хиъна Iаш волу, Iожалла йоцу Дела ву».

Дала леррина къобалвина Iийса дуьне кхоллале, сагIина беана Iахар бу, амма Довзийтинарг цIе йолчу книгано Иза иштта Лом санна а гойту:

> Оцу къанойх цхьаммо элира соьга: «Ма велха! *ХIара ду ЯхIудан тайпанах долу Лом:* Даудан Орам. Цо толам баьккхина, Цуьнан йиш ю цу тептар тIера ворхI мухIар дIадаккха а, иза дIаделла а.
>
> Довзийтинарг 5:5

Иза цхьанахеннахь вайн Лом а, вайн Iахар а бу. Тамашийна хIума ду-кх, хьулийла дуй те шина бIостанехьа долчу вастийн комбинаци хилар? Довзийтинарг цIе йолчу книги тIехь ЯхIудан Лоьман «ворхI мухIар дIадоккхийла ду», бохуш ду. Цу книгин автор Яхьъя, ерриге стигал а, латта а, ур-атталла лаьтта бухара

дуьне а теллинчу хенахь, ворхI мухIар дIа а даьккхина, кIез-кIезиг хин дерг дIаделла волавала хьакъ долуш верг ца карийча, воьлхуш хилла. ТIаккха Яхьъяна юххерачу къаночо вайн Iахар Лом санна, гуш хиларе хьажа иракарахIоттийра иза. И цхьаъ бен вац мухIарш дIадаха волавала.

Хедор а, этIор а – иза ма-дарра аьлча къиза гIуллакх ду. Суна сихха дагадогIу Делан цIийнера кирхьа шина декъе декъадалар (хь.: Марка 15:38), цу тIе лакхара дуьйна лаха кхаччалц. Суна, Дала вайна новкъарло ен я Цунах дIакъастон дерг даим а этIийна кескаш еш хилар, тамехь ду. Делаллин къайленан Довзийтинарг цIе йолчу книги тIехь стигаларчу хьарчорна тIера мухIарш дIадахаро дерриг а латта меттаххьедаларе далийна бохуш ду.

Ур-атталла хIинца а, Дела вайна а, вайх хIорранна чохь а Шен дакъалг дIаелла а, гайта а хьогах хилар хаало суна. Ткъа нагахь иза иштта дацахьара, и дуьненан чаккхенан йоккха истори стенна язйийр яра Цо, нагахь цо вайна хIорранна а йолу къайле шена юкъа ялош яцахьара? Со теша, Цо вай дог дохарна а, бIаьрхиш эхарна а доцуш, амма вай вешан хьажар хьала а хьажийна, дерриг а билггал бакъйолчу серлонгахь гархьама, тIекхойкхуш ду.

Стигалийн къайленаш а, хьекъалалла а йилбазмохь хилла хеза вайн лаьттахь.

> IАЛАМ КХОЬЛЛИНА,
> СИНЦА БАРТ БАРЕХЬ, ВАЙ ЭМАНСИПИРОВАТЬ ДАРХЬАМА.
>
> – РАЛЬФ УОЛДО ЭМЕРСОН

Мел исбаьхьа ду, вайн Стигаларчу Дадас Ша кхоьллинарг вайн дегнаш дIаделла доьгIна хилийтар. ХIорра орамато а, дийнато а, пейзажан хIорра дакъалго а: «Хьала а айалой, хьуо хила кхоьллина ма-хиллара, хилий дIахIотта» – бохуш санна. Аьюба бохучуьнца, Iаламехь вай Iамо ницкъ биллина бу.

> …лаьттарчу акхаройл а тхан кхетам алсамбаьккхинарг,
> стигаларчу олхазарел а тхан хьекъал совдаьккхинарг?
>
> Аюб 35:11

Делан безаман сийлалла а, Веза Эла вайна Шен хьекъалалла далархьама дан кийча дерг а, дешнашца яздойла дац. Амма цу гIуллакхо вай цецдаха ца деза. Иза-х хIара бохуш Волу, Кхоллархо ма ву:

> …ХIунда аьлча хьаннашкара ерриг акхарой а Сан ю, эзар лаьмнашкара хьайбанаш а Сан ду. Лаьмнаш тIера дерриг олхазарш а девза Суна, аренгара бежанаш а ду Суна хьалха.
>
> Забур 49:10-12

Вай ваьш лаьттарчу массо а хIуманел лакхара дохку, амма Далла уьш массо а шайн цIерашца евза. Шуна Цуьнан Ша кхоьллина долчух дог лаззане а ца лоцу моьтту те? Цо-х дерриг а кхоьллина дерг Шен дуьхьа ма кхоьллина. Нагахь вай цуьнга ладоьгIчхьана, Iаламе вайна Шен Кхоллархочух лаьцна дуккха дерг дIаделлалур ду. Кицанаш цIе йолчу книгано вайга схьахьедо: «Зингат долчу гIо, малонча, цо деш долчуьнга а хьажий, хьекъалалла долуш хила» (хь.: Кицанаш 6:6).

Со теша, Дела хIинцца вайга хIара саннарг дар доьхуш ву. Цо вайга стечу лоьме а хьовсий, цуьнгара Iамар доьху. Цо вай самадоху: *«ЙоIарий, хьовсийша стечу лоьме. Леррина хьовсийша цуьнга. Шу хьала а гIоьвттина, Аса шаьш хила хьовсийна долу, доьналле зударий хилла дIахIиттадалийтархьама, цунна шайн сецулур доцу амал а, кхерам боцу хазалла а, сецацало ницкъ а самабаккха магадейша».*

Стечу лоьман ницкъ а, доьналла а зударшкахь муха дIаделлало те? ТIаккха стечу лоьмашка терра зударий гIовтта а муха беза? Вайх хIорраннан а шайн къаьсттина реакци хир ю, амма стечу лоьман агIонашка сихалле хьажаро, шуна довзийтар лойла ду. ТIаьхьабогIучу кортошкахь, стен лом африкански маьлхана кIел сатийначу набарх самадала меттахдохучу бахьанашка хьовсур ду вай:

Иза, ницкъ алсамбаккхархьама хьалагIотту.

Иза, маршалла хаттархьама а, кхечаьрга хьежархьама а хьалагIотту. Иза таллархьама хьалагIотту.

Иза, кхин стечу лоьмашна гIодархьама хьалагIотту.

Иза, къонанаш лардархьама хьалагIотту.

Иза, ардангана кхерам туьйсучу, мостагIчунна дуьхьало ярхьама хьалагIотту.

Иза, шен паччахьца лелархьама хьалагIотту.

Со стечу лоьме, Веза Воккхачун хIорра йоI ницкъ караберзийна а, доьналлах юьзна а, шен дахарехь хийцамаш балур болчу а

васте санна, хьежа йолаелира. Ткъа хьуна чохь къайладаьккхина дуй те стен лом? Ас доIа до, хьо хIара книга ешна яьллачу хенахь, хьан кху хаттарна жоп хирг хиларна а, тIаккха цу жоьпаца цхьа ондда а, исбаьхьа а, акха а дерг хьуна чохь самадаларна а тIера.

# 2

## Таллаза ницкъ

Нагахь цкъа-мацца а дерриге а дуьненан зударий адамийн диканан дуьхьа цхьаьнакхетахь, иза дуьненна цкъа а гина боцу ницкъ хир бу.

МЭТЬЮ АРНОЛЬД,
XIX-ЧУ БIЕШЕРАН ИНГАЛСАН
ПОЭТ А, ФИЛОСОФ А

Вай билггал кху ханна самадевлла хилар хуьлийла дуй те? Сан кху гуллуш болчу ницкъан хаамхойн теш хилла дIахIотта озабезам хилла. Дуьненан вукху декъера геннарчу кхечу пачхьалкхехь, Европехь, ур-атталла сайн хьомечу Америкехь а, суна, шеко йоццуш, юьззинчу масштабан боламе даларан дуьххьарлера стоьмаш гина. ЙоIан санна, болчу цу боламан дуьххьарлерачу гIулчашна тIера, зуда санна, хилла баьлла дIа а хIуттуш, иза сихха хьалакхуьуш бу. Эпиграферачу дешнаша цхьа кхетам боцу а, хиланза долу а дерг самадаьккхиний те шун синан кIоргенехь? Ас дуьххьара и дешнаш дешначу хенахь, оццул цецъяьлла хиларна, сан ма-дарра садаIар дIалаьцнера.

Суна схьахетарехь, сан дегIан реакци вайн дуккха кхочушбанза бисинчу аьттонашна реакци яра. Кху книгин цIерах шуна хIинцале а хаьа, суна шуьгахь цхьа акха а, хьекъалалле а, исбаьхьа а дерг самадаккха лаьа. Аса, зударий кхечеран диканан дуьхьа цхьаьнакхеташ хиларна тIехь ойла ярна иракарахIиттадо шу. Нагахь эшахь, хIара аьлларг юхадеша, цу чу диллина долу сатийсар, биллам боцуш, сихонца динчу хьажарал, алсамдерг

хьакъ долуш долу дела; и билггал бакъдерг шун кхоччуш болу тидам хила хьакъ долуш ду.

Шайга хатта дахьийша, Мэтью Арнольдан дешнаш дуьххьалдIа йолчу теорел а, политически риторикел а, я сатийсар долчу предположенел а алсам хуьлийла дуй те, алий? Хуьлийла дуй те цуьнан хьекъалалле аьлларг хиндерг гар а, рекомендаци а я ур-атталла пайхамаралла а?

Хьаьжжий те иза хIинцале а хIеттахь хиндолчуьнга, тIаккха вайн заманан йоIарий гиний те цунна, вай вовшахкхета иракара а хIиттош? Цуьнан заманахь иштта цхьаалла хуьлийла ца хилар хаьарий те цунна, тIаккха вайн заманахь иза кхочушдалург хиларан са а туьйсуре те цо? Билггал тахана иза чIогIа оьшуш хилар кхетадорий те цо? Хьо а, со а билгалвелирий те цунна кху хиндолчуьнгахь?

Со тешна ю, цу хаттаршна уггаре а бакъдолу жоьпаш хIорра зудчунна чохь кIорггехь хиларх, тIаккха долччул а гIолехь дешнашца а доцуш, ткъа цара муха дахар хоржуш хиларехь гуш ду. Зударийн цу жоьпехь дакъалацаран вайн корматалла, вай хенан цу муьрехь муха дехаш хиларо гайтина хир ду. Кхин дIа йолчу хенара вайн сацамаш, вай вешан кIентий а, йоIарий а, цара нийсса вай санна, нийса харжам бархьама, муха кхиориг хиларехь гуш хир ду.

ГIовттур буй те вайн заманара зударий церан культуро а, дино а, Iадато а зударшна дуьхьал болчу дуккха а болчу хьехамчашна дуьхьал хиларна? Океанан дехьара вайн майрра йижарий хьалха дIагIур буй те ур-атталла агIонгара иракарахIиттор а доцуш? Вай, малхбузера дуьненан дахархоша, пайденна доцчу а, тIерадохучу а хIуманех дIа а дирзина, вешан тидам маьIне а, лараме а долчу хIуманашна тIегулдийр дуй те?

КХАНАЛЕРЧУ «БАККХИЙЧИЙН» ХАЛОНАШ ЦХЬАЛХАЯХАР ДУК-ХАХДОЛЧУ БАРАМЕХЬ, ВАЙН БЕРАШ ТАХАНА МУХА ХЬАЛАК-ХУЬУШ ХИЛАРХ ДОЬЗНА ДУ.
– МАРГАРЕТ МИД

Юкъадиллинарг бен а дац тIаккха и дагадар Делера дац а, бохуш чIагIдеш долу, дуьхьаллаьтташ долу аьзнаш а, хетарш а аратоттур дуй те вай? Ваьш деха, хенан стратегически маьIнах кхетарий те вай, тIаккха, вешан меттиг могIарехь дIалацархьама, доктриальни башхаллаш а, ойланаш а юьстах а йохурий те вай? Вай вешан дегнаш а, куьйгаш а цхьаьнатоьхча, вешан хенийн башхаллоно новкъарло-м

йийр яц те? Тешарехь цхьаьнакхетарий те вай? Гойтурий те ма-дарра цу цхьааллечу тешаро, вай тешаш дерг?

И цхьаалла ца даьлла я дахаран хьаштхиларе хир ду те? И цхьаалле тешар гӀулкхашкахь гайталур ду те, вай цхьанаметтехь къеггина а, юхатохалур доцу а, сецалур доцу а, маьӀане а долчун Ӏуналхой а гойтуш?

Тхан юкъарчу гӀуллакхе тхо майрра дӀагӀерта сатуьйсуш дерг къайла цадоккхуш гайталур дуй те, тӀаккха тхо даггара тешачун дийна тешалла хилла дӀа а хӀуттур дуй те иза? Цу тешаре, схьаэцархьама а доцуш, ткъа дӀадалархьама, хьанала куьг кховдалур дуй те? Иза билггал иштта хиларна тӀера доӀа до ас, цу хиламехь бен, вай кхечеран дахаршна Ӏаткъам балур болу, вайн юьхьша дозанаш шорлур дац.

ХӀаъ, со кхета, ас хӀинца доьхуш дерг а, сатуьйсуш дерг а, дӀогара доккха шордалар дац, амма и доцуш вай меттахдовлалур дац. Вай хӀинцца долчу метте хьежар бен доцург, тоьаш дац. Нагахь вай дерриге а дуьненахула дӀасадаржа лууш делахь, вай массо а агӀор хьежа деза.

XIX-чу бӀешаре юхахьежарца, вайна го, цу хенахь зударийн практически дош ала бакъо яцара. ХӀинца ваьшна гонаха хьежарца, вай вешан аьзнийн лараме хиларх кхета. Хьалха хьежарца, вай, иза хиндолчун тӀаьхьало хилла дӀахӀоттархьама, вешан дешнаш а, дахарш а иштта дӀахӀитто дезаш хиларх, кхета деза.

Вешан таронаш шор а йина, дахаран дуккха а йолчу агӀонашна Ӏаткъам бар долоран хан тӀекхаьчна. Дилханна дуладалар я охьатаӀор хааделча, дӀасаозор эвсаре хилла дӀахӀуттур ду. ДӀасаозоро саттар алсамдаккха гӀо а дой, халахетарш дӀахьедо.

Ас сатуьйсу, стечу лоьмаца шу довзийтича, жимма шун дахар «дӀасаозадалург» хиларх. Цо шун шайх а, шун зудчаллех а, хазаллех а, ницкхах а, хьажийна хиларх а, браках а, машарх а, Делах а лаьцна сурт хӀоттар шордан лаьа. Стечу лоьмана, аша божаршца а, доттагӀашца а, доьзалца а уьйр муха йо а, шайн юкъаметтигаш муха дӀахӀиттайо а, кхайкхам кхосса магийтийша. Ур-атталла стечу лоьмана а, ирхъэккхарал хьалха, цуьнан дӀасаозадала дезаш хилар, хаьа.

Вай вешан дахаран кхайкхамаша а, кху дуьненан хьашташа а цхьатеррачу барамехь дуьйлина ду. ТӀаккха, и йоккха меттиг дӀалацархьама, вайна, цхьанахеннахь иза а, важа а дӀалоцуш долу, бӀарлагӀа оьшу.

## НИЦКЪАЦА МАЬРША А, ОЛАЛЛЕХЬ ПАРГIАТЕ А

Кхин дIа йолаялале хьалха, сайн бIарлагIа хIоьттинчул тIаьхьа, кхолладелла хаттар дийцаре дилла лаьа суна. Ас ойла йира: *«Делан адамаш гойтуш долчу Дезачу Йозанашкара лакхахь далийначу декъера маьрша стен лом, ишттачу хIаллакдечу къизаллехь дакъа стенна лаьцнера?»*. ТIаьхьа аса цкъа ойла йина ца Iара бIарлагIина а, цу довзийтаро сайна чохь самаяьхначу (кхин дIа а самайохучу а) ойланашна тIехь. Ишттачу жамIашна тIееара со.

Дала суна стен лом аса цуьнан партал я кхерамца терго ярхьама гайтина дац. Цуьнан васто сан кхерамах дуьзна, доза тоьхна хиларан ма-дарра дерг Iора а даьккхина, харц а дина. И стен лом, Дала цуьнгахула, суна алсам шуьйрра сурт гархьама а, леларан дозанаш шордархьама а, сан бIаьргаш дIабиллина гIирс хилла дIахIоьттира.

Со дIасалелачу хенахь суна дуккха а исбаьхьа статуйш гора. Копенгагенехь а, Римехь а, Лондонехь а, Парижехь а, исбаьхьачу турпалаллашна совгIат деш, цу пачхьалкхийн йозуш йоцуш хилийта мацах баьхначу толамашна лерина, памятникаш ю. Аса, церан исбаьхьаллах а, йовр йоцчу хазаллах а йоккхаеш, цу искусствон произведенийн суьрташ дохура.

Амма сан бIарлагIера стен лом статуя яцара – иза довзийтинарг дара.

Довзийтарша шайца Iорадахаран а, инзардахаран а агIонаш кхоьхьу. Стечу лоьмо, шеко йоцуш, берах йолу а, пижама юьйхина йолу а, дерриге дегI дегорца, цунна хьалха лаьттачу хенахь, со инзар а, Iора а яьккхинера. Стен лом цкъа а меттаххьуьйш ца хиллехь а, иза сол алсам дийна дара. Цуьнан хазаллин а, ницкъан а серлонгахь, суо мел хIуманах яьлла, кхийтира со.

Кхерамо лачкъийнера соьгара ницкъ а, дахар а, хазалла а. Со суо ма-ярра йолчух яьллера, тIаккха, кхузара догIуш ма-хиллара, Дала суна хIиттийначу Iалашонех, дуккха дерг кхочуш цадеш диснера.

Суна исраилхошна шаьш цаьпцалгаш, ткъа Ханаанан бахархой дIуьтIанаш гуш хилар дагадогIу, амма Лелар цIе йолчу книгин 23-чу коьрта тIера вайна, Ханаанан халкъ исраилхошка самадовлуш долчу лоьме а, стечу лоьме а санна хьоьжуш хилла хилар, хаьа.

Изза башхалла лела йолало суртхIоттарна а, ма-дарра долчунна а юкъахь, вай ваьш вешан йиша-стен лоьмаца дустучу

хенахь. Цкъа-мацца а вай и санна, хилла дӀахӀитталур дуй те? Вай цкъа-мацца а вешан ницкъехь маьрша а, вешан олаллехь паргӀат долу зударий хилла дӀахӀуьттур дуй те? Вешан хазалла дӀакхехьа бегӀийла хир дуй те вайна?

Вай ваьшна и цуьцкъала а, оццу хенахь садоӀуш долчу а стечу лоьман васт тӀеэца деза.

Хан тӀекхочу – тӀаккха стен лом хьалагӀотту. Иштта шун а хан тӀекхаьчна, шаьш ма-дарра муьлш ду кхета. Дега а делла, хьала а гӀевттина, меттах а хьайна, самадийла хан тӀекхаьчна.

*«Ницкъаца маьрша а, олаллица паргӀате а»* бохучу дешнаша Делан зудчун чӀогӀа къаьсташ а, нийса а амалш билгалйохуш хилар карийра суна. Сан хьоменаш, ас бакъо ло шуна шайн ницкъаца маьрша а, шайн олаллица паргӀате а хиларна.

Дукха хьолахь *«ницкъаца маьрша а, олаллица паргӀате а»* бохучу кхеторийн цхьаьнадар хан яларца догӀу.

Уьш цхьаьнаэло, хьуна цу чохь а, вукхунна чохь а ницкъ хилар гуш хилча. Вай бакъахьараллехь тийна ма-хиллара, ницкъах кхетарехь а тедар ду. Синтем байна хилар сецча, вайна тер карадо.

> …Хьалдолчу Эло, Исраилан Везачу Дала, иштта боху халкъе: «Соьга, юха а дирзина, шу хьоьжуш делахь, кӀелхьардевр ду шу…
>
> ЕшаӀ-ЯхӀу 30:15, схьакъастийна авторо

ХӀара ду-кх вайна жоп! ГӀоле долчу кхеторан сурт хӀотто хала ду. ДӀа а тей, Далла тӀетовжа – тӀаккха ницкъ хир бу хьан. Вайн билггал бакъ долу чӀогӀа хилар, вай дӀагӀертарца дерриг а вешан куьйгашца дан гӀерта севцча дӀаделлало. Дала хьох ницкъ сеца ца бо; Цо иза ло.

Суна, вайн доттагӀ-стен лоьмах къасталуш, шайн доларчу ницкъо кхерийна болу, дуккха зударий дуьхьалкхетта. Цара, шайгахь кхайкхаза ойланаш, хаттарш я асарташ самадевлча, кхерам зоь. Ницкъах кхера ца оьшу; иза тӀеэца беза. Тила ма лолаш, эсалалла ледарлонца цхьабосса дац. Иза юхаоьзна ницкъ бу, я контроль ен олалла ду.

Муса эсала а, муьтӀахь а хиларан цӀе яьккхина вара, амма, хӀетте а иза сийлахь баьчча а, шен халкъан тоьттуш болу ницкъ а бара. Цунах масал эца мегар ду. Ас, иза, цуьнан хӀорра дош

тIечIагIдеш Волчунна дуьхьалкхетарна дарий те, аьлла, ойла йира.

Диканах а, вонах а доза тоьхначу хааро вайн адамийн доьналла цахилар тIехдузу, тIаккха Делаллин жоьпах дерг кIезиг а до. Делаца доцуш дика гIуллакхаш дарца, вай ваьшна доза туху. Адамийн хIинцалера халонаш тамаша балла яккхийн ю, цундела доза доцу жоьпаш оьшу.

Мусана санна, вайн дегош долу латта тедархьама, вайна Делан диканан довзийтар оьшу.

Цундела, хьомениг, яьхьар юй те хьо, оцу дика довзаран декъашхо хила хьан йиш хиларх теша цхьа Iалашо хIотто, иза кхочушъярца вайгахула Делан дика гучудоккхур долу?

## БАКЪАХЬАРА А, ХЬУЬНАРЕ А

Аса хаа а хууш «тамехь» я «кхерамазалле» боху дешнаш «дика» бохучу кхетамца догIуш ца до. Эххар а, иза ницкъаца дихкина ду. Цул совнаха, суна хезна, дикалла ницкъ санна гойтуш хилар.

> Аттаа дац дика а, оьзда а йолу зуда каро, ткъа иштта
> йолчу зудчун мах жовхIарийн мехал а лакхара бу.
> Баланаш хир бац иштташчух а тешна Iаш волчу майрачун,
> къелла бохург хIун ду а хуур дац цунна.
>
> Кицанаш 31:10-11

Марехь боцу йоIарий, хIара байт шайна юххехула йолу ма мотталаш, дагахь латтаделаш, Iийса шун зуда ехна Стаг ву шуна. Хаттар и байт хьанах хьакхалуш хиларца дац: иза вайх массарех а хьакхалуш ду.

Хаттар кхечуьнца ду: и тIедиллар вайх тешна дуьтийла дуй те? Ваьшна гонаха болчийн, дахарш хьолах дузурий те вай? Вай цхьа-нахеннахь карахдолуш а, дикадаре а хир дуй те? Я Цунна вай тоба-нашна декъаделла гур ду: цхьадерш дикадаре, ткъа вуьйш карах-дераш? Цхьаъ важа доцуш хилар тоьаш дац. Вайн дика деш болчу, цу тIе карахдолучу а, дикачу зударийн хьашт долуш ду. ХIета стенна тIехь карахдолуш хила деза те вай? Жоп тоъал дуьххьалдIа ду: вай, дерриг а оьшуш дерг дан хьуьнар долу, йоIарий хила деза.

ТIаьхьарчу иттех шеран дохаллехь, кхечарна, уьш стенна хьуьнар долуш бу, кхета гIо деш болу, дуккха зударий дуьхьалнисбелла. Адамийн хьаштийн гIоьртина хилар

алсамдуьйлуш хиларна, зударша хаа а хууш билггалйолу корматаллаш кхиа а йо, тӀаккха, цу хьашташна жоп далархьама, шайн образовательни лехарийн фокус а йо.

Уьш, доза тоьхна хила тарлучу, шайн кхетаран агӀонгара, актуальни хаттарш далархьама, тоъал хьекъал долуш бу. Уьш, шаьш хила безарш хилла дӀахӀиттархьама, шайгахь оьшу агӀонаш кхио Ӏемина. Уьш похӀме а, хьуьнаре а зударий бу; майрра, амма лоруш болу; доттагӀаллина дӀабеллабелла, амма шайн тоъал тароне а болу; вайн заманан, амма хин долчуьнгахьа гӀерташ а болу; къинхетаме, амма хаддаме а; даггара, амма кӀоргенза боцуш а болу; ондда а, амма Ӏеда-мерза а; дуьххьалдӀа болу, амма стратегин гарца.

Нагахь вайн Ӏалашонаш а, проекташ а латта хийцош а, дуьне а, вай дерриш а гӀолехь долчунна хийцош а яцахь, уьш елла теори ю. Проекташ денъяла еза. Уьш, вай царна аз а, куьйгаш а, когаш а белча бен, деш-леларе хир яц.

> МАСШТАБНИ ПРОЕКТИЙН КЕХАТА ТӀЕХЬ СИЗАШ ХЬЕКХАР ТОЬАШ ДАЦ. СО САЙН ОЙЛАНИЙН СИЗАШ ЛАЬТТА ТӀЕХЬ ХЬЕКХА ДЕКХАРИЙЛАХЬ ВУ.
> – ЭМИЛЬ ПЕРЕЙР

Вайн дуьненна дуккха а боламийн ницкъийн тӀаьхьалонаш евза. БӀешерийн дохалла вайн латта дорцаш а, цунамиш а, муссонаш а санна, болчу, Ӏаламан ницкъаша лестийна. Лаьттан манти йохийна хилла, тӀаккха цуьнан чкъор мохкбегорах дегадора. Герзан ницкъаш дикачарна санна, иштта вуно вон Ӏалашонашна тӀеийзадора. Цхьаьнакхеттачу герзийн ницкъаша тӀеман аренашкахь вовшах а кхеташ, шайл тӀаьхьа хӀаллакдаран ларш юьтура. Ткъа шен олаллица охьатаӀо а, кхеро а я хӀаллакдан гӀертачу боламан ницкъах лаьцна хӀун эр дара аша? Цу боламан ницкъан декъашхоша стратегические ролаш ловзор яра – цхьаерш гуш йолу, кхин ерш гуш йоцу, амма ерриш а цхьатерра лараме йолу. Ткъа нагахь и боламан ницкъ цхьанахеннахь шен ойланашкахь ша ца кхоъош а, гӀертаршкахь дуьххьалдӀа а белхьара? Муха гуш а, хезаш а хуьлийла дара те цуьнан?

Александра Македонскис аьлла:

> Со коьртехь уьстагӀ болчу эскаро ца кхераво. Со кхерош дерг, коьртехь лом долу эскар ду.

Ма исбаьхьа сурт ду! Вай коьртехь Лом долчу уьстагӀийн эскар ду. Вай кхерадинчу уьстагӀаша санна тӀом бан ца деза, ваьш Лоьмана тӀаьхьахӀиттина долу дела. Вай дешарехь эсала а, къийсамехь дера а ду. Цу кепара, кӀеда-марзалла а, нуьцкъалалла а цхьаьна дозу. Нагахь вай адамийн Ӏаламехь долу хьалакхиар теллича, вайна иштта схема карийначуха хуьлу: олалле хьаладалар, ницкъ талхар, олаллах далар а, чоьхьара дохар а.

Амма, нагахь кхин вариант елахь? Ткъа нагахь, кхоллабелла боцу а, хӀинца а гуш боцу ницкъ белахь?

Ас хӀинца хӀара книга, иза зорба тоьхна хин йолчул, дуккха а йоккхачу шрифтаца язъеш ю, сайна цхьа жима дерг юххехь ган тӀаьхь-тӀаьхьа хала хуьлу дела. Амма сан геннахь долу цхьа доккха хӀума гар тамаша баллал гӀоле хилла.

Геннахь суна шиъ дуьхь-дуьхьал лаьтта сурт го: боккха бала а, сийлахь толам а. Массанхьа а халкъашкахь суна кӀоргге а, бӀаӀаьржа а охьатаӀийна хилар го, амма иштта суна сийлахь самадовлар а го. Суна, дуьнен чохь долу, ирча къинош а, муьлхха а харцо а Делан лагӀлур йоцчу серлонца а, къийсалун йоцчу нийсонца а дуьхьалкхетарца гучу а йохуш, толам боккхуш го. Суна, стен лом кхоссадалале хьалха санна, нислуш дӀахӀуьттуш болу Цуьнан йоӀарий го. И дерриг а суна вайн хиндолчуьнгахь го. Со, и лакхахь аьлларг хьуна цӀаьххьана дерг хирг ца хиларх, тешна ю. Хьо а санна, со и хӀуманаш, айса царех лаьцна газеташна тӀера доьшуш хиларна а доцуш, гуш ю. Суна уьш сайн синан лакхалле бӀаьргаш болу дела го.

Амма со гуш хилла ца Ӏа … Суна хеза. Суна геннара делхар а го, юххера делхар а го. Аса, цкъа мацах туьрмехь чубоьхкина хилла болчу, дог доьхначу адамийн даре даршка ладоьгӀнера. ХӀора денна, церан аьзнаш дӀадукъа гӀертачу, тӀаккха кхин а генна а бахана церан берийн делхар дӀадукъа гӀертачу садукъучу охьатаӀоран дуьхьал, къийсам латтош бу. И дог доьхначу наноша сатуьйсуш долу цхьаъ бен доцург, иза шайн берийн хин долу гӀолехь дерг ду. Цхьана къоначу нанас тхоьга шен бархӀ шо долу йоӀ дӀайигар доьхура, ша клиентийн хьашташ кхочушдечу хенахь, цуьнан маьнги кӀелахь дӀалечкъина Ӏан дезаш хиларна. Со Далла баркалле ю и бер кӀелхьардаьккхинчу, Джеймсан а, Бэтти Робисонан а *Life Outreach* гӀуллакхдарна тӀера, нана борделехь йиснехь а – кхерамах а, лартӀа догӀур доцчух а тӀехъюьзна а йолуш переполненная страхом и безысходностью.

## МЕХАН ДЕШНАШ

Сих-сиха со хезначух инзаръяьлла хуьлу.

Стенна? Ца хаза а, ца ган а атта долу дела. Цецдуьйлийла дац, дуккха а берш цу синтем бойучу аьзнех я суьртех дӀабоьрзуш хилар, сихха шайн тидам цхьана кхечу хӀуманна тӀе а бохуьйтуш. Билггал цу бахьанина ду туризм сексуальни лоллица цхьаьна кхиаме хилар. Со, Таиландехь арахьарчара шайна гуш дерг, дуьххьалдӀа самукъане хан дӀакхехьар хиларан моттаргӀа еш хиларе, хьоьжура. Ас къамел динчу цхьана американски бизнесмено, цуьнан талхаро тайски экономика чӀагӀйо, аьлла, лорура.

> Лергаш долчунна хӀара дӀахезийла!
>
> Маттай 11:15

Ӏийсас, Адамийн КӀанта, Стигалшка хьала а ваьлла, Делан КӀанта санна, кхоччуш бакъо йолу меттиг дӀалаьцначу хенахь, дахьийтар ца хийцаделла. Довзийтинарг цӀе йолчу книги тӀехь Цо юха а, хазархьама тоъал майрра адамаш оьшуш хиларх лаьцна боху.

> Лергаш долчо ладугӀийла Делан Сино динан тобанашка бохучуьнга…
>
> Довзийтинарг 2:7

Вай Цуьнан хаттарна жоп дала деза: дӀадиллина дуй те вайн лергаш?

Ур-атталла иштта: вешан лергаш дӀадиллина хила лаьий те вайна? Сан хьоменаш, вай дерриш а хазаран хилла а ца Ӏаш, амма хезначунна муьтӀахь хиларан а процессехь ду. Со самайолучу хенахь, хьоьга а хатта лаьара-кх: «Ткъа хьуна хезий и тата?».

Халахетарна, кхоьру со, ша самадоккхун долу муьлхха а тата дӀадукъа гӀертарца гӀайбешна юкъа а дахана, шен хьолечу дӀадуьжучу меттахь керчаш а, хьуьйзуш а, набарх долчу нускалх тера ду. Вай хьала а гӀевттина, кхоччуш самадовлархьама, вайн заманан сигнал мел чӀоггӀа хилла еза?!

Вайн чевнаш хиллачу дуьненах чекхбуьйлучу маьхьана тӀе, вайгахьа дирзина долу, кхин аз а ду. Амма иза мохь беттар дац. ГӀовгӀана юкъахь и аз хазархьама, дуладала деза. Иза паргӀате а, тийна а Дезачу Синан аз ду. И аз, вай цуьнан терго ян дуьйладаре терра, чӀагӀлуш дӀахӀутту.

Суна тамехь ду «Механ Дешнаш», бохург. Дала Шен Дош мехашна делла. Деза Са, дахар а, ницкъ а бохьу, дешнийн шабар-шибар дечу, мехаца дустуш ду. Вайн мох гойла дац, амма вайна цо деш дерг го. Механ хьан машаре цхьа Iаь тохийла я цхьа хIума дIасадаржо ницкъ бу. Цуьнан нуьцкъалалло кеманаш боламе даладо я уьш атта бердан йисте аракхуьссу. Механ ницкъо хIордаш а лестабо, лаьмнаш а дохадо. Болам лагIбен дуьхьал хьоькху мехаш а ду, хьалха даха гIо деш долу, букъа тIаьхьара мехаш а ду. Мох даим а дерриге лаьтта тIехула хьийзаш бу, цкъа сихха, цкъа меллаша. Цо Делан шабар-шибар цхьана меттера вукху метте хьо.

ЧIогIа сих-сиха вайна гонахарчу харц гIовгIанан юкъагIертаро *Механ Дешнашка* – Дезачу Сине, вайн леррина ладогIаран хьуьнар лагIдо.

Кхин а ю вайн ладогIаран корматаллина новкъарло. Иза хьайна хIинца хезначуьнга марзвалар ду. Ваьшна цхьа хIума юха а, юха а хезаш хилча, вайн и аз дIа а дайина, цуьнан терго ечуьра совцийла ду.

Нагахь вай ваьшна оцу я вукху стага эн долу дерриг а хIун ду хууш хилар лоруш делахь, вай леррина ла цадугIу. Масех шо хьалха, Деза Йозанаш доьшучу хенахь, суна иза сайгахь билгалдаьлла. Суна Делан Йозанийн цхьадолу гочдарш оццул дика девзаш хиларна, уьш доьшуш, цигахь кхин дIа хIун ядина ду, хаьара. Хила мега, шуьца иштта ниг нисделла хир ду. Цу гIуллакхо Делан Даше бераллин цецъяларан терго яр дайийтира соьга. Сайн бен доцуш хиларна дуьхьаллаттархьама, со перефразированни *The Message* Делан Йозанийн кIоргене яха йолаелира.

Стенна? Суна юха а цецйийла лаьара. Цу бахьанина аса дуккха а дакъош *The Message* тIера даладо, шун а цецдийлар лар хилийтархьама. Аса Делан Йозанаш юха дийцарца ца хуьйцу – дуьххьалдIа вайн заманан мотт а, кхин тIе йолу информаци а юкъаялайо. Амма иштта шайна озабезамехь хета Делан Йозанийн гочдар талла эхь ма хета.

Со иштта лелла, шуна санна, сайна а ма-дарра хаза лаьа дела. Вайн лергаш дIадиллина долчу хенахь, вайга, цунах вешан аз дIатохар доцург, ваьшца хIумма а ца дало. Аз доцчунна тIера а, берриге байлахь берш ларбарна а дIаелла хьайн бага.

Ахьа, шайх дош ца далалуш, багахь мотт боцучаьргахьа а озалахь, бо бисиначаьргахьа бакъонца гIо а даккхалахь. Иштта, ахьа цаьргахьа дош а алалахь, царна тIехь нийса кхел а яйталахь. Къечеран а, мискачеран а бакъонаш ларъяр тIехь хьайн нийса дош алалахь.

Кицанаш 31:8-9

Цу байташкахь Сулимин нанас, Бат-ШабаIас, шен кIантана, паччахьна, шен сийлаллин аз нийсо цахиларан дукъо охьатаIийначарна тIера айадан, тIедуьллуш ду. Иза иштта диканиг дечу зударех лаьцначу байташкахь хезаш ду (хь.: Кицанаш 31:10-31). Сулимин нана санна, шайн аьзнаш дIадуькъна болчаьргахьа гIодоккхуш болу божарий иракарахIитточарах, тера хир дуй те вай? Вай вешан Далла хьалха паччахьаш а, динан дай а хилла дIахIиттина. Цундела ур-атталла кхинаш кхин дIа а бистцахуьлуш белахь а, вай вешан баганаш дIаелла еза.

Ненанана хиларе терра, суна кху тIехь тешна хила лаьа: сан кIенташна а, йоIаршна а тIаьхьалонна дуьсун дерг, баккъал а лараме хир ду. Кест-кеста дуьненан талламаша цхьа барт хиларца гойту стен-боьршанийн нийсалла яйна йолу зIе хилар, шегахула къоьлла а, ур-аттала терроризм а сацо йиш йолу дерриг а дуьнен чохь. 2001-чу шарахь Дуьненъюкъарчу банко лараме болу талламаш бинера: *«Бакъонийн нийсаллехула а, тIаьхьалонашкахула а, озехула а стен-боьршанийн вовшашица йолу юкъаметтиг кхиор»* бохучух лаьцна. Цигахь чIагIдора стен-боьршанийн нийсалла дIахIоттор дуьненан хьашташ эшамехь хиларца дуьхьало ярна оьшу бохург. «Кхуьуш долчу дуьненахь йоIарий Iаморна еш йолу инвестици, хила тарло, уггаре йоккха тIекхиийла долу меттахIотталуш йолу инвестици ю, – яздора, цу хенахь Дуьненаюкъарчу банкан коьрта экономист волчу, Лоренса Саммерсо. – Хаттар, дуй те церан и инвестици яр магадойла, бохучуьнца дац, ткъа церан кхин а дукха йоIарий ца Iамор магадойла дуй те, бохучуьнца ду». Вовшахкхеттачу Къамнийн Организацис кхиоран Программин гурана юкъахь изза талламаш бина, тIаккха иза иштачу жамIе еана: «Зударийн бакъонаш а, аьттонаш а шорбаро экономикин барам лакхабаккхарна гIо до».

Вайн заманан терроризмо кхерамазаллин органийн белхалой стен-боьршаллин шайн талламаш барна тIеIоттабалийтина. ХIара ду царна гучудаьлларг.

Дуккха бусалбанийн терроран тобанаш хиларан бахьана, – чIагIдо цара, – оццул КъорIанаца дихкина доцуш, бусалбанийн пачхьалкхийн экономикехь а, социумехь а зударийн дакъа лацар тоьаш цахиларца ду… Зудаберийн бакъонаш шоръяро, цхьаболчу тIемалойн дешнашца, террористаш церан Iаткъамах бохийла ду.

Дуккха а гIертарш дайина цу актуальни а, кIоргге а, шуьйрра а талламашна. Со даим а цецйоху, адамийн хьекъалалло вайн тидам Дала уггаре юьхьенца дуьйна бохучунна тIебахийтаро. Дуьненан халонаш гучуйовлале дуккха а хьалха, хIинцале а дуьненан жоп долуш дара: зуда.

> ТIаккха Везачу Дала элира: «Дика дац адам ша цхьаъ хилар, кхуллур Ас цунна гIоьнча, цунах терра а йолуш, цуьнца а йогIуш».
>
> Доладалар 2:18

Стагана цхьа хилар дика дацара. ХIинца, хIетахь санна, зударша дахар нисдарехь дакъа лацаро, божаршна а, зударшна а, берашна а, вай дерриш а дехачу дуьненна а алсамдаккхарца дика дохьу. Чудоьллачу дахаро «дика доцург» тIеийзадо. Адамаш вовшашца юкъаметтигаш хиларна кхоьллина дара. ХIетте а божарий бен дакъа ца лоцуш йолу алсамъюьйлу альянсаш потенциальни бохамна таро хилар хуьлий дIахIуьттуш ю. Доладалар книги тIера а, вайн заманан талламашкара а вайн, олаллечу божарша дIахIиттош йолу культураш, дуккха а йолчу тергонашкахь могуш цахиларан, жамI дойла ду.

Хьо куьйга кIел хиларна кхоьллина яцара; хьо тIаьхьалонна дуьсун долчун дакъалацархо ю. Зуда – иза Делан жоп ду. Зударийн аз юкъадалоро бераш Iаморан аьтто алсамбоккху, экономика хьалаяккха дог дауьйту, тIаккха, нис-ма-даллара, терроризман кхерам лагIбо.

Амма шен хIун сурт хIоттош ду зударийн и жоп?

*Сайн* зударийн долчух дерг гучу а даьлла мах хIоттийча, суна суо шолгIачу даржера ойла ца хиларх, кхийтира. ЙоI а, зуда а, нана а хиларе терра, со ду жоп. Нагахь со жоп хилча, логикица ойла хила мегар ду, суна гонаха болу йижарий а, иштта жоп ду. Вай шолгIачу даржера гражданаш дац Делан бIаьргашкахь. Хьоьгахь, хьомениг, адамийн халонийн дийна а, садоIуш а болу

сацам хилла дӀахӀотта ницкъ бу.

Ас гез а деш, къона а, хан тоьхначу а зударийн дахарехь и дуьххьалдӀа долу билггал бакъдерг кхайкхочу хенахь, цу гӀуллакхо дешнашца ала хала йолу реакци кхойкху. Зударша сан шайга йистхиларе дегнаш деттадаларца ладоьгӀна а ца Ӏаш, цара иза иштта хезаш ала а олу, уьш цунах теша а теша.

«Со ду жоп».

Царна и мур довзийтар санна, иштта дулар а хуьлу. Церан бӀаьргаш фокус а хуьйций, Далла даим а гуш хилла йолу, шайн зудчалла ган буьйлало.

Амма и кхетам – долор бен дац.

Вай, цхьаьна экономикина Ӏаткъам барал, сов долу зударий ду. ТӀаккха вайн сацамаш тӀеэца долчу хьуьнаршца, кхин керла хаттарш гучудевр ду. Вай бакъонех лаьцна керла устав яздийр ду, цу тӀехь зударий адамийн доттагӀий хир бу. Вай, зударий а, бераш а цхьаболчийн хьашташкахь пайда оьцуш а доцуш, даггара тӀеоьцу машаречу Ӏалашонан дуьхьа, гуллур ду.

ХӀара ду суна стигаларчу йоӀах лаьцна хууш дерг:

Иза исбаьхьа а, хьекъале а, хьуьнар долуш а ю.

Цуьнан дахар цхьа даьлла долчул, цхьаьнакхетта алсам ду.

Далла иза еза, ткъа иблисана ца еза.

Иза дерриге дуьненахула, къайлаха санна, иштта гуш а, гӀело еш ю.

Амма хаттар дуьсу: иза юкъараллехь муха хуьлийла дара, нагахь цуьнан гӀодар а, стратеги а елахьара?

## ЦХЬА СЕЦАЛУР ДОЦУРГ САМАДАККХА

Сан, *Life Outreach*-н партнер хиларе терра, адамийн дегнашкахь хетарг ала хьуьнар долу, тоъал тешош йолу историш лахьорхьама, Къилба-Малхбалерчу Азехь а, Индехь а хила озабезам бара. Суна къоьллин Ӏазап а, сексуальни лоллин бохамаш а гира Камбоджехула а, Таиландехула а, Мумбаихула а гездечу хенахь. Суна иштта адамаша диканца жоп лучу а, организациш юкъаметтиг дӀакхехьа йолалучу а хенахь, сатийсар а, юхаметтахӀотта аьтто хилар а гира.

Дериге а дуьненахула юкъаметтиг дӀакхехьарехь а, деш-

леларехь а чIогIа ондда хьашт ду. Со Украинехь йолуш сайн доттагIчуьнца ресторанехь марта дууш яра, дагадуху къона йоI чоьхьа яьллачу хенахь. Иза цхьа къаьстташ долу хIума дацара, Украина исбаьхьачу зударшца хестош йолу дела, амма и йоI шовзткъа шо хиллал долчу стеган компанихь яра. Цунна тIехь тамехь доцу духар а дара, лекха кIажош болу туфлеш а яра, ткъа тIехьаьжна берхIитта шо сов дацара цуьнан. Уьш нийсса тхайчунна уллохь йолчу стоьла хьалха охьахийшийра. Со, цуьнан йоI Iаьржа кофе а молуш, бен доцуш корехула ара хьоьжжушехь, хенара волчу стага шен марта дааре хьоьжура. Барана уллохь волчу къоначу кIанта цхьа шабар-шибар а дина, цуьнан агIор гайтира. Кестта, цул шозза воккха хир волу, кхин цхьа стаг охьахиира церан стоьла хьалха. Со елххаза йисира. ЙоI цхьа йолуш а, йоьхна а гора. Гуш дара, иза дукха мах луш болу, «кхойкхуш ялош йоI» яра, амма дерриг а тхуна гуш дерг, безамах хьогах йолу, оццунна догIуш духар дуьйхина долу а, цуьнан дахар худучу, шина хьайначу стагана юккъе охьахаийна йолу а, йоI яра.

Ас юьхьша хабар дийцина, сексуальни лоллехь хиллачу, цхьаболчу вайн йижаршца. ХIаъ, уьш вайн йижарий бу! Цара кхахьпанаш хилар хаьржина дацара; уьш бохам баьлларш а, дахарна тIера доьналле къийсамчаш а бу.

Индехь цхьана деххачу, тIуьначу дийнахь, *Life Outreach* организацин жимачу квартирехь гулбеллачу, къоначу йоIарийн а, баккхийро болчу зударийн а доьхначу дегнийн сайга юьйцучу историшка ладугIуш яра со. ХIораммо а шен истори шена махеттара юьйцура – цхьаболчара бIаьргех хиш долуш, цхьаболчара цхьа а тайпана гуш йоцчу эмоцишца.

Со, уьш, суна церан дахаран историш хаза стенна лууш хилла хиларна тIехь ойла еш хиларх, тешна ю. Дог лазарий те сан царех? Емалборий те ас уьш? Вуьшта, со царех кхетийла а дарий те? Карор дуй те суна царна цхьа муьлхха мукъа а жоьпаш?

Цу майррачу зударех цхьанна (Сэма цIе йоккхур ас цуьнан), ша Непалера жимочу юьртара, ойланех юьзна а, шен ненах дог даьлла а, жима йоI хилла хилар, дагадеара. Цуьнан ден вешина иза ненаца дов деш а хезна, цо Сэма юьстахъяьккхира. Цо иза шеца Мумбаи йигар дIахьедира, цигахь цуьнан образовани хила а, шен ойланаш кхочушъян а баккхийн аьттонаш хир бу, аьлла.

Ишттачу хьалхадиллинчунна дуьхьал хуьлийла дацара.

Сатасале хьалха Сэма шен ден вешица церан жимачу юьртара меллаша дIаяхара. Цо, Непалера Инде кхачархьама, бехха а, кхераме а некъ лайнера. Мумбаи схьакхаьчча ден вашас иза мотелан тишачу номерехь садаIа йитира. ЙоI йижина Iашшехь, ден вашас иза йоьхкинера.

Йоьхна Сэма бевзаш боцчарна юкъахь самаелира. Цуьнан, ден вешина делла ахча, балхаца дIатакхха деза хан тIееара.

ЙоI меттигерчу лела оьхучу цIийне а йигна, боданечу чоьнна чохь дIакъевлинера. Цуьнан шеца кхин дIа хин долчух кхетам бацара. Цо ур-атталла меттигера мотт а ца буьйцура. НеI дIаеллаелира, тIаккха, шен гIуллакхе хьожург хиларе сатуьйсуш волу, клиент чоьхьавелира. ЙоI дуьхьало ян йолаелча, еа зудчо иза сецайора, вукхо и хьийзошшехь.

Сэмин хIетахь кхойтта шо дара.

Хан дIаоьхура. Сэмас мотт а Iамийнера, шен декхар дIа а текхнера, тIаккха цу ханна юкъахь тIахъаьлла бизнес-леди хилла дIахIоьттинера. Цуьнан яха меттиг яцара, тIаккха цхьа а харжам а бацара, тIаккха иза гIуллакхдарехь хьала а яьлла, борделан да хилла дIахIоьттира. Цо къона йоIарий схьа а оьцура, дIа а бухкура, цуьнан командица уьш сеца а бора. Сэмас ницкъбаран организацин куьйгалла а дора, кхиазхошна етта буьйра а дора, вуьйш караберззалц.

Сэмин дийцаре ладугIуш, со цо дуьйцучух цхьа хIума мукъа а бакъ хиларх ца тешалора. Иза кхин борделан да яцара; иза собаре юккъерачу хенара зуда яра. Цхьаммо цуьнца Делан безам бекъна хилла, тIаккха иза Iийсана тIаьхьахIиттинчарах ерг хилла дIахIоьттинера. Цуьнан дIаяда аьтто баьлча, Сэма бордель дIатаса яьхьира. ХIинца иза йиллина, цкъа мацах ша шена караберзош хилларш санна, болу йоIарий кIелхьарбахарна тIехь болх беш ю.

Тхо къамеле девлча, со кхета гIертара, Сэма вуьшта борделан да хилла муха хIоьттира. Цунна дицделлера ткъа ша кхойтта шо долу кхераелла йоI хилла хилар? Ас цуьнга хаьттира: «Сэма, хьо муха хьежалора, къона йоIарий лечкъа а беш, ницкъ а беш, етташ а хиларе?».

Цо са а даьккхина, корта дIасаластийра: «Оха тхаьш дан дезаш хилларг дора… дийна дисархьама».

Дуккха болчарна дийна бисар – дерриг а церан дуьсуш дерг дара.

Со юхатеттаран лома тIе кхаьчначуха яра. Со оццул ледара а, халла ирахь лаьтта а лаппагIаш йолчу урамашкахула лелара, тIаккха цецдовлийла а дацара, цу пенашна тIехьа къайлабевлла берш, догдохийла доцуш хиларх. Хьулъелла а йолуш, со борделашна чу хьоьжура. Малхбузехьа суна сингаттаме а, дахарехь Iалашонаш йоцу а хьуьнарзалле зударий гира. Со харж эрна йина хиларе хьоьжура, хIунда аьлча царна шаьш муьлш ду дицделла дела. Суна халонаш сайн бIаьргашца гира, тIаккха иштта жоьпаш гург хиларе ма-хуьллу са а туьйсу аса.

Лахахь иракарахIитточу а, кхайкхам кхуссучу а *«Ах стигала»* цIе йолчу книги тIехь дог деттадаларе тIекхайкхар гойтуш ду:

> Исторически хьалакхиаро зударий тIейоьттина хIума йолу а, сесуальни ловзо хIуманаш а болчуьра кхиъна юьхьша адамаш хуьлий хийцабо. Зударшна бакъо яларехь экономикин гIоле хилар оццул шуьйра хиларна, къаьмнаш оцу юьхьарлацарца дIадахарна ойла карчайо. Кестта хин йолчу заманахь сексуальни лолла а, «сийнннна тIера» адам дер а, газови герзах пайдаэцар а, ког бинтаца дIабехкар санна, гуттара долу хIума лорур ду. Хаттар стенца ду аьлча, деха лаьттар дуй те и хийцамаш хилар, тIаккха уьш чекхбовлале хьалха борделашка мел йоIарий лачкъийна хир бу, – тIаккха вайх хIорра а цу исторически боламан дакъа а хир дуй те я тIехьоьжуш дерш бен хир дац те.

ХIара хаттар тхох хIорранна а дара.

Ас хIинца яздо, шуна хIара къайле йовзийтархьама, тIаккха, сан дешнаша, шуна чохь къайладаьккхина долу, цхьа сецалун доцург самадаккхарна тIера эмгаралле доIа а до. Ас сатуьйсу, аша стечу лоьман ницкъаца хьала а гIевттина, миччанхьа дахча а, Делан Iаламат дIакхоьхьург хиларх. ТIаккха цхьаьна вай, вайн дуьненна хьалха цкъа а ца гина, боламан ницкъ хир бу. Кхин дIа а еша, сан хьоме йижарий-стен-лоьмаш, тIаккха сама а дийла!

3

# Сема а, кхераме а берш

«Экам»-зударша наггахь йо истори.

ЛОРЕАЛЬ ТЭТЧЕР УЛЬРИХ

Стечу лоьмех лаьцна алсам хаа гIерташ, со книгаш а, статьяш а еша а, DVD-ишка а, Iилманан-кхетаме фильмашка а, ур-атталла You Tube-хь клипашка а хьежа йолаелира, тайп-тайпаначу хьелашкахь а, дахаран тайп-тайпаначу муьрашкахь а церан амалшка а хьоьжуш. Со цкъа африкански сафарехь хиллехь а, сан стечу лоьмех лаьцна американски сурт хIоттар тоъал доза тоьхна дара. ТIаккха ур-атталла хIинца а аса суо стен лоьмаш талларехь эксперт ца лору, ткъа долччул сиха йоккхаен натуралист бен.

Iилманан-кхетамечу фильмех цхьанна тIехь лоьман а, шина стечу лоьман а Къилбехьарчу Африкин керлачу меттигашка кхелхина далорах лаьцна дуьйцуш дара. Лоьмо, прайдан баьччано, цу шина стечу лоьмийн гIоьнца кхиаме шен олалла дIахIоттийра керлачу лаьттанашна тIехь. Цхьаьна и кхуьйа а къилба-африкански йоккхачу меттигехь урхалла деш дIахIоьттира.

Прайдан дIасалеларе а, цуьнан хьалакхиаран динамике а хьовсуш лорх лелархьама, цу лоьмана тIе электронни кочатосург дIатеснера. Ши шо дIадаьлча кочатосург дIаяккха еза хан тIекхаьчнера, цу дийнаташка хьежа дезар кхин доцу дела. И

доцург а, кочатосурго лоьман кхес шен йоллучу хазаллехь йоккха ца хуьлуьйтура, тӀаккха иза дӀаяккха дезара, лоьман кхес юькъа хилла дӀахӀоттийтархьама. (Кхесан йоккхаллин барамца лоьмаша тӀехьаьжна шен къийсархочун «класс» билгалйоккху, цуьнца лата а летта, кху меттигехь шен тоьлуш хиларан тешалла дар оьший те аьлла, сацам а беш. Нагахь къийсархочун кхес тӀехйоккха нислахь, лоьме шен къийсархочун вортанан гонаха бага тӀекъовлалур яц.)

Ӏилманчаша ши шо хьалха кочатосург дӀатесна хилла долу лом, хӀинца хьалха санна, къона а, муьтӀахь а, кхоьруш а долу лом дацара. ХӀинца иза акхаройн нуьцкъала паччахь дара. Стечу лоьмийн гӀоьнца иза керлачу лаьттанашкахь кхиаме даха охьа хиъна, церан кхерамазаллина тӀегӀертачарех шен прайд лар а еш, тӀаккха цкъа хилла ца Ӏаш, ша тешаме лардархо хиларан тешалла а деш. ХӀинца иза схьалаца иштта атта а дацара, цо-х акха а, кхерам боцу а, маьрша а дахаран низамаш схьа-ма-эцний. Лоьма тӀера кочатосург дӀаяккхархьама, рейнджерийн цунна набкхетийта дийзира. И дарна цара акхаро йолу меттиг билгал а яьккхина, тӀаккха дахарна кхерамазаллечу геналлера наб кхетуьту молха долу дротик туьйхира цунна. Хьалхарчу тохаро цуьнан синтеме хилар меттахдаккхар бен ца дира; цо жимма дега а дина, церан агӀор шен сийлалле дашо хьажар дерзор бен ца дира. Цара юха а туьйхира. Лом тахка а техкина, меллаша лаьтта охьалахделира. Рейнджераш гӀуллакхдан хӀиттира; церан машен охьадижина дийнат долчухьа йолаелира, коьллийн къухана юкъахула чекх а юьйлуш, галцаш йолчу некъа тӀехь ирх а кхиссалуш. Эххар а уьш, доккха можа дегӀ Ӏуьллучу, метте гергабаьхкира.

Уьш хӀинца, лоьма тӀера кочатосург дӀаяккхархьама, шайн «джипа» чуьра аралелха кийча бара, амма, шуна муха моьтту, мила гучуделира цу муьрехь? Вайн лоьман хьалхара стен лом – цо йоха а йира церан Ӏалашонаш. Дийнатна гонаха долчуьнца цхьана басехь дӀаэн хааран бахьанехь, рейнджершна, цо церан бӀаьргашна хьалха ша гучудала сацам баллалц, хаа цалора иза. ТӀаккха, царна стен лом цигахь хилар ца хааран, стечу лоьмана цигахь нах хилар ца хаьара боху маьӀна данне а дацара. Лом охьадожийна хилар гича, цо хьала а гӀаьттина, ша къайладаьлла меттиг йитира, нахана гучохь а нислуш. Цо ша кхерам боцуш дӀахьедира цу рейнджирийн тобане. Стечу лоьмо кхерам туьйсуш гӀигӀ дора, цхьана агӀора вукху агӀор леларца, меттаххьуьйш доцчу лоьмана а, массо а хӀуманна

кийча болчу нахана а юкъахь. Цо, локаторш санна, лергаш леладора, цуьнан чоьш ирахlиттинера – дерриг а шен гарца стечу лоьмо адамашна ша реза цахилар гойтура.

Рейнджерийн, набйойту молханан болх бар сацале хьалха, лоьмана тlе а кхаьчна, цунна тlера кочатосург дlаяккхархьама, чlогlа кlезиг хан юьсуш яра. Амма стен лом цигахь хиларо и гlуллакх дан аьтто ца хуьлуьйтура. Адамашкахь коьчаллехь транквилизаторан цхьа доза бен ца юьсура. *Лоьмана тlекхачархьама, церан стечу лоьмана набкхетийта дезара!* Снайперо топ хьала а айина, ларлуш нижа диллира. Набкхетуьйту молханца йолу дротик стечу лоьман дегlах йогlаелира, дарделла дийнат адамашкахьа кхоссаделира, амма кхуззахь охьадуьйжина, набкхетуьйту дротик шен дегlаца лаьттах а таlош. Рейнджерийн команда меттаххьуьйш доцчу лоьмана юххе еача, хlаваэхь хаалуш долу дуладар дара. Стен лом санна, лом долалочу хьолехь дацара, амма кхетамехь дара, тlаккха цуьнан бlаьргаш леррина адамийн хlорра боларе хьоьжура.

Шабар-шибар дарца, цхьана рейнджеро лоьмана тlехьахула тlе а вахана, ирачу уьрсаца кочатосург хадийра, иштта дийнатан дегlа тlера набкхетуьйту молханца йолу ши дротик а схьаяьккхира. Тlаккха рейнджерш сихха лом долчуьра дlа а бевлла, стечу лоьме хьаьвсира. Цхьаъ я ший а и доккха цицигаш меттадахкале, цигара дlадовла дезара. Стен лом агlонна тlе дижина lуьллура, тlаккха иза дахка дезаш хилар гуш дара. Ларлуш цуьнан тlехьара дакъа хьала а айина, сихха дротик схьаяьккхира цара.

Цу хенахь лом хlинца гlигl а деш, хьалагlатта гlертара, амма когаш тlехь латталуш дацара. Рейнджерш сихонца машенна тlе баьхкира, кхин лоьмашка юха а ца хьоьжуш. «Джипан» двигатель хьалалетира, тlаккха уьш, дайдаларца са а даьккхина, дlахахкабелира. Хlетталц шен озехь хилла дуладалар дlа а даьккхина, коьртачо элира: «Семачу лоьмашна юххехь нисваларал кхераме цхьа а хlума дац!».

## МАЛБИНА КЕРСТАНАШ

«Кхераме» а, «сема» а бохучу дешнийн цхьанадаро сан тидам тlебахийтинера. Хlун хир дара те, нагахь вай лоьмаш санна, кхераме а, сема а делахьара? Тlаккха бен вай кхераме хилла

дIахIитталур дацара, иштта дукха адамаш шайн лоллехь долчу, боданан ницкъашна.

Сан хьоменаш, ас доIа до, вай дерриш а, вешан мостагI тамаша балла вайх кхоьруш хиларх, кхеташ хиларна тIера, цундела цо шен ницкъ мел берг дийр ду, вай сецорхьама. Цунна, вай схьа а лаьцна, буржалш тохархьама, ша тоъал юххе валур воцийла, хаьа, нагахь вай сема а, дийна а хилахь. Вайна тохархьама, цуьнан вай тхьовсо деза, вай Дала ваьш дан тIекхайкхинарг дечуьра совцархьама. Амма вай самадовла а, хьалагIитта а деза, тIаккха сан бIарлагIера стечу лоьмана санна, серлонгахь кху дуьненан мостагIчунна дуьхьаллаттархьама, ваьш муьлш ду, дагадаийта деза.

## ДЕ ДИЙНЕ МЕЛ ДОЛУ ДІАТУЬЙШ БЕРШ

> И дерриге а кхочуш а деш, даха, самадовла хан тIекхаьчнийла а хууш, хIунда аьлча вай дуьххьара тешаре даьхкинчу хенахь чул, хIинца герга ду Дала вай кIелхьардахарна. Буьйса дIаяьлла, де тIекхаьчна. Цундела боданан гIуллакхех дIа а дерзий, серлонан долчу герзаца кийча хила вай. Оьзда даха вай, дийнан серлонгахь даха ма-деззара: лар тIера а ца довлуш, малар тIех а ца доккхуш, боьха лаамаш а, къилахь долу хIума дар а дитина, девнаш а ца дохуш, хьагI а йоцуш. *Иштта долу гIуллакхаш лелочул, Веза Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу Iийсах тарлуш даха вай,* вайн синан лаамаш муха кхочушбийр бара те бохуш, ойланаш а ца еш (хь.: Римхошка 13:11-14)!

Кху дIахьедаран хIокху муьрашна тидам тIебахийталаш: денна дан дезаш долчу хIуманашка марз а мало, шаьш кIад а мадайта. Церан хьан хан лачкъайойла а ду, эххар а хьуна наб кхетийтойла а ду. Дезачу Йозанашкарчу кху декъо вай хьалагIитта а, сема хила а, Дала деш долчунна кийча хила тIекхойкху. Нагахь хьо сема а волуш, Дала деш долчунна кечам беш велахь, хьо айхьа хIун дан деза хууш хир ву! Вай дахар эрна дойуш хилла йолу хан, чекхъяьлла. Гул а делла, тIамана кийча хила деза хан тIееана. Самавоккху сахьт хIинца тоххара декна!

Сайн доттагIчуьнга тIаьхххьарчу телефонни зIенехь со юха а сайна дика цатам оьшуш хиларх кхийтира. Цо соьга ша шен майрачуьнца

гӀараваьлла волчу раббица делкъе ярх лаьцна дийцира. Иза чӀогӀа гӀайгӀане вара американски жуьгтийн вочу хьолах, тӀаккха цо царна хьалха шен дагахь дерг охьаӀанийра. Цу раббис ерриге а пачхьалкхехула синагогашкахь а, конференцишкахь а хьоьхура, Америкехь бехаш болу яхӀудхой, американски керстанаш цхьаьна хьала а гӀевттина, шайн ницкъах а, Ӏаткъамах а кхета, доӀа дан дезарх а тешош. Иза, яхӀудхой шаьш лардархьама, вайн пачхьалкхехь тӀехкӀезиг хиларна гӀайгӀане ву. Иза, царна дуьхьал гӀовттучу антисемитски а, керстанашна дуьхьал йолу а дог-ойланаш сацорхьама, меттигерчу Ӏийсана тӀаьхьахӀиттинчара гӀодийриг хиларх сатуьйсуш ву.

Вайх тӀехдукхах берш дог даьлла а, тебина а я – цул оьшуш – вуьшта, баккъал а дуьненахь хӀун хуьлуш ду, ца кхета. Цуьнан бахьана хила таро, вайна дуккха а йолчу ханна билггал долуш долчу Инжилах тера доцу, ткъа иза ша-шен чӀагӀвар долу а, кхечу тайпана довзуьйтуш дерг хиларна, хӀаллакьхуьлуш берш кӀелхьарбахаран гӀуллакх дар кӀеззиг болчара бен кхочуш ца дойтуш долу. Боламан а, синан лакхаллечу упражненийн а тоъал цахиларо вай наб озоран, летаргическичу хьоле далийна-м хила ца тарло те? Динан диктато я къине йолу собаречу тергоно вайн болар юха а оьзна, хуьлуш долчуьнга вайн реакци а, вайна хеташ дерг а артдаларна тӀедалийна хила-м ца тарло те? Дела, вай сама а девлла, «сема а, кхераме а» хилла дӀахӀиттархьама, вай дего гӀерташ, хуьлийла дуй те? Нагахь иза иштта делахь, цу тайпаниг дуьххьара хуьлуш дац.

Исраилан бераш яьссачу аренгахула оьшучул дуккха а алсамчу хенахь девлла лелла. Цара, уьстагӀийн доккхачу жено санна, Ӏалашо йоцуш го туьйсура. Наггахь цара некъа тӀера а довлий, Ӏеткъамаш бора; цкъаццкъа муьтӀахьхиларе дийнахь мархина тӀаьхьа боьлхура, буьйсанна цӀеран бӀогӀамна кӀел меттамот хӀоттабора. Цара шайн Ӏуьнан Мусан озе цкъа ладугӀура, цкъа уьш цунна дуьхьалбовлура. Амма цара, сатийсинчу лаьттаца доза долчу, Муабхойн аренашкахь меттамотт дӀахӀоттийначу хенахь, уьш цигахь хилар массарна а хааделира. Дерриге гонаха долчу халкъашна уьш гучубовлар хаьара. ТӀамна Ӏамийна доццу, гӀум-аренгахула даьлла лела халкъ, цу мехкан бахархошна нуьцкъалчу тӀемалойн гулам хеталора.

Иза хӀинца охьатаӀийначу лейн тоба яцара. Исраилхошна юха а Делера шайн паччахьаллин арадевлла хиларх лаьцна довзийтар хилира *(«Исраил»* бохучун «Делан принц» маьӀна ду). Дуккха а

шерашкахь гІум-аренгахула бевлла леллачул тІаьхьа, уьш кхерч лаьцначу дахарна кечбала буьйлабелира. Амма хІинца а Делан бераша, меттигерчу паччахьашна а, Балиам-пайхамарна а, жуьгташна гонаха долчу, мостагІийн халкъашна а ма-дарра гуш дерг, ца кхетадора. Уьш кхин бевлла лелаш берш бацара, ткъа Делан хаьржина ларамхой а, тІемалой а бара.

ГІайгІане ду, амма шаьш ма-дарра муьлш ду кхетам ца хиларца, шайна гонаха долчу мостагІийн халкъашка нийса терго ца ярца, Делан бераш шайна гуш долчух а, шаьш хьовсийна хиллачух а девллера. Цара шайн хьалхалера доьналле хилар охьа а кхоьссина, бале гІалат динера. Сатийсинчу лаьтта тІе довлале хьалха, цара сонталлица масех цІена боцу барт бинера. Тахана вайна церан гІалаташ схьахьедар ду: вайна кІелхиъна боккха кхерам бу, нагахь, самадевлча, вайна ваьш муьлш ду дицлахь.

Доцца аьлча, гІум-аренгахь халкъ телхира. Исраилхой, Балиам-пайхамара церан меттаматте хьовсийначу, муабхойн зударшца лелаш дІахІиттира (хь.: Лелар 25:1-2; 31:16; Довзийтинарг 2:14). Зударша жуьгтий кхойкхура церан цІув-динан Іадатийн Іамалъяран сексуальни оргишкахь дакъа лаца. ЖамІ хІаллакдаре дара: Делан адамаш цхьана ханна тилийна дара. Дерриг а чекхдалале хьалха, ун а дара, эмгаралле эвлаяъ а вара, нуьцкъала мостагІ – маданхой а бара. Дала Мусана омра динера халкъ дагардан, тІаккха цул тІаьхьа халкъ юха вовшахтоьхнера.

ХІетте а Исраилан мостагІашка царна тІехь толам ца баккхабелира. Исраилхой муьтІахь болчу хенахь, цара толам боккхура. Амма уьш Делан весеташна тІера бевлча, царна кхуззахь таІзар хуьлура. Уьш дохкобевллера – тІаккха Дела царна дера волчуьра сецнера, амма цу муьрехь Делан дераллах хІинца ткъе диъ эзар адам деллера.

ХІун урок схьаэца мегар ду цу ерриге а историгара? Нагахь вайн мостагІчуьнга вай тийна а, доьналла доцуш а, муьтІахь долуш а, набарх девллачу хьолехь сецалуш ца хилча, цо вай сийсаздарна а, сийдоцчу Іамалъяршкахь дакъа лацарна а марздийр ду. Муха гуш бу набарх бевлла болу керстанаш? Церан тешар кху тешнахиларшкахь гуш ду:

- «Адамаш телхина догІуш ду… Сатуьйсу, Дала хІинца вай, кху дерригенах а кІелхьардовлархьама, кестта вай Стигалшка дІаоьцур ду».

- «Со а, сан майра а кхечу доьзалийн зудчун а, майрачун а интимни сценаш йолчу Iаморан видеошка хьежа хIунда ца деза?»
- «Со кхоьру! Цундела гIолехь ду ас сайн бIаьргаш дIахьаббар (бага гIаттор), тIаккха хIинца, сан бIаьргаш дIахьаббина болчу хенахь, ас жимма наб йийр ю».
- «Далла со адам бен доцийла ма хаьа, тIаккха сан сексуальни хьашташ а ду, сан майрачо там хуьлуьйтуш доцу. Суна, айса и дан ца дезийла, хаьа, амма, эххар а, Дала суна хIинца геч ма дина…»
- «Ас кху президентах кхаж ца тесна. Ас цунна тIера доIа дийр дац».
- «Сексуальни лолла а, адамийн дохка-эцар а – иза боккха бохам бу. Амма иза кхечу мехкийн хало ю, иштта дац и?»
- «Ма гIайгIане ду, и дерриге а адамаш Гаитехь а, Чилехь а мохк бегочу хенахь хIаллакьхилла хилар. Исбаьхьа дац ткъа, гIарабевллa болчара, кху адамашна гIо дархьама, ахчанца сагIа деш хилар?»

Наггахь суна, вайна ваьш муьлш ду хилар диццаларх Iадорна, елха лаьа. Вай вешан а доцуш, Делан долахь ду. Вай, Цунна а, Цуьнан Iалашонашна а дIакъастийна деза адамаш ду. Вай, Дела вуьшта волуш хиларх тешна йоцу, халонашца къийсам латтош йолу, къино эшош йолу, байлахь бисинчу бевддачийн, дуьххьалдIа дIасаяьржина жима тоба яц. Вай Дала леррина Къобалвинчун цхьаалле ДегI ду, тIаккха Цуьнан ДегI хиларе терра, вай триумфана а, толамна а, Iаламаташна а, билгалонашна а кхоьллина ду. ГIайгIане ду, хIинца а берриге вайн йижаршна цунах лаьцна хууш цахилар!

## ХЬО – ЖОП ДУ, ХАЛО А ЙОЦУШ

Цу боламан ницкъах лаьцна аса 2005-чу шарахь *«Зуда йолуш санна, къийсам латтабе»* цIе йолчу книги тIехь яздинера. Цуьнан бухенгара ойла, «хьо, йоI, жоп ду, ткъа хало а йоцуш», бохучуьнца ю. *«Стен лоьмашна кхетам боссар»* цIе йолу книга чекхйоккхуш, аса тидамаллин а, инзаре а *«Ах Стигала»* цIе йолчу книги тIехь ойла йора, цуьнан автораша а иштта дIахьедо: «Зударий хало яц, ткъа сацам бар ду». И книга журналистийн

Пулитцеровски премин лауреаташа, мар-зуда болчу Николаса Д. Кристофа а, Шерила Вуданна а, язйина ю. Цуьнан Iалашо – образованехь а, экономически сферашкахь а зударийн а божарийн а цхьатерра бакъонаш хиларна юкъараллин тидам меттахбаккхар а, тIеберзор а ю. Цу книгано, ирсана, актерашна а, жигархошна а, массийн хаамийн гIирсийн гонна а юкъахь чIогIа реакци йинера.

Ас юха а хьалаойу и хаттар, зударийн а, божарийн а бакъонаш цхьатерра ца хилар санна долчу хаттарийн сацамаш барна тIехь, динан тоба хьалхаяьлла йоьдуш ца хиларна, суо кхоьлина йолу дела. Вай, йисина команда, дерриг а шен доьналла тIе а гулдина, сабIаьрзе карзахбаьллачу мехаца ларо гIерттташехь, кеманан трюма чохь парггIат вижина Iаш хиллачу, Ширачу Весетан пайхамар волчу, Юнусах тера долуш санна, гуш ду. Вай даим а, вешан машаран нийсаллина тIелетачу, инзаре харцонна Делан сацам бар лоьхучарна юкъахь, палуби тIехь хьалхарнаш хила деза. Амма Юнусах къасталуш, вай, цхьа долу кема тулгIенаш тIехь дIасакхуьссучу, цхьаъ бен йоцу шторм ловш дац. Вайн хиламехь, Iаламан штормаш лаьтта егачу хенахь, финансийн кризисо дуьненан экономикин дестабилизаци ечу хенахь, дерриг а дуьне инзардаьлла ду. Харцоно дерриг а дуьне лестош а, дегош а ду. ЧIагIлуш болчу синтем баран а, кхераман а хьолехь, адамаша Iийсана тIаьхьахIиттина болчаьрга хаттар до: «Ишттаниг муха хуьлийла дара?». Ялхой бина а, чевнаш хилла а, боьхна а болчара вайга хаттар до: вай, хIинца а тIех тIаьхьа хилале, Деле а кхойкхуш, хьолана юкъагIортархь лаьцна доIа дан дезачу муьрехь, дийшина муха Iайла ду. Амма динан тобанехь тIехдукха адамаша шайна наб кхета я маьIна доцчу къийсамаш барехьа дерзо магадо.

Юнусан заманахь, пайхамар муьтIахь цахиларх самаваккхархьама а, харц новкъа боьлхучу Нунав-гIалин бахархойх лаьцна дагадаийтархьама а, Дала шторм яийтинера. Дала цкъа а адамаш бохамехь ца дуьту, амма Юнус цу ширачу гIалина тIедогIу йохор ца хилийта цхьа а лаам болуш вацара. Пайхамар кеманан трюма чохь дIа а лечкъина, Дала цунна ваха омра динчу меттигна, бIостанехьа йолчу агIор воьдура. Юнусна наб кхеттачу хенахь, Дала, дIаведдарг тIехь волу кема хIинца вовшвхдаллал чIогIа ницкъ болу, шторм яхийтинера. Юнус дIа стенна веддера? Цунна, ша хьакъдоцуш лоруш берш, кIелхьарбаха ца лаьара. Тидам белаш иза а, гIала а

кӀелхьаръяьккхинчул тӀаьхьа, Юнусан Делаца хиллачу хабаран:

> Юнусана иза чӀогӀа халахийтира, цундела иза оьгӀазвахара. ТӀаккха цо доӀанна тӀехь дийхира Везачу Эле: «Ва Веза Эла! И дацара аса со сайн махкахь хиллачу хенахь дийцинарг? Цундела веддерий со-м Таршаш-гӀала, хӀунда аьлча Хьо дика ойла йолуш а, къинхетаме а, Хьо атта оьгӀаз ца воьдуш а, ткъа боккха безам болуш а вуйла сайна хаьа дела. Хьо сиха дохковолуш хуьлу, Хьайна цхьанна бохам бан дагадеача.
>
> Юнус 4:1-2, гочдар *Message*

Юнусна, Дала гӀалина кхел а йина, таӀзар дан лаьара, ткъа Везачу Элана Шен ниӀмат а, къинхетам а Ӏано лаьара. Юнусна, дуккха а адамаш долу гӀала хӀаллакьхиларан кхерам хиларх эхь ца хетара, амма иза, ша маьлхах кӀел дӀалочкъуш долу, дитт дакъадаларна, валлал халахетта вара.

> Юха а хаьттира Юнусе Дала: «Бакъо юй хьан иштта оьгӀазваха и орамат якъаялар бахьана долуш?» Юнуса элира: «Ю сан бакъо, со валлал чӀогӀа оьгӀазвахана!» ТӀаккха элира Везачу Эло: «Хьуна къахетта оцу ораматах, цхьана буса хьала а яьлла, цхьана буссехь хӀаллакьхилла йолчу, айхьа цунна тӀехь къахьегна доццушехь, иза айхьа кхиийна доццушехь. Муха хетар дац Суна къа, шайн аьтту куьг аьрручух къасто а ца хууш, бӀе ткъа эзар адам а, шортта даьхни а шен чохь долуш йолчу йоккхачу Нунав-гӀаланах?»
>
> Юнус 4:9-11

ХӀай! Вай нийсса иштта довлуш дац ткъа, Далла лараме долчух? Вай, Далла мехала долчух а доцуш, ткъа вешан бегӀийла а, кхерамазалле а долчун алсам гӀайгӀа беш хила тарлой те? Стигалшкара Веза Воккха Дела хиндолчу дохоро цхьа а тайпана воккха ца воьйту. Цунна, харцнекъашца боьлхуш болу берриш а, даггара кӀелхьарбаха лаьа! Далла кӀелхьарваккха лууш волу цхьа а стаг, сатийсарх ца воккхур вай. Ас доӀа до, аша Деле шайна чуьра стен лом самадаккхийтар доьхуш, аша, кхел яр доцуш, адамаш кӀелхьардоху агӀо тӀеэцархьама, уьш зуламах а ларбеш, церан дахар дохорна тӀедало там болчу.

Далан тӀекхайкхарна муьтӀахьхиларан хан тӀекхаьчна. Цо вайх тешна дитна дерриге лаьттахула Хаза Кхаъ дӀакхехьар. Цо вай вовший дезаран весет дина. Цо вайх тешна битна бисина Ӏаш болу зударий а, байлахь берш а, бевлла лелаш берш а, къенаш а. Ур-атталла хӀинца а Цо иракарахӀиттабо Шен йоӀарий – къонанаш а, хенарнаш а – дуьненан халонашна жоп хила. Цо вайга схьахьедо, вешан башхаллаш юьстах а яьхна, цхьаьна къахьегар, Делан болх а беш.

Вайх цхьаберш хӀинца а вовшашца дика хиларна тӀехь къахьоьгуш бу. Кхинаш шаьш девллачунна тӀера белхам беш тӀех мукъа бац. Дуккха берш сонта доктриниальни башхаллашна тӀехула тӀом беш бу, Дала леррина Къобалвинчун ДегӀан кхин меженаш бехке а еш.

Безаменаш, суна вайн самадовларна тӀекхайкхаран, Юнус санна, вай хӀорда чу кхиссар я, исраилхойн халкъ санна, гӀумарен гахула девлла лелар санна, мах хила ца лаьа! Кху дуьненахь хуьлуш долчу зуламна вешан бӀаьргаш дӀа а биллина, цу суьртана ваьш дега а дой, самадаха магор вай. Сайн синехь, шайн машар хийца кийча долу адамаш гӀовттуш хилар го суна.

## ШУН ШАЙН МАСАЛ

ХӀара книга язъечу хенахь сан редактораша, самаяьлла зуда стенна тӀекхуьийла ду, вайна гуш хилийтархьама, кхоччуш набарх самабевллачу зударийн масалш далорна меттахйохура со. Амма суна, вайна хӀинца гинчу масалшца доза тоьхна хила ца лаьа, хӀунда аьлча «самабевллачарах а, кхерамечарах а» йолу истори хӀинца а язъеш йолу дела. Со тешна ю, дуьненна хӀинца а, сема а болуш, зуламан ницкъашна кхерам болчу, керстанийн зударийн боламо хӀун гойту гур ду.

Дела шозза вистхилира соьга керстанийн зударшна юкъахь самадовларан процесс йолор тӀедилларца. Сан кхетам бац, вай кхоччуш самадевлча дерриг а муха гуш хирг хиларан, амма со, иза боданна кхераме, тӀаккха дийнан серлонгахь сийлалле хирг хиларх, тешна ю. Кхин дӀа цунах лаьцна ойла ярца, со, керста йолу зуда кхерам боцчу акха стечу лоьмаца цхьатерра ларар, хӀинца а кхоллаяларан стадихь хиларан жамӀана тӀейогӀу.

Со иштта, адамашна, цаьрга, хӀун дан деза бохучу хенахь,

тамехь хуьлуш хиларан кхетамна тӀееана. Амма гӀулч мел йоккху, муха а, хӀун а дан деза, бохуш, бечу хьехамаша, Делан таллаза дуккха а долчу Ӏаламатех дохийла ду вай, цундела сан дахьийтаро «муха» бохучу хаттарна жоп ца ло. Суна шу самадовла лаьа – шайна чохь стен лом сама а даьккхина, шайн шатайпана хиларна арадовлар а луш. Далла а, шуьга шайга а бен билгалдаккхалур дац, муха хир ду стен лом, иза шуна чохь кхоччуш самадаьлча.

Дукха хан йоццуш аса тхайн офисан белхалошка церан стен лом стенца дозуш хиларан дешнийн я вастийн цӀераш яхар дийхира. ТӀаккха со цецъяллане а цаяьллера церан жоьпаша *«граци»* а, *«кӀеда-мерза»* а боху дешнаш *«дералла»* а, *«цакхерар»* а бохучу дешнашца цхьатерра юкъадалош хиларх. Иштта тайп-тайпане а, шуьйрра а хуьлийла ду самадовларан эффект.

Деза Йозанаш теллича, суна, Дала сих-сиха Шен адамашка я Шен пайхамаршка, дӀоге гӀо а, хӀара де а, и ала а – тӀаьхьалонийн къаьстташ кхетор а доцуш, омра деш хилар карийра. Масала, ЭлишаӀа йисина Ӏаш йолчу зудчуьнга элира: «Яло, ара а ялий, массо а хьайн лулахошкара яьсса кхабанаш а ехий, уьш дуккха а схьагулъе. Цул тӀаьхьа, хьайн цӀа чу а гӀой, хьайна а, хьайн шина кӀантана а тӀаьхьа неӀ тӀечӀагӀа. ТӀаккха хьайн зайтдаьтта оцу массо а кхабанаш чу дотта, юз-юьзнарг юьстах а йоккхуш» (ТӀаьххьарнаш 4:3-4). И дешнаш билггал хиларе дац. Цу гӀуллакхо, юхалург деллачо декхарш схьацадаларна оцу йисина Ӏачу зудчун кӀентий лолле бига кхерам туьйсуш хилча, халонан сацам бан гӀо муха дийр ду? Амма йисина Ӏаш йолу зуда шена дина омра кхочуш а дина, Делан стаг волчу юха еача, цо цуьнга элира: «Яло, и зайтдаьтта дӀа а дохкий, хьайн декхарш дӀало. Ткъа дисначу ахчанах хьо хьайн берашца ехар ю» (ТӀаьххьарнаш 4:7).

Тамашена ду-кх, вай вешан дахарехь хӀинца а хьалхара гӀулч а яккхале, исбаьхьачу кхачамера шолгӀа а, кхоалгӀа а, йоьалгӀа а гӀулчаш йовзархьама, мел хӀума тӀехдолуьйту те. Цундела кху книгин «еша езаш а, доӀа дан дезаш а, Деле, аша Цунна хьалха хӀиттийна пхьегӀаш, юзо магош а» йолчун санна терго е. Шайн хьекъалехь, Цунна шу иракарахӀитторхьама, пайда эца лууш долу, стечу лоьман васт (цуьнан амалш, куц, чоьхьара машар) гайтар, деха Деле.

Шаьш стечу лоьмаца, ткъа Ӏийса лоьмаца вуста ма кхера! Иза, Ӏийса вайн Ӏу волуш санна а, вай Шен уьстагӀий долуш санна терго еш хиларан а вастана, дуьхьал цадогӀу. Дуй те вай ма-дарра

Цуьнан уьстагӀий, я Далла, вай Цунна тӀаьхьахӀиттина а, уьстагӀий санна, Цунах тешна долуш а, хила лаьа те? Цунах терра, Ӏийса – вайн Зуда ехна стаг ву, ткъа вай дерриш цхьаьна Цуьнан нускал ду. Иза аллегорически васт ду. Нийсса иштта, Долор а, Чаккхе а санна, Ӏийса – вайн Ӏу а, Паччахь а, Дела а, Адам а, Зуда ехна стаг а, Ваша а, Лом а, Ӏахар а ву. Цецдевлла дуй те шу, хила тарло, Цунна, Цунах лаьцна суртхӀоттар шордан лууш хиларх? Суна аша шайн юьхьша кхетарца а, ницкъаца а, Ӏаткъамца а терго ян луур дара кху книгин.

## САМАДАХАР ТӀЕДИЛЛАР

Со университетехь доьшуш йолчу хенахь, тхан зударийн общежитехь дӀадуьйшу уче яра. Цунах «уче» хӀунда аьллера ца хаьа суна, иза-х гӀишлонна арахьа а ма яцара, тӀаккха цунна арара чу волийла а ма яцара. Иза шолгӀачу этажа тӀехь ши ярус йолу маьнгеш долу, ехха, бодане чоь яра. Цхьадолу маьнгеш пенан бохалла лаьттара, кхинаш – бодане динчу корашна перпендикулярно лаьттара.

Цхьана чоьнна чохь дуккха а адамаш дехаш хиларна, тхуна самадохучу сахьтех пайда эца ца магадора. Цуьнан метта оха рогӀехь дежурство дӀакхоьхьура, суна уггаре а тамехь доцу тӀедиллар – кхинаш самабахар, кхочуш а деш. ДӀадийшале хьалха, йижарша шайн цӀераш тӀехь йолу табличкаш схьа а эций, цу тӀе шаьш самадаха деза хан тӀе а язйоьй, специальни метте охьайохкура. Цу гӀуллакхо дежурничунна хӀорра йиша мичахь дӀайижина ю хаар тӀедуьллура. Шен дежурство йолчу буьйсанна самабахарна жоьпаллехь ерг къаьсттинчу чоьнна чохь дӀаюьжура, цу чохь самайоккхучу сахьтах пайда эца магош дара.

Дежурить дан деза сан рагӀ тӀекхаьчча, аса самайоккху сахьт, хьалхара стаг самаваккха веза хан тӀекхачале, ах сахьт хьалха дулура, лийча кхиархьама. Иза дежурничун цхьаъ бен доцу – рогӀехь доцуш луьйчийла хиларан, гӀолехь дерг дара.

Самабоху хан тӀекхаьчча, аса дӀаса а лелаш, тӀаьхьадогӀучу шина-кхаа сахьтехь 15-30 минот интервал йолуш йоӀарий самабохура. Со боданечу ученан дӀадуьйшучу чоьнна чу шершара, гӀуллакхна юкъахула тӀе хӀума юха а, марта даа а

гӀерташ. Юха а, юха а со меллаша уче чу а лелаш, неӀ дӀа а къовлуш, боданехула лелара, леррина маьнгеш дагар а деш, царна юкъахула ларлуш а лелаш, ларамаза набъеш болу йижарий самацабахархьама. Эххар а оьшу йиша я йижарий кара а бой, аса кӀеда-мерза, амма тӀейирззина уьш самабохура.

Дежурничунна тӀехь доккха жоьпалла дара, хӀунда аьлча хӀорра йиша, иза самайоккхур ю я яц бохучух, доьзна йолу дела. Уьш занятишка баха сихбала безара, цара тесташ а, контрольниш а дӀаяла дезара Им нужно было спешить на занятия, сдавать тесты и контрольные – тӀаккха, дера хӀета, цхьанна а кӀантаца вовшахкхетар юкъахдалийта ца лаьара.

Цкъа сайн дежурствехь ас берриш а юьхьӀаьржахӀиттийнера, со тӀех кӀеда а, тӀех ийзалуш а хиларна, ткъа гаггахь дуьхьалдӀа йоккхо йолу йиша самаяккха кхоьрура. Цо жоп луш цхьа гӀам-гӀим дойла дара, тӀаккха суна иза самаяьлла моьттура, ткъа иза дуьхьалдӀа гӀенаха хабар дуьйцуш яра. ТӀаьха, делкъе ечу хенахь, цу йишас соьга бехк баьккхира, дерриг а шен гарца, сан жоьпазалла цунна тӀехъбеза мах болуш хилла хилар а гойтуш. Я шуна а, я суна а кхин цкъа дан луун доцу гӀалаташ ду. Цундела суна урок хиллера, цхьаболу йижарий, уьш самабахархьама, дикка лесто безара, кхиболчарна кӀеда-мерза хьакхаялар тоьаш дара, ткъа кхоалгӀа берш шабар-шибар деш церан цӀе ма-яьккхи, сихха самабовлур. Цхьаболчу йижарша суна баркалла бохура, вукхара набарх а бевлла, со дӀаэккхайора.

Долччул а доьхнарг хӀун дара, йиша самаяьлла а хеташ, ур-атталла цо хьоьга: «Дика ду, дика ду, со самаяьлла» а, аьлла, ткъа хьо дӀаяханчул тӀаьхьа юха а ондда наб кхетар дара. Суна урок хилира, ишттачу адамашца, уьш маьнги тӀера хьалагӀовттвлц, юххехь хила езаш хиларан.

Кхин кхерам а бара: ларамаза кхин йиша самаяккхар. Со ма-хуьллу гӀовгӀа ца ян а, ларъяла а гӀертташехь, хӀетте а наггахь цахууш лакхара ярус тӀера я луларчу маьнги тӀера йиша самайоккхура. Цо хьала а гӀаттий, сан куьг а лоций, и дарца со Ӏада а еш, шабар-шибар дора: «ХӀей, со самаяьлла! Со хьайн список тӀера дӀа а яйий, кхин ца хьеян мегар ду хьуна».

Къера хила эхь хета, амма со самайоккхучу хенахь, со а яра меттара хала хьалагӀатто езачарех цхьаъ. Практически даим а

со шозлагIа самаяккха дезара. ТIаккха со суо а дежурничуьнан ролехь хуьлуш хиларе терра, суна низам дика девзара. Нагахь хьо шозза самаяьккхича а маьнги тIера хьала ца гIаттахь, кхоазлагIа и кхин ца хуьлура. И бахьана долуш, шозлагIа самаяккха гIортаре, ас хIинца алсам ладаме терго йора, иза тIаьххьара дуй а хууш. Сан йижарий сама а бевлла, жигара кечам бан ма-буьйлабелли, со кхин царех жоьпалла дIахьош яцара. Ас уьш боламе балийра, тIаккха хIинца аса суо низаме яло езара.

Вайн комаьрша Дела сан студенчески общежитин низамашца ца лела. Иза вай уггаре а тIаьххьарчу миноте кхаччалц кхин дIа а самадаха ирсе ву, хIетте а вай сихонан а, лараме хиларан а хаадаларо дита ца деза. Суна, ур-атталла хIинца а цхьаболчу йижарша, царна гонаха бийшина Iохкучу кхечу зударшна адресовать динчу, самадовла тIекхайкхарна жоп луш хилар хаало.

## КХЕРАМАЗАЛЛА САМАДАККХАРЦА

Суна хетарехь, хIинца а, сан дахаран кху муьрехь, аса юха а дежурство дIа а кхоьхьуш, кхинаш самабоху, амма хIинца болехь алсам ладаме хIуманаш лаьтташ ду. Наггахь суна, со боданехь маьнгешна юкъахула а лелаш, кIеда-мерза йижарий самабохуш а, собаре уьш самабовларе ладоьгIуш а хилар, хаало, ткъа наггахь – нагахь тайна хилахь – дуьххьалдIа церан цIерийн шабар-шибар до, тIаккха уьш сама а бовлий, хьалагIовтту.

Хаьа суна, кхинаш набарх самабахар кхочушдеш, со цхьаъ бен йоцург яц, хIора Делан йоI тайп-тайпаначу кепашца а, методашца а, я дог даийтаршца самайоккхийла ма-дайх. Суна, масала, шуна хьалха цхьа кхераме агIонаш а, исбаьхьа васташ а дIаделлар тIедиллина ду. Ас доIа до, цу юхатохалур доцчу сийлаллин а, ницкъан а довзийтаре шуна чохь доьналла самадаккхадалийтарна тIера, кхоччуш самадевллачул тIаьхьа, шуна, шаьш хIун дан деза, хаархьама.

Дуьненна оьшу хьо, исбаьхьа йиша-стен-лом, адамашна дуьххьалдIа хьан самаялар оьшуш хилла а ца Iаш, амма Дала хьуна делла долу кхерам боцуш хилар гар а оьшу. ХIун маIна ду Iийсах тешаш йолчунна кхерам боцуш хиларан? Дуй те иза хьо чекхбуьйлу мохь хьоькхуш а, тийжаш а, мIараш хьоькхуш а, мийраш бетташ а хила езаран маIна долуш? Цунна а шен хан ю. Суна хаьа, нагахь сан берашна я берийн берашна цхьаммо

кхерам туьйсуш белхьара, цу гӀуллакхо сан а иштта реакци хуьлуьйтур яра, хила тарло, кхин а оьшуш а. Хьаххийнчуьра, Дала ХӀушаӀан тептар тӀехь ненан-стечу-ченан а, стечу лоьман а реакцин масала даладо, тӀаккха иза Ша Шечуьнца юста а юсту.

> КӀорнех яьккхина ча санна, тӀелетар ву Со царна. Шена чохь дог долу церан накха этӀор бу Аса. Уьш, лоьмо санна, буур бу Аса. Уьш цоьстур бу аренийн акхароша.
>
> ХӀушаӀ 13:8

ОхӀ! Оцу байто билггал гойту *цакхерар* бохучу дешан луьра а, къиза а йолу агӀо, амма цу чӀогӀачу дашехь, дуьххьалдӀа къизалла гайтарал а, алсам маьӀна диллина. *«Цакхерар»* бохучу дешан маьӀна тӀедузуш долу кхин дешнаш хӀорш ду: *«гӀортаме», «чӀогӀа», «нуьцкъала», «карзахе», «Ӏаткъаме», «даггара», «мостагӀаллин».* Сайна чохь кхехкаш долу хаадаларш алсам нийса дӀалун долу кхин дешнаш ца карадо суна. Шеко йоцуш, суна чохь цхьа карзахе дерг самаделира, цу гӀуллакхо шеца кхин а алсам къаьсташ хилар а, ницкъ а беара, дерриг а нуьцкъалалла гулдина, шторм санна.

Цу ницкъо хьан дахарехь вохар ца хуьлуьйту, амма тӀегулвала гӀо до. Къаьстташ фокус хиларца, хьалха шайх лаьцна шекьхилар доцчу хӀуманийн хьокъехь, суо алсам даггара хилла дӀахӀуттуш хилар, карийра суна.

Цу самаяларан дуккха болу муьраш суна цӀаьххьана тӀекхаьчнера. Цкъа иштта мур 2007-чу шеран октябран чаккхенгахь я ноябран юьхьенгахь тӀекхаьчнера. Ванни чоьнна чохь йолуш (кхин мичахь хир дара иза!), со журнал доьшуш яра. АгӀо хаьрцича, суна Таиландехь долчу ирчачу сексуальни лоллех лаьцна дуьххьара хиира. Статья ешна яьлча, аса цхьайолу абзацаш кхин цкъа а юха йийшира, айса ешнарг бакъ хиларх, тешачу хьолехь а йоцуш. Адамаш оццул къиза хуьлийла ду те? И дерриг а хуьлуш а долуш, ткъа со хӀинццалц цунах лаьцна цхьа а хӀума ца хууш хилла те? Со елха йолаелира (нийсса ванни чоьнна чохь, кхин мичахь хир дара иза!), тӀаккха доӀа дан хӀоьттира: *«Дела, нагахь соьга цу халонан хьокъехь цхьа хӀуъа мукъана а дан я олийла делахь, со кийча ю-кх».* Цу доӀанца со самаелира, тӀаккха сан дахарехь цхьа хӀума хила доладелира.

Масех кӀира дӀаделира, тӀаккха соьга *Life Outreach* организаце-

ра телефон туьйхира: «Лиза, тхо, финансаш лахархьама а, адамаш дохка-эцаран а, сексуальни лоллин а халонна юкъараллин тидам тIеберзорхьама а, Таиланде гIур йолу, команда вовшахтухуш ду. Цу командица цхьаьна яха дIахьедо оха хьоьга». Кхо бутт дIабаьлча, со, адамаш дохка-эцарна дуьхьал ерзийначу *Life Outreach* организацин хьалхарчу проектан дакъа санна, Таиланде йоьдуш яра.

ХIун хилла хир дара те, нагахь аса цу дийнахь доIа дина хилла дацахьара? ХIун хир дара, нагахь со елха а йилхина, корта а ластийна, кхин дIа а журналан агIонаш херцош Iийнехь? Со косметологин тIаьхьарчу кхиамех а, модин керланех а, азъяларан къайленех а лаьцна еша йолалур яра. Нагахь доIа дечу метта аса кхин дIа а дуьххьалдIа журнал дешнехьара, тамаша бу-кх, дIайижа яхале хьалха, аса сайн аз стигалехьа айдина хирг хилар. ТIаккха юхахула сайна цу халонах лаьцна хезча, ас эр дара: «ХIаъ, суна хезна цунах лаьцна… Журнала тIехь ешна… Ма гIайгIане ду иза!».

Амма хьо *самаваьлча,* хьан терго ца йойла дац. Ши кхетам ма хьерчабе – самаваьккхина хилар а, воьхна хилар а. Нагахь хьо цхьана хIумано вохош велахь, хьан сихха иза хаалойла ду, амма цхьа хIума бахьанехь бохийначу синхаамашка, хьо кхин дIа журналан агIонаш херцочуьра сацалур вац. Хьан воьхна хуьлийла ду, амма самаволийла дац. Амма, кхоччуш самаваьллачул тIаьхьа, дуьненахь йолу хало йовза а евзаш, цхьа а тайпана терго ца яр хуьлийла дац. Цундела ду, аса, лечкъа а беш, лела оьхучу цIеношка бухкучу йоIарех лаьцна ешначу хенахь, со, цу адамалла цахиларна жоп далархьама, айса Цунна лууш долу массо а хIума дийр ду аьлла, доIа дан дезаш хилар. Сан доIано и аьтто баьллачу хенахь, иза тIехцабалийта магийра суна. Кхин аьттонаш нислойла дарий те сан? Хила тарло, амма хIара тIехбалийта магара.

## ДАЛА ХЬО ДОЗА ТОХАРХЬАМА ЦА ВАЬККХИНА КIЕЛХЬАРА

Дала Ша вайна, доза доцуш волу Дела санна, тIаьхьа вайна доза тохархьама дIа ца виллина. Мелхо а, Цунна вайна чу Шен дог дилла лаьа. Сан доттагIчо Кристинас тIехдика аьлла: «Дала хьо доза тохархьама кIелхьара ца ваьккхина!».

Дала, шаьш керстанаш санна лелаш долу, адамаш ца лоьху. Цунна вай керстанаш хила лаьа! *«Керста»* бохучу дешан маьIна

«даьтта хьалкхна, я Дала леррина Къобалвинчух тера», бохург ду. Іийса дуьххьалдІа «дика хилархьама» ца веана; Иза «дика дан» а, охьатаІийнарш кІелхьарбахархьама а веана. ХІун гІуллакхна даьтта хьалкхна Цо вайна?

> Везачу Элан Са дагца ду сан, хІунда аьлча Цо со къобалвина мискачарна хаза кхаъ кхайкхо. Цо со хаам бан ваийтина: чубоьхкинарш паргІат а бохур бу, бІаьрзечарна серло а лур ю. Со ваийтина ву Іазапехь берш мукъабаха, Везачу Эло Ша нахана дика болх бен йолу хан дІахаийта.
>
> Лака 4:18-19, схьакъастийна авторо

Нагахь Делан Са и дерриг а дархьама Іийсана тІехь хилла хилча, ткъа вай оццу Синах дуьнен чу девлла ду, тІаккха вай а иштта лела деза: мискачарна хаза кхаъ кхайкхо а, Іазапехь берш паргІатбаха а, «аьтто болу юбилейни шо» дІахьедан а деза! Со тешна ю, хІора шо – иза деш-лелархьама Дала декъалдина шо ду, тІаккха Иза хІинца а вай Цуьнан цІарах леларе сатуьйсуш а ву.

Цу тІедилларан серлонгахь Далла, денна бепиг доттуш а, дика амалш Іамош а болчу, «караІамийна» йоІарий команда ца оьшу. Бепиг даттарехь цхьа а рониг дац, амма дерриг а вай деш дерг и делахь, Дала, историн дІаяхар хийцархьама, вай меттахдохур дац.

Суна хаьа кху дешнийн шух дуккха болчарна кхайкхам бойла ду. Цара, ас уьш дуьххьара дешначу хенахь, кхайкхам суна кхоьссира. Иза вон леларна хьехам бац, амма хийцамаш сих-сиха, вай марзделлачу хІуманашна кхайкхам кхуссучу хенахь, кхетарна тІекхайкхар ду.

Шен «къилбехьарчу» културин а, автобусни компанин а бІаьргаш чохь Роза Паркс, «бесара» адамашна лерина йолчу автобусчуьра тІаьхьара меттигашка дехьаяьлла охьахаар дІататтарца, ала хІума доцуш ца лелара. Шен тешнахиларх дІатасаелла а юьсуш, шен меттиг дІа ца таса, цхьана зудчо бинчу харжамо, дийнначу къоман рассови декъадаларе хьажар хийцира. Со шек ю-кх, цу муьрехь иза истори еш хиларх кхеташ хиллехь. Хенан бен ницкъ бац сацамийн ойланаш а, тІаьхьалонаш а дІаелла. Хила тарло, Роза, иза лахъеш а, Дала цунна делла хьакъ долуш хилар ца ларарна а, дуьххьалдІа кІадъелла хир ю.

ХIун эр ду Деборин а, Иаилан а, Тамарин а, Эсиратан а, Бат-ШабаIан а, АбигIалан а, Раабан а тIаккха ур-атталла Мареман а хьокъехь? (Уьш библейски масалш бен дац, уьш кхин а дуккха делахь а.)

Дебора, адамаш урхалчина-диктаторна дуьхьалдовларна тIе а кхойкхуш, божаршца цхьаьна къийсам а латтош, экама зуда ярий те? Цуьнан заманарчу баьччанаша иштта ца лорура. Дийнна арми гIаьттира цунна дуьхьал, амма хIетте а толам ца баккхабелира. Дала хаьржина волу стаг Барак шек хилча а, Дебора Делан куьйгалла дарехь тешаме юьсура, тIаккха дерриг а шега далуш дерг а дора.

Ткъа хIун ойла йо аша Иаилах лаьцна. Шен мостагI четар дIахIоттош бугIучу хьокханан гIоьнца вен везарий те цо? Иза вижина Iуьллушехь, олаллехь болчийн кара дIалойла дацара ткъа цуьнан? Хила тарло, иза дойла дара, амма цо и ца дира. Дала цуьнан харжам тIеийцира, тIаккха цуьнан сийнна, массанхьа а цуьнан доьналлех лаьцна кхайкхорхьама, илли даьккхинера.

Дагаяийта иштта Тамара. Шозза майра велла йолу иза, нахаца лела зудчун хIуманаш тIе а юьйхина, зуда елла висинчу шен мардеца, патриарх волчу ЯхIудаца, дIайижнера. Цуьнан лелар массо а тергонехь Iадош ду. Иза цу гIуллакхна Дала меттахъяьккхина хиларан цхьа а бух бац. Цо ша хаьржинера иштта дерг дар. Амма цу зудчун кIант Дала леррина Къобалвинчун с ил-силана юкъа кхаьчнера, ткъа иза ша бакъахьара цIе яьккхина ю.

«ЭКАМ»-ЗУДАРША НАГГАХЬ ЙО ИСТОРИ.
– ЛОРЕЛЬ ТЭТЧЕР УЛЬРИХ

Эсирата, паччахьо ша тIекхайкхича бен, ша волчу ян мегаш цахиларан омране ла цадуьйгIира. Шен ла цадогIарна тIехула, Артаксеркс паччахьан дуьххьарлера зуда, паччахьан цIа чуьра дIаэккхийна яра. Эсиратна цунах лаьцна кхечарна чул гIолехь хаьара! Амма цу майрачу зудчун паччахьан этикет йохор харжамо жуьгтийн халкъ хIаллакьхуьлчуьра кIелхьардаьккхира.

Бат-ШабаI майрчунна ямарт хилира, амма оццунах хьекъалаллечу паччахьан Сулимин нана хилира. Рааб, шен паччахь Iеха а вина, шен цIахь мостагIийн шпионаш къайлабаьхна, нахаца ле-

ларг яра. Делахь а цуьнан тешарехь леларо Иерихон хIаллакьечу хенахь, цуьнан доьзал кIелхьарбаьккхина а ца Iаш, амма цу зудчуьнан кIант паччахьан Даудан а, Дала леррина Къобалвинчун а сил-силе кхечира. АбигIала шен майрачунна хIилла дира. Амма и дарца цо шен цIа а кIелхьарадаьккхира, хин волчу паччахьан Даудан дог а дIалецира.

Марем «къутIа» шена чохь лело а дезна, Делан КIант дуьнен чу ваккха дийзира. Нагахь цо иштта аьллехьара: «Маре яхана а йоцуш, берах ю» – иза ирча гуш хир ду! Со адамийн бIаьргаш чохь бакъахьара гуш хилийтархьама, маре яххалц, собардойла дуй те Делан?».

Историно бен бакъ цабо и зударий. Церан дегнаш сама а девлла, латийна дара.

Кхераме а, сема а йолуш, муха терго йийр ю те ахьа? ХIун истори кхуллур ю? Набарх сама а яьлла, шен доьзал а, юкъараллла а, адамаш а лардан хьалагIоттун долчу, кхерам боцчу стечу лоьмах тера хилла дIахIуттуре те хьо? Самаяьллий те хьо? ХIун боху нийсса хьан даг чу хIинцца?

4

# Кхерам а, цецдовлар а

… инзаре тамашийна Ахь со кхолларна. Хьан гӀуллакхаш тамашийна ду…

ЗАБУР 138:14

Стен лоьмаш ондда а, дика а ду. Церан боларш Ӏалашоне ду, дилха дуьйлина ду, царна тӀехдика хаьа, церан шайн дахар а, церан кӀорнийн дахар а кхоччуш церан хьуьнарийн а, ницкъийн а цхьаьнакхетарх доьзна дуйла. Церан чоьш къегаш хуьлу уьш дуьйладелла лелачу хенахь. Вайх къасталуш, цара са цагатдо церан чкъор бодделла ду те, месийн цӀога дукха тӀехдеха-м дац те, бохуш. Церан ур-атталла, уьш дерриш а вовшех тера хиларан ма-дарра долчо са цагатдо. Церан кхоччуш тоам хуьлу шайн куьцах.

Стен лоьмаш цецваккхаре ду!

Маьршонгахь цаьрга хьежарца, со, уьш шайн духехь, цунах лаьцна хууш хиларан, жамӀана тӀееара. Нагахь адамийн а, стечу лоьмийн а уьйр хуьлийла делхьара, вайн, вай вешан терго муха йо а, стен лоьмаш шайх муха кхета а, контрасте хьежийла дара. Цхьана йоццачу ханна стечу лоьмаца къамел даран сурtхӀоттор вай.

– Стен лом, хьо цецваккхаре ду!

– Хаьа суна. Суна хӀун дан хаьа, гайта лаьий хьуна?

– ХӀаъ, – жоп ло вай, хьестадаларе а долуш.

– Хьажахьа сан тӀодашка, – олу цо. – Леррина хьажалахь.

Вай инзардевлла хуьлу, стечу лоьмо хьалаайинчу тӀодера мӀараш ара муха хоьцуш хилар гарца.

– Кху тӀодаца соьга, сайн кӀорнишна а, иштта тхан прайдана а юург яорхьама, антилопа когаш тӀера охьайожало. Ткъа хӀинца хьажахь! – Цо шен мӀараш юха дӀалачкъайо, тӀаккха цуьнан тӀод юха а, бархат санна, кӀеда хуьлий дӀахӀутту: – Сайн тӀодаца со кӀорнишца ловза а ловзу, уьш ондда хила Ӏама а йо.

Вай реза хиларан билгалонна корта теӀабо, тоххара лилхина лак долчу, вешан мӀарашна тӀе бӀаьргаш охьа а бахийтина.

– Ткъа сан цергаш муха хета хьуна?! – кхин дӀа олу стечу лоьмо.

Цуьнан ирачу цергашна хьалха вай кхерамехь тӀехьа юхадовлу.

– Сайн цергаш бахьана долуш, соьга суо лар а яло, дийнаташ дайа а ло, юург а яало, амма оццу хенахь, оццу цергашца соьга сайн кӀорниш цхьана меттера вукху метте дехьаяхало, царна цхьа а бохам а ца беш.

Вай цу цецвоккхучу контрастана жоп луш корта теӀабо.

ТӀаккха кхузахь вайн стечу лоьмо тамхиларе доккха садоху, ша исбаьхьа хиларан жамӀ а деш:

– Со чӀогӀа цецваккхаре кхоьллина ду!

ТӀаккха, баккъал а, вайн тӀетайлла ду: цо кхерам а, цецваккхар а кхойкху.

Амма секундана собар дехьа… иштта хьо а ю.

> … инзаре тамашийна Ахь со кхолларна. Хьан гӀуллакхаш тамашийна ду …
>
> Забур 138:14

Ас кхойкху хьоьга иза чӀоггӀа хӀинцце дӀаалар, хьайна стечу лоьмех лаьцна хиънachу контестехь. Теша сох, хьомениг, хьо, хьайна гонаха болу божарий а, зударий а санна, тамашена Делан кхоьллинарг ю. ДуьххьалдӀа вайх тӀех дукхахболчарна и тамашена дерг, вай ненан кийрара арадовлучу хенахь, соцуш цахилар, кхоччуш дицделла.

Маца хилла хьан тӀаьххьара, вайн стечу лоьмаца хиллачу диалогах мелла а тера долу, зудчуьнца къамел?

Долччул а сиха, шина зудчунна юкъара къамел кху кепара гуш хир дара:

– Хьо исбаьхьа ю!

– Баркалла, амма, вуьшта, ас хӀинца а, сайн тӀаьххьара берах йолчу хенахь, схьагулйина киланаш, охьа ца яьхна.

Вайх, цкъа мукъана а бер диначу (я кхечу зудчо бер дуьнен чу муха доккху хьежначу), хӀорра зудчо, вай тамашена а, Ӏаламате а кхоьллина хилар кхето деза. Мухха-делахь а вайна цунах лаьцна дицделла, амма стечу лоьмана ца дицло. Цунна, цуьнан хазалла цуьнан ницкъехь гуш юйла, хаьа. Иза цуьнан дегӀан аьттонашца ю, ткъа дуьххьалдӀа, иза муха гуш ю хиларца а доцуш. *Цуьнан тӀеийзош хилар къуьйсийла доцуш ю, цуьнан ницкъо шеконаш ма ца кхоллайолуьйтийха.* Цунна шен дегӀан тамашийна хьуьнарш девза, тӀаккха иза цунах марзо оьцуш а хуьлу. Стечу лоьман марзо эцаро, Цуьнан Кхоллархочунна сий дар дохьу. Ондда а, хьекъале а долчу цо, шен прайдан къона лоьмаш уьззуш хила тренировать до.

Вайна ницкъан а, леларан а хазаллех лаьцна дагахь латтор чӀогӀа лараме ду. Ас хӀинца дегӀаца товш хила дезарх лаьцна ца боху. Аса дегӀаца а, синан лакхалле а хууш а, тидамалле а хила дезарх лаьцна боху – тӀегулъелла – тӀаккха, жамӀ санна, Делан вайна долу, муьлхха тӀедилларна кийча а йолуш. Нагахь вай билггал бакъдолу стен лоьмаш хила лууш делахь, вай ницкъ болуш хила деза. Дукха хан йоццуш, вай, ваьшна чу биллина ницкъ ма атта ма-дарра ца лара дуьйлалойла хилар дуйла, карийра суна.

## ГӀАЛАТЕ «ЧУДАККХАР»

КӀиранна дахделла сайн тилаялар муха доладелла дуьйцур ду ас. Со Австралехь гӀуллакхдар дӀакхехьначул тӀаьхьа чӀогӀа кӀадъелла яра. Пхи гулам чекхбаьллера, кӀирандийнан суьйре яра, де чаккхенга догӀура. Со, конференци хилийтарна тӀехь набъяр доцуш къахьегначу баьччанийн командица хан якха кхайкхинера. Тхо дерриш а Ӏовдал а лелаш, хазахетта тхаьш хӀун до ца хууш дара, иза масех факторийн вахочу комбинацица кхетош дара: наб тоьаш цахиларца а, дукха юург хиларца а, Делан диканца а.

Цу малделлачу хьолехь баьччанех йолу цхьаъ шен жамӀашца а, довзийтаршца а дагаелира соьца: «Хаьий хьуна, массара

а, со чIогIа нийса цхьацца хIуманаш билгалдан хууш ю, боху. ТIаккха тахана Iуьйранна, кIирандийнан гулам болчу хенахь, аса говзаллица билгалдира, хьо хьанах тера ю».

– Хьанах? – хаьттира ас.

Карчам боцуш цо кхуззахь эккхийтира:

– Хьо дуьххьалдIа еккъа цIена Сара Коннор ю-кх.

Со хезначух кхета гIертташехь, ехха сацангIа хилира.

– Собардехьа… иза блондинка яцара ткъа? – дуьхьалъелира со, цу гIуллакхо со ца тешийна дела.

– ХIаъ-хIаъ, хIаъ-хIаъ, амма сан дагахь дерг цуьнан месаш яц. – Цо корта а ластийна, тIаккха куьг ластийра. – Ас цуьнан юьхьан а, дегIан а, цуьнан… муха эр дара иза… кховсийначу дегIах лаьцна боху, – кхетийра цо, хIаваэхь цуьнан юьхьан сурт а дуьллуш, цуьнан буьрса дегI гойтуш.

*Цо билггал бакъдолуш хIинцца элира «кховсийначу фигурех лаьцна»?*

ОхI, къамел ур-атталла ма-дарра долчу дуьненах лаьцна доьдуш дацара, ткъа фильмах а бен лаьцна дацара, амма цо сан берриг а тидам дIалаьцнера. ТIаккха, дустар тоъал доккхадина хиллехь а, хIинца суна Сара Коннор санна гуш хила лиира! Аса тIетаран билгалонна корта таIийра, со дилхалле зуда хьалхахIотточун ша ойла я васт дIаэккхо а ца лууш. Со сайн ойланашца цхьаа йисира, ткъа Штаташка юха йирзича, *«Терминатор»* фильмера цу дуьйсина дилха долчу зудчуьнга хьажа сацам бира.

Цкъа цIахь аса, медиа-гени волчу, сайн кIантана Алекна тIедиллира.

– Сара Коннор муха гуш ю, карадойла дуй хьан суна? Суна иза ган еза. Наха, со цунах тера ю, боху, – элира аса.

Иза шек хилира, амма тIаьхьа Сарин Конноран майкица а, жимочу горгачу маьлхана дуьхьал бIаьргех духкучу куьзганашца а, автомат карахь а йолу, сурт карийра. ЧIогIа тешош ду! Иза къинхетам боцуш а, чIарх-аьлла а, спортивни а гуш яра. Цуьнан ненан амалш сихха сан бIаьргаш чу кхиссаелира олийла дац сан. (Иза суна лараме дара, со бераш хьалакхиоран а, ноналлин а темина кхайкхам беш йолу дела.) Амма хIетте а, тайп-тайпаначу хьелашкахь ноналла тайп-тайпана гуш ца хуьлу ткъа?

Хьан дахаран гӀуллакх – хьайн кӀант робаташ-адамдайархойхлардан дезачу хенахь, ондда а, дилхале а, герз долуш а хуьлучул алсам «ноналлин», хӀун хуьлийла ду?

Алека а иштта видеоклипийн харжар дира суна. Кхоьру со, 1980-чу шерийн цу популярни монтажо дуьххьалдӀа карзахъяьккхира со! Сарин Конноран мотоцикла тӀехь, цхьана куьйга герз дулуш, я психиатрически клиникин палатехь когаш ирх берзийна болчу маьнги тӀехь айаялар гойтучу кадраша цецйоккхура со. Цу муьрехь со хӀинца иза яра!

Сан цу хьекъал талхааран нийсса циггахь чаккхе йойла дара, нагахь сайга дуьххьалдӀа долу хаттар динехьара: *«Лиза, хьо дахарехь цкъа мукъана а айаеллий те?».*

Амма хӀан-хӀа! Цу метта ас сайн хетадаларна ловзадалар магийтира. Со Сара Коннор хьала муха ийало хьоьжучу хенахь, аса сан куьйгаш а иштта ондда хиларан суртхӀоттадора, тӀаккха цу гӀуллакхо со а и санна, хало йоцуш хьалаийалуш хиларан, тешар меттахдаьккхира сан. Ӏаламехь ду, сайн хетадаларехь со хӀинца *практически* и санна яра. ТӀаккха аса кхоччуш дагара далийтинера, ур-атталла со школьни арахецаран физкультурех экзамен дӀалучу хенахь, сайн физически кеп лакхенгахь йолчу хенахь, со цкъа мукъана а халла хьалаийалора. (Соьга иза даделира, аса сайна бухахь крокодилаш хиларан суртхӀоттор бахьана долуш.)

Мухха делахь а суна сайн ший а белшаш лазийна хилар кхоччуш дицделлера – цхьаъ лыжанаш тӀехь хехкалучу хенахь, ткъа шолгӀаниг шех лаьцна дийца а тӀехсонтачу хиламна дара.

Ойла ейша, соьга со цкъа *а* хьала ца айалора! Амма и дерриг а лараме дацара! Цу муьрехь ас лорура: Сарига даделларг, соьга а далур ду.

ТӀаккха хӀинца со и санна гуш хилла а ца Ӏаш, амма и санна, лела а лууш яра. Зуда-суперменшин дуьххьарлера лелар кхиаме стенна дара? Цуьнан деш-леларан сахьт тӀекхаьчча, иза шен кӀант кӀелхьарваккха а, ларван а ондда а, кийча а яра. ОхӀ! Суна, ницкъ болуш хилархьама, шайн дахаран чолхечу муьрех пайда оьцуш болу зударий тамехь хета. Сарий а, со а-й? Ткъа хӀунда хуьлийла дац, тхойшиъ хӀинца йижарий хиллал ма яра!

Цу хенахь аса айса хьалха цкъа а ца динарг дира: *Gold’s Gym* фитнес-клубе телефон туьйхира.

Дагадогӏу суна, сайга инзаречу тренерх лаьцна дийцар, тӏаккха ас цуьнан цӏе хаьттира. Фитнес-клубан секретарь йолчо соьга зӏенехула цуьнца къамел дайтира.

Йоккхаерна суо дага а ца йогӏуш, аса Роберте хаьттира, дуй те цуьнан нийсса таххане мукъа сахьташ, аьлла. Ас хӏинца масех частни занятийн а, тренировкийн а суртхӏоттийра. Кхоъ, я хила тарло, йиъ заняти дӏаяьлча – со Сарица шала йина йиша хир ю. Хӏаъ, шала йина йижарий… месийн башхаллечу бесаца, хӏунда аьлча аса сайна сацам бира, со блондинка хир яц аьлла, амма со тхан дилхале рельефни куьйгаш вовшех терра гар долуш хиларна тӏехь болх бан кийча яра.

Роберт, сан корматаллийн мах хадорхьама, соьца вовшахкхета реза хилира.

*Мах хадор* бохучо со ястаялийта дезара, амма иза ца хилира. Ницкъ болуш а, йоккхаеш а йолчу аса зӏе туху трубка дӏа а оьллина, Алеке сайна ритмични эшарийн харжар дар дийхира. Цо и дича, ас дӏахьедира: «Со спортзале йоьду. Соьца мила вогӏу?».

Сан цецваьлла ши кӏант вистхилира схьахьедарна, тӏаккха тхо спортзале дахара. IPod чу баьккхинчу мукъамца, суна суо лакхенгахь хетара. Хила тарло, юхахула аса, тренерна соьгахь Сара Коннар йовза атта хилийтархьама, аса майка тӏеюхур ю!

Ишттачу айаеллачу дог-ойланца со йиллинчу хенал жимма хьалха еара спортзале, тӏаккха суна геннара сайн хинволу тренер гира. Иза реза хир ву шен керлачу ӏуналлехь йолчунна. Шеко йоцуш, иза, хӏинца иштта а ӏалашонна гергахь ерг тренировать еш, ирсана ворхӏалгӏачу стигалахь хир ву.

Мел лахара а, аса иштта суртхӏоттадора сайна!

Роберт шен ӏуналлехь йолчуьнца мукъа вацара, тӏаккха цо со йохъялийтархьама, бовдучу некъа тӏе гайтира суна. Бовду некъ дӏабирзино лаьттара, тӏаккха, сайн тренеран клиент сан хенара гергга хилар гойла дара сан. Тӏаккха дерриг а аса хӏинццалц сайх лаьцна хӏоттош долу сурт… суна цуьнгахь хилар гира!

Мускулаш хилла а ца ӏаш, амма малх боьлла а яра. Иза шен майкица а, коммуфляжни бесара йолчу хечица а рогӏера Сара санна, гуш яра. Цу муьрехь дуьхьхьара суна чохь вочу дегахьехамех цхьаъ меттаххьайра. Со маххӏотторе спортзалан дийнан серлонгахь сайн куьйгашка хьаьжира, тӏаккха суна уьш мела а, беда а, ур-атталла дайн баьццаро гуш хилар билгалделира.

Амма, собар дел цкъа секундана! Со кхерамна кIелтаIа ца йоллу!

Нагахь сан график паргIате хиллехьара, со а хир яра маьлхо ягийна. Цу кхайкхамна жоп луш аса сайн йодучу некъан чехкалла масех деленина хьалаяьккхира. Сан дегIан мускулаш хиларан кеп хIинца гена яцара, тIаккха хIинц-хIинца ша гайта езаш а яра. Цхьа ши тренировка а йина, масех минот малхехь а яьккхича – тIаккха со и зуда хилла дIахIуттур ю! Эххар а, клиникин палаткехь чуйоьллина а йолуш, Сарас тренировка йина ткъа?

Сайн хьажар дIа а дерзийна, IPod лата а йина, уггар а эмгаралл ечу тергонца болар дIадолийра аса.

Кестта тренер тIевеара, иракарахIотторе вела а къежна, цо элира: «Кхин дIа а пхийтта минотехь болх бе, тIаккха вай цхьаьна а кхетта, вешан задачаш юьйцур ю. Ас цкъачунна клиенткица тренировка чекхйоккхур ю».

*Пхийтта минот? Иза хIун, баккъалла ду?* Суна дагадогIу, ас цхьанхьа дешнера, бархI минот сов тоьаш ю, аьлла. Амма суна дуьххьарчу дийнахь сайн тренеран дог далийта я иза нисван ца лаьара, цундела ела а къежна, тренировка кхин дIаяьхьира аса.

Пхийтта минот дIаяьлча со, бовдучу некъара охьа а шершина, терза карорхьама, зударша тIера бедарш хуьйцучу хоьнна чу яхара. (Суна суо оза дицделлера, ткъа и хаам сан тренерна эша ма-мегара.) Иза, со баккъал а цу мускулаш йолчу зудчунна юххехула чекхъяла езаш хилар дара. ТIаккха со цунна юххехула чекхйолучу хенахь, деза са а доьIуш, цо соьга хьаьттира:

– ХIей, хьо а ю Робертаца болх бан безаш?

Ас корта таIийра, сайн шишана чуьра гIайгIа йоцуш къурд а бина.

– Цо со дуьххьалдIа яллал лаьллина лелош ю-кх! – халла са а доьIуш, цо кхин дIа а, тIегIанаш тIехула леларан имитаци еш долу, тренажера тIехь болар дира. – Со мохь дIакхехьа марзъелла ю, амма Роберт – кхоччуш кхин барам бу.

Со сецира.

– Амма хьо-х ондда а, мускулаш йолуш а ма ю…

Цо корта ластийра, суна жоп дала шен ницкъал сов долчуха.

Роберта залан вукху маьIIера мохь а тоьхна, со ша волчу офис чу яийтархьама, куьг ластийра. Со хIинца, спортзала чу йогIуш хиллачул, кIезиг тешна хиларца тIееара.

– Со дуьххьалдIа терзана тIехь озаяла лууш яра, – гIам-гIим дира ас.

Амма цунна кхоччуш со мел узуш ю хаар ца оьшура. Робертана со мел онда ю хаа лаьара.

– Ахьа хьайца гата схьаэцний? – хаьттира цо.

– ХIан-хIа, – жоп делира аса, тренировкаш ечу хенахь, со наггахь бен хьацар долуш ца хилар кхета а деш. ХIинца, и хабар дагадаийтарца, ас наггахь бен ма-дарра тренировка ца йо, алар нийса хир дара, аьлла, кхета со.

## ГIИЙЛА СТОММА ЗУДА

Суна хIинца со лахъеш долу и дерриг а дага цадогIу, амма и хиламаш эсехь юхахIотто гIоьртур ю со. Тренеро нийсса спортзалан юккъе дIайигира со, суна гIалате, сан тестировани цхьанхьа къаьсттина йолчу чоьнна чохь хирг хилар моьттушехь. Тхуна мукъа меттиг карийча, Роберта «итт» е шена элира соьга.

Со, къамел иттозза лаьттара куьйгаш тIехь хьалаийаялар лаьцна бохуш хиларх, кхийтира, амма билггал айса иза муха дан дезаш хиларх тешна яцара.

– Хьан дагахь дерг йоIаршна долу гIантах хьалатеттаялар ду, бакъдуй и?

– ХIан-хIа, гуттара санна долу хьалаийаялар ду, – жоп делира цо шовкъ йоцуш, кхерам тасаре шен къоламца йолу планшет суна тIе а ерзош.

Ас лаьтта охьа а яьржина, итт гIорасиза а, ледара а, гома-чIома а хьалаийаялар дира.

Оццу минотехь цхьа а садаIар я «Диканиг, Лиза!», тайппа дерг аьлла, иракарахIоттор а доцуш, цо тIетуьйхира:

– ХIинца ткъе пхиъ ирхлелхар, тIараш а детташ.

Суна эхь хийтира. Суна тIараш а детташ ирхлелхар чолхе упражненеш ца хилар хаьара, амма суна уьш муха йо дага цадогIура.

– Ткъа аса коьрта тIехула куьйгаш маца тоха деза? – хаьттира аса.

Роберта жоп ца делира.

Аса, сайн кхетамца долу, тIараш деттарца долу ирхлелхар

дӀадолийра. Партала ирхлелхаш, суна спортзалера дерриге адамийн тидам соьгахьа бирзина хилар, хааделира. Ур-атталла сан кӀентий а, кортош а лестош, сан агӀор а хьоьжуш, буьйлуш бара.

– ХӀинца лаьтта охьа а йижий, кхин а иттозза, – элира Роберта.

Садукъадаларца а, хан яхъян гӀертарца а, ас хаьттира:

– Хьан дагахь дерг хьалаийаялар, я ирхлелхар, я цхьа кхидерг ду?

– Хьалаийаялар, – декъа жоп делира цо.

Со лаьттахь яхъелира, амма кху муьрехь суна кхин а хала дара. Сан куьйгаш дегош дара. Иза гӀайгӀане гар дара, со боллучу ницкъаца сайн дегӀ хьалаийа а, иза лаха охьадахийта а гӀертачу хенахь.

Роберта комментари юкъахӀоттийра:

– Кхин цкъа а тӀараш деттарца ткъе пхоьазза ирхлелха.

Кху муьрехь суна дерриг а нийса дан лаьара, цундела ас юха а хаьттира: – Ас тӀараш коьрта тӀехула тухий? Суна сайна цӀаьххьана сан аз дуьйлина хезира. – Иза бен дац… ДӀадоладе! –команда дира цо.

Амма иза суна бен дара! ТӀаккха иза, церан нана шен тӀараш детташ ирхлелхарца ерриге спортзалан бӀаьргашна хьалха сийсазхиларна, эхь хетарна лаьтта буха баха кийча болчу, сан кӀенташна бен дара.

Амма иза сан агонин юьхьиг бен яцара. Со кхин а цхьана чӀогӀа дукха адамаш долчу дӀахьажийнера, цигахь аса хиъна Ӏачу хьолехь когаш хьалаийа дезара. Кху муьрехь суна иза муха дан деза хаьара.

Со тренажорана тӀе хьала а яьлла, инструкцишка сатуьйсуш яра.

– Пхийттазза когаш хьалабахийтар.

Аса сайн голаш гӀодаюкъан бараме хьалаойура, сайн фигура гӀаддахарна хьакъ долуш хилар а лошуш.

– ХӀан-хӀа, иштта дац! – элира Роберта. – Хьан когаш нисбина хила беза… тӀаккха уьш кху лакхалле кхаччалц хьалаийа а беза. (Цо куьйгаца сан гӀодаюкъал сов йолу лакхалла гайтира.)

Аса, сайга и ма-далло, боллучу ницкъаца когаш ластийра, амма цуьнан куьйгана тӀекхачар ца нисделира.

– Лекхо, – иракарахIоттийра цо.

Иза забар яра те? Пхийттазза? Соьга ур-атталла цкъа а ца далора иза. Сан цуьнан куьйгана тIекхачар цкъа-шозза нисделира – охI, хила тарло, цкъа а ца кхаьчна! – амма суна хетарехь, цо ерриге а хенахь шен куьг хьалауьйура!

Суна хетарехь, цул тIаьхьа гантелеш ийар догIура, амма сан эсехь цунах лаьцна берриге дагалецамаш халла дагабогIуш а, къаьсташ боцуш а бара.

Роберта гантелеш схьакъасттошехь, со гIанта тIе охьахиира. Иза шина цхьаъ ах кийла йолчу гантелешца юхавирзира. Со елакъежира. Кху муьрехь-м ас иза сайн ницкъаца цецвоккхур ву.

– Роберт, дукхахьолахь аса ялх кийла йолу гантелеш хьалауьйу, – кхетийра аса.

– ДIадолош хIокхаьрца гIоьртур вай, – элира цо жоп луш.

Аса сайн тIуьначу дегочу куьйгашца Iоьвдира гантелеш.

– Хьалаайа уьш иштта.

Аса гIуллакх хаарца корта таIийра.

Аса атта хьалаайира уьш.

– ХIан-хIа, иштта дац. Иштта дан деза, – аьлла, жимма кхечу тайпана дерзийра сан куьгаш. – Ишттачу хьолехь латтаде уьш, хьала а уьйуш, охьа а дохуьйтуш.

Цхьа-хIуъа а иштта доцуш дара! Соьга и гантелеш масех сантиметрел лакха хьала ца айалора! Хила тарло, дерригенна а бехке куьйгашца лаьттара хьалаийаялар дара, хIунда аьлча сан куьйгаш дIасахьелуш дацара. Со кхин цкъа а гIоьртира, хIетте а сан куьйгаш масех сантиметрел лакха ца дахийталора. Iадорца со Роберте хьаьжира, амма иза хIинца дIавирзинера, суна кхин яйхо гантелеш карорхьама. Аьлча а, кху залехь йолчарех, уггаре а яйнаш. Муха хуьлийла дара ишттаниг?

– Бакъдолуш, ас дукхахьолахь ялх кийла йолу гантелеш хьалауьйу… наггахь ур-атталла ворхI а, – бур-бур дира аса. – Ахьа иза нийса ца дора, – аьлла, жамI дира цо. Сан Iазап хьегар эххар а чекхдаьлча, Роберта со юха а шен офисе чу кхайкхира. Сан некхан ваз детталуш дара, когаш бегош бара, сан суо Сара Коннор санна хиларан суртхIоттар кхоччуш дIадаьллера!

Соьга цу тестированин цхьа а упражнени дIа цаялаелира.

Роберта кхоьлина хабар долийра. Цо соьга со мел узуш ю

хаьттира, тӀаккха терахьаш дӀаяздира. Лазарш хиллий те, аьлла, тидаме ийцира, тӀаккха «фигура» графа чохь – «унисекс», аьлла, билгало йира. Ас иза, сайн аьтто голаца а, аьрру белшаца а халонаш хилла хиларх, кхетийра. Сан лазарш анкети тӀехь билгалдаьхна дара. ТӀаккха цо соьга сан луьра мостагӀ – куьйган гӀирс схьакховдийра, иза джойстик *Nintendo* санна, бехке боцуш гуш бара.

– ДӀалаца хӀара хьайна хьалха шина а куьга, – аьлла, инструктировать йира Роберта. – Цо хьан дегӀехула электрически ток а хьажийна, хьоналлин нийса процент билгалйоккхур ю.

Цо «доладалийтар» кнопка таӀийра, тӀаккха, светодиодни экрана тӀехь терахьаш гучудовлале хьалха, жимма сацангӀа хилира.

Со дӀогара цецъяьлла яцара жамӀах, амма Роберт, сан организмехь иштта лакхара хьоналла гойтуш хиларо Ӏадийна вара.

– Хила тарло, ас и гӀирс нийса дӀа ца лаьцна хир бу, – элира ас.

Оха процесс юха йира, тӀаккха процент мухха делахь а цхьана терахьна хьалаелира.

– Хила тарло, и гӀирс боьхна, я сан хьоналлах хи дӀадахна.

Нийсса оцу хенахь сан кӀант Алек веара офис чу.

– Со гӀорта мегий? – хаьттира цо.

*Бум!* Цуьнан хьоналла гайтар 5,2% бен яцара.

– Ткъа хьан мел яра, нана?

Цхьа а жоп цалуш, ас цуьнга куьг ластийра, иза офисера аравалийтархьама.

Корта а ластийна, Роберта ши сурт тӀехь долу, кехат схьаийцира. Иза бифштекс пурх хадийначух тера дара. Цхьаъ оза дара, важа дацара. Со важа шолгӀаниг яра.

– Хьо, оха кӀеда-мерза «гӀийла стомманиг» цӀе йоккхучарех ерг, ю, – элира цо.

Цу гӀуллакхо со Ӏадийначу хьоле ялийра, тӀаккха со, айса дахаран жигара кеп лелайо а, ур-атталла тӀех мукъа йоцу стаг ю а, бохуш, протест ян йолаелира. Со, спортзалан офисехь пластмассови гӀанта тӀе хиъна а Ӏаш, сайна малонча-керчахочун ярлык летаяйта маго ца йоллура!

Роберта гӀуллакх довзаре корта ластийра.

– Хьо жигара а,ерриге хенахь когаш тӀехь лаьтта а дела, хьайн дегӀана оьшуш болу ницкъ латторхьама, хила тарло, тоъал

протеин ца хуьлу хьуна. Цундела хьан дегIо, шена оьшу ницкъ схьаэцархьама, хьано ягочу метта, дилха дагадо.

Сан цецъялар а хаадела, цо кхин дIа бохура:

– Иза адамаша бифштекс юучух тера ду. Ахь гуттара санна хIун до? Мохь дIахадайо, ткъа тIаьхьа жижиг дуу. ДегIаца а иштта хуьлу. Цо жижиг дуу, ткъа билггала дилха; ткъа шу дилханах довлучу хенахь, – шу ницкъах довлу. Иза юха муха далалург хиларан цхьаъ бен доцург – шун дилха меттахIоттон йолчу, даим ечу тренировкашкахула ду.

Цо сан чевнна тIе туьха тесира, цхьаболчу спортзалерачу, сол дуккха берстиначу зударшна тIе а хьажийна, церан хьано сайнчул сов гуш елахь а, ма-дарра аьлча хьал кхоччуш бIостанехьа хила тарло а аьлла! Иштта цо, сан хьанонан дукхах долу дакъа (кхузахь со гIайгIане яхара!) сан гIодаюкъана я хенашна гонаха а доцуш, ткъа сан куьйгашкахь тIегулделла хилар билгалдаьккхира!

Ма гIайгIане ду, аса алсамо дилхале лоруш йолу дегIан меженаш, сан уггаре а ледара меттиг нисъелла хилар!

Дерриг а сан, Сара Коннар а, со а цхьаьна хьалаийадаларан суртхIиттар, къайладелира! ХIинца суна хьалха ма-дарра болу харжам бара. Лаьарий те суна кхин дIа а сайн дилха даго, и дарца сайн хин йолу потенциал а, ницкъ а хIаллакбеш? Хир юй те со ирсе «гIийла стомманиг», я «харц мускулаш» бохучу даржашца я баккъал а ницкъ болуш хилла дIахIотта сацам тIеоьцур бу те? Дерриг а и эхь а, юьхьIаржо а зийна, аса ницкъ болуш хила сацам тIеийцира! Сан дпгахь иза дуьххьалдIа духар тIехь долуш хаза гуш хилар дара. Цу Iалашонна со «гIийла стомманиг» йолуш тIекхиъна дела. Амма долччул сиха цуьнан маьIна дара, сайн ледара меттигаш билгалъяхар а, уггаре Iаьткъа дегIан меженаш ницкъан хьоста хийцаялийтар а дара.

Сан киланаш дIаяха ца дезара, сан ницкъ гулбан дезара.

Со кхийтира, сайн терзанахь узуш долчо, сан дегIан могушаллин хьал билгалдоккхуш ца хиларх. Со стенах йина яра? ЧIогIа цатам хилча, зер долчу хенахь, тоъал ницкъ хир барий те соьгахь латтаяла? Со йоццачу геналле ядалора, нагахь гу тIе яда езаш ца хилча. Нагахь геналла я цхьа дуьхьало яр тIетоьхча, со юхайолура. Стенна? И тIекхетта йолу язо лархьама, со тIех гIорасиза йолу дела.

Соьга жима мохь бен хьала ца айалора, тIаккха иза дегIан

муьлххачу хьолехь а ца хуьлура. Цундела ца айалора соьга гантелеш, Роберта со марзъелла долу дегӀан латтаран кеп хийцина дела.

Сан ницкъо юхьӀаьржачу хӀоттийра со, хало яр ледарчу а, Ӏаьткъачу а метте нисъелча, царех аса тӀехкӀезиг пайда оьцуш хилла дела.

Сан хиламехь дерриг а коьрттера хийцаделла хиларна, ураталла хӀинца, хӀокху книгин набор еш, сан тренировке едда яхаран меттахъяларца къийсам латто деза. Со спортзале яхар стенна дара аьлча, суо мускулаш йолуш а, ондда а хиларх тешна хилархьама дара, ткъа со «ледара» ю, аьлла, хазархьама дацара. Суна тамехь ца хийтира сайх лаьцна дерг хазар. Амма мел исбаьхьа ду бакъдерг хаар а, тӀаккха шен дахарехь цунна ледара агӀонаш чӀагӀъеш лела магор а! ХӀинца, со ондда хилла дӀахӀоттийтархьама, сайн ледара агӀонаш каро лууш долу дакъа ду.

Соьга сайга сайн дахаран и ледара агӀонаш билгалъяхалур яц. Суна тренеран гӀо оьшур ду, ткъа цуьнан маьӀна ду, цунах кӀезиг боцу мах бала дезар ду, тӀаккха иза тоъал лазаме хир ду.

## ЭШАЛУР ДОЦУ АДАМАШ

Цу вовшахкхетарал тӀаьхьа со ойла ян йолаелира, мел бу гонаха иштта «гӀийла стомманаш» – дегӀаца а доцуш, ткъа синан лакхаллица. ТӀехулара вай чӀарх-аьлла гуш ду, амма вешан дахарна жимма мохь тӀетоьхча – вайга и ца лов. Вай гӀеххьа ду, ваьш шерачу нийсачу меттехула парггӀат тийначу гӀулчаца доьлхучу хенахь. Амма дахар – иза, вайга контроль ялойла болу, довду некъ бац. Вай Делаца новкъахь ду, тӀаккха суна, басе а, чехкалла а чӀагӀлуш хилар хаало.

Со кху дерригенца шуьца дага стенна юьйлу? Дала леррина Къобалвинчун дегӀ шен кхоччуш хийцадаларан лакхенга кхоччуш а, лагӀлур доцуш хьаладоьдуш а долу дела. Амма иза суна дага ца деана. Дала боху:

> Цийонан йоӀ, хьалагӀатта, ялта ара! ХӀунда аьлча Ас, аьчка маӀаш а, цӀестан бергаш а йолу сту санна, онда хуьлуьйтур ю хьо.
>
> Мика-ЯхӀу 4:13, гочдар *Message*

Тидам белаш, Дала «гуш доцуш» ца аьлла. Цо, «эшалур доцуш» аьлла! Цуьнан йоIарийн кху лаьттахь нуьцкъала ницкъ хила беза. Дукха хенахь дуьйна юй те хьо хьуо эшалур йоцуш хилар хаалуш?

Хила тарло, иза тоххара, хьо жима йоI йолуш, едда а, ловзуш а лелачу хенахь хилла. Хьо дIаяда сатийсар долуш боданехь къайлайийла кхоьллина яцара. Хьо серло а, сатийсар а кхехьа кхоьллина яра. Хьо Цийонан эшалун йоцу у, йохалун йоцу а, лесталун йоцу а йоI кхоьллина яра. Ур-атталла хIинца а хеза суна хIара дешнаш: «ХьалагIатта, Цийонан йоI, когашна тIе ирахIотта! Далла хьо эшалун йоцуш ян лаьа».

Дукхачу хьелашкахь вай, ваьш цIан а деш, оручу хенахь, синан лакхалле ницкъ кхиабо. Мика-ЯхIун тептаран боьалгIачу коьрто и охьатеIор стенах тера ду кхета гIо до вайна:

> Цийонан йоI, холчу хIотта, бер дечу зудчо санна,
> лазарех баланаш хьега, хIунда аьлча хьо хIинца, гIалара
> ара а яьлла, аренгахь ехар ю. ТIаккха хьо Бавел-гIала
> кхочур ю. Хьо цигахь кIелхьаръер ю. Везачу Эло хьо
> цигахь хьан мостагIийн мехах карара паргIатйоккхур
> ю. Ткъа хIинца-м дукха халкъаш хьуна дуьхьалдовла
> схьагулделла. Цара боху: «Сийсазъяьккхина хуьлийла
> иза! БIаьрг бузийла вайн Цийон-ломе а хьежна!» Амма
> Везачу Элан ойланаш царна ца евза, Иза дан воллучух
> а уьш ца кхета. Цо, хьаьтта цIевнаш санна, шаьш
> схьагулдина хиларх а ца кхета.
>
> Мика-ЯхIу 4:10-12

Суна тамехь ду и ваIда. Хьо охьатаIийна а, хьан мостагI, хьо верхьама, хьуна гергагIерташ хилар хетачу а хенахь, Дела, хьо деши санна, цIанвеш лела. Дала, Шен йоIарий цIена а, мехала а, доьналла долуш а бархьама, зерех катализатор йолуш санна, пайда оьцу.

Массови информацин гIирсаша я къаьсттинчу адамаша керстанашна критика ечу хенахь, наг-наггахь цара бохуш долчуьнца билггал бакъдолчун дакъа ду. Вай цу критикин конструктивни терго ян еза, цигахь билггал бакъдерг хIун ду, анализ а еш. Нагахь цхьаммо вай кIоршаме а, критични а, безаме хила а ца хууш ду бахахь, хийрачун ойла дIатесна юьтучу метта,

вай ваьшка Делан Дешан серлонгахь хьовса деза. Вай ваьш зен деза, тIаккха, нагахь эшахь, бехк цабиллар деха деза.

Амма, и доцург а, вайн мостагIчун, иблисан емалдаре бехкедарш а ду. Наггахь цуьнан Iиттарш цIена харцдерг хуьлу (масала, вайн Везачу Элана луьйчу хенахь). Кхечу хенахь цуьнан атакаш – иза цIена зулам ду, масала, Делан берашка Веза Эла дIатасар дIахьедо, и ца дахь уьш бойур бу а бохуш (сурт хIоттадейша шайна инквизицин хенан). Иблисан иштта тIелатарийн анализ ян ца мега, царна тIехь, билггал бакъдерг а, Делан тешаме хилар а майрра кхайкхадарца, толам баккха беза. Цуьнан масала вайна Довзийтинарг цIе йолчу книги тIехь го:

> Вайн динан вежарша Iахаран цIийца а, шайн тоьшаллин дашца а иза эшийна. Шаьш делла дIадовллалц шайн са а ца кхоийна цара.
>
> Довзийтинарг 12:11

Мика-ЯхIу пайхамаран тептпран 4:13 байт йоьшуш, Дала мохь тухучуха санна, хезира суна: «Тоьар ду! Хьуна моьттура, айхьа сан халкъ хIаллакдина, амма иза иштта дац. Цуьнан метта ахь уьш кечбина!». Исраил вайна масала ду. Исраилхой билггал бакъболчу некъара тилабеллачу хенахь, мостагIий ницкъ болуш царна дуьхьалгIевттира, амма цу халачу зеро цIанбира уьш. ТIаккха, мостагI хIинца толам баккхаран чам баккха воллучу муьрехь, Дала паргIатдаьккхира шен халкъ – керладаьккхина а, толамбаккхаре а.

## МУКЪА ЦА ХИЛАРО БIАЬРЗЕ БИНА

Иштта, ницкъ болуш хилархьама, стенна тIера доло деза вай? Вешан юкъарачу а, шен синан лакхаллин хьолан а цIена мах хадорна тIера дIадолор вай. *«ГIийла стомманиг»* дешнаш тоъал бехке доцуш гуш ду, вайн Тренеран – Iийсан дешнашца дуьстича. Ешний те ахьа Довзийтинарг цIе йолчу Книги тIера мах хадорах лаьцна? ВорхIаннах шиъ динан тоба бен цуьнан къовламечу тестах чекх цаяьлла. ХIорш масех билгалонаш бен яц, тестах чекх ца бовлабеллачарна:

> ТIаккха ас элира: «ЛадогIа, Якъубан тIаьхьенан тхьамданаш, Исраилан халкъан куьйгалхой! Шу дац

> ткъа бакъдерг хаа декхарийлахь? Шуна-м дика ца деза, шуна вон деза. Аша адамашна тIера цIока йоккху, ткъа церан даьIахкаш тIера дилха доккху. Сан халкъан дилха аша доу, царна тIера цIока йоккху, ткъа церан даьIахкаш кегйо. Кхаби чу кхуьссуш санна, оту, ткъа жижиг, яй чу тосуш санна, хедадо».
>
> Мика-ЯхIу 3:1-3, гочдар *Message*

Физически жигаралло сан дилха чIагIдечу метта, малдаре терра, иштта синан лакхаллин мукъа цахиларо а синан лакхалле ницкъ хьала цакхиабо. Цо вай Делан балхах юкъах а доху, вайн ницкъаш гIел а бо. Юха а, Iийсас динан тобанан хьалакхиаран мах хадабо:

> Девза Суна шун гIуллакхаш – шу я шийла а дац, я довха а дац. Я шийла, я довха делара шу! Довха а, шийла а доцуш, шу мела хиларна, Ас Сайн багара а дIадохур ду шу. ХIунда аьлча аша боху: 'Тхо дехаш а ду, хьал долуш а ду, тхуна оьшуш хIумма а дац'. Ткъа шу ца кхета шаьш ирс дайна а, декъаза а, къен а, бIаьрзе а, дерзина а хиларх!.
>
> Довзийтинарг 3:15-17

И хIун ду те? Дала дийначу адамех делларш, ткъа хьалдолчарах мисканаш а, гIаддайнарш а олу? Шина а оцу адамийн тобанашна шаьш кхечу тайпана гора, амма Iийсас уьш Iадийнера церан билггал бакъдолу хьал довзийтарца. Вайн Дика Iу иштта... кIоршаме стенна вара? Цо Ша жоп ло кху хаттарна:

> Сайна везарг, метта а валош, таIзарца нисво Ас. Цундела, дикане а кхийдаш, даггара Далла тIедерза!
>
> Довзийтинарг 3:19

Дела цIена ву вайца вайн синан лакхаллин хьокъехь, Цунна вай деза дела. Цо вай тренировать до, вай лаккхарчу барамехь дахийтархьама. И хийцамаш бархьама, Iийса вай Iадо кийча ву, вайна хIуманийн билггал бакъдолу хьал а гайтина. Цу дIахьедарна эхь хетаран, бехкехиларан я емалдаран синхаамца жоп дала ца оьшу. Мелхо а, когашна тIе дIа а хIиттина, юха а дирзина, тIетаьIIина Далла тIаьхьа довдур вай.

## МОХЬ ДІАНИСБЕШ

Ас хьалха хьахийнера, сайн аьрру белш а, гола а лазийна хилла хиларх лаьцна. Тестировани йолчу хенахь со кхийтира цу бахьанах: хІоразза а, со дІасайоьдучу хенахь, аса сайн тоьрмагаш даим а аьрру белша тІехь лелабора, тІаккха язо сан дегІан аьрру агІонна тІеюьжура. СадаІар бахьана долуш сан аьрру белшана а, когана а тодалар хуьлура, ткъа тренировка бахьана долуш – сан аьрру агІо ондда хилла дІахІуттура. ТІоьрмагаш а, компьютер а лелорхьама, шина а белшах пайда эцарца, аса сайн дегІ юха а нийсаллин хьоле далийра. Мел бу вайх синан лакхалле цомгуш, багаж я мохь лелорца, вешан дегІан цхьана агІонна бен йозалла ца еш? Цу гІуллакхо Дала леррина Къобалвинчун ДегІана шина а агІор мохь белшаш тІехь лелорхьама, божарий а, зударий а оьшуш хилар гайтина ца Іа, амма вай, къаьсттина юьхьша долчара, вешан – дух а, са а, дегІ а муха чІагІдан деза гойту. Вешан шира лазарш качдечуьра а севцна, Делаца кхин дІа дахар долоран хан тІекхаьчна!

Забурехь 143-чу байтехь Дала, Цуьнан кІенташа а, йоІарша а синан лакхаллечу маьІнехь цхьаьна цхьа язо, мохь кхоьхьуш хиларан исбаьхьа сурт дуьллу.

> Ондачу диттех тера хуьлда вайн кІентий, паччахьан цІа
> чохь кечдинчу бІогІамех тера хуьлда вайн мехкарий.
>
> Забур 143:12

Перевод Библии *New Living Translation* Делан Йозанийн гочдаро боху: *«Вайн кІентий шайн жималлехь хьалакхуьийла»* (схьакъастийна авторо). СуртхІоттадейша шайна хьалакхуьуш болчу кІнтийн тІаьхьенан, ткъа цуьнан маьІна ду, уьш жималлехь дуьйна чІагІлуш а, кхиаме хуьлуш а, ур-атталла Делан диканах дозалла деш а хилар. Ма контрастехь ду иза вай хьежа марзделлачуьнца: божарша кхиазхочун а, къоналлин а хенахь шайн ницкъ ойла ца еш бойу.

ЙоІарий кхузахь бІогІамашца бусту. Со «бІогІам» бохучу дешан билгалдаккхаре хьаьжира, тІаккха суна цуьнан шиъ коьрта маьІна карийра: хьалхарчо «гІо даран» система гойту (масала, колонна, бух, мачта, гІортор) тІе гойту; шолгІачо «баьчча» бохучунна тІе гойту. ТІаккха цу кхетамо дерриг а лакхахь дагардинарг шена юкъалоцу.

Со теша, кху декъехь Дала шен цӀийнан архитектурни сурт дуьллуш хиларх. Кийча дуй те вай, зударий, дуьххьалдӀа хазалла долчул, цхьа алсам долчу хӀуманехь деш-лелаш хила? Делан цӀийнан тхов латто гӀортораш хилла дӀахӀитта кийча дуй те вай?

Кху хаттарша тренировкашна а, вешан Ӏалашонна тӀекхиархьама оьшу ницкъ чӀагӀбархьама а юхадерзадо.

*ХӀета довдийша, толам баккхархьама! Берриге а дикачу спортсменаша хала тренировкаш йо.* Цара иза, кхулучу а, хийцалучу а, дашочу мидалан дуьхьа до. Аша иза абаденна долчу дешин совгӀатан дуьхьа до.

> Шуна хууш дац къовсадаларшкахь бовдучу хенахь массо
> а цхьатерра бовдий, амма совгӀат царах цхьанна бен ца
> лой? Цундела шаьш довда ма-дезза довдалаш, и совгӀат
> шайна кхачийтархьама. Оцу къовсамашкахь дакъа
> лоцуш болчара шаьш массо а хӀуманна тӀехь юхаузу. Уьш
> иштта лела, телхина дӀадер долу толаман таж шайна
> кхачийтархьама, ткъа вай иштта лела, ваьшна телхар
> доцу таж кхачийтархьама. Цундела со, шена хьалха цхьа
> Ӏалашо хӀоттийна воцург санна, вада а ца воду, хӀаваана
> куьг детташ верг санна, лата а ца лета. Мелхо а, аса,
> сайн дегӀ кхоа а ца деш, цунна тӀехь олалла до, кхечарна
> хаза кхаъ а кхайкхийна, со юьстахваьлла ца висархьама.
>
> 1 Коринтхошка 9:24-27, гочдар *Message*

## ХЬАЛХАЛЕРА ДОЗА ТОЬХНА ХИЛАР ДӀАТУЬЙСУШ

Со цкъа а яцара дика спортхо. Лакхарчу классашкахь аса некадар леладора, сайна хи а, лазанья а, ерриге буьйсанна синкъерам а беза дела. Амма аса цкъа а толам баккхаран дуьхьа къийсам ца бора. Со финише кхачархьама нека деш йоьдура. Со кхоалгӀачу а, йоьалгӀачу а меттигна реза яра. Коьртаниг, тӀаьххьарниг ца хилар дара. Со, иштттачу хӀорра хиламан хьалха цомгуш хуьлура, сайна некадаран къийсам оццул чӀогӀа цабезарна. Суо каралацархьама, аса сайга олура: «Ахьа *тӀ*ейирззина цхьана минотехь нека дан деза. *Цул тӀаьхьа дерриг а чекхдер ду, тӀаккха хьан хьайн доттагӀий болчу юхаерзийла хир ду».*

Халахетарна, ас цкъа а ца кхетадора, сайн командина со оьшуш хилар. Аса сайн бен ойла ца йора – сайн кхерамех а, тоъал ницкъ ца хиларх а. Аса сайн командин декъашхойх гIайгIа еш цахиларна тIехула, аса суо цкъа а хьалха ца тоьттура. Со цкъа а толам баккха ца гIертара, цундела ас толам баккха а ца боккхура. Со командина мехала ловзархо яцара; со царна тIебиллина мохь бара. И хан дагаяийтарца, ас ойла йо, со долччул дукха толам баккхарх кхоьрура, эшарал а, хIунда аьлча цкъа толам баьккхича, аса даим а толам баккха дезар дара, ткъа суна и мах бала ца лаьара. Со чIогIа кхоьрура, аса сайна далуш долу дерриг а дина, амма хIетте а вон жамI гайтахь, иза суна тIех лазаме хир ду, цундела аса со 70-80%-на бен, кхин сов дацуш, дIа ца лора. Суна баккъал а ца хаьа, айса хIетахь иштта харжам стенна бора, амма хIинца билггал хаьа, бен ца хеташ хилар кхин тIе дуьтийла дацара – къаьсттина синан лакхаллениг. Со сама а яьлла, дахар суна цхьанна, дукхаезачунна, гонаха хьийзаш ца хилар карийча, со суо хьалхатетта а, ницкъ тIебахийта а йолаелира, хьалхалерчу дозатоьхна хиларшца лараяйтархьама.

Хьайна чохь стен лом самадаккхархьама, хьан а изза дан дезар ду. Хила тарло, хьайн ницкъ кхио хьалхарчу гIертаршкахь хьан аьтто бухур бу, амма иза тренировкин процессан дакъа бен дац. Суна, дуьххьара дIа-ма-волаваллара цхьа трюк ала хIума доцуш яелла волу, цхьа а стаг ца вевза.

Кипин шолгIачу дахьийтаро 3:1,7 (гочдар *Message*) боху:

> …Царна тIехь шун цIена кхетам самабоккху ас хилларг
> дагадаийтарца… Ткъа иштта Делан дашца латтош
> йолу хIинцалера стигалш а, латта а даго Iалашдеш ду,
> къематан а, Iеса нах хIаллакбен а де тIекхаччалц.

Тидам тIебахийталахь, иза хьан жоьпалла ду – хьайн хьекъал кийчахиларан хьолехь латтор. ХIора денна хьан харжам бу: тидаме а йолуш, Iалашонна тIегулъелла хилар я буьйда а, тидаме йоцуш а хилар. ХIара, вай кхоччуш тIеман кечам болуш хила дезаран хан ю, вайн Веза Эла кийча волу дела. Иза хIинца кху дуьненахь нийса доцу дерриг а хIума нисдан кийча ву. Иза цIе а яьлла, толам баккха кийча ву. Вайн Веза Воккхачу Дала хаам бича, хьо, стен лом санна, ондда а, тIахъаьлла а, атака ян кийча хир юй те?

Дезачу Синна Делан серлонгахь хьайн ницкъана тест ян магаде, зерашка хьуо тренировать ян магаде, зерех чекхъяьлча, хьо эшалур йоцург хилла дIахIуттур юйла а хууш. Делан Дешан мохье а, Дезачу Синан дахчина хиларе а, тренировке а хьайн дахаран ледара я йоьхна агIонаш кхио магаде. Хьайн фокус, хьо тIехулара муха гуш ю хиларна тIера, хьо чоьхьара муха ю хиларна тIе дехьаяккха, хьайн духехь. Цул совнаха, хьайн ницкъах ма кхера! Стен лом хиларе терра, цуьнца хастам бе Далла. Дагахьлаттаде, дерриге а латта кхерамах а, эхь хетарх а тIехдуьзна долчу хенахь, стигалан а, лаьттан а Дала, дерриг кхоьллинчу Кхолларxочо, Цуьнан тамашена исбаьхьалла гайта тIекхойкху хьо.

Теший те хьо цунах? Дуй те хьоьца, цхьа кхечеран цецдийлар гойтуш дерг? Тидаме дуй те хьан дог? Ма-дарра план хIотто хаьий те хьуна? Ойланаша я кхолларалло тIехъюьзна юй те хьо? Хьо нана я хьехархо ю? Ялур юй те семинар я боьхна доьзалш меттахIитталур буй те хьоьга? Къепе яцар йолу чоь, цхьа исбаьхьа хилла хийцалур юй те хьоьга? Я, хила тарло, хьо цIена агIо ю, иза юзаре сатуьйсуш йолу?

Вайх цхьаьнгга а шен ойланаш кхочушъялур яц, вай ваьш кхечарна ницкъ луш дерш хиларх кхетталц. Езаш йолу йиша-стен-лом, тхуна хьан кхерам боцу ницкъ оьшу! Иза билггал бакъдолуш Iаламате а, исбаьхьа а бу!

5

# ГӀуллакх дӀакххехьарна ницкъ

Вайх хӀораммо а уллорачунна тамехь дерг дан деза, иза цунна диканна а, иракарахӀотторна а хуьлуьйтуш.

РИМХОШКА 15:2

Стечу лоьмийн акхачу дуьненахь, тамаша бу-кх вай кхин цхьанххьа а хьовсийла долу, цецдоху тийна синтем белахь. Суна цунах лаьцна, со Ӏилманан-кхетамечу фильме хьоьжучу хенахь дагадеара, цигахь акхачу цицигашна керла меттигаш а йовзуьйтуш, уьш Африкин къилбехьара кӀошташка кхалхорах лаьцна дуьйцура. Фильман юьххьехь комментаторо хӀума юкъарчу суьртахь, заповедникан меттиг йовзуьйтучу, лоьмийн шина тобанех лаьцна дуьйцура. Хьлхара тоба шина къоначу стечу лоьмех а, цхьана къоначу лоьмах а хоттаелла яра.

И кхо дийнат хьалха, заповедникан йоккхачу меттигца доза а долуш, цкъачунна гобаьккхина электрически кертаца дӀакъевлинчу, кӀажжехь дехара. Заповедникан ха деш болчара кертан дакъа дӀа а даьккхина, лоьмашна евзаш йоцчу а, таллаза йолчу а шуьйррачу меттиге чудовлийла дӀайиллинера. Цаьххьана хиллачу хийцадаларх кхераделлачу лоьмашна, хуьлуш долчун муха терго ян еза ца хаьара.

Ха дечара, хьалххе дуьйна иштта терго хирг хилар а хууш, къона лоьмаш, царна хьалха дӀаеллаелла керла меттиг дӀалаца,

муха меттахдаха дезаш хиларан, стратеги кечйинера. Цара лоьмашна масех дийнахь юург ца яла сацам бира, аппетито уьш шаьш марзделлачу меттера церан керлачу цӀа чу даха арадахархьама.

Со хьаштхиларе, кху заповедникан рейнжераша шайн грузовик чуьра йоккхачу антилопин чарх «лоьмийн цӀийнан» дозанал арахьа, лоьмашна керлачу лаьттахь охьакхоссаре, хьоьжура. Леррина хуьлуш долчуьнга хьоьжуш йолчу акхарошна, кортош хьала а айина, йийначу антилопин хьожа хааелира.

Къона лоьмаш меца доллушехь, ларлуш дара. Лом, шен кхерамазалле меттиг а йитина, африкански къух юкъа ца дахара. Иза хьоьжуш Ӏашшехь, ши стен лом, вовшех а детталуш, кертана юкъахь дитинчу Ӏуьргана юххе а деана, тешам боцуш тӀехьа а, хьалха а дӀасалелара. Дийнаташ хьалхалера электрически кертан дозанаш меттахӀитто гӀертачуха тера дара. Уьш хӀаваан а, лаьттан а хьожа а йохуш, кертана сехьа юхадуьйлура, тӀаккха юха а даьхкина, Ӏуьргана хьалха дӀахӀиттархьама. Уьш, царна хьалха цӀаьххьана и Ӏуьрг стенна нисделла хиларх кхета гӀерташ хилар, хаалора. Хила тарло, иза цхьа гура буй те?

Эххар а, стечу лоьмех цхьаъ даьхьира. Мацалло толам баьккхира цуьнан шеконашна тӀехь. Иза хаддош сизал дехьа а даьлла, антилопин чархана тӀе деара. Некъана юккъе даьлча иза шен йише хьаьжира, кертана ара а даьлла, шех схьакхета кхойкхучуха. ШолгӀа стен лом кхин а цхьайолчу хенахь меттах цадолуш а Ӏийна, цул тӀаьхьа шен йишина тӀекхиира. Цаьршиммо цхьаьна антилопина го баьккхира, дерриг а низамехь хиларх тешна хилархьама. Амма лом меттах ца делира. Иза хьоьжуш Ӏашшехь, стечу лоьмаша ларлуш жижиган чам боккхура. ХӀонц чам болуш а, керла а яра, амма юучунна тӀедетталучу метта, цара цхьа чӀогӀа тамашийна хӀума дира. Стечу лоьмаша тӀодашцца антилопа лаг а, ког а лаьцна, шиммо а керт йинчу метте схьатакхийра, лоьман а цаьрца цхьана жижиг даар хилийтархьама. Церан леларо соьга ойла яйтира. Церан шеко йолуш долу лом юучунна тӀехь шайх схьакхета болчу лаамо шарлур боцу битам хилийтира сан. Суна тамехь дара, царна и доцуш той дан лууш цахилар.

Исбаьхьа ду, зударшна муха лела деза хуучу хенахь!

## ШЕКО ЕРШ ИРАКАРАХӀИТТОР

Магор дуй те вай вешан йиша-стечу-лоьман дог дикачу масалина иштта леларна а, юкъаметтигашна а, жоп луш ечу тергонна а ваьш иракарахӀитто? Хир дуй те вай, ваьш, Дала цуьнан мехкаршна хьалха дӀайиллинчу керлачу меттигашкахь, декъалаллашца кхечаьрца декъархьама, хан а йойуш, ницкъ тӀебохуьйту зударий?

ХӀаъ, со кхета, кхечаьрга собар дархьама, юхайоьрзучу хенахь, хьан темп лагӀло – амма иза юьхьенца бен дац. Ахь кхетамехь а волуш дика а, комаьршалла а, хьекъалалла а дӀакхоьхьуш делахь, чаккхенгахь цу гӀуллакхо толамна тӀе цавалош вуьтур вац хьо. Дала Шен берашна керлачу дахарна а, маьршонна а Ӏаь тухучу хенахь, цхьаболчара иза баккхийберца а, сатийсарца а тӀеоьцу, вуьйш шеко йолуш хуьлу, цара, кхин дӀа хӀун хир ду ладогӀа а, хьовса а, сацам бо. Цунна дуьхьало йийраш а бу.

Со, берриге а Делан мехкарий хьала а гӀевттина, Дас вайна кечдинчу маьршоне а, хьажийна хиларе а бовлархьама, сатуьйсуш а, доӀа деш а ю. Билггал бакъдолчунна тӀехь ондда а, маьрша а, чӀоггӀа а берш гӀортораш хилла дӀа а хӀиттина, кхин дӀа йолу гӀулч яккха ца хӀуьттуш болчарна хьалха баха иракарахӀитторхьама.

Суна тамехь хета цунах лаьцна Римхошка Дахьийтарехь муха яздина ду:

> Тешар тӀехь чӀагӀделлачу вай чӀагӀбелла боцучарна гӀо дан деза, ваьшна тамехь дерг дина а ца Ӏаш. Вайх хӀораммо а уллорачунна тамехь дерг дан деза, иза цунна диканна а, иракарахӀотторна а хуьлуьйтуш.
>
> Римхошка 15:1-2, гочдар *Message*,
> схьакъастийна авторо

Ондда а, хьуьнаре а болчара гӀорасиза болчаьргахьа гӀо а даьккхина, царна, ойланаш керчаш а, шайх тешна боцуш а, цахӀуьттуш а, ийзалуш а болчаьрга куьг кховдо, гӀо дан деза. Суна иза муха хуьлу хьежа тамехь хета. Шайна чохь цхьа алсам дерг хилар хаалуш болу, ма дукха къона а, хенара а зударий бу-кх. Царна хьалха дӀа а боьлхуш, керла меттигаш долаяха лаьа. Уьш

керлачун неIсагIехь а лаьтташ, Дала шаьш хьовсийначу, теллина доцчуьнгахьа хьоьжу, амма шайн шеконашна тIехь толам ца баккхало цаьрга.

Дукха хан йоццуш гулам чекхбаьллачул тIаьхьа, исбаьхьа а, даггара а йолу къона йоI тIееара суна. Цунна чохь Делан ойла оццул йоккха хиларна, тхан цхьаьнакхетаран йоццачу хенахь, йоI цуьнан даг чохь долчу дерригенца дагаяла ца кхиира. Цундела, цIа ярца, цо чIогIа ма-дарра, цуьнан берриге синхаамаш гойту, эпически поэмин барамехь долу, электронни кехат а яздина, соьга дIатеснера. (ТIаьхьа цунна бегIийла цахийтира, амма цуьнан цунах лаьцна сагатдан оьшуш хIума дацара.) Кехат доьшуш, со цуьнан синтем цахиларх кхетара. Цуьнан сингаттамаш, ишттачу хьалакхиаран этапех чекхйолучу хенахь, аса зийна, сан сайн хиллачаьрца оццул цхьаьнабогIуш хиларх инзаръяьлла йолчу аса, цуьнга цунах лаьцна дийцира.

Сих-сиха, кхинаш кху тIай тIехула вайл хьалха бахана а, тIаккха кхерамазалле кхечу агIор дехьабевлла а хиларх лаьцна хууш хилар, тоьаш хуьлу. Наггахь, шеко йолчуьнан, дуьххьалдIа хIинцале оьшучу метте кхаьчначу, кхечу йишица хьажарца дуьхьалнисъяла деза. Цу хьажаро боху: «ХIей, йиша! Со хIинца кхузахь ю, тIаккха кхузахь кхерамазалле хилла а ца Iаш … кхузахь тIехдика ду!».

## ДИНАН МОХЬ БЕЛШАШ ТIЕРА БАККХАРЦА

ЧIогIа сих-сиха зударий цахIуьттуш хиларо сецабо. Дала царна кечйинчу маьршоне бовлуш болу йижарий алсамбуьйлуш белахь а, цхьаберш хIетте а динан мохьана кIел охьабега. ТIаьхьарчу итт шерашкахь бен зударий сих-сиха вежаршна а, йижаршна а кхайкхамаш бан кхайкха ца буьйлабелла. Дукха болчу зударшна динан тобанашкахь хIетте а и маьршо тIеэца хIинца а хала ду. Сан а нисделла сайн дахарехь ишттачу халонашца Iиттаялар.

Аса майрра кхайкхамаш бора Делан йоIаршна хьалха, амма сан ладогIаршна юкъа цхьа-ши божарий тIетоьхча, дог деттадаларна со ягайора. Цкъа Iуьйранна шен динан тобанехь кхайкхам бан кхайкхинчу динан тобанан Iуналхочо а, сан кхерам боцчарех цхьаъ йолчу доттагIчо а сайна тIера и кхерам охьатаса гIо даллалц, гIалатъяларх ларлуш, дог этIара сан.

– Зударшна хьалха кхайкхамаш беш санна, хьуо стенна ца сецайо ахьа божаршна хьалха кхайкхамаш бечу хенахь а? – дира цара соьга кхайкхар.

– Бакъдерг аьлча, ца хаьа суна… – даггара жоп делира аса.

– Хьуна сихо цхьалхадаккхалур дарий те, цуьнан бахьана стенца ду? Тхуна ахьа иштта хьайх тешам боцуш хилар сацо лаьа!

Церан дешнаша цецъяьккхира со. Со тешна ю, динан тоба могуш хилархьама, цуьнан божарийн а, зударийн а аьзнаш хила деза. Сан шеконаша, шен духехь, и тешнахилар дохадора! Аса сайн аз ницкъаца ца ойура. Мелхо а, со божаршна хьалха бехказа юьйлучха хуьлура, Дезачу Йозанех лаьцна а доцуш, ткъа со зуда хиларх лаьцна ойла а еш. Амма суна и хӀума хийца сайна ца лууш хиларна тӀе гайтича, со кхуззахь и чӀогӀалла йохо йолаелира.

Суна хӀинццалц а озабезамехь ду зударшна кхайкхамаш бар, амма ас кхин бехк цабиллар ца доьху, нагахь сайга божаршна гӀуллакхдар доьхуш хилча. Сайн зедаларера ас эр ду, нагахь стага хьайга алар дехахь, дерриг а дӀадийца деза. ТӀаккха хьуна, цара хьо хьалаойучу а, иракарахӀитточу а, нисъечу а, тӀаккха дешлеларна меттахйохучу хенахь, хьайца бакъболу доттагӀий буйла хаьа. Сингаттаме ду, сих-сиха нийсса бӀостанехьа дерг хуьлуш хилар.

> Цара чӀогӀа хала парзаш хӀиттадо. Уьш кхочушдан чӀогӀа хала ду. И парзаш нахана тӀе а дехкина, уьш цаьрга дӀакхехьийта гӀерта. Ткъа шаьш пӀелг меттахбаьккхина а хӀума дан лууш бац.
>
> Маттай 23:4, гочдар *Message*

Ӏийсан заманахь динан баьччанаш баккхийбера кхиберш церан низамийн йозаллина кӀелахь сеттар гуш. Шуна муха хета, уьш иштта стенна лелара? Суна хетарехь, царна, цу динан баьччанаша дагадахкийтина низамийн йозалла шайна тӀехь зуьйш болчарел шаьш гӀолехь хилар хаалора. Цу гӀуллакхо царна церан шайн бӀаьргаш чохь шаьш Далла гергахьа гар магадора.

Далийна долчу декъера чӀогӀа лараме сацам бойла ду. Делан Ӏедал той хила дезара, ткъа мохь а боцуш. Яа хӀумано ницкъ

ло, ткъа халачу къахьегаро кIадво. Вай латтахь Делан векалш хила хьовсийна ду; дерриг а Цо деш дерг а, Цо схьахьедеш дерг а, – иза, цигахь хIорраннан а дакъа лацийла долу, той ду. Вай Делан дикаллин шортонна гIуллакхдан дезаш ду кхечарна. Цу гIуллакхна, вай, Делан кIенташна а, йоIаршна а тIебиллинчу динан мохьах кIелхьардовла деза.

Хила тарло, *хьан дагахь ду, сан гIуллакхдойла а, кхайкхамаш бойла а ду, ур-атталла со зуда ялонза стаг я маре яхаза зуда елахь а?* ХIаъ! ДIакхуссур вай муьлхха а цаоьшу багаж. Хьан, Дала леррина Къобалвинчун ДегIехь гIуллакхдархо хилла дIахIоттархьама, марехь хила я зуда ялийна хила ца деза. ПахIал зуда ялийна вацара. Ваьшка, зударех тешна бита мегар ду берашца болу болх, амма баккхийнчаьрца мегар дац, бохуш, ойла йойтуш йолу, чамданаш дIайоьллур вай. (Вай кхин сагатдан дезаш дац ткъа, хьан хьоьхуш ду вайн берашна?) Делан сатийсарш кхайкхо бакъо ваьшна хилале хьалха, вай ала хIума доцуш хилла дIахIитта деза бохуш долу, и харц дерг Iорадоккхийла дуй те вайн? Цхьа а вац вайх кхачаме. Тоьар ду хIинца гойтуш долу бакъахьаралла! Вешан гIалаташна къера а хилла, царна тIехь Iама а Iемаш, кхин дIа гIор вай, Iийсана хастамаш а беш!

Кийча дуй те вай, дино бух боцуш адамашна тIебуьллуш болу мохь дIабаккхархьама, вешан маьршонах пайда эца. Дала вай цхьана керлачу хIуманна тIекхойкхучу хенахь – керла меттигаш дола яха я евзаш йоцчу меттигашка довла, – вай тийса а луш, охьадега дуьйлало. ТIаьхьарчу иттех шарахь динан тоба дуккха а долчунна тIехь керлачу бараме хьалаяьлла, тIаккха цу гIуллакхо даккхий а дойту, амма цхьа а хIинца а оьшучу лакхенга ца кхаьчна. ХIетте а Дела деш-лелаш ву, хьалха дIакъевлина хилла йолу неIарш дIа а йоьллуш, адамийн дегнаш чохь мацалла сама а йоккхуш, шайн кхерамна тIехь толам а боккхуш, уьш хьалха бахийтархьама.

Дукха хан йоццуш соьга, кхоъ я диъ шо хьалха Далла лерина, даьтта хьаькхна йолчу зудчун Делан цIийнахь йистхила бакъо хиларх а, хила езаш хиларх а лаьцна сан кхайкхам хезначу, цхьана зудчуьнгара e-mail кхаьчнера. Цу ойлано юьхьенца синтем байинера оцу йишин, и кхайкхам цунна хьалха хезначу, дерригенца а цхьаьна ца богIу дела.

Иза кхайкхам бечуьра эхь хетарца а, сан дешнаша синтем байина а дӀаяханера. Хан дӀаелира, цо Дош талла а толлура, доӀанаш а дора, тӀаккха Дала цуьнан даг чохь и билггал бакъдерг чӀагӀдан долийра, цунна хьалха керла неӀарш дӀа а йоьллуш. Цу муьрехь иза, сан кхайкхамал тӀаьхьа шена чохь хаабелла къийсам, Делера хилла хиларх кхийтира. И бегӀийла доцуш хилар, Дела цу хьокъехь цуьнга вистхуьлуш хиларан бахьанина дара. Ас хӀетахь аьлла долу дешнаш, хӀинцца бен хьалхара стом беана доцу, кху зудчун дахарехь хӀу хилла дӀахӀиттинера.

Вай билггал бакъдерг безамца ала хьовсийна ду, тӀаккха вайн дахар кхечарна цу гездарх схьакхетарна кхайкхар хилийтархьама долуш санна даха а деза. Набарх самадевллачул тӀаьхьа, вайн гӀорасиза а, меца а диса бакъо яц.

Яхьазкхиалехь 19:2 хьалаойуш ду и хаттар: « Хьан нана стенах тера ю? Иза стен лом санна ма ю! Лоьмашна юкъахь Ӏуьллуш а яра иза, …».

Дуьххьара и могӀанаш дешча, ас ойла йира: *«Цуьнан хӀун маьӀна дара те?».* Довзийтар лоьхуш со Яхьазкхиал-пайхамаран тептаран 19-чу коьртан контексте хьаьжира. Кхузахь, уьш ондда а, нуьцкъала а лоьмаш хилла дӀахӀитторхьама, ши кӀорни хьалакхиош долчу, стечу лоьмах лаьцна дуьйцуш ду. Ас ойла йира: *«Суна лоьмашна юкъахь стен лом хила Ӏама лаьа!».* Шен дахар а, шен сацамаш а ондда йоӀарий а, кӀентий а хьалакхио ницкъ болуш ерг санна, йолу зуда хила хьанна лур дац! Суна сийлахь ду, иштта дукхачу зударша соьга баккхийберца маршалла хоттуш хилар, амма суна айса иштта хӀара дахар доькъуш болчу, божарийн дахаре а дийнна хазна йилла лаьа. Суна берриге ийзалуш а, гӀорасиза а я бохам хилларш гӀовтто лаьа. ТӀаккха, хьаьий шуна? Шун а иза лаьийла ду. Дала Шен йоӀарийн дегӀах дуьйцина кхиберш гӀовтто лааман тай.

## ДОГ ДИЛЛИНЧАРНА САТУЬЙСИЙЛА

Наггахь тасавеллачунна гӀо даран куьг кховдор, царна сатийсаран совгӀат далар санна ду. Сайн тӀаьххьара *Life Outreach* организацица Камбодже яхар долчу хенахь, аса суьйранна урамашкахула йолаелла а лелаш, нахаца лелачу йоӀаршца

къамелаш тасадолуьйтура. Со цу «буьйсанан полларчашна» мацца а тIе яхача а, уьш ларбеш а, ма-дарра долчу маьIнехь хьизош а бара, нагахь уьш соьца къамел дан хIиттича. ХIоразза а, со йоIана я йоIарийн тобанна тIе яхача, дерриг а оццу цхьана сценарица дIадоьдура, йоккхачу сарказмаца. Сан хаттаршна цара доцца жоп лора, вовшашна юкъахь бийла а буьйлуш. Со тешна ю, уьш ца кхетара, кIайн чкъор долу, юккъерачу шерашкара американка цаьрца къамел дан стенна гIертара. Амма хабар кхин дIа дахча, ас цаьрга, цара стенах лаьцна ойла йо хоьттура.

– Хьо дахарехь стенна тIекхиа гIерта? Нагахь хьо хьайна лууш ерг хилла дIахIоттийла долуш а, хьайна луъург дерриг а даделча, иза хIун хир дара?

Церан яххьийн гар, ойла ян а, церан дахарш цхьа хIинца долчул алсам долу хIума хилла дIахIуттийла хуьлийла хиларх кхайкхам схьаэцначу а муьрехь, хийцалора. Кху буьйсанан ирчаллехь, царна ойла яр схьахьедеш волу цхьаъ нисвелла те? ЦIаьххьана соьгахьа хаттарш Iийнира, тIаккха ас царна сайн талмаж гочдан мел кхуьу, сихха жоьпаш дора.

– Суна прическкаш ян лаьа!

– Ткъа суна – сайн ресторан еза.

– Суна йохка-эцаран центрехь гIопаста хила лаьа, цхьа муьлхха а хаза хIуманаш йохкархьама.

– Со муьлхха а болх бан кийча ю, нах сох кхин цабашар долуш ца хилчхьана.

– Суна дуккха ахча даккха лаьа, сайн гергарчарна цIа дIадахьийтархьама.

ЙоIарий сеца цалора. Уьш шайн Iехош долу лелар дIа а тесна, цхьа йоццачу ханна къоначу йоIарий-кхиазхойх тера хилла дIахIиттира, ткъа иштта уьш ма-дарра долуш, болуш а бара. Цу йоIаршна, нагахь церан клеткин неIарш дIаеллалахь, шаьш хIун дийр ду хаьара! Дуьххьара аьтто ма-белли, оха цаьрга церан «туьрмера» дIадовдар дIахьедора, тIаккха царех цхьаболчара и тхан гIо тIе а оьцура. Амма шайн эхьана тIехь толам баьккхинарш бен, кхин дIа баха хьуьнар долуш бацара. Церан сутенераша санна, бехке хиларан а, эхь хетаран а хаадаларо лоллехь сецабора цу йоIарех дуккха а берш.

Оццул дог дохаран хьолехь а болуш, цхьана хӀуманах лаьцна дуьххьал дӀа ойла яр тоьаш дац. Дукха хьолахь Ӏехийна а, кагдина а адам шен чохь доллучу меттехь къайладаьлла Ӏийр ду, ураталла цунна хьалха шуьйрра неӀ дӀаеллаелчу хенахь а.

Цундела оцу йоӀаршна цу нахаца леларан речӀанара арадовлар дӀахьедарал совнаха, оха царна Делан дика доxьура. Оха царна Ӏийса вовзуьйтура, Иза цаьргахьа вуйла а, тӀаккха дог диллинчарна И цхьаъ бен сатуьйсийла доцуш хилар а дуьйцуш.

Кхойкхурий те цара Иза шайн даг чу а, дахаре а? Иза церан сацам бара. Хьан а, сан а кхечу адамашна юххехь гӀойла ду, царна гӀо а деш, хьалха баха иракара а хӀиттош, амма, хууш ма-хиллара, тӀаьххьара сацам бар царна тӀехь дуьсу.

## СТЕЧУ ЛОЬМАН БИЛГГАЛ БАКЪДЕРГ

Ас кху коьртан юьххьехь хьахийначу, Ӏилманан-кхетамечу фильмера стечу лоьмашна тӀе юхадоьрзур вай йоццачу ханна. Цара, цхьаьна яархьама, антилопин чарх лом долчу стенна еара, церан кхин варианташ а ма-ярий? Царна хала дара и доккха «даар» керт йиначу метте юха дан, цигахь церан тойнах схьакхетийла хир дара лоьман а. Дуккха а бегӀийла хир дара шайн дакъа дӀа а диъна, лоьмана цуьнан дакъа дитар, нагахь иза ша арадала хӀоттахь. Я церан, шаьш дуззалц жижиг даа а диъна, ткъа боьршачу лоьмана диснарг дӀахьедойла дара. Антилопин дакъа бен сехьа цатекхор аттахо хир дара, дийнна чарх а доцуш. Церан лелар вайна сурт хӀуттучу джунглийн законца цадогӀура. Нагахь дийнатийн пачхьалкх дийнаташ дийна дисаран законаца бен куьйгалла деш ца хилча, и стен лоьмаш иштта комаьрша стенна ду? Эххар а, шайн хӀонц мецачу лоьмаца декъаран маьӀна, царна шайна кӀезиг кхочург хилар ду.

Хила тарло, цу стечу лоьмашна, вайна шех лаьцна дицделла долу, цхьа хӀума хаьара. Уьш къона а, кхиаза а хиллехь а, царна инстинктаца, церан хиндерг а, церан кӀорнийн дийна йисар а, юкъарло йоцуш церан лоьме йолчу тергонах доьзна дуйла хаалора. Цара иштта лела сацам бира, цуьнан дахаран керла этап тӀе а еана, иза прайдан корта хилла дӀахӀоьттича, хинйолчу хенахь лом цунах лаьцна дагадогӀуш хилийтархьама. Цара, цкъа

цунах нуьцкъала хилла дӀахӀуттун долу лоьман сий дора, кху муьрехь иза коьллашна юкъахь лечкъаш делахь а. Де догӀур ду – тӀаккха иза нуьцкъала а, доьналла долу а лом хилла дӀахӀуттур ду. Цунна, ша къона а, шена бакъонца догӀуш дерг охьадиллар тӀедилла тӀех ийзалучу а хенахь, стечу лоьмаша шена яа хӀума еана хилар, дагахь лаьттар ду. Хан йогӀур ю, тӀаккха лом, шен цу стечу лоьмех тешна хила а, цаьрца шен дахар дӀахӀотто а мегарг хиларх хууш хир ду. Цу стечу лоьмийн инстинкташка ерриге прайдана гӀо а далур ду, уьш цуьнан корта шайца дика хилийтарна тӀе а кхиалур ду.

Вайх хьан гойту изза терго яр?

Я вай кӀезиго дикачу дийна дисаран законаца лела? Юй те вайн агӀо иштта: «ХӀай, чӀогӀа халахета шух, цхьанхьа тӀаьхьа дисинчарах! Тхан кхузахь Ӏаламате хӀуманаш ду хуьлуш! Дела шен мехкаршна бакъдолу той кечдеш ву. Ткъа нагахь хьо тхох схьакхета лууш вацахь, хьайн къайлавалийла долчохь а висий, хьайна ма-хуъу ваха!»?

Цхьа билггал бакъдерг дагахь латторхьама, тоъал хьекъалалле хир дуй те вай: *нагахь хьо хӀинца кӀезиг схьаоьцуш велахь, хьан хин йолчу хенахь кӀезиг хир ду бохург дац.* Сийдаран хьокъехь долчух берриш а, массо меттанашкахь а кхеташ бу.

*Ницкъ вайна гӀуллакхдархьама белла бу, ткъа хьолана а доцуш* (хь.: Римхошка 15:2). Самукъане ду хаа, мел халонаш ца хуьлийтийла хир дара те дуьненахь, нагахь хӀорра а и агӀо а евзаш, и дӀалаьцна Ӏаш хилча. ХӀун хир дара те, нагахь вайна, вешан ницкъ вайна гӀорасизачарна а, ийзалуш болчарна а, тешна боцчарна а гӀуллакхдархьама, беллийла хаьахьара? Дерриг а низамехь хир дара! Со тешна ю, вешан дахаран чаккхенгахь вайна массарна а Ӏийсан дешнаш хезар дара: «Дика ду, комаьрша а, тешаме а лай».

## ТӀЕХДИКА ГӀУЛЛАКХДАРНА ХЬАЛАГӀАТТА

*«ГӀуллакхдар»* дешан маьӀна тайп-тайпана кхетош ду. Иза хандош а, цӀердош а хуьлийла ду. Ангалсан «гӀуллакхдар» хандешан «тадан, талла, нисдан, тест ян» боху маьӀна ду. Ӏийсас исбаьхьа «гӀуллакхдар» дина Ша сагӀина валарехула,

вай Везачу Далла хьалха латта хьакъ долуш а дина. Вай, ваьшна дахарна делла долу гӀуллакхдар гайтархьама, дехаш ду иштта. Иза «кагвина» вара, вай меттахӀитторхьама. *«ГӀуллакхдар»* дош, цӀердош санна, «церемони а, Ӏадат я ламаз дар» маьӀна долуш ду. Наггахь суна кхераме хуьлу, вай: динан тобанан гӀуллакхдаран Ӏалашо – Далла а, вовшашна а гӀуллакхдан Ӏамар хилар, дицдо дела. ТӀехдукха керстанаш нийсадоцчу сатийсарца цхьаьнагулло. Уьш Дала царна муха гӀуллакхдийр ду хаза богӀу. Вайн гуламашкахь а, вайн езачу церемонийн дозанал арахьа а, тийсалуш болчарна тӀекхиаран дуьхьа, гуллур вай цхьаьна.

Ваьшна хьалха дӀаделло маьршонан а, диканан а, керлачу аьттонийн а ваӀда а долуш, Дала, цхьа а тӀаьхьа ца висаре а хьоьжуш, ваьшна кечдинчуьнца лелар вай. Суна тамехь ду хӀара тӀедиллар:

> Иштта, Дала, тхох теша а тешна, Шен къайле йолу,
> билггал бакъдерш караделла болу Дала леррина
> Къобалвинчун гӀуллакх дийраш санна тӀеэца деза
> тхо хӀораммо а. Ткъа, шех теша а тешна, и гӀуллакх
> каракхаьчнарг муьлхха а тешаме хилла каро веза.
>
> 1 Коринтхошка 4:1-2, гочдар *Message*

Вай некъ гойтурш хила деза, ткъа кхерамазаллин гӀуллакхдархой а доцуш. Вай кхинаш кхайкха беза Делан Пачхьалкхе, ткъа Делан къайленаш йовза новкъарло еш, сеца а ца беш. Вай, хаарш бакъдолу, тешаме гидаш хила хьовсийна ду. Дала дӀайиллинчу неӀарехула чоьхьадовлале хьалха, совцур вай, тӀаккха, нагахь эшахь, тӀаьхьабисинчарна тӀаьхьа юхадогӀур вай.

Веза Воккхачу Делан йоӀарий хиларе терра, вай адамашца комаьрша а, дика а лела деза. Дала деллачу дахаро, паргӀатдоху, ткъа товрат-хьехамо, хало йо. Шу «бӀаьрг бӀаьрга тӀера, церг церга тӀера» бохург санна, долчу керстаналлина цу тайпаначу тӀедахкарх паргӀатдаьхна Вас освободили от такого подхода к христианству, как. И все же в Теле Христа еще слишком много частично «слепых» и «беззубых» верующих.

Цкъа а диц ма де, хьо ондда а, нуьцкъала а, доьналла долуш а, даггара а, тешам болуш а, тийна а хилар. Дала Шен паччахьийн берийн лоьман а, стечу лоьмийн а цуьцкъалаллица цкъа дустар дина ца Ӏа.

> Дижина Іуьллучу лоьмах тера ду и халкъ. Хьан доккхур дара иза меттах?..
>
> Лелар 24:9

Нагахь ахьа хьайн даггара а, доьналле а аматах лаьцна диццахь, хьоьгара гІо хиларан а, дигаран а сатуьйсуш берш, кхерамаллехь нислур бу. Дала леррина Къобалвинчун ДегІ дика а ондда а гІодечарех хоттаделла ду, уьш сама а бевлла, Дала царна хьалха яккхийн меттигаш дІайиллина хиларх кхетта.

Хьоме йижарий а, стен лоьмаш а, доттагІий а…

> Коринтхой! Оха цІеначу дегнашца къамел до шуьца. Тхан дегнаш дІаделладелла ду шуна. Тхо шух дІа ца къехка, ткъа шу шайн дегнашкахь тхох дІакъехка. Аса сайн берашка санна боху шуьга: «Шайн дегнаш дІа а деллий, тхо шайца ма-хиллара, хилийша шу а тхоьца».
>
> 2 Коринтхошка 6:11-13

Хезий те шуна хІара дешнаш? Вай кху акхачу дІаеллаеллачу Делан шортонашка кхайкхина ду. Иза кхузахь а, хІинцца а комаьршачу дахарца даха кхайкхар ду. Аша, шаьш Стигалшка кхччалц, Стигалийн ницкъ кхузахь, лаьттахь, гархьама, сатийса ца оьшу. Дела шу хьуламечу меттехь къайладаха ца воллу.

Амма стен лоьмаш шайн хьуламечу меттера ара ца девлира, мацаллин хаамо церан кхерамазаллехь диса лаарна тІехь толам баккхалц. Нийсса иштта вайн гар тоьаш ца хиларо я мацалла ца хиларо, вайна доза тохийла а, вай сецадойла а ду, акхачу а, таллаза долчу а юьхьарлацарна тІе даха гІулч яккхархьама. Вайн вешах а, дуьненах а, Делах а лаьцначу суртхІоттарша я ницкъ ло вайна, я ийзадолуьйту вай. Адамаша «цигахь-цхьанхьа» вайна кхерамаш тийсийла ду, нагахь вай цуьнан боданечу а, кхерамечу а меттиган суртхІоттадахь.

БІаьргаш дІа а беллий, хьо – хьо миччанхьа гучуяьлча а, бода дІасабаржо хьуьнар долу, дашо къуда хилар дагадаийта. *«Шуьца Верг нуьцкъала ву кху дуьненахь олалла деш волчул»* (1 Яхьъяс 4:4). Хьуна чохь долу Са, хьан кху дуьненахь Іиттадала дезар долчу дуьхьаллаттадаларан ницкъал дуккха а сов ду! Веза Воккхачу Дала хьо кертал арахьа яла кхойкху. Цо Шен КІант жІара

тӀехь вала вахийтина, хьо елла йолчуьра дахаре ялийтархьама, кху дуьненан чуйоьллинчу меттера шуьйрра абаденан шортонашка ялийтархьама. Ахь хӀинца а хьайн дуьххьарлера са чуозале хьалха, Цо хьо лоллера араяккхархьама, массо а хӀума дина. Цо, Шен Пачхьалкхан ерриге маьршонан кхачамехь Шех хьо дӀакхетийтархьама, Ша вайн жимачу, къилахь долчу дуьнен чохь доза тоьхна хила сацам бина.

Цо нийсса хӀинцца кхойкху вайх хӀорра а: «Сизал сехьа а ялий, Со волчу яла!».

6

# Вайн цхьа мисси ю

ХIорразза а, зуда паргIатъяккхарца, вай боьрша стаг паргIатвоккху.

МАРГАРЕТ МИД

Лоьмийн дуьненахь стен-боьршаллехь кегари бац. Лоьмаш стен лоьмаш хила, ткъа стен лоьмаш лоьмаш хила ца гIерта. Прайдехь тайп-тайпана стен-боьршаллин векалш вовшех тера хила я вовшийн ролаш кхочушъян ца гIерта. ТIаккха уьш а, вуьйш а шайн цIокина юкъахь бегIийла хеташ а, церан стен-боьршаллина йогIучу цу шатайпаначу чIогIачу агIонех дозалла деш а ду. Цу тIе божарийн а, зударийн а ролашна прайдехь иштта альфа-боьршаниг, я коьрта лом а, альфа-стениг, я коьрта стен-лом а хуьлу, амма и гIолехь хилар, низам санна, яа хIума юучу хенахь бен ца го.

Цицкийн тайпанах лоьмаш, стен-боьршаллина юкъахь гуш а, хаалуш а башхалла йолу, цхьаъ бен доцу векалш ду. Стен-боьршаллин диморфизм – и термин ю, иштта башхалла билгалъяккха тIеэцнарг. Аттаха аьлча, лоьмийн, боьрша хIума билгалъяккхалур йолу, цхьаннал сов йолу билгало ю.

Лоьмийн – цуьнан логан а, муцIаран а го лоцуш, ехха кхес ю. Цу кхесо, прайдехь коьртачу лоьмо ловзош йолу а, арикански саваннехь кхераме гар луш йолу а, къаьсттина роль билгалйоккху. Стечу лоьман кхес ца хиларо цуьнан бесан цIаьххьана хийцабалар

ца хуьлуьйту, цу гIуллакхо цунна ма-дарра, иза къайлаха шен ижуна тебачу хенахь, ца къаьсташ хила гIо до. Цуьнан шена тIехь кхин тIе болу мохь лело ца дезарна – кхес, – иза прайдана тIаьхьа а ца дуьсу, генна дIасалелачу хенахь, цо ницкъ а ца бойу.

*Могушчу* лоьмашна а, стечу лоьмашна а шаьш вовшашна оьшийла хаьа. Царна цкъа а шаьш вовшийн доцуш дахар дIакхехьалур ду аьлла, моьттур дацара. Церан дуьненахь цхьаннан ницкъ вукхуьнан ницкъал кIезиг лараме бац. Лоьмо лардо; стечу лоьмо кхачо йо. Цу дахаре ларамечу балансан, могуш а, ондда а долу альфа-лоьмаш шайн дахар нуьцкъала стечу лоьмийн тоба йоцуш дIахIотто ца гIерта, боху, маьIна ду. Лоьмийн дуьненахь боьршачара стечу лоьмийн тидам тIебахийтархьама, тIаккха цу кепара церан меттигна тIекхочийла хилийтархьама, къийсам бо. Стенна? Гергарлонца дихкина долчу стечу лоьмаша лаьттан терго йо. Прайд шайна тIаьхьа юьгучу боьршачу лоьмийн союз хIора шина-кхаъ шарахь хийцало, оццу хенахь стечу лоьмийн тоба хийцам боцуш юьсу.

Альфа-лоьмана, нагахь шена кхиаме даха лаахь (ткъа дуьххьалдIа хилар а доцуш), цо ша стечу лоьмийн бIаьргаш чохь ондда гайта дезийла хаьа. ТIаккха нагахь цунна цуьнан тIаьхьено прайдан меттиг шана тIаьхьа ларъян лаахь, цунна ондда а, хьуьнаре а долчу стечу лоьмийн гIо оьшур ду. Цо, уьш муьтIахь хилийта сатийсарца, шена гIорасизачу а, жигара доцчу а стечу лоьмашка го ца бойту. Цо хьуьнаре а, цхьаьна къахьега кийча йолу а стечу лоьмийн тоба лоьху.

Цо доккхадерца, шайн доьналла а, талла а, кIорнеш ларъян а хааран тешалла диначийн гIодар тIеоьцу, – тIаккха цу кепара шен меттиг лар а йо, шор а йо. Цо, ницкъ гойтуш дерш лоьху, царех эххар а ерриге а прайдана хIума латто а, цуьнан тIаьхье хьалакхио а хьунаре тоьлла наной хир бу а хууш. (ТIаккха гIуллакх боьрша лоьмаш иштта гIайгIабеш хиларца данне а дац; уьш иштта цуьрг а дац.) Кхин тIе гIоле хилар хIун ду, могуш а, ондда а долчу стечу лоьмаша алсамчу лаамца дакъа лоцу дебаран процессехь, ткъа цу гIуллакхо боьршачу лоьман, цаьрца цхьаьнакхетарца, алсам ондда тIаьхье дуьнен чу яккха аьтто бо.

Стен лом лоьмаца цхьаьнакхетар дац, нагахь иза шен кIорнешна оьшуш мел долчун кхачо йойла ца хиларх я цуьнга мостагIех уьш ларлург ца хиларх кхоьруш делахь. Цундела стен лоьмаш онддачу альфа-лоьмашкахьа тIеийзало, гIорасиза

долчаьргахьа а доцуш. Коьрта лом я коьрта лоьмаш (сих-сиха уьш вежарийн тоба ю), стечу лоьмаша прайдана луш болчу кхачанах а, ницкъах а, гIайгIа барх а марзо эца хьакъ хиларан бакъо яккха дезаш ду. Цу озабезам хиларна уьш кхечу лоьмийн тобанел шайн ницкъ алсам хилар къайла цадоккхуш гайтарца тIекхуьу.

Алсамо ницкъ болчу лоьмаша мелла а ледарнаш дIалелхийча, къовсам чекхболу. Наггахь альфа-лоьмо шена дуьхьалдала майрадаьлларг дей дIадоккху. Нагахь мелла а гIорасиза долу лом дийна дисахь, иза прайдера эккхадо, тIаккха цуьнца цхьаьна прайдан меттиг тIера а. Цуьнан маьIна ду, иза талларан хьалхарачу рогIах долуш хилар. Иза, стечу лоьмийн керла тоба лоьхуш кхин дIа гIур ду, я иза еллачу хIуманех я кхечу лоьмаша юуш йисинчух тоам беш лелар ду.

Стен лоьмаш лоьмийн къовсаме хьовсархойн агIор хьовсу. Царна уггаре а нуьцкъала лом шайн кIорнийн да хилла дIахIотта лаьа, тIаккха церан прайд мостагIийн атакех лар а еш. Къовсамехь алсамо нуьцкъалчу боьршачу лоьмо толам боккхург хиларх тешна хилархьама, цара, ур-атталла цхьа лом вукхунна тIехIустуш хиларан хиламаш а бу бевзаш, цул тIаьхьа бен цара толам баьккхинарг шайна тIе ца дуьтура. Латарехь меттигна бакъо яккхарца, лоьмо цуьнан генаш алсам хьакъ долуш хиларан а, цуьнан тIаьхьенаш саваннерчу дахаран ерриге луьралла ловрг хиларан а, тешалла до.

Алсамхилар билгалдаьлла дIахIоьттинчул тIаьхьа, лоьмана совгIатна стечу лоьмийн тIера хилар дуьсу. Дерриг а прайдехь дисина боьрша лоьмаш цуьнан дIалелхадойла ду. Альфа-лом церан компани дIатаса кийча ду, амма цо цхьана а билламашкахь дIатосур бац шен «мехкарий». ТIаккха уьш цунна дебарна оьшу дела а ца Iаш. Билггал цара кхачо йо цунна юучуьнца а, тамечу юкъараллица а. Стечу лоьмийн тоба ондда а, исбаьхьа а мел ю, акхаройн сийлахь паччахь долу лом, нуьцкъала а, тешна а хуьлу.

Хьуна гонаха болчарна, уьш ларбархьама, дерриг а хьайх доьзна дерг ахь дийр дуйла хууш хилча, коьртехь хиларан хьашт дац. Лоьман нуьцкъалаллин, стечу лоьмашна санна, иштта церан тIаьхьенна а кхерамазалла хиларан маьIна ду. Шен Iаткъам барх тешна воцург бен, кхечарна тIехь нуьцкъаха олалла дан ца гIерта.

Шен агIонгахь цкъа чIагIделлачу нуьцкъалчу лоьмана, стечу лоьмашна шен ницкъ гойтуш, охьатеIор оьшуш хилар ца хаало.

Кхин хӀун тешалла дан оьшу цо? Цо толам баьккхина. Хьенан олийла ду ша рангаца цул лекхара ву, аьлла? Иштта вайн Паччахь а – ЯхӀудан гарах волу – лекхара вац; Цо адамаш гӀовттадо.

## ВАЙН ЦХЬА МИССИ Ю

Лоьмо стен лом шен ларъяран кӀелахь паргӀат хиларе тӀекхойкху, ткъа цо иза шен дика хиларх марзо эца а, ша цунна ялочу тӀаьхьенах доккхадерна а тӀекхойкху. Цо иза лардо, ткъа вукхо жоп луш цунна тӀаьхьало латтайо.

Ойла елаш минотана *«муьтӀахьхилар»* бохучу дешан. ХӀун ассоциациш гучуюьйлу шун? Зударий шайн майранашна муьтӀахь хила беза боху, Эпасхошка Дахьийтар 5:22 хила тарлой те? Тамашийна дерг хӀун ду, дуккха болчу керстанаша и байт схьа а эцна, цу дашна доза тоьхна маӀна а делла, иза йистонга далийна. Суна хетарехь, «муьтӀахьхилар» бохучу дешо, оццул харцхьа даккхарна, юьхьенца Дала цунна чудиллина долу маӀна дайина. Дуккха болу зударий-керстанаш, церан коьрта мехалла божаршна гӀуллакхдарехь хиларх теша. Уьш, ларамца шайн ойланех лаьцна динан тобане бистхилар, я жоьпалла дӀакхехьар – иза *гӀ*уллакхдар дан а дуйла*,* ца кхета.

Цкъа суна «карадерзор» дешан («муьт*Ӏ*ахь хилар» бохучун синоним) билгалдаккхар хезира, цо сиз хьокхуш, берриге керстанашна Делан Ӏалашонца догӀуш хиларе даладора иза, ткъа доьзал кхоллабеллачу зуда-мараллехь болчарна хилла а ца Ӏаш. Ойла ейша кхунах лаций: *«кӀел»* бохучу дешхьалхенан «цхьаннан кӀел я цхьана хӀуманан кӀел» боху маӀна ду, ткъа «дарж» бохучу ораман маӀнех цхьаъ «цӀе» ду – аьлча а «бакъонаш», цхьана тӀедилларна я миссина тӀера жоьпалла. И маӀнаш цхьаьнатоьхча, вай «карадерзор» бохучу дешан «цхьана тӀедилларна я миссина кӀел хилар» бохучу жамӀана тӀедахкийла ду. Масала, со Джонаца цхьана миссица вовшахкхетта ю. Тхо, бакъахьара бераш хьалакхио а, могуш а, кхоччуш а брак дӀахӀотторхьама а лерина ду. Динан тобанехь тхан миссеш динан тобанийн Ӏуналхошна гӀо дар а, адамаш чӀагӀдар а ю.

Амма ойла ейша цунах лаций. Вай дерриш а дац ткъа машар баран элчанаш – тилабеллачарна векалш? ХӀокху шина байто боллучу кхачамца вайн Делан векалш-божарий а, векалш-

зударий а хиларан миссин духехь дерг гойту:

> Адамаша летийна къинош царна дуьхьал ца лоруш, Ша леррина Къобалвинчуьнгахула дуьне Шеца тойтуш вара Дела. Дала тхуна тIедиллина адамаш Шеца тойтуш болу и кхаъ дIакхайкхор. Тхо Дала леррина Къобалвинчун цIарах дахкийтинарш ду, ткъа Дала Ша тхоьгахула шуьга хаам беш санна хуьлу. *Дала леррина Къобалвинчун дуьхьа доьху оха шуьга: «Делаца шаьш тайтийша!»*
>
> 2 Коринтхошка 5:19-20,
> гочдар *Message*, схьакъастийна авторо

ЖамI: адамаш хууш хир ду, Iийса – билггал бакъволу Дела хилар, нагахь вай вовшийн дезаш а, цхьаьна къахьоьгуш а хилахь. Иза берриге божарийн а, зударийн а цхьаьна йолу Iалашо хилла дIахIотта еза – цхьа болчийн я зуда ялийначийн/марехь болчийн, баьччанийн я массо а санна болу динан тобанан цIийне леларш болчийн. Къинан ницкъ боьхна. Делан гечдар юха хIума дала ца дезаш массарна а дIахьедеш ду. Бехкедарийн дуьхххьалдIа хьашт дац, Цуьнан сагIано вай дерриш а бехкедоцурш дина дела. Далла, вай массара а – божарша а, зударша а – хIорранна а, *Цо хIун* до дийца лаьа. Ткъа вай цуьнан метта вовшашка вешан и дан я ца дан бакъо ю, бохуш леларца, тIех мукъа дац.

Цунна, вай цхьаьна къахьоьгуш хила а, тешош а, Iаткъам беш а, божарий а, зударий а иракара а хIиттош, берта а балош, девнаш дар (стенцца а уьш доьзна делахь а) дитина, Цуьнан балхах дIакхета лаьа. И тIедиллар – девнаш цхьалхадахар – адамашна юкъарчу юкъаметтигийн а, зIе хиларан а хIорра агIонна догIуш хила деза. ТIаккха и хаттар стен-боьршаллин хилла а ца Iаш, ткъа расови я къомах хиларан гурах а, социально-экономически доьзалан статусах а, динан тобанан а, гIуллакхе дуьненан а динамикица ду. Далла вайна массарна а бертахьхилар лаьа!

> Иштта, Дала леррина Къобалвинчуьнца верг – юхакхоьллинарг ву. Шира дахар дIадаьлла, хIинца керланиг хилла дIахIоьттина! Ткъа и массо а хIума Делера схьа ду. Дала Ша леррина Къобалвинчуьнгахула вай Шеца тайтира. Цо тхуна тIе диллина адамаш Шеца таран гIуллакх.
>
> 2 Коринтхошка 5:17-18, гочдар *Message*

Кху байтехь пайда оьцуш долчу *«муьлхха»* бохучу дешан, ма-дарра аьлча, «муьлхха» боху маЫна ду... . Делаца цхьаьнакхетачу муьлххачу стеган а, муьлххачу зудчун а, мулххачу беран а керла доладалар хуьлу. Шира дахар тIаьхьа дуьсу. Лакхахь далийначу декъехь «керланиг хилла» бохучу дешнех пайда эцна, цу гIуллакхо сан бIаьстенан зезагашца ассоциаци йо. Цара, хьалха гIорийна а, стом луш доцу а латта хиллачохь, лайна юкъахула хьала а гIерташ, алсам а дуьйлуш, заза доккху. Вайн Дала леррина Къобалвинчуьнца долу керла дахар – цхьаъ вукхуьнца хийцаран дуьххьалдIа йолчу концепцил алсам дерг ду. Иза, чоьхьара алсам а дуьйлуш, хIорра стаг тIекхуьийла долу – дахар ду.

Лоьмаша а, стечу лоьмаша а вовшашна юкъара юкъаметтигаш хIинца бертаялийна. Стен лоьмаш шайн лоьмашца изза мисси йолуш хиларх кхета. Стенца ю церан мисси? ТIаьхьало а, ницкъ а болу, лоьмийн керла тIаьхье хьалакхиорехь ю. Цунна тIекхиархьама, цара шайн кIорнешна, леррина хьала а кхиош, лар а еш, дерриг а царна оьшуш дерг латтадо. Цу шиннан а – лоьман а, стечу лоьман а – шен роль ю кху миссехь, тIаккха царех цхьа а вукхуьнан ролана тIе а ца гIерта.

Суна, Iаламехь хила деза низамера хIуманаш, йистонга далош долу, дуккха масалш гина. Цхьана агIор, зударий муьтIахьбаран дуьхьа охьатеIабо. Вукху агIор – цхьаболчу зударша шайн зударалла делаллин бараме хьаладаьккхина. Алсамо ма-дарра цунах лаьцна вай тIаьхьо дуьйцур ду. Амма цкъа хьалха суна муьтIахьдаран кхетам муха гомха бо, масал гайта лаьа шуна.

## ***TWITTER-хь* ХАРЦХЬА ДАККХАР**

Аша, схьахетарехь, шаьш пайда эцна я хезна мукъа а хир ду *Twitter* цIе йолчу чIогIа локоничны кепарчу электронни зIенах лаьцна. И зIенан кеп боцца хаамаш хийцарна йогIуш ю, тIаккха гIолечу хиламехь, яздеш болчийн дахарх а, ойланан леларх а лаьцна, дакъош дина суртхIоттарш бен луш яц.

Цкъа *Twitter'ехь* аса, айса ма-дарра сайн «Къийсам бе, зудчо санна» цIе йолчу книги тIехь йийцаре юьллучу, концепцех лаьцна яздинера. Иза баьччаналлах лаьцна бохуш дерг дара: «Стен-боьршалло ша шех боьрша стаг баьччаллина мегаш хилар ца до, цуьнга терра, баьччаллина зуда ца магаран бух ларар тIеэца

магар санна. Бакъахьаралло цу гІуллакхна хьакъ долуш божарий а, зударий а бо». Доьху ас, тидам белаш, ас цу дешнех пайда ца эцна динан тобанан баьччаллин хьокъехь, тІаккха цуьнан лелар бракан дозанехь бен а доцуш. Ас дуьххьалдІа, бакъахьаралла муьлххачу а баьччанна, иза стаг я зуда хиларх доьзна доцуш, оьшуш хилар билгалдаьккхина.

Ас иза *Twitter'ехь* яздинера, тІаккха сан настройкашца догІуш, и дешнаш *Facebook-ехь* автоматически сан агІонна тІехь гучудевллера. Цул тІаьхьа, айса яздинчо дискусси кхоллаялийтар хуьлуьйтург хиларан сатийсар а доцуш, со сайн гІуллакхаш дан йолаелира. Аса иза цхьа иштта а хууш дерг хилар лорура, тІаккха сайна ур-атталла сурт а ца хІотталора, мел дарц доккхур ду сан дІахьедаро.

БІех сов комментарииш еача, айса дуккха болчийн дагна Іаьткъарг аьлла хиларх кхийтира со. Со сайн гІуллакхаша деш леллашехь, Facebook-ехь дебаташ дІайолаеллера. Масех зуда-керста даръеллера.

«Хьо муха яьхьа, зуда шен майрачунна баьчча ю ала, нагахь цо ша алсам бакъахьара лоруш хилча?» – яздинера цхьана зудчо.

ОхІо!.. *И ду* ткъа ас аьлларг?

Кхечара, боьрша стаг бен динан тобанан баьчча хуьлийла дац бохуш йолу, Дезачу Йозанийн байташ аса дацаре ярна тІехь, бехке йора со. Аса вуьшта динан тобанийн баьччанаш хьехош бара ткъа? Иштта долу баьччалла дийцаре дар дІадоладелира тІаккха. Цхьаболчу зударша сан *Facebook*-аудиторина, зудчунна цкъа а баьчча хилар дІхьедина а дацара, аьлла, кхетийра.

Даггара йолчу къоначу йоІа, къаьсташ хиларна тІекхиа гІерташ, хаттар дира: «Аьлча а, ахьа динан тобанан воккхаха волчу Іуналхочун зуда – лидер яц боху-кх?». Жоп луш чІоггІа хезира: «ХІан-хІа, иза лидер яц! Цуьнан шен майрачунна гІоьналла даран озабезам хилар бен дац».

Со кхоччуш тилаеллера! Хетарш хи санна Іенара, тІаккха диалог тІаьхь-тІаьхьа муьтІахьхиларан темина тІеелира. Цхьаммо со лидер ю бохуш, чІагІдора; вукхара – со иза яц, дуьххьалдІа зуда йолу дела, бохура. ТІаккха суна тІерадаккхар дира: со сайн майрачун куьйгакІел йолу дела, со цуьнан куьйгакІелахь йолу лидер ю, аьлла.

Совца а севцца, цхьаьна ойла ер вай. Стен-боьршаллах

лаьцна хабар дӀадоладеллачу хенахь, жамӀехь дерриг а зударий божаршна муьтӀахьхиларх гӀоьртина, стенна хуьлу? Нагахь со лидер велахь, иза хилар, со Дала вина дела ду. Дерриг а чӀогӀа дуьххьалдӀа ду: лидер – иза, шена тӀаьхьахӀиттинарш берг ву. Вайх цхьаберш, вай лидерш хила дӀаязделла я цаделла хиларх доьзна доцуш бу. Цундела Дала адамаш вешан масалица дига гӀодойла вайна. И гӀуллакх цхьалхадаккхархьама, лидерна муьлхачу тӀедахкарех лаьцна яздо ПахӀала Тимапига Дахьийтарехь доьшур вай:

> Ӏийсах тешачийн тобанан гӀайгӀабийриг цхьанна а стеган ала хӀума доцуш цӀена хила веза. Цуьнан цхьа зуда бен хила ца еза. Кхетаме а, собаре а, оьзда а, безамца хьеший тӀеоьцуш а, динах лаьцна хьеха хууш а хила веза иза. Малар тӀехдоккхуш, девнаш дохуш хила ца веза. Амма эсала а, машаре а, ахчанна сутара воцуш а хила веза иза. Шен цӀа дика лело а деза цо, шен бераш шена муьтӀахь хила а, нах лара а Ӏамо деза. Шен цӀа лело а ларош воцург лелар вуй те Ӏийсах тешначийн Делан долахь йолчу тобанан гӀайгӀа беш? Ӏийсах тешна дукха хан йоцучу божарех хила ца веза иза, цуьнан даг чу куралла а йоьссина, иблисана санна, иза кхел йина ца хилийтархьама. Арахьарчу наха дика тоьшаллаш деш хила а веза иза, шена Ӏиттарш ца яйта а, иблисан гуре ша ца лацийта а. Динан куьйгалхойн гӀоьнчий а хила беза хьанал нах, шалха мотт а боцуш, чагӀар малар тӀех а ца доккхуш, ахчанах шайна пайда а ца лоьхуш. Ӏийсах тешаран динах довзийтина бакъдерг цӀеначу дагца лардан хууш хила беза уьш. Иштанаш а цкъа хьалха зен беза. Цул тӀаьхьа, ала хӀума доцуш уьш цӀена белахь, динан куьйгалхошна гӀо дайта мегар ду цаьрга.
>
> 1 Тимапига 3:2-10, гочдар *Message*

Кху байташкахь ПахӀала божарий лидерш болчарна тӀедахкарш дагардо. ТӀаккха цо боху:

> Царах терра хьанал а, мотт ца бетташ а, кхетаме а, массо а хӀуманна тӀехь тешаме а хила беза церан зударий а. Динан куьйгалхойн гӀоьнча а цхьана зудчун майра хила веза. Шен берашна тӀехь а, шен цӀа чохь а дика

> куьйгалла далуш а хила веза иза. Далла гӀуллакх дика деш болчарна ларамe дарж а хир ду, Дала леррина къобалвинчу Ӏийсах тешар шеконаш йоцуш а хир ду церан.
>
> 1 Тимапига 3:11-13,
> гочдар *Message*, схьакъастийна авторо

ПахӀалан зударшна тӀедиллинчун ларам балор стенна оьшура, нагахь церан стен хиларо уьш хӀинцале иштта а лидерш хила бакъонах баьхна хилча? Аса Джонаца тхешан офисна белхалой лахьочу хенахь, оха тӀедахкарийн список хӀоттайо. Нагахь кандидаташ тхан тӀедахкаршца богӀуш бацахь, оха уьш балха ца оьцу, уьш божарий я зударий хиларх доьзна доцуш. ПахӀала адам куьйгалхочун дарже дӀахӀотто ца мега ца аьлла, нагахь иза – боьрша стаг вацахь. Цо, стаг я зуда билгалдаьхначу тӀедахкаршца догӀуш дацахь, уьш лидерш дӀахӀитто мегаш дац, аьлла. ПахӀала шен тӀедахкарийн ларамна акцент йора. Цо зударшна цхьа а юкъахдаларш хила ца деза аьлла; уьш оццу стандарташца богӀуш хила беза. Хила тарло, аша хоттур ду: «Ткъа, коьртехь верг цхьана зудчун майра хила веза, бохучу билггал долчунна тӀегайтаран хьокъехь, муха хила деза?». ЧӀогӀа дуьххьалдӀа: цу заманахь зударий масех стаге маре ца боьлхура, делахь а божарша цхьанаметтехь масех зуда ялайора, цундела и тӀедиллар божаршна бен хьалхадилла маьӀна дацара.

Тимапига 1-чу Дахьийтарехь 3:11-13 байташкахь ПахӀала Тимапина зударий-лидершна муьлха тӀедахкарш хьалхадахкадезаран хьокъехь, инструкциш ло, тӀаккха кхин дӀа хӀинца динан тобанехь болчу зударий-гӀуллакхдархошна, я дьяконашна муьлха тӀедахкарш дан дезарх лаьцна къамел ду. Суна иза мичара хаьий? 1-ра а, 2-гӀа а байташ а ешна, божаршна-лидершна ма-дарра долу тӀедахкарш даладале хьалха, ПахӀала билггал хӀун аьлла хьовсур вай.

> Нагахь санна цхьанна динан куьйгалхо хила дагадеанехь, цунна дика гӀуллакх дан дагадеана. И дош бакъ ду. Ӏийсах тешачийн тобанан гӀайгӀабийриг цхьанна а стеган ала хӀума доцуш цӀена хила веза…
>
> 1 Тимапига 3:1-2

Гой шуна «нагахь санна цхьанна» боху дешнийн

цхьаьнакхетар? Цхьадолчу гочдаршкахь «цхьаммо», вукхарна тӀехь ур-атталла «хьаъа а» яздина ду. Муьлххачу хиламехь а цу байто «нагахь боьршачу стага...» ца боху.

Зударий, динан тобанехь бен доцург, миччанхьа а лидерш хуьлийла стенна ду? Нагахь Дала вай къуила дахале хьалха а, цул тӀаьхьа а зударий лидерийн агӀонга хьалабаьхна хилча, цӀанделлачул тӀаьхьа иштта ца лаарца аьтто стенна бо церан?

Зударшна юкъара дебаташ *Facebook*-хь цхьана муьрехь оццул гӀоьртинчу хьоле тӀекхиарна, хабарна юкъаваьллачу цхьана хьанеха стага, хьаьттира: «Стенна къуьйсу аша вовшашна юкъахь, зударий? Тхуна шун хьажар оьшу, ткъа аша вовшийн сецадо!». Цо аьлларг, билггал бакъ ду. Дала леррина Къобалвинчун гӀуллакхан дуьхьа вовшийн гӀодаран а, иракарахӀиттoран а метта, вай чӀогӀа сих-сиха гӀело бен ца йо я вовшийн кӀезиг до, ткъа жамӀехь ваьш зударий а, керстанаш а хиларе терра, хьовсийнарш хила деза, хьуьнар доцурш хуьлий дӀа а хӀуьттуш.

Социальни сетера цу цӀеххьанчу инциденто стен-боьршаллин нийсо цахиларан хаттар доьзалехь хилла а ца Ӏаш, амма динан тобанехь а хьалаайа дезаш хилар дагадаийтира суна. Вай дехаш долу дуьне, Делан билггал бакъдолу дог а, дахаран хӀорра агӀонан а, Делан кӀентийн а, йоӀарийн а масалица, Цуьнан юьхьанцалера дагадар гаран хьашт долуш ду.

## СЕКСИСТСКИ ТЕНДЕНЦИШ

Американски динан тобанашкахь сексистски тенденцех лаьцна хӀинца дийца ца оьшу, аьлла, мотта луур дара суна. ХӀаъ, ас кху хьокъехь хаа а хууш схьакъастайо сайн пачхьалкх. Дерриге дуьненахула яьлла лела а, тайп-тайпана культураш ган а аьтто хиларца, суна, вайн ламастан тӀегӀойла – зударийн дакъа лацар доцуш чекхдолийла хилар – кхечу пачхьалкхашкахь актуальни цахилар, карийра.

> Дала кхоьллинарг *дерриг* а *дика ду*. Цхьа а хӀума вон дац, Далла *хастамаш а беш, иза тӀеоьцуш делахь,* хӀунда аьлча Делан дашца а, вайн доӀанашца а иза Далла хьалха цӀанло.
>
> 1 Тимапига 4:4-5,
> гочдар *Message*, схьакъастийна авторо

Нагахь муьлхха а Дала кхоьллинарг дика делахь, тӀаккха пайда оьцуш а, къобалдеш а, диканца тӀеэцна а хила дезаш хилча, хӀета мел сов тӀеэцца деза вай дерриге а адамаш? Божарий а, зударий а цхьабосса дика бу.

Нагахь цхьа хӀума Дала кхоьллина делахь, вайн цунна тӀехь дийла я иза дӀатоьттийла дац. *«Дийлар»* бохучун «цадашар, кхардар, дозалле терго яр я цхьана хӀуманна тӀехь дийлар» маьӀна ду. Цу дерриге а деш долчо хӀуманан я адаман, иштта церан роль а, юкъадуьллуш дерг а маьхза доккху.

*«ДӀатаса»* бохучу дешо ша шена тӀера боху, амма тидам бер вай цуьнан маьӀанан цхьайолчу юткъачу агӀонийн. ДуьххьалдӀа физически «кхийса, тийса, таса» бохучу маьӀнал сов, «дӀатаса» бохучу дешан иштта «юхататта» боху маьӀна а ду. Халахетахь а, тӀех сих-сиха динан тобанехь а билггал иза хуьлу зударийн хьокъехь а. Уьш дӀа а тоьтту, тӀе а ца оьцу, цундела церан озан а, мехаллин а, юкъадуьллучун а метта динан тобанехь есалла юьсу. Стен-боьршаллин шина а векалша и дерриг а муьтӀахьхиларан дуьхьа магадо.

Кхузара догӀу, божарийн а, зударийн а даха дезаран жамӀ, шен масштабашца даккхийн зенаш ду – мехала хиларх довлар. Ӏаламехь ду, динан тобанехь божарий зударел а дуккха а сих-сиха лаккхара лидерски агӀонаш дӀалоций хуьлу, амма наггахь уьш тупикехь нисло, зудчун хьекъалаллин хьехарх пайда оьцийла доцу дела. Амма иштта мехала бой те вай божарий? Гой те вайна уьш, Далла гуш ма-хиллара – дика?

Я вай церан леларна тӀехь дуьйлу? Аса, дикачу агӀор цхьаьна дийла ца мега, ца боху. Веларца ца хьожуш Ӏайла ма дац ткъа, мел забаре хила йиш ю адамийн бохучух. Амма кху хиламехь аса стен-боьршачу муьлххачун а адресна дийлар я лахдар дарх лардо шу. Сан къовсийла ду, иштганиг шуна моьттучул сих-сиха хулу, аьлла. Самукъадахаран ндустрис даим а божарий сийсаз а беш, зударий сексуальни объектан агӀонгахь хьалхабохку.

Вай, зударшна шаьш маьхза бина а хеташ, божарий ца беза буьлалун хьал гайтар магийтина сексизме. ХӀета хӀун дан деза те вай хӀинца? Халахетарна, цунна жоп луш, цхьаболу зударий ирчачу хьоле бегна.

## ЗУДЧАЛЛИН ДЕЛАЛАН НУР САННА ХИЛАР

Ас хӀара книга язъечу хенахь, суна ларамаза Amazon сайта тӀехь каталогехь аса хьалха язйинчу книгех цхьаннан юххехь, ши книга билгалъелира. И ший а книга «зудараллин делаллах» йолчу теорин агӀонгахьа болчара язйина яра – стечийн делаллах тешаран я зудчун дела йолуш санна, ша-шен кхочушхилар. Суна Дала сайга шабар-шибар деш хезира: *«И ши книга схьа а эций, вай церан аьзнаш муха дайина хаа».*

Цу книгийн агӀонаш а хоьрцуш, царна тӀехь далийна чӀагӀдарш а, хаттарш а доьшуш, суна царна чохь лазаман а, дохийначу деган а аз хезира. Церан авторш, динан тобанехь чӀогӀа чов йина а, дог далар дина а ши авторитетни а, Ӏаткъаме а зуда яра. Суна елха лаьара церан гӀараевлла корматаллаш Дала леррина Къобалвинчун ДегӀана яйина хиларна.

Цара Делан цӀийнан дозанал арахьарчу цхьа хьанех йолчу делана Ӏамалъяран ойланца хьалхадовлар бен, церан кхин арадовлар цахиларан, сацам стенна бинера?

Хиллий те церан хаттарш, цара динан тобанан ламасташна дуьхьал кхайкхам кхоссал, оццул ира а, дуьххьал дӀа а долуш? Я и зударий, динан тобанан баьччанийн мах ца кхачаран хаадалар хилийттал, оццул хьекъале хилла те? МуьтӀахьхиларан агӀо йисте кхачоран жамӀехь я цӀандалар хӀун ду тоъал цакхетарна хиллий те динан тобанехь церан аз дӀадуькъна?

Со тешна ю, цу зударша дуьххьал дӀа шайн хаттаршца кхерийна божарий а, зударий а.

Хила тарло, аша, цара лайна лехаран къийсам а, дог далар а ца зийна, амма аса сайн цӀоки тӀехь зийна иза а, важа а. ТӀаккха суна со цхьаъ бен иштта йоцуш юйла а хаьа. Сих-сиха соьга, шайна тӀехь изза хезаш долу кехаташ а, e-mail’аш а йогӀу: «Кхетадейша суна кхин цкъа а, Веза Воккхачу Делан йоӀ хиларе терра, сан мехала хилар стенна ду».

Сью Монк Киддан *«Кхечу тайпана ойла еш йолчу йоӀан хелхар»* цӀе йолчу книги тӀера дакъа дало лаьа суна кхузахь. Шен дешнашца цо, хаза кхаъ кхайкхоран динан тобанехь хьалакхиъначу зудчун, вайна массарна а бевзачу сингаттамашна, серло Ӏанайо.

«Зудчо хьалха къа латийна, ткъа кхоьллина шолгӀа яра», –

элира цо. ТІаккха цо Хьавах лаьцна кхин дІа къамел дира, иза стеган дуьхьа муха кхоьллина яра а, цо Деле ла а цадоьгІна, Адамна бихкина болу стом баларна, иза цхьа а диканиг хила хьакъ долуш цахиларх а лаьцна... Сан дог хебира. Нагахь сан сайна хетарг дешнашца яздойла делхьара, ас эр дара: «Дела, и муха *дойла* дара Хьан?».

Кхин дІа цу книгин авторо боху, шена Делах лаьцна, Динан тобанан хьажарца сурт хІотто хала дара, аьлла. Со цуьнца реза ю. Дела цкъа а вайх муьлххачух лаьцна иштта цхьабосса, сатуьйсийла доцу бехкедаран жамІдарш дан хІуттур вацара – стаг я зуда хуьлийла иза.

Нагахь вай зударий куьйгалла дарна юххе бахкийта Хьава а, цуьнан йоІарий а атта тилабарна тІебалабойла хиларна делахь, хІета вай Адаман а, цуьнан кІентийн а хьалха а неІарш дІакъовла еза. Иза-х *хуъушехь* къа а латийна, Делан тешамах ма ваьлла.

Адама а, Хьавас а лелийначунна юкъара башхалла аффектан хьолехь динчу а, хаа а хууш динчу а адам деран башхаллица юста мегар ду. Хьаваца дерг цІаьххьана хилла дара; ткъа Адам карти тІедиллинчух чІогІа дика кхеташ вара.

> Нагахь хьо цахууш къа латош велахь, Дала иза тидаме оьцур ду. Амма нагахь хьо, айхьа деш долчух кхоччуш кхетамехь а волуш, къа латош велахь, – иза кхоччуш кхин ду.
>
> Римхошка 12:2, гочдар *Message*

И хІун тайпана динан жима дуьне ду вай ваьшна динарг, нагахь хьекъалечу билггал бакъдолчун лехархойн вайн керташкахь жоьпаш кардойла ца хилча? Нагахь вай церан кхайкхам тІе а цаоьцуш, церан хаттаршна жоп ца лахь, и хаттарш дала баьхьначу вайн йоІаршца, хІун хир ду?

ТІаккха, Дела, ларбе божарий, нагахь вай кхин дІа а цу кепара лелахь! Зударийн бистцахуьлуш Іар бахьана долуш, могуш а, ондда а хилла дІа цахІуьтту божарий. Божарий ондда хилла дІахІуьтту, вай вешан аьзнаш церан аьзнашца цхьаьнатоьхча, хІунда аьлча, йоІарша луш долчу хаттарша, божарий керлачу бараме хьалабоху, уьш алсам паргІате а беш. Зударшна хетачо зедалар а, цІандар а дохьу божаршна, оццу хенахь цо зударшна а

дика агIо ло, церан синошца кхиарехь кхиамаш хилийтарна тIехь.

«Зудараллин делаллах» философин авторийн хаттарех цхьа а со цецйоккхуш хилла дIа ца хIоьттира. Сан дог хебара, царна динан тобанера хуьлучу десачу жоьпех лаьцна, айса йоьшучу хенахь.

Вай зударийн бIаьрхишан хIордо доькъуш хилар санна, хаало. Суна уьш генарчу берда тIехь го, тIаккха со сингаттамо дIалоцу. Цу зударша шайх диссиденткаш а, деланаш а олу, амма дукххазза а алсамчу дозаллица ас царех доттагIий а, Веза Воккхачун йоIарий а эр дара. Амма церан бехкедарш чIоггIа гIовгIа еш ду сан лергаш чохь, суна, царна динан тобанехь деллачу жоьпел, церан леткъамашкахь дуккха а сов бакъдерг карийна дела.

Цу книгийн агIонаш тIехь ас дуккха а къаьхьа историш йийшира. Царех цхьаъ, акушер-гинекологан багара йолуш яра, цунна бер динчу зударша шайн майранашна хьалха, шаьш дуьнен чу йоI яккхарна, бехказа бийлар цкъа хезна ца Iара. Суна, веа кIентан нанна хиларе терра, иштта терго кхетар йоцуш хета. Со ирсе ю, сайн, зударий лоруш волу майра санна, хазна йолу дела. Иза тхан хIорра кIант хиларна воккхавеш воллушехь, цо, цкъа цуьнан йоI хирг хиларе, сатуьйсура. Ас цуьнга и историш йийцинчу хенахь, иза Iадийна вара. Нагахь тхан йоI хиллехьара, иза тхуна исбаьхьа а, хьоме а хир яра!

Дин лелорехь мехала долчунна я шаьш юкъадуьллучунна жоьпаш а ца карийна, цу йоIарша, царна, патриархальни тирани санна, хьалхахIоьттинчу чIагIонан дозанал арахьа шайна Iамалъярна агIо а, объект а карийнера. Уьш, шаьш алсамо тIекере а, зудчун а, зуда-паччахьан а, деланан а пачхьалкх алсамо кIеда тIеоьцучу, хьаннашка а, хинан берда йистошка а дIабахара.

ДIателаш! Ас шу церан масалина тIаьхьахIитта ца кхойкху. Ас я церан зуда-паччахь а, я, дино вастан суртхIотточу, зуламе паччахь а ца хоржу. Ас вайн Кхолларxо, Веза Воккха Дела хоржу.

## ДЕЛАЛЛИН ХЬАЖИЙНА ХИЛАР ЛЕХАРЕХЬ

«Делан нур а, зударалла а» гучуяккхаран философин апологет йолчу Мэриэнн Вильямсона язйинчу *«Зудчун мехалла»* цIе йолчу книги тIехь гайтинчу хIокху чIоггIа бинчу кхайкхаме ладогIалаш:

> Аса,: «Йолохьа, Маремаца хабар дийцахь», бохучу хенахь, со *билггал иза* дагахь долуш а ю: динан тобанан цlийне а гlой, чlурам дlахlоттабе, цигахь гlанта тle а хаий, чlогlа ладаме терго е цуьнан. Ала цуьнга: «Марем, суна, со зуда а, йоl а, нана а хиларе терра, со мила ю хаа лаьа. Суна, со хила хуьнар долу, зуда хила лаьа. Суна сайн, хьан санна, бехъялар доцуш а, цlеналла а, дагадаран лакхалла а йолуш хила лаьа. Тlаккха, сан зудараллин духех дерг арахьара гуш долчу сан «со» бохучул, алсамо къеггина хилла дlахlоттийла».

Шаьш хила хьуьнар долу зуда хилла дlахlоттарна тlера доlа дар, – цхьа а гlалат долуш хlума дац. Хаттар стенца ду аьлча, доlанаш хьаьнга хьаладахийтар дlахьедеш ду цо, бохучуьнца ду. Вильямсона ша католицизман гурана юкъахь бегlийла доцуш хеташ волчунна, билгалдаккхар дина:

> Нагахь хьуна хьо Мареме вистхуьлуш бегlийла доцуш хетахь, кхераме цхьа а хlума дац! Хьуо цуьнца цхьатерра ларийла долу я зударийн делаллин муьлхха а кхин билгало йолу, хьайна грекахойн дела я индийски аватара а караей, цуьнца юкъаметтигаш дlахlитто йолало.

Цуьнца юкъаметтигашший? Сихха цу хьехарал тlаьхьа цо вайца шен дераллин бахьана далхадо:

> Адамийн хьан а, хьан зудараллин а бала бац. Хьо стеш лору, хьан сексуальни объектан санна терго йо. Хьо, бераш дар доцург, кхин цхьа а хьуьнар долуш яц. Хьан къоналла – хьан мехалан барам бу, ткъа хьан къаналла – хьан мегаш цахиларан барам бу. Адамашна юкъахь хьайна тlетийжийла а, зуда хиларе терра, хьайн шатайпана хилар а ма леха, хьайна уьш цигахь карор доцу дела. Адамаш ца деша хьох. Дала лору хьо!

Со чlогlа баркалле ю цунна, цо ша бохуш дерг, Дала вай лоруш хиларан билггал бакъдолчуьнца, дерзадо дела. Цуьнан лазам ца хаалойла дац. Иза зударийн делаллин цхьана билгалонан зlе хиларан ойланах кадетташ ю. Иза оццул гена йолу шен хьехамехь, грекахойн цlу-деланна тle а хьажош вай, нагахь делан лепар

санна долчу, барам боцу зудараллин хазалла а, ницкъ а болчу сибате вай сатийсарца кхайкхам бахь, шена оццул чIогIа тоам боцу, вайн вовшашца хила еза юкъаметтигаш карор ю цунна, олий. Аса, цунна, цо лоьхуш долу билггал бакъдерг карорна тIера доIа до.

Хьалха католичка хилла хиларе терра, со, хьалхадиллинчун маьIна стенца ду, кхета. Аса Маремана Iибадат дар къобал ца до, амма, протестанташа Маремана делаллин йолуш санна, корта теIор дIадаьккхича (иза иштта ян а яц!), цара иштта иза, зударша ориентаци йойла долу, Iибадат дарна масал йолчуьра а дIаяьккхира.

Марем дела яц, амма иза Делан зуда яра. Иза, цунна чIурамаш хIитто дезаш йолу, статуя яц, амма иза, шен масално вайна некъ серлабоккхуш йолу, зуда яра. Иза, схьадан дезаш долчун, хьалхадаьлла догIуш дерг хилла дIахIоьттинера, – йоIарий, шайн дахарца Iийса а гойтуш, Делаца партнераллехь деш-лелар бу.

Аса Iийсана – элира? Самукъане ойла ю! *«Зудчун мехалла»* книгин агIонаш хирцича, суна цу тIехь Мареман КIант волчу, Iийсах лаьцна хьахор ца карийра. Iийса воцуш, хIун мехалла хилла хир дара Мареман? ХIета кху тIекхайкхаран ма-дарра долу духехь дерг муха ду те?

Иза нийссачу маьIнехь Маремехь а, Афинехь а я Афродитехь а дац. Къамел, вай ваьш кхуллуш долчу, цIе йоцчу духах лаьцна ду!

«Делан нур а, зударалла а» книгин апологеташа Делах а, деланех а, динах а, божарех а лаьцна дукха дуьйцу, амма чIогIа наггахь бен – исбаьхьачу КIелхьардохучух, Делан КIант волчу, Дала леррина къобалвинчу Iийсах лаьцна ца дуьйцу. Цара паччахьаш болчу зударех а, бозбуунчех а, нанойх а лаьцна дуьйцу, амма беллачарна юкъара денвеллачу Делах лаьцна а доцуш. Наношна КIантах лаьцначу довзийтарх къехка стенна оьшу? Уьш Iийсан Юьхьшаллина гонаха хьийзачуха бу, Ур-атталла Цуьнан дешнаш а тIеоьцу, амма Цуьнан цIе ца хьахайо.

Дера, цу тIехь цхьа а цецдийлийла дац! Нагахь аса суо делаллин бараме хьалавоккхуш хилча, КIелхьардохург стенна оьшу суна?

Дела йолчун агIо дуьххьал дIа нуьцкъалаллин агIо яц; цо Iамалъяр билгалдоккху. Амма вай божаршна а, зударшна а я муьлххачу кхечу кхоьллина долчунна Iибадат дан ца деза. Вай

Далла бен текъа ца деза. Нагахь динан тобанехь зударех а, церан юкъараллерчу ролах лаьцна юьхьанцалерчу Делан дагалацамах лаьцна а билггал бакъдолчун кхайкхам беш хилахь, цхьаннан а, зударшна мехалалла деш долу, зударийн цӀу-дела кхолларан хьашт хир дац.

Лаьттан а, стигалийн а Веза Воккханиг волчу Дала Шен цӀандаран Ӏалашонехь къайла ца доккхуш, зудчун ролах а, мехалаллах а лаьцна кхайкхийна. Дала Шен КӀант стеган хӀуьнан дакъалацар доцуш дуьнен чу ваьккхина. Юсупна Марем а, Цо лелош долу Деза Бер а лардар а бен тӀедиллина дацара.

Делан Сино къоначу а, жимма кхераелла йолчу а жуьгтийн йоӀстеган кийрахь, са кхоьллина. Цо мантраш а ца лоькхура, гонаха болчу массаьрга а ша – дела ю, бохуш, ца дуьйцура. Марем Делан дуьхьа массо а хӀуманна кийча яра, шега шена тӀейиллина йолу мисси кхочушъялур юй-те, бохучун, жимма шеко йолуш хилар бен доцуш! Цуьнан дешнаш юха а олуш, уьш вешан дер вай. *«Стигалара Дада, Хьан дешаца хуьлийла тхуна; тхо теша: Айхьа ваӀда динарг, Ахь кхочуш дийриг хиларх. Лаьттара охьатаӀийнарш хьала а айий, тхан дахарехула Хьайн КӀант гайтахьа».*

Вайн Делаллин хьовсийна хилар лехар кхиаме хир дац, нагахь вай, дела ваьшна чохь дӀавелларан сатийсарца, ваьш божаршна тӀехула хьаладахахь. Божарийн зударшна тӀехь олалла дарца билггал бакъболу ницкъ а, маьршо а хила цкъа а аьтто ца болура. Ткъа зударий эвсаралла йолуш хилла дӀа цахӀуьтту, шайн ницкъана, харцхьабабьхначу а, йистошка кхачийна болчу а хьехамашна, гӀуллакхдан дӀахӀитта магочу хенахь. Божарий а, зударий а вовшийн бартхой а, лардархой а бу, ткъа мостагӀий а, деланаш а боцуш.

Шена текъар даран объект хилла дӀахӀотта лаам хилар – вайх хӀорранна а зер ду. Билггал цу зерца ца ларийна Люцифер. Олалла хила лаар бакъахьара доцуш дац; вайх хӀорранна а (божаршна а, зударшна а) тешаран а, олаллин а, Ӏаткъаман а билггал болу барам белла бу.

Адамаш кхоччуш долчу олаллица ларо хьуьнар долуш дац. Ишттачу ролаца я жоьпаллица ларо тӀех хала ду ур-атталла маликашна а, тӀаккха, шена пайда хиларна, Делан КӀант волу Ша Ӏийса а Шен Делаца цхьатерра хиларх пайда эца ца ваьхьна.

Пилапхошка долчу шен Дахьийтарехь ПахIала хьехар до вайна, олаллин деланийхоша еш йолу терго ца яр:

> Шайн дегнаш чохь Дала леррина къобалвина Iийса санна хилалаш. Делан вастехь Ша велахь а, Цунна ца хетара, Ша Делах тера хиларх Ша пайда эца беза аьлла. Мелхо а, Шен возалла дIа а тесна, лен васт тIе а эцна, адамах тар а велла, тIехьаьжна а адам хилла Иза. Iожаллина тIекхаччалц Далла муьтIахь а хилла, Ша лахара вира Цо. ЖIара тIехь Ша валлалц, муьтIахь висира Иза. Цундела Дала Иза вазвира, уггар а лакхарчу даржехь Иза дIа а хIоттийна, стигалшкахь а, лаьттахь а, эхартахь а берш Iийсан цIе лоруш, гора а хIиттина, суждане бахийтархьама а, Да волчу Делан сийлаллина Цо леррина къобалвина Iийса Веза Эла хиларх лаьцна хIора адаман матте тоьшалла дайтархьама а.
>
> Пилапхошка 2:5-11,
> гочдар *Message*, схьакъастийна авторо

Вайн дуьненна ялхой оьшу. Суна хала ду, сан Iийса – берриш а лакхабахархьама, охьатаьIна волу – вайх болу цхьаберш санна, иштта лехаме хиларан, суртхIотто. Халахетахь а, наггахь вай вешан Паччахьан харц серлонгахь суртхIоттадо. Иштта ца хилча, машаран дуьхьа боламан коьрте бевллачу цхьаболчу баьччанийн дешнашкахь оццул бакъдерг хIунда ду: «Нагахь керстанаш бацахьара, со керста хир вара», я, Махатма Гандис аьлла махиллара: «Суна тамехь ву шун Дала леррина Къобалвинарг, амма суна тамехь бац шун керстанаш. Ма тера бац уьш шун Дала леррина Къобалвинчух».

Шу кхерамазалле билггал бакъдерг лехархой санна, хьалагIовттархьама, хезий те шуна, хIара кхайкхам а, сабIаьрзе хьашт а? Вай Iалашолле безам гайта беза, вешан стом цалун къоьллан дозанал арахьа байначаьрга а, хьашт долчаьрга а куьг а кхийдош.

Нагахь динан тобано шуна иштта аьтто луш бацахь, Делан безам схьа а эций, дерриге некъашка дIакхехьа иза. Динан тобанан пенашна арахьа тоьал долчул сов дахарш доьхна хьашташ долу адамаш ду, уьш шу пассивни ца дисарна даккхий дийр ду. ГIодаран куьг кховдаде шайн юкъараллина

а, цIа доцчарна а, шайн професси йолчу адамашна а, шайн образованин системина а… Шун дахар оццул сийлахь а, къеггина а хиларна, кхоччуш Iаламате хилла дIахIоттийла!

Адамаш шена тIаьхьахIиттина гIойла долчу масалин зама тIееана.

ХIун дан деза вай хIинца? Дала хIинцале сацам биначунна тIехь, кхин дIа а къуйсам бе те вай? МуьтIахьхиларан йистонех я «делан нур а, зударалла а» бохучух кIелхьардовлархьама, вешан ойланехь низам далалур дуй те вайга? Божарий лара долалур дуй те вай? Лоьман а, стечу лоьман а масалина тIаьхьа а хIиттина, божаршца цхьаьна хьалагIиттий вай, ткъа ледара а, лоллин хIуманаш а я дералле деланаш санна а, доцуш.

## НУЬЦКЪАЛЧУ ЗУДАРИЙН МЕХАЛАЛЛА

Ас книгаш язъечу а, ойланаш *Twitter* –хь я *Facebook* –ехь юьйцучу а, зударшка йистхуьлучу а хенахь, – иза мичахь хуьлуш ду доьзна доцуш (гуламашкахь я Интернетехь), ас ерриг а хенахь зудчун мехала хилар кхайкхоран аьттонах кадетта. Ас хаа а хууш дагадауьйту царна, адамаш церан озан а, динан тобанехь а, цунна арахьа а, меттигерчу а, дуьненарчу а барамехь цара юкъадуьллучун а хьашт долуш хилар. Ас уьш цунах дуьххьалдIа тешаш а, и тIеоьцуш а хилла ца Iаш, амма цуьнца бехаш хиларх лаьцна доIа до.

Сайн кхайкхамаш бинчул тIаьхьа суна даим а иштта хаттар хеза: «Божаршка а изза олийла дуй те хьан?». Цара иза шабар-шибар деш олу, нагахь тхан хабаре ладугIуш а хилла, со цунах лаьцна къайла ца доккхуш вуьшта ала а муха яьхьна, бохучуха.

Хьалха суна зударий иракарахIиттийчахьана, тоьаш ду моьттура. Ас чIогIа мехала лору зударшка бегIийлачу а, кхерамазаллечу а хьолехь йистхила аьтто хилар. Амма Делан йоIарийн болам хьалакхиаре терра, цу тайпаначу иракарахIитторца зударшка бен йистцахилар тоьаш ца хиларх кхийтира – ахчанан доза тоьхна мах хилар санна, нагахь цуьнан цхьа агIо талхийна елахь.

ТIаьхьарчу шина шарахь сан Iаткъаман го шорбеллера, тIаккха сан аз адамашна тайп-тайпаначу динан тобанашкахь дуккха а болчу кIирандийнан Iуьйранна бечу гуламашкахь хазийла

хиллера. ТӀаккха, дера хӀета, иза божаршна хеззера. Гуламашкахь, божарийн а, зударий а векалш болчохь, ас сайн аз ойучу хенахь, зударий исбаьхьа хилар дӀакхайкхадо.

Божарша иза къийсар наггахь а ца го суна. Ас хаа а хууш олу цаьрга, божарий а исбаьхьа бу! ТӀаьхьарчу масех шарахь суна сих-сиха божарийн бӀаьргаш чохь бӀаьрхиш гора. Со, майранаша а, зударша а вовший тӀе а оьцуш, къийсам латтор сецорга хьоьжура. Суна тамехь ду, цара шайн олалла дезаран сонтачу къийсам латторна тӀера вовшашка къинтӀера довлар дехча, хуьлуш долчуьнга хьежар.

Хьоме йиша-стен-лом, божарий бац вайн хало. Хало дуккха а кӀоргехь ю. Иблис – и ду, стешаш а, боьршанаш а хьакъ долчух бохуш долу, вайн мостагӀ а, Ӏехориг а. Божарий халонан дакъа доццушехь, уьш жоьпан дакъа хуьлийла долуш а, хилла дӀахӀита дезаш а бу. Цхьа инзаре дерг хуьлу, божарий мохьан дакъа шайна тӀе а оьций, зударшца цхьаьна дерриге адамашна мехалалла а, ницкъ а юхаберзо буьйлалучу хенахь.

Наггахь, хьо дӀахазийтархьама, иштта дар, – иза хӀинцале а ах сов гӀуллакх ду. Хьуна гонаха болу божарий хьо дӀахаза аьтто болуш хила безаш а, иштта уьш, божарий а, зударий а кхетам чу а баьхкина, цхьаьна хьала а гӀевттина, кхин адамаш дӀахаза иракарахӀитто дезаш бу. Вайн юкъараллехь хийцамаш болабалархьама, вай дерриш а цхьаъ бохуш хила деза. Адамийн хьокъехь Делан агӀор йилбазмаьхьарца тӀаьхьара алар дер вай.

И дархьама, вай леррина Коринтхошка 1-рчу Дахьийтаран 11-чу коьрте хьовса лаьа суна. Ас иза, шайх хӀорра а къаьстташ ойла гойтучу, масех декъе боькъур бу, тӀаккха юкъара жамӀ далор ду.

> Цундела зудчун коьрта тӀе тиллина хӀума хила еза, шена тӀехь долу олалла билгалдаккха а, маликашна хьалха а.
>
> байт 10, гочдар *Message*

Стен-боьршаллина юкъара башхаллаш алсам ца яха а, тӀех дукха билгало ца ян а сацам бинчу массарна а, ПахӀалан дешнаша иракарахӀиттормн гӀуллакхдийр ду. ХӀаъ, башхаллаш вайна юкъахь йолуш ю, амма цара вай декъа ца деза. Уьш вай цхьаьнатохархьама ю.

> Делахь а, Везачу Элаца долчу вайн дахаре хьаьжжина, зуда а стаг воцуш хиларх хIумма а дац, ткъа стаг а зуда йоцуш хиларх хIумма а дац.
>
> байт 11, гочдар *Message*

И чIагIдар дарца, цо стен-боьршаллин вовшашца доьзна хилар кхайкхадо. Ткъа нагахь вовшашца доьзна хилар долуш хилча, я стагана а, я зудчунна а хьалхара хилар дIаделла хуьлийла дац.

> Стаг дуьххьара кхоьллина вара, исбаьхьа а, башха а Делан сурт хIоттор санна – и бакъду! Амма зударийн корта хазаллица а, къеггина хиларца а цуьнан «корта» волчу майрачун коьртал сов болуш хилар гуш ду.
>
> байт 11, гочдар *Message*

Стаг Делах терра кхоьллина вара – иза бакъ ду! Амма тIаккха цхьа «амма» бохург гучудолу. Зудчун хазалло цуьнан майрачун хазалла дIахьулйора. Билгалделаш, кхузахь къаьсттина майрачух а, зудчух а лаьцна бохуш ду.

> ХIунда аьлча зуда стагах йина ма-хиллара, стаг а ву зудчо вина. Ткъа и дерриг а – Делера ду!
>
> байт 12, гочдар *Message*

ХIетте а, хьалхара зуда Хьава стагах Адамах схьаяьлла хилар, бакъ ду. Делахь а тIаккха ПахIала юха а «амма» бохучу союзах пайда оьцу, хIетахь дуьйна берриге а божарий зудчух схьабовлуш хиларца дерриг а нисдархьама.

> Ткъа дерриг а Делера хуьлуш хилча, «хьалхара мила ву», боху, чаккхе йоцу къийсамца го тийсар сацор вай.
>
> байт 12, гочдар *Message*

ТIаккха терза нисдинчул тIаьхьа, ПахIала гендерни бага леяран барамал лакха а волий, Делаллин хетарг гойту: дерриг а Делера хуьлуш ду, тIаккха сов хиларх къийсамаш бар сацаде! Цу гIуллакхо дукkха долу хаттарш берта дало деза. Дела бен вац хьалхарниг. И цхьаъ ву – возалла а, нийсо а, безам а, билггал бакъдерг а, некъ а, дахар а, юьхьиг а, чаккхе а.

Цкъа а ма мотталаш, Дела вайн деноминацийн тIедожоран

куьйгаллица лелаш ву, аьлла. Цунна вайн уставаша а, тешаран билгалонаша а, я вай магош долчо а, ца магош долчо а битам ца бо. Дела лаьттахь деш-лелаш ву, тӀаккха Цунна вовшашна юкъахь нийса юкъаметтигаш йолуш а, Цуьнан куьйгаллица лелаш а долу адамаш гича, Цо уьш декъалдо.

> Мел дика а, тамехь а ду динан вежаршна бертахь цхьаьна баха!.. Цигахь делла халкъана Везачу Эло Шен декъалдар: хедар доцу дахар.
>
> Забур 132:1,3 гочдар *Message*

Ерриге а историн йохалла Динан тоба цу хаттарехь екъаелла яра, амма суна сайна, иза кхин дӀа а иштта дӀадаха ца лаьа. Делахь а сан ойланаш а, суна хетарш а – хӀумма а дац, Дала, иза муха хир ду, аьлла, сацам барца дуьстича. Дерриг а хийцалур ду.

> ТӀаьххьарчу деношкахь, – боху Дала, – Аса Сайн Синан Ӏаь тухур ю дерриг а адамна тӀе. ТӀаккха шун кӀентий а, мехкарий а, шайга пайхамаралла а доьссина, Делера болу хаамаш беш хир бу. Кегийнаш Делера долу тамашийна суьрташ шайна хьалха хӀуьттуш хир бу, ткъа баккхийнаш Делера долу гӀенаш гуш хир бу. Сайн ялхошна тӀе, божаршна я зударшна делахь а, Сайн Синан Ӏаь тухур ю Аса цу деношкахь, тӀаккха цаьргахь пайхамаралла хир ду. Аса стигалан Ӏаьрчашкахь а, лаьтта тӀехь а тамашийна хӀуманаш гойтур ду: цӀий, цӀе, кӀуьран мархаш…
>
> Векалийн 2:17-19

ТӀаьхьарчу деношкахь Дала Шен дош эр ду. И цӀийнан а, цӀеран а, кӀуьран а васт, жуьгташа шайн сагӀанаш дохьуш хиллачу, ширачу кхерчах чӀогӀа тера ду. Иза, Веза Воккхачу Дала тӀеэцна хин дерг дархьама, адамаш гуллуш долу, меттиг яра. Церан сагӀанаш цӀергахь догура, тӀаккха кӀуьраца цхьаьна Сигалшка хьаладоьдура.

Керлачу весетан заманахь хин долчун кху вастехь, кхерча тӀехь сагӀина дайинчу уьстагӀех а, шинарех а, я стерчех а лаьцна бохуш дац. Цуьнан метта вайна кӀенташа а, йоӀарша а, хенарачара а, къоначара а шайн аьзнаш хьалаойуш хилар го – уьш хьекъалалле а, пайхамараллин дакъа делла болу а Веза Воккхачун ялхой бу.

ЦIе хIинца Далла Iамалъяран кхерчахь йогуш яц. ЦIе вайна чохь йогуш ю, Цуьнан Сино дIа а лецна, вай хьалха дIадуьгучу хенахь.

Хьалха суна стен-боьршаллин халонах лаьцна иштта нийсса баха кхераме дара. Амма хIинца, нагахь эшахь, со гуттара а санна долчу марздаларан гуранал араяла кийча ю. Сан майра сан ницкъах ца кхоьру – цо иза тIеоьцу. Сан кIентий ледарачу а, аз доцчу а, охьатаIийначу а зударийн васташа тIе ца ийзабо. Амма нийса дуй те сан иштта гIоьналла хилар, ткъа кхечеран иза ца хилар? Вайн дуьне, охьатаIийна болчарна тIера шайн аз массанхьа а хьалаойун долу, зударийн хьашт долуш ду. Цуьнан, вайн, ваьш стенан дуьхьа кхоьллина долчу дерригенах а эхь хета а ца дезаш, ткъа иза вовшашца цхьаьна долуш кхочушдаран, маьIна ду.

Вай ницкъах дохуш йолу, стен-боьршаллин башхаллаш юьстах а йохуш, халачу киртигашка дийла ца деза хан тIекхаьчна. Кхетаме а даьхкина, Дала ваьшна хила хьехна дерш хилла дIахIиттаран – Цуьнца ницкъ болуш а, божаршна гIоьнчаш долуш а, дерриге а дуьненахь хьашт долчарна а, байначарна а цIанбаларан аз долуш а хиларан, хан тIееана.

# 7

# Маршалла хаттар а, тӀехьийзар а

Шайн балдийн хазалла йисийтархьама, дика дешнаш ала. Шайн бӀаьргийн хазалла йисийтархьама, адамашкахь диканиг лаха. Шайн дегӀан куц дисийтархьама, шайн юург меца болчаьрца екъа. Шайн месийн хазалла йисийтархьама, дийнахь цкъа хилла а шайн месаш шайн бере дӀасаяржаяйта. Шайн дегӀан кепан хазалла йисийтархьама, шаьш цхьа долу адамаш ца хиларх тешарца лела.

СЭМ ЛЕВЕНСОН

Цхьана стен лоьмо вукхунна тӀе мотт хьакхар, цара вовшашка маршалла хаттаран дакъа ду. И саннарг дар, уьш дуьнен чу довллушехь долало. КӀорни дуьнен чу даьллачу хенахь дуьйна, нанас обанаш аланза дуьсур дац иза. Цхьа а кӀорни ца лела шена тӀе мотт хьакхаза. Суна и сурт иштта гира: даккхийчу лоьмийн самукъанечу талларе а хьовсий, церан кӀорнеш шаьш дехачу метте юхадоьрзу. ЦӀеххьана царах цхьанна цхьана минотана шеко яр догӀу, иштта а хеталуш: “ХӀинца суна дуьхьал сан ненан йиша йогӀуш *ю!* Иза юха *а* суна тӀе мотт хьакха йоллу, шен муцӀар хьакхарца сан муцӀар бех *а* еш”. Дац-ткъа иза, шун вешин я йишин бераш, шайга Италера хьошалха ден я ненан вежарий, йижарий баьхкина гулбеллачу цӀа чохь шу нисделча санна долу сурт дагадоуьйтург.

Цу тайпана долу, вовшийн бесне беснех а хьакхайолуьйтуш гергарчара маршалла хаттар, адамаша дина а ца Ӏаш, цхьана стен лоьмо шена важа дуьхьал кхетча, дийрриг ду иза. Цу тайпана долу маршалла хаттар, вовшийн довзар билгалдаккхархьама деш

ду. Вайна хета, массо а стен лоьмаш вовшех тера ду аьлла, оцу лоьмашна а ма-хеттара. Цундела вовшийн хьожа яккхар – еккъа цхьа агIо ю, стен лом тешийта и дуьхьал кхеттарг шайх цхьаъ ду бохучух, кхечу тобанера а доцуш. Вайна массарна а хаьа, тIехула гуш долчух Iехавала йиш юйла, амма йогIучу хьожано бакъдерг чIагIдо.

ХIора стен лоьман цIоцкъамашна тIехь, нисса бIаьргашна тIехула, хьожа йоуьйтуш йолу железаш ю. Нагахь стен лоьмаша, шайн тобанна юкъадогIу и дийнаташ хийцалахь, церан вовшашца уллора йолу контакт кхоллало беснешкахула, тIаккха цара кIедамерзаллица вовшех шайн кортош хьекхадо. Иштта маршалла хаттаро деккъа иза гайтина ца Iа. Вовшийн довзар – иза дуьххьара вовшашна: «Со хIара ду. Ткъа хьо мила ду?» – бохург гайтар ду. Ткъа и маршалла хаттаро вовшашца йолу уьйр чIагIяр даийта йиш ю, вовшийн барт хилар гойтуш, ткъа шайх доцурш дIа а лелхош.

Стен лоьмаша цкъа хьалха хьожа йоккху, тIаккха вовшийн довзар догIу церан. Адамашна цкъа хьалха вовшийн девза, цул тIаьхьа шайн дахарехь хIоьттина хьожа йогIу царна. Сан дахарера масалла ду хIара: дукха хан йоццуш, сан майра суна дуьхьал веанера аэропортехь. Суна цуьнан машин гира тIейогIуш йолу, аса куьг ластийра цунна, амма цунах йогIу хьожа ца хааелира суна, иза машин чуьра ара а иккхина, цо со марайоллалц. «Хьох хаза хьожа йогIу», – элира аса, сайна цунах йогIу туалетни хин хьожа хааелча.

Кхечу тайпана иза муха хилалур дара ца хаьа суна: хIунда аьлча суна машин чуьра араволу цхьа стаг го сайна тIе вогIуш волу. Улло а йодий, цунах хьожа яккхархьама, ас билгалдоккху, и йогIу хьожа сайн майрачух ю аьлла, тIаккха а бен иза сан майра хилар ца чIагIдо аса.

Стен лоьмашна хьожанехула вовшийн довзаран масех Iалашо ю. Маршалла хаттаран-Iалашдаран ламасто ма-дарра йолчу агIор билгалдаккха гIо до, цхьа хийраниг шайн тобанна юкъа даларх. Цул сов, стен лоьмаша маршалла хаттарца вовшашна мотт хьакхарехула шаьш иза тIеэцар а, иза шайх цхьаъ хилар а гойту. Вай а ваьш гIиллакхе хилар а гойтуш, изза дан деза вайн уллорчаьрца а, бевзачаьрца а.

## ШАЙН БЕРАШКА МАРШАЛЛА А ХАТТА, УЬШ ”ӀАЛАШ” А ДЕ

Стен лоьмо шен кӀорнина мотт хьокхучу хенахь, цо: «Хьо сан тобанан дакъа ду, – алар санна хуьлу. Хьуна хьо кхерамехь ца хилар карор ду кхузахь, хьайн доьналлин агӀонаш гайта йиш а ю хьан. ХӀокху тобанехь хьан хьашташ кхочушдар а, хьо Ӏалашдар а хила йиш ю хьан». Иштта долу маршалла хаттар-тӀехьийзар юкъахь хилар царна оьшу, шен кӀорни мичахь лийлира бохург билгалдаккхархьама а. Шен муцӀар хьакхаярехула, цо билгалдоккху, шен кӀорни мичахула лелла бохург, тӀаккха цуьнга хаттархьама: «Хьо гиенина улло хӀунда даханера?» – аьлла.

Сан кхиъна богӀу кӀентий суьйранна арабовлучу хенахь, аса доьхура цаьрга, шаьш юхадирзича, тӀе а дуьйлий, дӀадийшале суна оба яккхалаш, олий. Буьйсана оха и оба яккхаран масех Ӏалашо яра, цкъа дуьххьара, суна там хуьлу сайн берашна оба яккхарх. ШолгӀа делахь, сан ладегӀа ца дезара, уьш цӀа маса даьлча баьхкира хаарна. КхозлагӀа делахь, суна уьш муьлхачу хьолехь цӀа баьхкина бохург хаьара.

И уьйр кху тайпана хуьлура. Нагахь сан кӀантана, ша цӀа веача, сихха дӀаваха шена лиъча, со дӀаюьжучу чоьнан неӀ дӀа а йоьллий: «Со цӀахь ву! Нана, буьйса дика хила хьан!» – олура цо.

Со йижина йолу дела, цо сихха неӀ дӀакъовлура. Амма аса цуьнга олура: «Хан дика яьккхирий ахьа? Чу валий, оба яккхахьа суна».

Нагахь иза жимма ойлане вала воьлча, суна цхьаъ дагатосура.

Нагахь иза тӀе а веана, суна чӀогӀа етталочу жвачки хьожа еача, суна хаьара, цо цхьа ца оьшург лелийнийла. Иза юххе веача, аса хьала а айалой, сайна тӀеозавора иза, и сох дӀахьулъян гӀертарг хӀун хьожа ю те билгалъяккхархьама. Мелла а аьлча, нанна хаьа шайн берийн хьожа муха хуьлу.

Нагахь хӀора дийнахь иза иштта хила дезар оха дӀа ца хӀоттийнехьара тхайн цӀахь, тхуна бӀегӀийла хетар дацара цу тайпана долу зер дӀакхехьар буьйсана. Оха хӀора Ӏуьйранна вовшийн марадуххку. Дийнахь а вовшийн марадухку оха, иштта буса дӀадийшале а. Тхан гуттара а уьйр хуьлу вовшашца: хуьлийла иза вежаршна юкъара забаренна къийсаме вовшах тийсабалар, я кухни чохь гулдалар, иза цӀанъечу хенахь, я цхьанхьара цӀа даьхкича, я цхьанхьа даха арадовлуш. Цу тайпана хилла дӀахӀоьттинера тхан доьзалехь бераш кегий долчу хенахь дуьйна, хӀинца а долуш ду. Къовсаме

дилла кийчча ю со, шун цӀахь а иштта хуьлуш хилар: аша дӀадийшале вовшашна оба йоккху, вовшийн дуьхьалкхетча мара кхета шу, белшаш тӀе куьг туху, коьртара месаш хьекхайо, вовшашна тӀетаьӀа диван тӀе охьахиъначохь…

ТӀаьхьа, сан воккхаха волчу кӀанта зуда а ялийна, иза тхох къаьстина шена ваьлча, суна цо лелийначух лаьцна дийцарш хезира, суна хьалха цкъа а хезна доцу. Аса хоьттура цуьнга: «И маца динера ахьа? Суна ца хууш муха диснера иза?» Эхь хетарца, вела а къежаш, цо жоп делира: «Иза хьо гӀалахь йисинчу суьйранна дара» я «Иза хиллера со буьйса йоккхуш, сан доттагӀ волчохь висинчу хенахь».

Нагахь со цӀахь хиллехьара, суна кхетар яра цо лелийначун хьожа! Вовшашка мараэккхарца маршалла хаттаро наношна хаарш ло, хиллий-те шайн бераш цхьа ца оьшучу адамашна уллохь бохучух лаьцна. Цо гӀо до вайна, вай цаьрца кӀеда-мерза маца хила деза, ткъа маца къовламе хила деза я таӀзар маца дан деза бохучух кхета. Нагахь аша шайн доьзалехь гуттара а вовшашна улло а доьлхуш мараэккхарца маршалла хоттуш дацахь, иза даре кхойкху аса шуьга. Шун бераш цкъа юьхьанца дуьхьал довла а тарло, амма юха ма довлалаш. Аша уьш марадохкаро, шун берашка шуна уьш деза аьлла а ца Ӏаш, шайн берах шун цӀахь ца хуьлу хьожа йогӀуш хилар къасторна а гӀо дийр ду. Наной, нагахь шун беро хьалха мараэккхарца маршалла хоттуш хиллехь, ткъа хӀинца херо йоуьйтуш елахь, цуьнан бахьанан бухе кхача хьовсалаш, ма магаде шайн берашна шайна юкъахь херо яийта.

Шайн бераш даккхий хилча а, кхидӀа а цу тайппана маршалла хаттар хилийта, вовшашна мара а оьккхуш, оба а йоккхуш. Оцу агӀоно царна дагадоуьйтур ду шаьш кхиндӀа а шун декъах хилар. Цо гӀо дийр ду шаьш а кхерамазаллехь хилар хаадаларна тӀехь, церан шайн бераш а даккхий хуьлчу муьрехь.

## ВОВШАШКА МАРШАЛЛА ХЕТТА

Стен лоьмаша вовшашка маршалла хоттучу хенахь, иштта олу: «Вай цхьана доьзалера ду. Хьох сан йижарийн йоллу хьожа йогӀу. Со кийча ю муьлххачу хенахь а хьуна гӀо дан, суна хаьа ахьа а суна оьшучохь гӀо лоцур дуйла».

Оцу агӀор вайн дукха къастам а бац оцу йижарийн-стен лоьмех. Вовшийн дика тӀеэцаро боху: «Охьахаа тхоьца. Маьрша йо-

гӀийла хьо, тхан тешам бу хьох!» Ткъа доггаха доцучу маршалла хаттаро хӀара хаам бо: «Хьо тхуна юкъа йогӀуш хилар хӀинца а билгалдаккхарехь ду. Оха цкъа цхьа а къастам бар дийр дац, хьо уллора йовззалц. Ишттачу меттехь бӀегӀийла доцуш хетар догӀу, маршалла тӀеоьцуш волчунна хилла а ца Ӏаш, маршалла хоттуш волчунна а я и хаттар данне а доцучунна а, цу агӀоно боху – тӀевеанарг, ларлолахь!

ПахӀал-векало коринтхошна вовшашка маршалла муха хатта деза хьоьху:

> Доггаха вовшашка маршаллаш хатта. Делан долахь
> болчу массара а маршаллаш доуьйту шуьга. Веза
> Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу Ӏийсан дика а,
> Делан безам а, Делан Синан тӀекаре а хуьлийла шуьца
> массаьрца а. Амин.
>
> 2 Коринтхошка 13:12-14

Айхьа йише маршалла хоттучу хенахь, йиша санна марайолла иза. Нагахь хьо шайн куьйгаллехь йолчуьнга маршалла хоттуш елахь, маршалла а хаттий, айхьа иза лоруш хилар гойтуш мараэккха цунна. Нагахь холчу хӀоьттина йолчу йише маршалла хоьттуш ахьа делахь, кӀеда-мерза цуьнан гӀайгӀа барца марайолла иза. Наггахь-м дешнаш а ца оьшу. Шераш мел долу, мараэккхаро дуккха а дайдалар дохьуш хилар хааделла суна, дешнаш олучул.

ПахӀала хаарца юкъададаладора маршалла хаттар, ша верас волчу динан тобанашка дечу дахьийтарш тӀехь. Нагахь ПахӀална а оццул ларамe хеташ хиллехь шен дахьийтарш тӀехь маршаллаш хаттар, вайна а хила деза иза ларамe хӀума вай дечу гӀуллакх тӀехь.

Хьовсур вай Коринтерчу динан тобанехь цуьнан маршалла хаттаре:

> Шу сийсаздахархьама ца дуьйцу ас хӀара, амма сайна
> дезаш долчу берашна санна хьоьху ас шуна. *ХӀунда
> аьлча Дала леррина Къобалвинчуьнца долчу дахарехь
> шун итт эзар верас велахь а,* шу цу дахаре даьхна болу
> дай дукха бац шун. *Ткъа хаза кхаъ шуьга кхайкхорехула
> Дала леррина Къобалвинчуьнца шун да хилла сох.*
>
> 1 Коринтхошка 4:14-15,
> очдар *Message*, схьакъастийна авторо

ПахӀала ша коринтхошка яздина кехат, иза стенца доьзна ду я дац бохург къасторах дӀадолийра. Цо бехк ца боккху царах, царна эхь хетийтархьама, амма шен цаьрца йолу уьйр билгалъяьккхира – уьш шена муьлш бу бохург. Иза царна да санна хилар, ткъа уьш шена бераш санна хетар. ТӀаккха ПахӀала кхетийра уьш, дуккха а берш Коринтера Ӏийсах тешар долчийн эгар маца долалур ду те бохучуьнга хьоьжуш а, ладоьгӀуш а белахь а, аса, шун да санна со хиларна, уьш кхиаме хилийтарна лерина суо, аьлла. Цуьнан маршалла хаттар, дӀахьедар санна дара, и кехат хьажийначарна ша мила ву а, ткъа уьш шена муьлаш бу а бохург дӀадоьллуш долу; ша цаьрга хӀун эр ду а, иштта цара шега ла хӀунда догӀа деза бохург а дӀадоьллура цо. Оцу дерригенах кхетар догӀу, иза шен Дахьийтаран коьртачу Ӏалашонехь дерг дийца а волавалале.

## КӀЕДА-МЕРЗА ХИЛАР А ГАЙТА, ВОВШАШКА ХЬОВСА А ХЬОВСА

Нагахь стен лоьмийн и маршаллаш тӀеэцар дика дӀадодахь, тӀаккха уьш вовшашца кӀеда-мерза хиларе, цара гӀиллакх лелоре тӀедоьрзу иза. Оцу кӀеда-мерза хиларца цара вовшийн тӀеэцаро тешаме йолу юкъаметтиг кхоллайолуьйту стен лоьмашна а, церан кхиъна догӀучу кӀорнешна а юкъахь, ткъа цу агӀоно церан тобанан цхьаалла а, уллора уьйраш а латторна гӀо до. Дукхахьолахь стен лоьмаша вовшийн кортош тӀе я логах мотт хьокху, царна шайна тӀекхача хала долчу меттигашна. Шайн меттан шога йолчу агӀонца стен лоьмаша цӀий я хатт дӀабоккху вовшийн тӀаргӀанна тӀера, оццу хенахь веччалгаш а, церан цӀийнах декха дийнаташ а дӀадоху. Хьан дегӀан цӀий я хьан дегӀана оьшу хӀума цхьана хӀумано дӀадоккхуш хилча, цу тайпана меллаша, амма тешна хиларца оцу агӀоно хьан дахар лачкъадо. Дика ду хьан дегӀа тӀера ца оьшу цӀий я хатт дӀабаккхар, амма Далла бу хастам, вайна тӀера и веччалгаш а, вайн цӀийнах декхаш долу дийнаташ а дӀадаха лууш болчу вайн берриг а дай-нанойн вежаршна а, йижаршна а тӀера!

Ингалс маттан тӀера «Ӏалашде» бохучу хандешан маьӀна ду – «цӀанъяр, низаме далор, кечъяр, ехк хьакхар я щеткица цӀанъяр, кечдала, духар духа, ехк хьакха хӀотта», иштта «инструктировать, тренировать, хӀитто а» бохург. Цуьнца доьзна сан а йиш ю, я ма-дарра аьлча, аса дан дезарг ду сайн церагаш цӀанъяр, кухни чохь

дӀалистар, берашна гӀо дар, цара алгебрех дан делларг дечу хенахь.

И дан дезарг билгалдоккхург дакъошна декъча, царах хьалхарниг «цӀандар» бохург хир ду. Ӏийсан Кипица къамел хилира, и къамел деш гучуделира «Ӏалашдар» цӀандаран кепехь хила дезар. Ӏийса Кипин когаш била воллура, ткъа вукхо буьлуьйтур бац ша элира. Шех яьлла гӀалато меттахӀотто а гӀоьртина, Кипа жимма тӀехвелира, делахь шен когаш билина а ца Ӏаш, коьртера когашка кхаччалц – дерриг дегӀ а дилахь, аьлла, дехарца. ТӀаккха вайн инзаре волчу Ӏийсас дан дезачунна тӀе юхадерзадо къамел:

> Ӏийсас элира цуьнга: «Лийчиначун ши ког бен била ца оьшу, хӀунда аьлча иза верриг а цӀена ву. Шу а цӀена ду, дерриш дацахь а».
>
> Яхьъя 13:10, гочдар *Message*

Вай Ӏийсан долахь долу дела, цӀена ду. Амма, иза иштта делахь а, вайн когаш дийнахь бехбала там бу, ткъа наггахь-м, вай мичахула лелла, я хӀун дина, я вайн когахь хӀун яра бохучуьнца доьзна, вайн когех вон хьожа ян а тарло. Дахарехула чекхдовлуш, вай цӀена йоцучу меттигашка нисдала а тарло – мухха а делахь а, сан кхерам бу иза иштта хиларна. Цундела де чекхдаьлча, вай бечу некъахь гулъелла ерриг а чан йиларца дӀаяккха еза.

Цундела боху Ӏийсас кхин дӀа:

> Иштта, шун Веза Эла а, Устаз а воллушехь, Аса а шун когаш билча, аша а била беза вовшийн когаш. *Аса масал гайтира шуна. ХӀинца Ас шайна диннарг шуьга вовшашна а дайтархьама.* Баккъалла а боху Ас шуьга: „Ялхо шен олахочул лакхара вац. Иштта вахийтинарг а ша ваийтинчул лакхара вац“. Иза шуна хаа а хаахь, и аша кхочуш а дахь, декъала хир ду шу.
>
> Яхьъя 13:14-17, схьакъастийна авторо

Ӏийсас Шен мурдийн когаш билира, Цо вайга а кхайкхам бо вовшашна а изза даре. Иза ма-дарра иштта дан даза, аьлла ца хета суна, сан майрачо хӀора де чекхдолуш сан когаш била беза бохуш (и дар тамехь-м хир дара суна, хьоменаг!). Амма оцу

агIоно билгалдоккхург хила там бу, вай вовшийн карладахар а, меттадалор а муха далур ду, къаьсттина нагахь вешан дахаран некъахь лела дезарехула вай бехделлехь.

Аса, чIогIа бIегIийла доцучу, «когаш билар долчу масех гуламехь» дакъалаьцнера, къаьсттина хала дара динан тобанехь гIуллакх дар тIеэцча, колготкаш лелор тIедиллина долуш санна йолчу хенахь. Ткъа Iийса ваьхначу оцу заманахь, когаш билар, шайн цIа чу богIучу нахе аша маршалла хоттучу гIиллакхна юкъадогIу хIума дара, тахана мараэккхар, оба яккхар ма-хиллара.

Аса ца боху и когаш билар юха а юкъадало деза. Вай дехарг дIакъевлина мачаш лелош а, асфальт йиллина долчу некъашкахула лела а зама ю. Ткъа Iийсан мурдаш, сандалиш а юьйхина, ченах дуьзначу некъашкахула бевлла лелара. Со ала йоллург ду, вешан накъостан цIа чуьра неIсагIех чоьхьа вай довлуш, я Далла хастамаш беш долчу динан цIа чу довлуш, дийнан йохалла гулъелла чан охьаегорна лерина хан къасто еза вай, вовшашца хIитто езачу уьйрашна вешан дегнаш тIе а дерзош.

Стен лоьмашна санна, вай а оьшу вовшашна, вайн дахарера вайх леттачу хоттах, веччалгех, вайн цIийнах декхачу дийнатех а вай цIандархьама.

> Шаьш цIена бехаш бу моьтту нах а хуьлу, ма-дарра аьлча, шайн боьхучух уьш цIан ца бинехь а. Кура а, шаьш лакхара хеташ болу нах а хуьлу, уьш, шайн кортош хьала а айдина, лаккхара хьоьжу. Тарраш санна, цергаш йолу нах а хуьлу. Церан моччагIалш арсаш санна хуьлу. Церан Iалашо хуьлу къен нах дIакхалла а, адамашна юкъара пекъарш цистина дIабаха а. ЦIубдаран ши йоI ю, цара гуттар а боху: «Схьало, схьало, схьало».
>
> Кицанаш 30:12-15, гочдар *Message*

«Схьало, схьало, схьало» – бохурш вайн цIийнах бекхарш бу, вайн могушаллина оьшуш йолу питательни хIуманаш дIа а йоуш, вайн дахар лачкъош болу. Сутаралла а, шен лаамаш кхочушдар магийтар а, вампирех тера хIума ду. Вовшашна тIе мотт хьакхар долчу тобанан декъашхой вай хилча, вай вовшашна вайн дахар цIаналлехь латто гIо до.

Дукха хан йоццуш, сан билгалдаккхa дийзира, йиш юй теша сан Iаткъам бан, ша дечу гIуллакх тIехь лидер хиларан кIорггера

хаарш гойтуш волчу а, сан шега чӀогӀа ларам болчу а цхьана къонахчунна. Цуьнан дахарехь долу цхьацца хӀума хийца дезар ала йоллура со цуьнга, шен дахарехь Дала кхочушдан тӀедиллинарг лардар хила деза цуьнан бохург а олуш. Амма, и дале хьалха, аса билгалдаккха дезара тхойшин юкъаметтиг муха ю бохург, аса аьлларг цо дӀалоцур ду я дац бохург къасторхьама. Цундела аса хаьттира цуьнга: «Динан тобанехь со мила ю аьлла лору ахьа?».

Ойла карчаран ӀиндагӀ а доцуш, цо жоп делира: «Ас хьо баьчча лору».

Цо деллачу жоьпо, сан йиш ю цуьнан дахаре сайна хетарг ала, цо нийса тӀеоьцур ду, аса шега аьлларг, боху сурт гайтира суна. Нагахь цо кхечу тайпана жоп деллехьара, аса сайна хетарг сайна чохь дуьтур дара.

Цу тайпана долу когаш билар шинна а агӀор догӀу. Вай, кхечарна хьехар дина а ца Ӏаш, вешан дегнийн неӀарш а дӀаелла еза, вайга бохург вай а дӀаэцархьама. Сан цхьа уллора йолу накъост ю, сайн йоккхаха йолу йиша санна суна хеташ йолу. Иза динан тобанан дика куьйгалхо ю, Делан йоӀарийн цхьаалла хиларан гӀуллакх тӀехь доккха зедалар долуш йолу. Дикка хан ю тхо уллора вовшийн девзаш долу, сан онда я эгӀаза йолу агӀонаш йовза цуьнан йиш йолуш.

Дукха хан йоццуш со кхийтира, Ӏалашо хӀоттаярца ас цуьнга деха дезар, сан дахарехь суна оьшучу киртигехь цо со нисъяр. Тхаьш кофе молуш, аса элира цуьнга: «Суна ахь со нисъяр деза дахарехь. Нагахь хьуна гахь я хазахь, ас цхьа сонта дерг деш я олуш, сох гӀалатло ялуьйтуш долу, доьху хьоьга, алалахь соьга цунах лаьцна. Суна ца хета, синца йолчу агӀор со Олимпан буьххье кхаьчна аьлла, я сох гӀалат долийла а дац аьлла, амма суна цхьа дика хаарш долу цхьаъ веза, хьекъалаллица сан дахар нийсачу агӀор дерзорхьама».

Цо кӀеда-мерзаллица тӀеийцира аса аьлларг, «мотт хьакхарца» ша суна «тӀехьийзар» ю, сан дахарехь нийса йоцу агӀонаш гучуялахь, аьлла. Амма иза иштта билггал хилийтархьама, сан цуьнца уллора йолу юкъаметтиг хила еза. Аса Ӏалашонца цуьнца уьйр латтайо, цуьнан хьехарш тӀе а оьцуш, цуьнан книгаш а йоьшуш, цо сайна дага тосучуьнга ла а дугӀуш. (Цо кхеттош массарна а хезаш аьлларг, цо билггал соьга юха а ала ца деза

цуьнан.) Цуьнан Iалашо яц суна тIехь контроль латто, деккъа аса сайн юьхь бехъярх со ларъяр бен! «ТIехьийзаран» юкъараллин динамикин декъашхой вай хиларе терра, вай кхета дуьйлало: вайн цIена ца хилар кхечу йижаршна тIехь а хаалуш хиларх.

Нагахь санна, Далла хастамаш бечу цIийнан неIсагIех чоьхьа шу девлча, шуна маршаллаш хаттар а ца хааделча, уллора юкъаметтигаш хуьлуьйту агIо а шайна ца карийча, кхин динан тоба лахар хьоьхур дара ас шуна, шена чохь юкъаметтигаш кхоллаялар а, вовшех кхетар а долуш йолу. ДоттагIаллин юкъаметтигаша а, шайна юкъахь уллора юкъаметтиг хилар доцучу динан тобанаша а гIо дийр дац хьуна Делан Iалашонаш кхочушъярна тIехь. Вайна «мотт хьакхаран» хан тIееача, иза гуш хуьлу. Аса динан тобанан куьйгалхо йолчу сайн накъосте суо нисъяр дийхира, суна кхетам беана дела, суна и санна долу «тIехьийзар» оьшуш хиларх. Суна, суо цхьа йолуш санна а, сох кхетар доцуш санна а, хетара. Уьш башха тамехь йолу агIонаш яцара, ткъа суна хаьара, уьш цIанъялар догIуш, сайн дахарера дIаяхархьама, сайна кIорггера гIо оьшуш хилар.

Оцу «тIехьийзаран» процессах вайн вовшахъхьакхадаларан коьрта агIо хила йиш ю. Схьахетарехь, оцу даккхийчу цицгийн тайпанах долчу вайн накъосташна чу диллина ду и хаар, вайна, адамашна, наггахь боккха мах белча бен, ца хуург: ша-шен цIанвар кхераме а хуьлу.

## ТIЕХУЛА ЙОЛУ ЦIАНО А ЙОЦУШ, ЭВЛАЯАЛЛА ХИЛАР

Шуна дагадогIу-кх, Кипас цкъа хьалха шен когаш биларна дуьхьало а йина, тIаккха шаверг а цIанвар дехар, Iийсас ша кхетаваллалц, иза оццул чIиркъе хила ца везарх. Iийсас элира цуьнга:

> Лийчиначун ши ког бен била ца оьшу, хIунда аьлча иза верриг а цIена ву. Шу а цIена ду, дерриш дацахь а.
>
> Яхьъя 13:10, гочдар *Message*

Iийсас гIайгIа беш хилларг, вай гIайгIа барехь а хила деза – иза деган цIано хилар ду, тIехула йолу цIано хилар а доцуш. ТIаьххьара аьлча, иза ду вайна тIехь дерг. Нагахь вайн берриг а тидам вайна ваьшна тIеберзийна хилахь, тIаккха сутаралло а,

вешан эгӀаза болчу лаамаша а дӀалоцур ду вай. Цхьаболу тешар дерш тӀехула шаьш цӀена хетийтаро дӀалоцу, оццу хенахь кхинаш цӀена бац бохуш, царна тӀех а детташ. Билггал цунах лаьцна дара Ӏийсас аьлларг:

> … Аша кад-хедар тӀехулара дикка цӀандо, амма чухулара уьш бӀаьрмецигаллица а, къизаллица а схьаяьккхина йолчу хӀуманах дуьзна ду.
>
> Маттай 23:25

Вайна лараме дерг ду, оцу дерригенна тӀехь коьрта дерг дӀа ца хецар: дог цӀена хилар тӀехула йолу гигиена лелорах кхочуш ца хуьлу, вайн даг чуьра схьа долучуьнца доьзна хуьлу иза. Вайн дахаран хӀора дийно вайн куьйгаш, когаш бехдан там бу, амма Далла бен цӀанлун доцург, бехдан йиш яц цуьнан. Веккъа Иза ву – вай цӀандеш Волу, Веза Эла волу Дела!

Кегаре долчун доладалар хуьлу, вай вешан берриг тидам вониг дарх лардаларна тӀе бахийтича, диканиг дарна тӀе бохуьйтучу меттана. Иза иштта хилча, вайн даьсса долу дахарш вай кхайкхина доцучу акха дийнаташа а, дӀакхоллучара а дӀалацаран кхерам хуьлу. Ӏийсас дика дерг дора, вочух ларвелла а ца Ӏаш. Къа латоран дуьхьал дерг – дика дерг дар ду.

Дикано вонна тӀехь толам боккху. Вон дерг вай низам хӀоттадаро я цунах дӀалачкъа вай гӀортаро дохор дац. ХӀаъ, вайн, билггал, дозанаш хила деза, вайна хьекъалалла хилар а деза. ХӀаъ, вай боданан гӀуллакхашкахь дакъа лаца ца деза. Амма и цӀандан ца дезарг, цӀандан гӀертий-теша вай? Оцу цӀандала ца дезачу хӀуманех ваьш а, кхинберш а цӀанбан ма гӀертий вай.

Сутараллех а, шен эгӀазаллин лаамех цӀанваларх а лаьцна Ӏийсас хӀара хьоьхура:

> Шайн долахь *дерг* къечаьрца декъа, тӀаккха дерриг а нийса хир ду шун.
>
> Лака 11:41, гочдар ингалсан меттан версира *NLT*, схьакъастийна авторо

Дала вайн чохь долчун цӀано хиларан гӀайгӀа бо. Цо Шен ДегӀ долчу – Динан Тобанна, хьехамаш барна иркарахӀиттайо со – куьйгаш а, тӀера бедар а бехъян еза хан тӀекхаьчна хиларх лаьцна,

вайн тӀех цӀеначу цӀеношна арахула дехачу адамашна гӀо а деш.

Иза дара, парушхо волчу ШамӀина хаа дезарг.

## ЦӀНДАЛАРАН ЛАККХАРА АКТ

Делкъе ян парушхо волчу Симонан хӀусаме кхайккхинера Ӏийса. Иза «цӀенчу адамийн» гулдалар дара, оцу цӀа чу меттигера нахаца лелаш йолу зуда чу яллалц. Ӏийса эццахь хир ву аьлла шена хазарна еанера иза. И дерриг хьал дохорхьама, ша деккъа оцу чохь гучуяларх а тоам хир боцуш санна, шеца шишанна чохь дезачех хьожа йогӀу зайтдаьтта а деана, Ӏийсана хьалха гора а яхана, иза Цуьнан когаш тӀе доьттира цо! Декъаза ШамӀа! Цунна луучух дерриг дара Ӏийсаца а, Цуьнан накъосташца а бакъхьараллица делкъе яр – ткъа иштаниг ца хилча ца магара! И дерриг а гина, ШамӀас шен даг чохь элира: «Нагахь санна и стаг пайхамар велхьара, Цунна хьалхе дуьйна а хиъна хир дара, Шех куьйгаш Ӏуьттуш йолу зуда къинош летийна юйла» (Лака 7:39).

ТӀаккха Ӏийсас ШамӀе хаттар дира. Цунна хаа лиира, шен декхарна гечдинчех муьлханиг хир ву баркалле: шен декхар кӀеззиг дерг я доккха декхар дерг. ШамӀас жоп нийса делира: шена дуккха а дерг гечдинарг, алсамо хир ву баркалле, аьлла.

ЦӀеххьана, шайн ма-хуьллу цуьнгахьа шайн тидам тӀе ца бахийта массо гӀертачу, нахаца лелачу зудчунгахьа вирзира Ӏийса:

> *ТӀаккха, зудчуьнгахьа дӀа а вирзина,* Цо ШамӀе элира: «Хьуна гуш юй и зуда? Со хьан чу веача, ахь Суна когаш била хи а ца делира, ткъа цо шен бӀаьрхишца Сан когаш башош, шен месашца уьш бакъийра. Со хьан чу ваьлча, ахь, Соьга маршалла хоттуш, барт ца баьккхира, ткъа и зуда, Со кхуза веачахьана, Сан когех барташ бохуш ю. Ахь Сан коьртах ур-атталла дораха зайтдаьтта а ца хьаькхира, ткъа цо Сан когаш тӀе деза, хаза хьожа йогӀу даьтта дуьтту. *Ас боху хьоьга:* цо оццул боккха безам гайтина, шен къиношна гечдина дела. Ткъа кӀезиг гечдинчо кӀезиг безам гойту».
>
> Лака 7:43-47, гочдар *Message*,
> схьакъастийна авторо

И аяташ – Iийсас динан эксперташ болчарна хьалха *оцу зудчух лаьцна* аьлла долу дIаяздина дешнаш ду, амма цул а лараме ду Цо *оцу* зудчуьнга аьлла дешнаш.

Iийсас цу зудчуьнга элира: «Хьан къиношна гечдина». Кхиболу хьеший ойла еш бара: «И мила ву, къиношна а гечдеш?» Iийсас цу зудчуьнга кхин а элира: «Хьан тешаро кIелхьаръяьккхина хьо. ДIаяло хьайна маьрша».

> Iийсас цу зудчуьнга элира: «Хьан къиношна гечдина». Кхиболу хьеший ойла еш бара: «И мила ву, къиношна а гечдеш?» Iийсас цу зудчуьнга кхин а элира: «Хьан тешаро кIелхьаръяьккхина хьо. ДIаяло хьайна маьрша».
>
> Лака 7:48-50, гочдар *Message*

Билгалдаккха деза, и къиношна гечдар, делкъе ян кхайкхина доцучех долчу, деккъа оцу цхьана адамна динера Iийсас бохург. Ткъа хIунда? ШамIас дина доцу, маршалла хаттар а, Цуьнан когаш билар а динера цо. Ткъа ШамIас ша тIех лакхара ву аьлла лорура, Iийсана хьалха муьтIахь хиларна, – амма иштта яцара и зуда.

Хила йиш ярий-те ШамIин а шен къиношна гечдар? Яра дера! Иза кхача йиш яра цу чохь мел хиллачун а. Iийсас ша дийцинчу кицанехула оццул дуккха а долчух кхетийра уьш, амма оцу минотехь ШамIа я ца кхийтира, я цо тIе ца ийцира, Iийсана бен далур доцу, шен дог а цIандала дезаш хилар.

Вешан дог цIандала дезарал, ваьш лакхара хилар вайна хетча, вай кхечарна кхел ян дуьйлало. Кхечарна кхел ярехула, уьш а доху вай, вайна ваьшна а оьшуш долчух. Билггал изза хилира ШамIица а. Цунна оьшург когаш билар дара. Цунна шега маршалла хаттар дезара. Цунна куьг кховдорехула хуьлуш долу товалар дезара. Амма оцу шена оьшуш долчу дерригенал а, ша лакхара хилар лаарарна, оцу гIиллакхех цхьа а ца лелийра цо шен хьешашца.

## СИЙЛАХЬ МЕТТИГ

Аса хIара могIарш язбечу хенахь, вайн заманан законникийн куьйгалхошка ша дуьйццучу хенахь, Iийсас Шен корта зударийн агIор берзош буй теша хIинца боху хаттар хIутту сан: «Шуна хетарехь, зударша къа латор тIех доккха ду, уьш тIеэца йиш хиларна, цундела тергал а ца бо те аша уьш. Хаза Дош дIакхачаде

массарна боху Аса тӀедуьллург, царах кӀеззиго хьакхало, аьлла, хета шуна. Амма хӀокху зудчух лаьцна масал далорца ас массо а зудчун тӀера дӀадаьккхина кхел яр. Шуна хетарехь, Хьавас латийнарг Адама латийначу къинал доккха дара, цундела аша Сан тойне бахка ца магадо царна, амма диц ма делаш – шайна дуккха а долчу къиношна гечдинарш, сов баркалле а хилар. Оцу йоӀаршна лараме меттигаш карор ю, ур-атталла Сан когаш биларехула а, царна тӀе даьтта доттарехула а тойне бахкар церан хилахь а».

Инзаре стен лоьмаш, тӀеана и хан, вай юха а вайн Далла вай хасто меттиг яларан. Иза иштта хилийтархьама, суна цхьаннан когаш била лаьа, сайн когаш а буьлуьйтуш. ХӀуъа а дан а, стенгга а даха а кийчча хуьлийла вай, вай долчу агӀор а хьоьжуш, Ӏийсан вайх воккхавер хилчхьана. ШамӀина моттара, оцу нахаца лелачу зудчо, ша дечу хӀуманца Ӏийсана бӀегӀийла ца хетар деана, амма Ӏийсас Ша элира, и зуда шен парталаллица цхьа дика дан гӀортар, исбаьха хӀума ду. Ма дохалаш, нагахь шайн гӀортаран хьалхарчу гӀулчашкахь шу каде ца хилахь а. ХӀетте а, и гӀуллакх долор хилийта аша. Цхьаьна а кхетий, Ӏийсан дог айадалар хилийтий вай, Цуьнан ала йиш хилийтархьама: «Со инзарваьккхина, Соьга болу шайн безам цара гайтаро».

Цхьа доккха лараме долу хӀума дей вай вайн Везачу Элана. Вай комаьршаллица вайн безам цхьанна кховдийча, тӀехьийзича, кхиберш тӀеэцча, вайна Иза дагавохар Ӏанадо вай Цунна тӀе. Вовшашца кӀеда-мерза хилий вай, Веза Эла юхаваре а, вайн юхадендалар хиларе а сатийсарца. Вовшийн когаш билий вай, ур-атталла бӀаьрхишца а. Уьш паргӀат охьаоьхийла, дуккха а гулдаллалц, Динан Тобанан когаш тӀера чан а, хатт а дӀабаккхархьама. Белхар дей вай, вешан къиношна тӀера а, дерриг дуьнен чохь зударшца а, берашца а нийсо ца лелорна тӀера а. Шух бина къинхетам, шун бӀаьргаш чуьра бӀаьрхиш охьаэхиттал тоам болуш бацахь, хуьлийла иза дуккха а болчу йоӀарийн лоллехь хиларан холчу хӀоттарехула. Шун бӀаьрхиша кхечеран когаш биларехула вайн Везачу Элан сийдар хуьлу.

Стен лоьмийн маршалла хаттаро а, кӀеда-мерзаллица вовшашна оьшург даро а билгалдоккху вай вовшийн тӀеэцар, цхьана тобанера хилар а гойтуш. Вайн хоттучу маршаллин кепо

гучудоккху вай муьлаш ду аьлла тӀеоьцу вовшийн бохург (шайн лидерш, накъостий я шайн мурдаш). Хьо кхечеран бӀаьргашкахь муха ю бохучо билгалдоккхур ду, хьуна оьшучуьнга кхинаш муха хьовсур бу бохург а. Стен лоьмийн масалло дӀадоьллу, кхечунна оьшург деш вай хьийзарца, вай цуьнан мехала хилар гойту бохург. И агӀо тӀеэцарца, вай вешан муьтӀахь хилар, ларам бар гойту. Вай хотту маршалла иштта олуш санна хила деза: «Суна хьо евза. Хьо мехала ю суна. Ткъа хьо тогӀи чухула чекхйолучу хенахь хьох леттачу хоттах лаьцна аьлча, соьга гӀо дайтахь хьайна тӀера и дӀабаккха».

Со хӀинцца цӀа кхаьчна шина дийнахь «стен лоьмашца» сайн хиллачу вовшахкхетарера. Иштточу вовшахкхетарехь со кест-кеста хуьлу. Вовшийн гича, тхо вовшна маралелха. Тхуна паргӀато йогӀу, дегнийн тем хилар догӀу. Гостиницехь оха ялхаммо ши чоь дӀалецира. Тхуна наб а кхетара, тхо сама а довлура цхьаьна. Дийнахь оха вовшашца хьошалла а лелош кофе-латте, юург оьцура. Буьса тӀееача, тхайн пижаманаш а юхий, тхо цхьаьна гуллора, вовшашка маршаллаш хоттуш, вовшийн оьшучуьнга хьажархьама. Вовшашца дегнаш дӀаделладелла а долуш, паргӀат тхайн баланаш балхабора оха вовшашна хьалха. Оцу хазачу накъосташна юкъахь бу дог дохар долу наной, я яьлла лелаш ерг, хӀинца а шен Ӏан меттиг билгалъяланза ерг, я синан тӀом барна кӀадъелла ерг, иштта цхьана хӀумане сатийсарца хьоьжуш ерг.

Тхайн хьалхара суьйре оха вовшашка маршаллаш хоттуш чекхъелира (Сан дагна хьо хьомсара ю! Ас сагаттадира хьуна!). Ткъа шолгӀачу дийнахь оха вовшашна «тӀехьийзар» санна дерг лелийра. (Хьо муха ю?). Тхуна вовшийн ницкъ болу а, эгӀаза йолу а агӀонаш евза. Наггахь уьш цхьатерра хуьлий а хаьа тхуна. Оха чолхе хаттарш до вовшашка. Цхьаьна дийла а дуьйлу тхо, делха а доьлху, доӀанаш а до, тхешан кхерамаш, къилахь дерг даьлла агӀонаш, эгӀазаллин меттигаш дӀайоьллу вовшашна. Тхайн вовшахкхетар вовшашна тӀера а, берашна тӀера а, хиндолчух лаьцна а доӀанаш дарца чекхдоккху оха. Со кӀад а лой, амма йоккхаер долуш цӀа йоьрзу: веччалгаш дӀаяьхна, хатт дӀабаьккхина, когаш билина.

И «тӀехьийзар» дарх марзо эца Ӏемина со, хӀунда аьлча суна хаьа: оцу йижарий-стен лоьмашна со еза, цара оьшучохь гуттара

гӀо а лоцур ду. Суна хаьа мел боккха меттиг дӀалоцу цара сан даг чохь, со шайна хетарг, царна а хаьа. Наггахь цхьатерра доцу хьажар а хуьлу тхан, амма иза дац оха уьйраш дӀахедайо бохург.

Муьлаш бу те и зударий, ахьа маршалла хатта дезаш болу? Хьуна гонаха долчу адамех хьанна гӀо дийр ду те хьан «тӀехьийзаро»? Вуй те цхьаъ, хьайна «тӀехьийзарехь» ахьа дакъа лацуьйтур долу?

8

# Стечу лоьмаша стратегически ойла а йо, иштта лела а лела уьш

Цо кхелахошна нийсонца кхел яран лаам лур бу, ткъа гӀалин кевнера мостагӀий дӀалохкучарна доьналла лур ду.

ЕШАӀ-ЯХӀУ 28:6, ГОЧДАР *MESSAGE*

Стен лоьмаш – саваннехь долчех уггар а онда долу дийнаташ дац, амма шайн цу тӀехь болу эшам стратеги хиларца а, дагца а меттахӀоттабо цара. Вайн йижарий-стен лоьмаша вовшашна юкъахь гӀуллакх до гергарчийн тобанан, стратегически цхьанакхеттачу командас санна. Оцу тобанна юкъабогӀу йижарий, ненан я ден йижарий, наной, йоӀарий, шичойх болу йоӀарий. Церан массеран гергарлонца йоьзна уьйраш ю, цундела царна вовшийн онда я эгӀаза йолу агӀонаш евза. Талла оьхучу хенахь, дайна кӀорни лоьхуш, я бераш кхиош, тӀекхуьуш долу чкъор лардеш, тобанерачу хӀора стен лоьман шен роль ю, шен дакъа лацар ду.

Цкъа хьалха талларан динамике хьовсур ду вай. Стен лоьмийн, уьш талла оьхучу хенахь, коьрта йолу кхо агӀо хуьлу: хенан хьесап дар, къайладовлар, меттиган йохалла ларар. Стен лоьмо хенан хьесап даро, коьрта меттиг дӀалаьцна а ца Ӏаш, дерриг а дӀанисдо. Цуьнан хаарш хуьлу, вайна а цуьнгара и хаар схьаэцча пайденна хир долу: хене хьоьгахьа хиларна тӀехь гӀо дайта. Талла дахарна гӀоле йолу хан билгалъяккхархьама, стен лоьмо хенаца а, серлонца а йолу агӀонаш цхьаьнатуху. Цо таллар гонаха долчу

хьоле хьаьжжина до, – маьркІажа хенахь, малх чубузале я сатасале. Цхьаннан а йиш яц малх чубузар сихдан я малх гучубалар сацо, цундела стен лоьмо собаре хиларца а, хІоттийначу Іалашонца а ладугІу. МаьркІажа хено къайлададаларна аьтто бо, цу тайпана махуьллу ша тІаьхьададаьллачу дийнатна улло дахар хуьлу цуьнан. МаьркІажчу хенахь Африкера саваннера дукхаха долчу дийнатийн бІаьрса лагІло, ткъа стен лоьмийн бІаьрса хийца ца ло (цунах лаьцна совдерг тІаьхьо дуьйцур ду вай).

Шена талларна оьшу серло нисъелча, цо ша дечу хьесапна тІетуху дийнатна тІекхетарна хила еза минот, бІегІийла йолу меттиг.

Дукхахьолахь стен лоьмаш дІаеллаелла йолчу меттигашка къайладовлу. Цхьа а хІума а ца хилча санна, дийнан серлонгахь гучудовлу уьш, шаьш тІаьхьадевллачу дийнатана мох хьоккхучу агІор а лечкъаш. Шена бІегІийла йолу меттиг билгал а йоккхий, стен лом лаьтта охьадуьжу.

Дийнатийн арданг шайна стен лом гича синтеме ца хуьлу. Иза уллохь хиларо дийна мел долу хІума дегоре даладо, ткъа цунна уллохьа нисделла дийнаташ, кхера а лой, дІасадаьржа. Кхераделла дийнаташ юхахьуьйсу, стен лом шайна тІаьхьадалар гархьама. Амма стен лом меттах а ца даьлла. ХІинца а хан ца кхаьчна. Иза, меттах а ца хьуьйш Іа, оцу дашо басахь йолчу бецана юкъахь башха къаста а ца къаьста иза. Ша ладоьгІучу ханна ур-атталла наб озаяла а тарло стен лоьмана, амма цуьнан наб кІорггера ца хуьлу. Шен гІуллакх долорхьама, нийса хин йолу минот тІекхаччалц шен ницкъ а гулбеш, ладоьгІу цо.

Кхераелла йолу дийнатийн арданг паргІатйолу, стен лом массарна а дицло. Уьш юха а, шайн кортош охьа а охкабой, дежа. Меттахъхьер доцу стен лом къаста а ца ло ша долчохь, тІаккха и тІекхета кечделла долу дийнат малло, мел кхераме ду цунна уллохь ша хилар бохург диц а лой. Стен лоьмана лууш дерг кхочушхуьлу гІайгІа бар доцуш уьш дежачу хенахь. ХІинца стен лом шен гІуллакхна кийча ду.

Бода булучу хенахь, стен лом меллаша, лаьтта охьа а теІаш, ша билгалдаьккхинчу дийнатна уллохьа догІу. Цуьнан даккхий тІаддаш лаьтта долуш хаза а ца хеза. Ша тІекхета доллу дийнат мел юххехь ду шена бохучун мах хадош, ша дІателе, корта лаьтта таІабо цо. ЦІеххьана хиларан а, нийса хиларан а эффект хилар

коьртаниг ду тIекхетар кхиаме хилийтарна, хIунда аьлча едда йоьдучу антилопица къовсалур дац иза. ЦIеххьана сихонца цунна тIе оьккху стен лом шен кIелонера. Антилопа Iадорца дIайоду; цуьнан тIаьхьара когаш халла кIелхьарбевлира стен лоьман ирачу кIомсарех, тасадала кийчча долчу. ТIаьхьаидар кхиндIа а ду. Иза цIеххьана, тешшийтина хиларна дукха Iадийна йолу антилопа, ша хIун до а ца хууш, нисса шена кIело йинчу агIор йоду. Кхечу стен лоьмо некъ хадабо цуьнан. Антилопа цунах ядархьама, дIайоьрзу, амма цунна хьалха кхин а цхьа стен лом дIахIутту. Дийнат дер сихонца хуьлу, къизалла яр дах а ца деш.

ТIе ца кхетаделирий-те хьалхара стен лом? Иштта хила а мега я ца хила а тарло иза, амма цхьаъ билггал дерг ду – оцу дика кечам бинчу стратегически планан декъашхо дара иза. Цицкийн тайпанех долчу дийнатех деккъа стен лоьмаш ду цхьанакхетар долуш, тайна хиларца таллар дийраш. ЦIоькъа лоьмаш, леопардаш, пантераш, гепардаш цхьацца оьху талла, ткъа деккъа стен лоьмаш цхьаьна оьху. Уьш – чIога исбаьхьа таллархой ду. ХIора стен лоьмо шен меттиг дIалоцу талла эхаран хаарш а Iамош шайн тобанерачу стен лоьмашца цхьаьна. Лоьмаш, ойла яр а доцуш тасало ардангана юкъара хьалха тIекхаьчначух катохархьама. Доцца аьлча, лом – буьрса дийнат дуьйриг ду. Ткъа стен лоьмаш сих ца ло … цара хелхар до. Церан дика цхьаьнакхетарца дечу талларо са хьалаузу. Цундела лору стен лоьмо доьналлица деш хилар таллар.

## ДОЬНАЛЛА

Суна тамехь ду «доьналла» боху дош. Суна там хуьлу, аса и дош олуш, суна хеталучух. Хьовсий вай иза ала… Доооьнаааллааа!

Цхьана хенахь дуьйна, айса адамашца къамел деш, дикачу ойланца даладо ас и дош. Ткъа оцу дашо гуттара а ладугIучийн цецбовлар хуьлуьйту. «Доьналла» боху дош дIатесна дац, цуьнан чулацамехь дерг дIадаккха а, дIадайа а кхиъна бац хIинца а, дуккха а долчу дешнашца иза дина ма-хиллара. Стен лоьмо санна, доьналла бохучу дашо, цхьана агIор аьлча, цхьа сий дар санна дерг кхолладолуьйту: оцу элпашна гонах цхьа къайле йолуш санна хетало.

Соьца дIасаоьхучу кегийчу зударша, и дош наггахь кхечу

дешнашца дозуш леладо, муха аьлча бІегІийла хир ду те бохучуьнга а хьожуш. Цара бевлла лелачу нехан доьналла хила дезарх лаьцна олу; шайн карара хІуманаш багаж чу дІалочу нехан доьналла хиларх олу; доьналлица шайн хІуманаш дІахьарчорах олу; доІанаш дечу хенахь хуьлчу доьналлех а, динан хьехамаш беш болчеран доьналлех а лаьцна а олу. Вайна лаьа и «доьналла» боху дош цхьа керла юкъадаьлла долу дош санна тІеэца.

Ткъа ма-дарра аьлча, «доьналла» бохучу дешан чулацаман масех агІо ю, зударшна уьш йовзар а хилла, шайн дахарехь кхочушъяр дика хир йолу, – мухха а делахь а, суна чІогІа луур дара цара иза дар. И «доьналла» боху дош «таллар» бохучу дашца дозарал сов (масала, вай стен лом – талла эхарна тІехь доьналла долуш ду бохург исбаьхьа масалла ду), суна луур дара дуккхазза а иштта долу дешнаш цхьаьна алар: *«сацам боцу доьналла», «стратегически доьналла», «береш кхиорехь долу доьналла», «оьмарехь доьналла хилар», «юкъаметтиг лелорехь доьналла хилар».*

Цу тайпана йолу варианташ дуккха а ю. Амма стен лоьмо ца боху доьналлех лаьцна – иза ша а ду доьналла.

Нагахь доьналлин цхьа кеп елхьара, иза билггал цициган кеп хир яра. Суна жІаьлеш дукхадезахь а, сайн йоркширски терьерах лаьцна олуш, иза цунна ца догІу, аьлла хета суна. Доьналлин цхьа бос белхьара, суна хетарехь, иза дашо бос хир бара. Цуьнан кІадих аьлча? ТулгІенаш санна хьийзина тІаргІа ала мегар ду. Доьналлин цхьа Іалашо йолу болар ду, ткъа оьшучу хенахь, гІеххьа шаршар а хуьлуш. Доьналла нуьцкъаша шена чуьра арадаккхалур дац я гайталур дац, амма иза кхио а йиш ю, кхио а деза. Нагахь хьан и доьналла делахь, иза хьан долахь хуьлу. Доьналла стен лом онда дийриг ду. Иза шен болчу ницкъах ца кхоьру. Мелхо а, оцу ницкъ хиларо шех тешна хилар дохьу цунна.

Сан компьютер тІехь долчу *Encarta* дошам тІера синонимашка хьаьжча, *«доьналла»* (ингалс. маттахь *prowess*) бохург ишттачу агІонашца доьзна хилар го: «каде хилар, исбаьхьалла, майралла, шен меттахь хилар, хаарш хилар, карадерзор». Цул сов, суна тамехь хета англ. *prowess* бохучу дешан шалха долу билгалдаккхар: «1) башха хьуьнар хилар, говзалла хилар я хаарш хилар; 2) къаьсттина йолу майралла я къонахалла»

Стен лоьман ма-хиллара, хьан а ду доьналла. Оцу башхачу хьуьнаро, ницкъо я майралло ладоьгӀу хьайн дахарехь ахь шаьш гучудахаран миноте. И агӀо къайлаяьлла хила а тарло, ша иркарахӀотторан дешнашка ла а доьгӀуш, дӀаделладалар долорхьама, амма цкъа а шеко ма яийталахь, иза хьайна чохь хиларх. Дала вайх хӀораннан а кӀоргенехь къайладаьхна похӀманаш а, хьуьнарш а. Вайн декхар ду – уьш гучудахар а, кхиор а. Доьналло ала там бу: «Суна дерриг а ца девза, дан а ца хаьа, амма, и сайна хуург, ма-хуьллу дика дан гӀерта со». Дукхахьолахь доьналла гучудала йиш ю вайн цхьаццачу ловзар тӀехь, спорт ечу хенахь я забаренна цхьацца ролеш вай хӀиттош. Дуй теша хьуна чохь цхьа арадала гӀертарг, массарна а гойтуш иза ловзоре а доккхуш? Иза хила там бу, билггал долчу доьналлин и хӀу, хьуна чу диллина долу, тӀаккха майраллица шайна хьалха хӀоттийначу Ӏалашоне кхача гӀерташ долу стен лоьмаш хьайна гича, дог дегадар доуьйтуш. Талла оьхуш, я шайн кӀорнеш Ӏалашдеш, я Ӏамош уьш делахь а, цара шаьш дийриг дерриг а дика до.

ХӀунда олу те стен лоьмаша кхоччуш долу доьналла гойту шайн талларехь? Цара шаьш лакхара ларарна тӀехь, муьлха меттиг дӀалоцу бохучунна тӀехь, вовшашца эмгаралла а йоцуш, къийсарш а доцуш, таллар цхьаьна до. ХӀора зудчун дечу гӀуллакхан юкъадиллар а, дакъа лацар а цхьатерра лараме ду. Хьо *хьуо ма-ярра йиса еза!* Кхечун похӀмане хьаьжжина цхьа хӀума дан гӀертаро цхьанна а диканиг дохьур дац, уггар хьалха – хьуна хьайна. Ша тайпана амал хилар я дустарехь, я тера хила гӀертарехь, я къовсамехь ца кхоллало. ХӀора стен лом шен долу хаарш кхачаме хиларе дӀагӀерта. Дика хир ду, нагахь вай а цу тайпана хила гӀортахь.

> Иштта вай а, ваьш дукха делахь а, Дала леррина
> Къобалвинчуьнца а долуш, цхьа дегӀ ду, ткъа вайх хӀора
> а цу дегӀан вовшахтоьхна меже ю. Вайна хӀоранна а,
> Дала шена деллачу дикане хьаьжжина, похӀма делла.
> *Делера болу хаамаш баран похӀма хьайна деллехь, иза*
> *дӀакхехьа, хьайн долчу тешаре хьаьжжина.*
>
> Римхошка 12:5-6,
> гочдар *Message*, схьакъастийна авторо

ТӀехкхиаме болчу спикерша динан хьехамаш бечу конференцишкахь хуьлу со. Царал тӀаьхьа айса хьехамаш беш, кест-кеста сайх бӀацаболар хаалора суна. Сой зерехула а, сайх гӀалаташ довлийтарехула а суна хааделира, уггар дика дерг – иза хьой хиларе хьаьжжина, хьо ма-ярра йисар. Дагахь латтаделахь, хьо цхьаммо а ца кхойкху, хьо кхечунах тера хилийтархьама. Царна хьо еза.

Лакхахь далийначу аяташкахь «башхачу кепехь дӀахӀоттийначу, исбаьхьчу кепара шайн гӀуллакх деш йолчу Дала леррина Къобалвинчун дегӀан меженех лаьцна айса доьшуш, вайн «доьналла» боху дош а дагатосу суна, хьан кхоллар сийлахь вегавар доуьйту а, инзаре хӀума а хилар бохучу агӀонашца доьзна хилар а дагадоуьйту суна. ХӀунда аьлча Дала вайна кӀиллоллин са хилийта ца делла Шен Са, ткъа вайн синан ницкъ хилийта а, безам зуьйш а, вай кхетаме хилийта а делла (хь.: 2 Тимапига 1:7, гочдар *NKJV*). Хьо исбаьхьа кхоьллина яра (дукхаха долчу ингалсан гочдарехь – «хьо сий дарца боьзначу кхерамца, егорца а кхоьллина»), ткъа иза данне а дац кхераелла я кхоьруш кхоьллина бохург. Хьо, сан исбаьхьа йиша, кху лаьтта еана, гонаха массанхьа а кхерамаш болчу хӀокху хенахь, мел исбаьхьа ву вайн Дела бохург гайтархьама. Хьо «инзаречу тайпана меттахъхьуьйш долу дакъа» хиларе кхайкхина ю, иза а, суна хетарехь, доьналла гайтаран кхин а цхьа агӀо ю.

Дала вайх хӀорранга а кхайкхам бо къаьсттина а, дерриш цхьаьна долуш а вешан позициш вай дӀалацаре, иза стен лоьмаша а ма-дарра – хӀора а шен меттахь а, хӀора а шен ницкъаца а йолуш.

Стен лоьмийн талла эхарехь кхиаме хиларх лаьцна Африкера дукхаха йолчу культурашкахь гойтуш ду. ГӀарабевлла болчу тӀемалошна я таллархошна «стен лоьман кӀант» аьлла цӀе туьллу. Цунах лаьцна Делан Йозанаш тӀехь а ду:

> Хьан нана стенах тера ю? Иза стен лом санна ма ю!
> Лоьмашна юкъахь Ӏуьллуш а яра иза, циггахь шен
> кӀорнеш а кхиайора цо. Царах цхьаъ йоккха хилла, цунах
> нуьцкъала лом хилла. Иза шена ижу лаха Ӏемина, ткъа
> цо адамаш, цеста а цоьстуш, доура.
>
> Яхьазкхиал 19:2-3, гочдар *Message*

Амма стен лоьмаш шайн кIорнийн гIайгIа бина ца Iа; дуккха а долчу дийнаташа а до изза. Шайн тобанера даккхий хиллачу а, чевнаш хиллачу а стен лоьмийн а кхиндIа а гIайгIа беш хиларца девза стен лоьмаш. Цара, клейо хIума вовшахлаторе терра, тоба цхьаъ хиларца вовшахтуху, цхьааллехь хила ма-дезза шайн гIуллакх дархьама.

Лоьмийн куц долу кеп ю, уьш шаьш гайта ца кхоьру. Ткъа стен лоьмийн ницкъ хилар, мелхо а шаьш-шайн гучу ца дахарца доьзна ду. Цара шаьш уллохь хилар гучу ца доккху талла оьхучу хенахь, иза церан Iалашонашца ца догIу дела. Шайн кIорнийн гIайгIа барца доьзначу агIонах аьлча, церан къайладовлар хила дезачех коьртаниг ду. Амма церан кIорнеш кхерамехь хилахь, иза кхечу тайпана дерг ду!

> Хьо ижуна тIаьхьаволу те нана-лоьман дуьхьа, мацделла лелачу цуьнан кIорнеш юзорхьама, уьш шайн бен чохь дIатебна Iачу хенахь я уьш коьллаш юккъехь кIело йина Iачу хенахь?
>
> Аюб 39:40, гочдар *Message*

Делан Аюбаца хиллачу къамелах лаьцна долчу оцу аяташа дIадоьллу вайна, билггал Дала Iамош хилар стен лом талла а, ижуна кIело ян а, шайн кIорнешна оьшучу юучун гIайгIа бан а, иза юхадерзаре ладоьгIуш Iаш долчу. Башха хIума ду иза, муха хуьлу те и? Вайн исбаьхьчу Дала цхьацца шайга аьлларг дарна я дог доуьйту агIонаш хиларна меттиг ло теша царна, шайна хиъначунна тIехь кхиндIа а кхиамаш а бахийта гIо а деш? Я Дала деллачу садаIарца кхоьллинчу агIонаша Iамадо те и стен лом талла эха а, кIорнеш дузо а, вай а тамашена кхоллина хиларна, вайна чохь а Делан юьхь лаха а, вовшийн деза а йолу агIонаш самаяккхаре терра?

## АКХА ТIАЬХЬАДОВЛАР

«Таллар» бохучу дашах хьан болу кхетам шорбан луур дара суна, иза деккъа, цхьа хIума «ден а дийна, тIаккха иза даар» бохучуьнца доьзна ца Iа. *«Таллар»* бохучу дашо ингалс маттахь а гойту тIаьхьавалар, лахар, ур-атталла кIелхьарваккхаран акци а. «Таллар» бохучу хандашо гойту *«тIаьхьавалар, хьийзадар,*

*схьалацар, кIело яр»* бохург. Суна жимма тамашийна хийтира, вай Дела лахар гойту дешнаш а уьззаш хилар.

> Сан Веза Дела! Ахьа со ларвар лоьху ас. Массо а суна тIаьхьабевллачех кIелхьара а ваккхий, Ахьа паргIатваккхахьа со…
>
> Забур 7:2, гочдар *Message*

И санна долу таллар самукъане хуьлу! Суна хазахета «акха хиларца Далла тIаьхьавалар», иза кхоччуш тера ца хуьлу вайна массарна а евзаш йолчу Iуьйранна набарх валарца хуьлучу Делаца тийна йоккхучу хенах. «Акха хиларца тIаьхьаваларо» и гIуллакх цу сохьтта хила дезар, цуьнан сихо хилар, оцу лахаран цхьа Iалашо хилар гойту. Оцу аяте кхечу агIор хьажа а йиш ю, цхьана акха долчух а, кхераме долчух а дIавадар санна я цхьана акхачу а, инкарло йолчу а меттигехула Далла тIаьхьавалар санна дерг масалле а оьцуш. Суна и шиъе агIо а тамехь ю. И шиъе агIо самукъане ю, делахь а, суна-м хIетте а акха а, кхераме а долчух чекхваларца Далла тIаьхьавалар гIолехь хета. Суна иштта ойла а тамехь ю, Веза Эла а цу тайппана акхачу боларца суна тIаьхьавала йиш ю бохург. Наггахь, сайн корехь гуш долчу лаьмнийн регIа тIе а хьоьжуш, аса шабар-шибар до: «Веза Дела, Хьо мила ву-те? Хьан ницкъехула а, чIагIонгахула а суо йовза лаьа суна!» – олуш.

Аса бохург, билггал Далла тIаьхьаваларца, Иза лаца йиш ю бохург дац. Иштачух лаьцна-м ойла яр а сонта хир дара. Амма наггахь Цуьнан нур лаца аьтто хуьлу вайн. Цунна чохь къайладаьлла ду, аса лоьхуш мел дерг. Сан хьоменаг, хIинццалц цкъа а ца хааделлера суна цу тайпана болу, юхататта йиш йоцу, талла вахарна болу кхайкхам хилар. ХIинца тIееана и саццаза Далла тIаьхьадовла деза хан. Назмаалархочо яздина:

> Сан дешнаш дIахазахьа, Веза Эла, тергам бехьа сан узарийн.
>
> Забур 5:2,
> гочдар ингалсан меттан версира *NLT*

«Таллар» бохург иштта «лахар» бохург а ду. Оцу дешан чулацамо вай хьалха дийцинарг гойту.

Веза Воккхачу Делан йоIарий хиларе терра, вай жоьпаш,

хьекъалалла, ницкъ хилар лоьху. Вай Далла тӀаьхьадовлу, Цуьнан вай схьалаца йиш хилийтархьама; ткъа Цо вай схьалаьцча, кхечу адамашна Цуьнан серло а, дахар а гучудер ду вайх.

Дикалла а, безам а хуьлийла соьца сан дахаран дерриг а деношкахь, тӀаккха Везачу Элан цӀа чохь сайн тӀейогӀу хан чекхйоккхур ю ас.

> Дикалла а, безам а хуьлийла соьца сан дахаран дерриг
> а деношкахь, тӀаккха Везачу Элан цӀа чохь сайн тӀейогӀу
> хан чекхйоккхур ю ас.
>
> Забур 22:6, гочдар *Message*

Хьекъалалла а, хьехам бар а карон йиш ю, шаьш Далла тӀаьхьабевлла а ца Ӏаш, амма Иза шайна тӀаьхьавалар а хааделлачу зударшна юкъахь. Инзаречу тайпана синошца карлаялар хиллачу хӀора зудчун йиш ю, Делан безаман а, къинхетаме хиларан а дакъа кхечуьнца декъа. Лаьтто ладоьгӀу шен гар хиларе, Делан хазалло а, безамо а дӀалаьцна а ца Ӏаш, зударийн юкъаралло мобилизаци йича, хӀун хир ду те бохург а. Хьо, сан хьомениг, билггал бакъдолчунна а, кху дуьненахь болчарна муьлха жоьпаш деза бохург довзарна а тӀе болчу боларан декъашхо ю. Делан Ӏалашонехь долу, шайца цхьаьнакхетар хила дезаш долу, вайн партнёраш болу йижарий карорхьама вай доьлхучу походе, вайн Лом санна волчу Ӏийсах лаьцна долчу довзарца бен ца доьлху вай. Зударшна бен нийса далалур доцу хаттарш хуьлу. Иштта дуьнен чохь болчарна дӀаделларна, Дала билггал вайна тӀе диллина долу жоьпаш а хуьлу. И дагалацам кхочушхилийтархьама, вайн вовшахкхетар а хуьлу.

Вайн стен лоьмаш долу йижарий талла дахале хьалха вовшахкхета. Цара цхьаьна са а доӀу, мацалла а лов, уьш дӀаса а озало, хьала а гӀовту. Шаьш цхьаьна талла дахча, цара шайн-шайн меттигаш дӀалоцу, ткъа дерриг а чекхдаьлча, цара той хӀоттадо. ТӀаккха иза юх-юха а хуьлу. Церан позициш хийцаяла там бу, амма и стен лоьмаш хӀетте а цхьаьна дуьсу!

ГӀараяьлла культуролог а, антрополог а йолчу Маргарет Мида, дуккха а шерашкахь тайп-тайпанчу куьлтурашкахь дерг Ӏамийначул тӀаьхьа иштта жамӀ дира: «Доьзалшкахь хуьлчу

юкъаметттигашкахь вовшашца уггар а къийсаме хилар йижаршна юкъахь хила там бу. Амма йижарийн кхиар а хилла, уьш баккхий хилча, и уьйраш уггар а чIогIа хиларе йоьрзу».

И дешнаш ма дешнехь, ас ойла йира: «ХIа, билггал хуьлуш дерг иза хилла-кх! Вайн кхиар а хуьлий, даккхий хуьлу вай!»

*«Зударша бечу гIайгIан ницкъ»* бохучу книгана оьшу материал айса гулъечу хенахь, суна хааделира, шайн дахар цхьааллица кхуллуш болчу, Делан Iалашонех стратегически кхетар долчу зударех лаьцна Делан Йозанаш тIехь далош масаллаш билггал ца хилар. Сан ур-атталла жимма сингаттаме йожар деара и бахьанехь, цхьаъ вукхунна накъост я теш хилар гойтучу зударийн масалла сайна мичахь кароr дара-те бохучун айса ойла еш. Суна чIогIа лаьара, муьлхачу масаллина тIаьхьахIотта йиш яра сан бохург хаа. Гой хьуна, Дезачу Сино цхьана билггал йолчу процессах вай чекхдаххалц, и стен лоьмаш санна, вай лакхадевр дац.

Аса Делан Йозанаш тIехь дерг толлушехь и масала каро гIерташ, суна хааделира Дезачу Сино шабар-шибар дар: «ЙоIарех лаьцна болу и корта хIинццехь язбеш бу. Оцу Сан йоIаршка и истори тIех дика язъе ала!» – бохуш.

Кхерамечу хьолехь йиса ца лаьа суна, хьоьга дIа ца хаийтарна, ахьа дакъа лаца бина сацам мел коьрта а, дIадаккхалур доцу а хIума хилла дIахIотта йиш ю бохург. Кхетий теша хьо и хун ду бохучух? Вайх хIораммо къаьстина а, массара цхьаьна а Делан йоIарех лаьцна йолу истори язъеш ю, йижарийн тобанехь болчийн гергарлонашкахула уьйр хиларца йоьзна йолу. Уьш вовшаххкхета, шайн дахаран историх лаьцна ма-дарра дIаяздархьама, цхьа а дош, цхьа а гIуллакх, цхьа а сацам эрна дайар ца хуьлуьйтуш. Суна го, ишттачу цхьанакхетарехь Делан стен лоьмаш саццаза болчу ницкъаца а, исбаьхьаллица а, кадаларца а гIовтуш хилар.

## НИЙСОННА ТIЕГIЕРТАР

Вайн цхьаьнакхетар Дела вовзарна а, Цо ло жоьпаш довзарна а хилла а ца Iаш – вайна иштта нийсо ларъяр хилийтарна гIовта деза хан тIееана. Оцу гIуллакхна билггал юридически хаарш

хилар ца оьшу. Бохамаша йохьучу нийсо ца лелоран тӀахьенех бовдучарна кӀелхьарбовла йолчу меттиган бух санна кхоьллина бара вайн мохк. Вайн бакъонийн системано шайн кхел яр Дала къастийначу динан цӀеношкахь до, билггал бакъдерг лардар хила дезачохь. Амма тӀаьхьарчу хенахь гӀовгӀа яккхарца кхелахоша бинчу сацамаша ойлане волуьйту, мекарчу юристийн актерски ловзарш хуьлчу сценех тара-м ца белла теша уьш бохуш.

> Цо кхелахошна нийсонца кхел яран лаам лур бу, ткъа гӀалин кевнера мостагӀий дӀалохкучарна доьналла лур ду.
>
> ЕшаӀ-ЯхӀу 28:6, гочдар *Message*

Оцу аятан чулацамехь тамашийна долу довзийтар ду. Нийсо бохург, законан масийтта агӀо кхочушъярал совдерг ду. Цо чу лоцу ойла яр, иза кхочушъяр бохург. Вайна хьекъалалла довзар оьшу, кхелахошка, тешамечу векалшка, халкъ а, цо дийриг а нийсонца доцучунна тӀера генна а доккхуш, иза нийсонехь дерг дайтарна хьажош долу жамӀ дайтархьама. Билггал бакъ йолу нийсо латторхьама, онда а, дика а болу лардархой оьшу.

Цхьана хенахь «нийсо» боху дош, вайн мехкан дикачех йолу агӀо гойтуш дара. Сан бераллехь хиллачу цхьана турпалхочун кхайкхам иштта бара: «Билггал бакъдерг, нийсо, американ некъ».

Кхел ечу меттигашка нийсо юхайоьрзур ю, ткъа догцӀена мел берш цунна тӀаьхьахӀуьттур бу.

> Кхел ечу меттигашка нийсо юхайоьрзур ю, ткъа догцӀена мел берш цунна тӀаьхьахӀуьттур бу.
>
> Забур 93:15,
> гочдар ингалсан меттан версира *NLT*

Вай нийсо денъян еза. Вайн юридически системо нийсонца кхел яран хаадалар дайина хиларх кхоьру со. Бакъахьара дегнаш дерш нийсоне гӀерта. Хьан дог нийса хилча, нийсо ца лелорах догдолу хьан. Ас хӀинца бохург деккъа кхел яран системица доьзна ца Ӏа, – иза дахаран массо а агӀонашца доьзна хила деза. Ӏедало, динан тобано я кхечу цхьаммо дуьнен чуьра нийсо денйийр ю бохуш вай Ӏашшехь, зударий а, бераш а леш ду.

Суна хетарехь, вайна массарна а цхьатерра хетарг ду, нийсоне гIертарна юкъадогIу, вайн бераш зуламе мел долчух лардар.

Шайн хаарщца, шайн доьналлица а стен лоьмаш цхьаьнакхета, шайн кIорнеш лар а деш. Нагахь шен кIорнешна цхьа кхерам тосуш белахь стен лоьмах тIемало-стратег хуьлу. Суна цхьа фильм гинера, лоьмийн тобанна юкъа кобра еана. Валар дохьуш волу мостагI шайна юкъахь велахь а, стен лоьмаш синтеме дуьсура. Оцу агIонна дуьхьал цара динарг дара, тийна хиларца, низамехь а, сихонца а шайн кIорнеш кхерамаза болчу метте дIадигар. ХIора стен лоьмо, шена уллохь долу кIорни кхесан бухара ка а тоьхна, сихха оцу дIаьвшечу лаьхьанна генна дIадаьккхира. Цхьа стен лом кхечу кIорнешца ша долчохь дисира шен йижарий лоьмаш юхадахкалц йолчу ханна, лаьхьа стенга боьду а хьоьжуш.

Со цецъяьллера, и шайн кIорнеш юххехь долчу ханна уьш оцу кобрех таса ца дала стен лоьмийн хьекъалалла кхачарх. Иза кIорнешна кхераме хилла а ца Iаш, цара новкъарло а йийр яра къовсамехь. Уьш кIелхьардаьхначул тIаьхьа стен лоьмийн йиш яра кобра я дIалалла, я хIаллакъян. Цара сихха сацам барехь церан тактикех а, стратегих а кIорггера кхетам хилар гучуделира.

Стен лом кийчча хуьлу шайн тобанера дерриг а кIорнеш, кIорггера шаьш кхоа ца дар долуш, кIелхьардаха. Цо кхерамехь дуьтур дац я шен кIорни, я шен доцург. Стен лоьмаша, цхьаьна таллар дина а ца Iаш, шайн кIорнеш а цхьаьна кхиадо. Цу тайппана вай а ваьш кхоо ца деза, лаьттара массо а бераш церан дахарна а, могушаллина а кхераме долчух лардарна. Деккъа шайн берийн гIайгIа барх тоам ца хуьлу. Вай тIом бо вешан цIахь а, я арахула а. Вайна юххехь долу бераш а, генахь дерш а лардарна дIахIитий вай.

Стен лоьмийн шайн кIорнеш лардан болу лаам тIех чIогIа хуьлу, цундела шайн кIорнеш гучу а йовлале кечам бо цара оцу агIонан. Дала Iаламехь шаьш иштта кхолларе терра, шайн кIорнеш цхьана хеннахь дуьнен чу дахар а нисдо цара. Цу тайппана церан цхьана хеннахь пхорах хилар а, уьш дуьнен чу дахар а хуьлу.

Иштта, билггал аьлча, тобанера массо а стен лом пхорах хуьлу. Стен лоьмаш кхета, шайн кIорнеш цхьаьна хеннара хиларехула церан дийна йисар а совдер ду цхьатерра йиш хиларна ижу хила

а, Iама а бохучух. Нагахь гобаьkkхина Iункаралелхаш и дашо басахь долу лоьмийн кIорнеш делахь, царна тоам болуш юург хир ю, уьш дакхо стен лоьмаш хир ду. Тобанера стен лоьмаш вовшашна гергара долу дела, цара вовшийн кIорнеш Iама а до, царна юург ло. Тобанехь цхьана хеннара а, цхьана кепехь а долу кIорнеш шайн вежаршца, йижаршца цхьаьна хьалакхуьуш хилар дуккха а гIолехь ду. И бохург ду уьш цхьатеррачу кепара а, ритмехь а дIаоьхур ду къовсаршкахь лата Iамарехь, юург яарехь, садаIарехь, ловзарехь, ткъа оцу агIоно вовшашна оьшуш долу Iамар, хаарш, иштта и лоьман кIорни хилла а ца Iаш, цуьнан хин йолу тоба а дийна йисарна а гIо дийр ду. Стен лоьмаша шайн кIорнеш Iамайо, царна нийса лелар а хьоьхуш. Акхачу Iаламехь гIалатло ялийта бакъо хуьлийла а дац. Нагахь шена хьоьхуш долчух билгалдаьkkхинарг дIа ца эцахь, цуьнан шен дахар а, хинйолу тоба а кхерамехь хир ю.

Ломийн кегий кIорнеш, ловзарехула талла эха Iема. Дукха кегий долуш дуьйна талла эхаран агIонаш Iема царна. Церан наной, шайна уллохь ирхлелхачу а, ловзучу а кIорнешка а хьоьжуш, Iохкуш хуьлу. Уьш а цаьрца ловза а юлу. Стен лоьмаша, шайн кегийчу кIорнешца дина а ца Iаш, вовшашца а къийсарш до. Цара шайн кIорнешна уьш а ницкъ болуш хилар гайта магадо, шаьш а охьаоьгуш, вовшех тийсалуш, Iункарлелхаш леларехула.

Цу тайпана самукъадаккхаран цхьа билггал йолу Iалашо ю – тобанера хIора декъашхочунна шен нуьцкъала агIонаш гучуяккха гIо дар. Далла хазахета, вайн дийлар, рекрационни ловзаршца ловзар. Жигарчу тайпана долу садаIар, ницкъ меттабалор бохург чулоцуш долу «рекреаци» бохучу дешан чулацамехь дерг «юха кхоллар» бохург санна а лара тарло – вай цхьана агIор аьлча кхолларан процессе юкъадалор санна хуьлу иза.

> Суна гIо а Хьоьгара ду, Хьан тIемийн IиндагIехь со воккхавеш хир ву.
>
> Забур 62:8, гочдар *Message*

Стен лоьмийн пхора хилар а, цара и кIорнеш дуьнен чу дахар а цхьана хеннахь хуьлу, уьш вовшахкхетарца дузор а, Iамадар а хилийтархьама, бохург сайна хиъча, суна Дезачу Синан шабар-

шибар хезира: «Лиза, хӀора беран а бакъо ю дийна дисарна. ХӀора берана иза Ӏалашдар, дузор, Ӏамор, царна оьшург латтор хила деза. Берийн аьтто хилар – вайн декхар ду. Вай цхьа старатеги хиларца тӀегӀорта деза нийсонца йоьзначу проблемин сацам беш.

## НУЬЦКЪАЛА ЖОП

Ткъа *Homo sapiens* тайпана йолчу ненан мел совъяла еза, шен доцучу берийн а гӀайгӀа бар а, уьш кӀелхьардахар а йолу агӀо!

> Нанна дицлур дуй те шен декхаш долу бер, ша динчу берах къахета йицлур юй те иза? Нагахь нанна шен бер дицлахь а, Суна цкъа а йицлур яц хьо.
>
> ЕшаӀ-ЯхӀу 49:15, схьакъастийна авторо

Нанас ша дина шен бер дуьтийла ду бохург, дагатаса а хала ду, цундела Дала ша аьлла: «… цунна а иза дицделча а…». Оцу аято чӀагӀдо, зудчо, шен амалехь ма-хиллара, шен бер дӀатосийла а, я цунна халахетийта а йиш яц. Суна иза халахетахь а, вайна иштта хуьлийла а дац бохург, хилла дӀахӀоьттинчу хенахь дехаш ду вай. Кест-кеста хеза вайна керланаш чохь наной шайн берийн могушаллина кхераме долчух ца къахкарх лаьцна, наркотикаш, малар я ахча бахьана долуш.

Дукха хан йоццуш прессехь цхьана шина йоӀах лаьцна яздина дара (цхьана доьзалера боцуш болу), уьш цхьана зудчо, майрчо лачкъийнера. Царах цхьаъ берхӀитта шарахь дӀакъевлина латтийнера, оцу хенахь цо ши бер а дина, уьш дакхийнера. Кхиниг шен цӀера лачкъийнера, иза исс баттахь лачкъийна латтийнера. И ши йоӀ хьийзош, етташ кхаьбнера оцу адамаш шайх олийла доцуш, къиза акхарой ала догӀучу наха. Оцу доьзалшкара бер ца хуьлуш хиллачу шина а зудчунна кхел йинера, уьш шайн майранашца цхьаьна тайна хиларна и зуламе гӀуллакх деш.

Сан кӀант, Алек, оцу зуламехь дакъа лоцуш зударий а хилла аьлча, чӀогӀа цецваьллера. «Оцу зударша гӀо хӀунда ца динера уьш дӀахеца?» – бохуш, инзарвалар деанера цунна, зударша берашна гӀо дан ца гӀоьртинчу дуьненах дагалаца а хала долуш.

Ас цунна делла цхьаъ бен доцу жоп дара, и ши зуда

цомгуш хилла. Церан харжам бара, амма и шиъ бен доцуш Iийна. Цхьана бахьаненна оцу шина а зудчун ненан долу дог самадаьлла ца хилла.

Вайна наггахь моьтту, зударшна божаршкахьара таIдар хуьлу, амма иза гуттара а ца хуьлу иштта. Оцу зударшна хаьара шайн цIахь доллург, амма цара хIумма а ца дира дуьхьалонна. Цу тайпана и йоIарий хьийзабар, бен доцуш, дуьтура цара.

Ала деза, оцу шина а ницкъбархочо Делан Йозанаш тIехь дерг талхадора, шайн зударшка а, кхечу йоIаршка шаьш бохург дайтарна тIехь тIехбовлар а хуьлуьйтуш. Берриг а мохк инзарбаьллера оцу зударша шайн майранийн хьаьйна лаам кхочушбарна тIехь дакъалацарх.

Ткъа стечу лоьмо, мелхо а, муьлххачу а кхераме долчух кIелхьар йоху шен кIорнеш. Суна иштта йолу меттигаш евза, нагахь лоьмаша лелочу агIонаша шайн кIорнешна кхераме дерг дохьуш хилча, стен лоьмаш, цхьаьна а кхетий, шайн тобанерачу лоьмашна дуьхьал довлуш.

ХIокху халачу ларамечу заманахь вай, цкъа а ца хиллачу кепара, хьекъалца могуш зударий хила деза, Делан Дош «нийса хьехар долуш», цу тIехь долчуьнца дехаш долу (хь. Тимапига 2:15). Вай хьекъале а, нийса а хьажар хила деза стен-боьршанаш, муьтIахь хилар, биллам боцу аьлларг дар бохучу агIонашка доьзал дIахIотточу хенахь. Делан Iалашонашна юкъа ца догIура оцу принципехь цхьамма хилла а кхечу нахана кхераме дерг дар. Церан Iалашо – могушалла, дика дахар а ю.

Къона а, лазаме а берш ларбар – вайн декхар ду. Стен лоьмашка терра, вай а гуттара лаха беза бераш лардаран некъ. Дала шайна деллачу ненан дегахьехамехула стен лоьмийн, цхьаболчу зударшна бицбелла болу, кхетам хуьлу: нанас бер кIелхьардаккха деза, и бер шен дацахь а, бохучух.

Схьагарехь, деккъа шен бер дуьнен чу даккхаро зудчух нана ца хуьлуьйту. Масех бутт хьалха ерриг Америка инзаръяьллера нанас сексуальни лолла йоьхкина йолчу, цхьана хазачу, самукъанечу пхи шо кхаьчначу йоIа дийцинчух. Оцу йоIан дегI Къилбседехьарачу Каролинера цхьана юьртара некъ чекхболлучохь йолчу хьуьнхахь карийнера. Суна егаяр

догӀу, кхин а хӀун керланаш хезар ду теша вайна хӀара книга чекхйоккхун йолчу хенан юкхахь бохург дагадеача.

Далла бу хастам, вайх дуккха а долчарна цу тайпана ненан хуьлу дегахьехам ца хилар цкъа хӀинца а хуьлийла доцучех хиларна. Делан Йозанаша хаам бо, йогӀур ю и ирча хан, тешарх юхабевллачарна, адам хилар бохург хӀун ду диц лун долу (хь.: Римхошка 1:26). Адам хилар бохург, шена чохь эхь-бехк а, Делан даго ма-бохху стандарт а хилар долуш, Делах тера хилар бохург ду. Веза Эла дарвелла, дахар мехала ца хетар бахьанехь а, Делан аматехь а, вастехь а кхоьллина долу берашна тӀехь сексуальни ницкъ бар бахьанехь а. Дела оцу агӀоне муха хьожу бохург а девзаш, вай а жоп дала деза оцу проблемина даггара а, безамца а. Вайх цхьаммо шен цӀийнан неӀ дӀа а йиллина, дӀатесна долу а, кхерамехь долу а бераш тӀеэца деза. Вай комаьрша хила деза, нийса дац аьлла вайна хетарг, Ӏедало нисдийр ду бохучуьнга ла а ца доьгӀуш. Вай дечу гӀуллакхашкахула гайтий вай, вешан уллорачаьрга вайн болу безам!

Нагахь нийсонца доцучунна а, ницкъ барна а вай дуьхьал ца довлахь, цхьана дийнахь изза вайца а хир ду. Суна чӀогӀа лаьа, динан тобанийн гӀаттар нийсо ца лелорна а, адамаш дохкарна а, уьш сексуальни лоллехь латторна а дуьхьал. И ши прблемни агӀо даима а ю сан коьртехь а, кест-кеста матта тӀехь а. Дукха хан йоццуш, кеман чохь сайна уллохь хиъна йолчу жимачу зудчуьнга ас дийцира, дуьнен чуьра массо а зударий иркарахӀитторехь дакъа лаца сайн болчу лаамах лаьцна, цу тайпана и проблемаш меттаяло гӀо а деш.

Цо соьгахьа а йирзина, чам боцучу озаца хаьттира: «Хьан елла хьуна и бакъо цунах лаьцна дийца?»

Цо гӀортаме динчу оцу хаттаро, со йохийра. Дукха цецъяларна, йист а ца хилалуш йисира со, амма юха жоп делира аса: «Ткъа йист ца хуьлуш Ӏан хӀун бакъо ю сан?» Юха, аз жимма лагӀ а дина, со кхето гӀоьртира иза, сан оцу агӀонца йоьзна цхьа а образовани юй я профессиональни опыт юй хаархьама элира ша иштта, аьлла. Цуьнан хьажар хийцадаларе ла а доьгӀна, ас кхетийра иза, цкъа делахь, суна хетарехь, нийсо ца лелорца къовса магош доцу закон дац, шолгӀа делахь, сайна гуш долчуьнга хьаьжча, сан чӀагӀо ян йиш ю, и проблема цхьа «професси» хиларца меттаялур яц,

аьлла. И зуламаш дар тIех дукха хиларна, массо а тайпана йолчу профессехь болчийн а, специалистийн а юкъарчу адамийн оцу агIонашка талларца хьажар хила дезар ду.

Бераш сийсаздахар а, уьш баккхийчеран боьхачу хьаьйначу лаамийн леш бар – инзаре харцо ю! Муха Iойла ду вайх цхьаннан *а* дакъа ца лоцуш, оццул дукха долу бераш къизаллин баланехь дохкуш хилча?

Муха Iойла ду мохь тохар доцуш оцу проблемех лаьцна? Кхин моссазза хаза деза вайна иштташиг: «Зуламна толам баккхархьама оьшург деккъа цхьаъ ду – дика адамаш юкъа а ца гIерташ IадIар», – цунах тешна а ца Iаш, амма оцу агIонца доьзна цхьа хIума дан деза. Со, мехкан дозанал арахьа яханчу хенахь, йоккха къелла йолчу меттигашка нисъелча, нанойн бIаьргаш чу а хьожий, церан дагахь дерг хаало суна. Дуй теша церан дагахь хIара хаттар: «Сан бер оьшуш ду теша цуьнан берал?»

Дала лардойла вай, царна иза иштта хетарх. Къилба-Малхбалехьара Азиехь со йолуш, наноша шозза а шайн бераш дIаэцар дийхира соьга. Царах цхьамма ур-атталла сан куьйгаш тIе а диллира шен бер. Со иза схьалаьцна Iачу ханна, соьга хьоьжура иза, куьйгашца а гойтуш, со ца кхетачу маттахь цхьа хIума а дуьйцуш. Аса кхечу нене, ма хаза ду хьан и бер аьлча, цо гочдархочуьнгахула хаьттира, и шен йоI хьайна юьтур яцара те ахьа, аьлла. Кхетий-те шу церан бIаьрза бовларх? Шайна цхьана а агIор евзаш а йоцучу, ур-атталла церан мотт хууш а йоцчу суна шайн бераш дIадала гIертара уьш. Шайна ахча даларе сатийсар хилла хила а мега церан, амма со тешна ю, церан кхин а сов болу лаам хилла хиларх – шайн берийн сатуьйсийла хила лаам хилар. Вайн культурехь шен бер дохкар дагадогIийла а доцург ду, амма хIун дийр дара те аша, шайн берана хIумма а дала шайн йиш ца хилча?

Кхиалур дуй теша вайна, вай берийн кхетам хилар, хIара дуьне а, цуьнан сурсаташ а шайна санна оцу зударийн берашна а догIуш хиларх? Со тешна ю, Далла вай билггал иза дан лаам хиларх, вешан доьзалийн кхетаме иза дIа а кхачош.

## БЕРАШ КІЕЛХЬАРДАХАР

ХІаъ, къелла хиларо адаман даг чохь дерг дІадоьллучу мехкашкахь, лан хала болу баланаш бу, амма вай вешан тидам бахийта беза вайн цІахь доллучунна тІе а. Аса хІара книга язъечу хенахь цхьа башха хІума хилира. Суна гІеххьа сурт хІоттаделира, «стратегически ойла йолу доьналла» муха хир дара, нагахь иза тхан меттигехь йолчу образованин системе юкъаялийча бохучун. Аса «гІеххьа» боху дош даладо, хІунда аьлча оцу процессехь ас дакъалацар цкъа бен яхарца ца хилира, ткъа суна сайн боккха ларам бу ала луур дара хаддаза а, жигара хиларца а вайн образователни системехь болх бечу дуккха долчу адамашка. Ас хастам бо Далла вайн хьехархошна тІера а, администраторш-методисташ болчарна тІера а, кІадбалар доцуш, шайна кІеззиг луш долчу ахчане а ца хьоьжуш, дика образовани яларна тІехь къахьоьгуш болчу. Цундела оьшу царна наггахь вайн гІо.

Цхьана суьйранна сан жимаха волчу кІанта Ардена цІахь бан белла болх бан безара литература урокана, цхьа книга ешначул тІаьхьа. Ша баскетболах ловзуш тренировкехь дукха кІадваларна, шена и книга ешар дийхира цо соьга. И ша еша волалахь, шена наб кхетарх кхоьрура иза. Доьзалан важа декъашхой доккхачу цІа чохь футболе хьожуш бара, цундела тхошиъ со дІаюьжучу цІа чу дахара.

Айса и книга кхиндІа мел йоьшу, сингаттамо дІалоцура со цуьнан чулацамехь дерг девзча. Цу тІехь дуьйцура кегийраша шаьш-шайн байарх, вандализмах, шен зудчунна а, берашна а ницкъ бархь, зударий хьийзабарх, кегийрачу чкъоро алкоголан маларш маларх, алкоголизмах, шайн берийн дола дан йолчу бакъонех да-нана даккхарх, къоланаш дарх лаьцна. Кхин ирча дерг хуьлийла а ма дац, аьлла суна дагадарца, кхиндІа ма-дарра сексуальни юкъаметтигах лаьцна сурт дара дуьйцуш.

Сан кІанта, соьгахьа а вирзина, шена кхиндІа еша ца лаьа и книга элира. ТІаккха цо соьга дийцира, цу тІехь кхин а ю цу тайпана йолу маьттаза меттигаш юьйцуш, аьлла. Проблемни дерг дара и книга литературех уьссалгІачу классехь долчу берашна еша тІедиллина хилар программехь. Аса сацам бира, Іуьйранна школе телефон а тоьхна, Арденна кхин книга ешар магдар доьхур

ду аьлла. ШолгIачу Iуьйранна ас хьехархочуьнца къамел а дина, оха барт бира оцу дерригенах лаьцна. Аса трубка охьайиллира, дерриг чекхдели аьлла, амма тIаьхьо суна хиира, кхин а цхьацца хIума дан дезарх лаьцна. ТIаккха гучуделира, школехь хIоттийначу бакъонашца доьзна цу книгин тIехь дерг къовсаме даккха йиш хиларна, бераша иза ешар дас-нанас магийтича бен хила ца дезар. Со кхийтира, кхечу дайшна-нанойшна хаъане а ца хаарх, цу книгин тIехь яздинарг хIун ду. Ткъа суна а ма хиънера иза дагахь а доцуш ас ешар бахьанехь. Нагахь Ардена шена иза ешар ца дехнехьара, суна а хуур дацара иза.

Ткъа нийса хир дарий теша, оцу книгин тIехь долчух веккъа сайн кIант лар а вина, со Iар? Цу роман тIехь порнографих, сексах, дайшца-наношца берийн йолчу юкъаметтигех, алкоголан маларех, къола дарх, кхечунна ницкъ барх, ша-шен верах лаьцна долчо муьлха хьажар кхолладолуьйтур дара оцу классера вукху берийн а дахарехь? И книга мел кхераме ю бохург а хууш, ца олуш Iалур ярий-ткъа со? Суна а тIедиллина дац ткъа кхидолу бераш а, церан дай-наной а ларбар?

Сайн блогехула ас хаам бира оцу книгин чулацамах лаьцна юкъаралле, цу тайпана тоба гулъелира школин куьйгалхошка дIахаийтархьама, суна цхьанна хетта ца Iа цу тIехь дерг хьехар нийса ца хилар тIеоьцуш бохург. Цхьа буьйса-де чекхдаллале пхи бIе сов долчу адамо дакъалецира (цу юкъа богIура дуккха а болу хьехархой), шайна а хета цу книгин чулацам берашна оьшуш бац, олуш. Царна юкъа богIура, цул тIаьхьа шайн берашна цIахь хьехийта сацам бина болу наной; цара дIахьедира, билггал и бахьанехь сацадо шаьш оцу школе шайн бераш эхарх, аьлла.

Аса шеконе ца дуьллура оцу книгин авторан иза язъян бакъо хилар. Суна новкъа деанарг дара, и книга еша езар I4-та шо кхаьчначу берашна тIедиллар. Цу тIехь порнографина дуьхьал дерг дацара. Ткъа адам сексуални лолла дахаран орам цу тIера болалора. Оцу нийса доцучу масаллаша схьалаца а хала долчу масштабашкахь гамдан йиш ю кегийрийн зударех лаьцна дерг. Цу книги тIехь порнографи а, цуьнца йоьзна йолу мастурбаци а дейтта шо кхаьчначу кIенташа дан тарлуш дерг ду бохуш хьоьхура. Порнографис (божарша иштта зударша а) шайн дегIан хьаьйна болу боьха лаамаш кхочушбар, хила ма-дезза хIума

ду боху менталитет кхоллайолуьйту адамийн. Цу тайпана дерг кхиъна богӀучу кӀентийн кортош чу дилларца юкъагӀертаро церан зударшца хила езар йолу агӀонашна зуламе долу зударшка безам ца хилар, эмоциональни а, сексуальни а хила дезарг гамдар, я и агӀо нийса ца хиларан лолле бахар дохьур ду.

Суна хаьа, тхан меттигара йолу образованин система кӀентийн а, йоӀарийн дахарехь лаккхара нравственни позици хилар кхио гӀертийла. И Ӏалашо кхочушъярхьама, цхьацца билгалъяьхна бакъонаш юкъаялийнера, амма и книга цхьа башхачу тайпана юкъаяхана хилла, тидамера а йолуш. Аса школан директорца вовшахкхета барт бира, и бакъонаш ларйина ца хиларх лаьцна дийцархьама. Аса сайн синтем барах а, кхерам тасарх а дийцира цуьнга, школьни программехь зударий еккъа сексуальни агӀонна бен ца оьшу бохург хьехар нийса ца хиларх лаьцна, хӀунда аьлча оцу агӀоно адамаш дохка магоре а балабо дешархойн кхетам.

Цхьа кӀира даьлча книга программин юкъара дӀаяьккхира. Школин куьйгалхошна хазахийтира, книгаш схьакъасточу хенахь даьлла гӀалат нисдар, керла хийцамаш а бохьуш книгаш схьакъастош бечу балха тӀехь, и саннарг юха ца хилийтархьама.

Юкъараллин школашкахь шайн дахар бераш Ӏаморна дӀаделла болу нах бу. Вай массара а санна, церан а долийла ду гӀалаташ, кхачамбацарш хуьлуш хьажарехь. Царна оьгӀазалонца тӀегӀертачул, гӀолехь хир дац ткъа, нагахь вай цхьа барт хиларца царна гӀо дича церан образовательни процессехь, цу тайпана вайн берийн хилла а ца Ӏаш, дерриге а берийн дахар дика хиларна тӀехь цхьаьна къа а хьоьгуш?

Аса сайн синтем барах лаьцна дийцинчул тӀаьхьа гучуделира, и книга уьссалгӀачу классера массо а берийн программе йогӀуш хилар, ткъа сан кӀентан класс царна юкъахь ларамаза хьалха йолчарах нисъеллера. Аса шен хеннахь и меттиг гучуяккхарна, ткъа школано дайш-наноша бохург тӀеэцарна, дуккха а долу бераш кӀелхьардевлира и аморальни чулацам болу книга ешарх.

Оцуерриг а историн юкъахь ас ца олура со Ӏийсана тӀаьхьахӀиттанчех ю. Со къовсаме ца йолура хьехархошца я школьни урхаллехь болчаьрца. Цара шаьш хӀоттийначу бакъонаш тӀе балабора ас уьш. Цу тӀе а, аса и проблема гайтина а ца Ӏаш,

нийса хир болу сацам а гайтира. Ас гайтира царна, со саццаме хирг хилар и гӀуллакх толам баккхаре кхачорна тӀехь. Шух хӀоранна а далур ду изза.

## ТАЛЛАРАН ХАН

Дала со а, хьо а тӀекхойкху оцу талла дахарехь дакъа лацаре. Дела лахарехь а, Цунна тӀаьхьадовларехь а хьекъалалла а, вайна оьшуш долу жоьпаш а карор ду вайна. Доьзалш бохар а, вовшашца барт ца хилар а долчу дуьнен чохь, вайна доттагӀаллийн уьйраш хилар деза, шена юкъахь стигланийн садеӀар хаалур долу, иштта стратегически юкъаметтиг а хир ю, вайн бераш кхиор а, уьш лардар а хуьлуш. Вайн дуьнен чуьра къизаллехь а, доьхна а лела бераш кӀелхьардахархьама, Делера йолу стратеги а, сацамаш а кхочушбан беза вай дахарехь. Вайх цхьаннан а йиш яц, юьстах а яьлла латта, иза сох кхеташ долу хӀума дац бохуш. Иза массарах кхеташ долу хӀума ду. И динамика бахьанехь, ахьа дечо суна гӀо дийр ду, ткъа ас динчо хьуна гӀо дийр ду. Вешан ницкъ цхьаьна тоьхча, 180 градусна юхадерзарца долуш дерг хийца йиш ю вайн вешан доьзалшкахь, динан тобанашкахь, юкъараллехь. И харжам вайна тӀехь бу – и юкъаметтигаш диканна ерзо я ца ерзо.

Стен лоьмийн амалех дерг айса Ӏамош, суна дага а ца деанера, цицгийн тайпанах долу деккъа лоьмаш бен ца хилар, цхьаалла йолчу юкъарлонца дехаш. Цхьа стен лом эгӀаза долчохь, важа ницкъ болуш ду. Цхьаъ тасаделлачохь, вукхуьнан кхиам хир бу, тӀаккха оцу вовшийн хийцар а, вовшийн чӀагӀдар а долчу берриг а ницкъо дан дезарг кхочушдо нуьцкъалчу лоьман урхаллин кӀелахь.

Нагахь оцу агӀор иштта хьаьжча, шаьш шайна лелачу цицгийн гӀуллакхаш дика хир дац. Цу тайпана долу вовшийн жоьпалла хилар дац я пантерийн, я леопардийн, я гепардийн. Оцу дийнатийн стен хӀуманаш ижу лахархьама талла йоьлхуш, церан кхерам хуьлу уьш юхайирзича, церан баннаш даьсса карораn. Сан дагахь лаьтта цхьана научно-популярни фильмера цхьа сурт: шен бен чу юхайирзича, цу чохь шен кӀорнеш ца хилар гинчу стен гепардан гӀийла угӀар. Буьйса дӀаяллалц угӀар деш, кхойкхура иза шен кӀорнех цхьаъ мукъане кӀелхьаръяьлла хир яц те бохучуьнга сатийсарца.

Я хьо, я со цхьалха хила кхоьллина яцара. Суна дешнашца ала а ца ло, сайна беанчу синтемах лаьцна, шаьш тхан доьзалера боццушехь, тхан берийн, шайн берийн санна, гIайгIа бан кийча долу адамаш довзаро. Тхо декъалдина ду, тхан доьзал Делан Iаьршане хьалаойуш а, доIанаш тIехь тхо лардар доьхуш а долчу адамашкахула. Тхуна тIера доIанаш дора суна бевзаш а боцучу наха, цунах лаьцна тхуна тIаьхьа а бен ца хиира. Цхьаболчара комаьршаллица гIо дора Хаза Кхаъ баржорна а, шайна цкъа а гина а боцучу набахти чохь болчийн синош кIелхьардахарна а тIехь. Стигланаша комаьршаллица совгIат дойла, кхечу доьзалшкахь болчийн гIайгIа бар мел хиллачун!

## МОСТАГIЧУННА ХIАВАЪ ДIАКЪОВЛА

Стен лоьмана шен ижу нисъелча (ткъа цунна иза дукхахьолахь нисло!), цо иза ца цоьсту дакъош деш. Цо лаг Iовду цуьнан, садаIа хIаваъ цуьнга чу ца озийтархьама. Цу тайппана, вайна тIе а кхаьчна, вайн мостагIчунна вай хIаваъ дIакъовла деза хан, бохучух тешна ю со. Иза кхочушдарна йолу цхьа агIо ю – уггар хьалха вайн вешан садеIар цунна гIуллакх дарна дIа ца далар. Вай цуьнан ницкъ байа беза, вовшашна дуьхьал довлар сацадарехула. Цуьнан метта вай говзаллица вешан дешнаш хьехамаш барна, тIетаварна, нисварна, иркарахIотторна а тIедерзо деза.

И таллар дархьама, суна кхиболу зударий оьшу, сан ницкъ болу агIонаш евзаш болу а, сан эгIаза йолу агIонаш гича суна белш хIоттош болу а. Цу агIоне кхачархьама, аса сайна лаа а лууш сацам бина, со эгIаза йолчохь, церан ницкъ кхочур болу адамаш сайна гонаха даха. Аса чIогIа доьху доIанаш тIехь, сайн ницкъ кхачийтар эгIаза болчарна оьшучохь гIо дан. ЦIена а, нийса а йолу юкъаметтигаш ю хIора декъашхочо а шена далуш дерг деш а, юкъадалош а йолу юкъаметтигаш.

Ма Iойла вайх цхьа а, вайн вешан а бен бераш лардарх тоам хилла, амма дуьнен чуьра дерриг а берех вай жоп дала дезарх кхетам а, хаар а долуш кхуьийла вай. Вай гуттара а кийчча хила деза, кхерамерачу меттигера вешан кIорнеш шен хеннахь дIадахарна. Кхетам хуьлийла вайн, ур-атталла ваьш дехачохь вай дийриг кIезиг ду аьлла вайна хетачо а гуш йолу меттиг дIалоцур

ю. Ма хетийла вайх цхьанна а, ша дийриг башха лараме доцу а, кӀеззиг долу а хӀума ду аьлла. Вайх цхьа а Ӏеха а ма лойла – вайх цхьаьнгга а цхьа долуш толам баккхалур бац.

Цхьааллехь латталаш, шайн гарехь цхьаъ хилалаш, вай шайна бохьучу Хазачу Кхоах адамийн тешар хилийтар тӀехь къовсам а хуьлуш, цхьа ког а юха а ма довлалаш, дӀа а ма таӀалаш шайна хьалха хӀоьттинчу духьалонна хьалха. Шун майралло а, цхьаалло а гойтур ду царна, шаьш стенна дуьхьал девлла бохург: уьш эшаме богӀур бу, ткъа шу – толамехь хир ду, – иза а, важа а Везачу Элера догӀур ду. Пилап. 1:27,28, гочдар *Message*

Вай цхьаьна хилча, ваьш дийриг стратегически дийр ду вай.

# 9

# Стен лоьмаш серлонгахь деха, ткъа боданехь толлу цара

Iеса стаг ведда лела, шена тIаьхьаваьлла лелаш цхьа а воццушехь, ткъа дика стаг, лом санна, майра хуьлу.

КИЦАНАШ 28:1, ГОЧДАР *MESSAGE*

Стен лоьмийн, уьш дуьнен чу довллушехь шайн долчу хьуьнарех а, говзаллех а лаьцна хаарш хилла а ца Iаш, кхоччуш цхьалхе дахар а хуьлу. Цара садоIу, шаьш кIадделча, уьш талла а оьху, цара шайн ижу а йоу, шаьш мацаделча. Йисинчу массо а хенахь уьш дукхахьолахь вовшашца ловзу!

Шух цхьанна гина хила там бу, садоIуш долу стен лоьмаш – уьш набарха а довлий, дIасакерчаш долчу хенахь. Наггахь-м ур-атталла баккъаш тIехь а дийшина Iохку уьш, энергих юзуш йолу маьлхан батареяш санна, маьлхан дашочу лепарехь са а доIуш. Ур-атталла уллохь ирхлелхаш хьийзачу цу лоьмийн кIорнешна а хала хуьлу, садоIуш долчу шайн нанойн тидам шайна тIебахийта. Наггахь дукха ловза яьллачу кIорнина дайн тIод тохар а нисло шена уллохьа долчу стен лоьмангахьара. ХIетте а царах цхьа а ца хуьлу догIаделла ду аьлла хеташ – цара дийнахь ткъех сохьтехь наб йо.

Шаьш са а даьIна, шайн догIмаш озийначул тIаьхьа и стен лоьмаш ловзучарах дIаоь, и ловзарш цул тIахьа хинболчу коьрта агIо дIалоцучу – къовсамна кхоччуш кечам барехьа доьрзу. Амма оцу кечам баран хенахь а и дийнаташ догIаделла а доцуш, тидаме хуьлу.

Ишттачу догӀадалар а доцуш, амма тидам тӀебохуьйтучу позицино оцу стен лоьмийн майралла хиларан агӀо гойту, вайн а, йоӀарийн санна, хила езаш йолчу. Делан Йозанаш тӀерачу хӀокху дешнаша кӀорггера болу кхетам хуьлуьйту, и санна болу синтем хилар стенца доьзна ду бохучун.

> Iеса стаг ведда лела, шена тӀаьхьаваьлла лелаш цхьа а воццушехь, ткъа дика стаг, лом санна, майра хуьлу.
>
> Кицанаш 28:1, гочдар *Message*

И дешнаш нисса вай дуьйцучуьнца догӀу – синтеме хилар, шайн ницкъах тешна хилар, майралла хилар бохучу. Адамаша, дукхахьолахь, цхьаьна ца туху синтеме хилар а, шен ницкъах тешна хилар а бохург майраллица, амма Дала иза до. Суна иза го оцу стен лоьмийн амалехь. Шен доллучу аматехула цо боху: «Со, со дерг ду. Со ницкъ болуш, чӀогӀа каде а, ловзарна тӀера а, хӀаллакдаран кхерам болуш а, къийладалар доцуш а, тидам гулбалар долуш а, гӀайгӀа бар долуш а ду».

Муьлххачу а зудчун санна, стен лоьмийн амалехь а хуьлу дуьхь-дуьхьал йолчу амалийн гулам. Оцу дешнашкахь боьршачу лоьмах лаьцна бохуш делахь а, уьш шина а тайпанара долчу лоьмашна догӀуш ду. Массо а лоьмийн, хуьлийла иза боьрша я стен лом, дахарехь цу тайпана агӀо хуьлу. Суна хетарехь, иза вайн дахарехь а хила деза иштта.

Нагахь стен лом ижу лахаран таллар деш дацахь, цуьнан IиндагӀехь Iилла а ца деза. Цунна серло еза. Шен йижаршца цхьаьна иза еллаелла йолчу стигалан кӀел деха, маьлхан серлонгахь Iуьллучу африкански шуьйрачу аренашкахь. IиндагӀехь йоцучу меттигашкахь дийнаташа са а доIу, уьш ловза а ловзу, вовшийн гӀайгӀа а бо цара, шайн кӀорнешна ижу ло, уьш Iама а до, ур-атталла, къайладовлар а доцуш цхьаьнакхетар а до цара. Церан стенна хила дезара озадалар я лечкъар?

Саваннехь кхачам боллуш майра а, ницкъ болу а мостагӀ вац, гуш лаьтташ царах тасадала кийча волу. Уьш цхьанна а хьалха юха ца довлу (ша пиллийн ардангана, иза нисса шайн меттигехула хьаьдда йогIучу хенахь, царна некъ баларна дацахь). Стен лоьмана, ша ижу талла доьдучу хенахь доцург, цкъа а къайладала бахьана ца хуьлу. Шина а тайпана долу, (боьрша а, стен а) и лоьмаш

билгалонца паччахьаш хуьлу шаьш дехачу меттигашкахь, ижунан коьрта долу дакъа царна а догӀуш. ЧӀогӀа малх кхеттачу довхачу дийнахь стен лоьман Ӏиндагӏехь къайладала йиш ю, амма дӀалачкъаран Ӏалашонна а доцуш. Кхечарах къаьсттина шаьш еха а, талла оьху а леопардийн я гепардийн санна, стен лоьмийн дитташ тӀе дийла я коьллаш юкъахь лечкъа ца деза, царна иза а, важа а дан хуъушехь. ХӀан-хӀа, вайн стен лом цхьа а кхерам а боцуш маьлхан зӀаьнаршкахь Ӏуьллу, шен нана, ненан йижарий, шен вежарий, йижарий, шичой, шен кӀорнеш, цу тӀе шен лом а гонаха а долуш.

ХӀинцца, аса хӀара дешнаш яздечу хенахь, цу тайпана яха дахар хиларе сатуьйсура аса: цхьа а кхерам боцуш маьлхана кӀел наной, йоӀарий, вежарий, шичой гонаха а болуш садаӀар, цаьрца цхьаьна сайн кӀорнешна елакъажар долуш, тхайна гонаха цхьа а кхераме долу хӀума ца хиларх тешна хиларна, синтеме а йолуш.

Цу тайпана долу сурт гинера суна, со Джонца сафарехь йолуш, нана-лоьмана а, цуьнан жимачу боьршачу кӀорнина а, доккхачу шина стен-лоьман кӀорнина а тӀаьхьахӀоьттина йоьдучу хенахь. И доьзал, цхьа а Ӏалашо а йоцуш, гуьйренан лекхачу бацалахь баьлла лелара. Церан гайнаш юьзна яра, ур-атталла цӀийн тӀадам бацара церан муцӀаршна тӀехь. Цара дукха хан йоццуш шайн ижу йиъначух тера дара, жимма догӀмаш малдалар хаалора церан. Генохь лаьтта масех дитт а гина, уьш цу агӀор дӀагӀур ду аьлла сацам бинера аса. Амма хӀан-хӀа! И дийнаташ нисса цу некъа йистерачу лаьттахь дӀасадаьржира тхан машинна кхо метр хиллал уллохь), гӀеххьа муцӀарш а «цӀанйина», сирла кхеттачу малхах, шайн дашочу басахь болу бӀаьргаш дӀа а хьулбина, пхи минот а ялале царна массарна а мерза наб кхийтира.

Йоккхачу «внедорожник» чохь тоьпаш карахь йолуш долчу тхан, масех стеган, цхьана а тайпана тидам бар а дацара церан, уьш кхерор дара бохург-м аьттехьа а дацара, (дика дара и тоьпаш талархойн карахь бен ца хилар). Цара Ӏуьйранна наб йо хан тӀекхаьчнера, кхиндолчун церан цхьа а тайпана бала а бацара!

## СЕРЛОНГАХЬ ДАХАР

Сан кхетам чохь цу сохьтта дуккха а ойланийн васташ кхолладелира, серлонгахь дахар бохург хӀун ду бохучуьнца доьзна. Цкъа делахь, иза кхоччуш дӀавеллавелла бохург ду. Хьан кораш, неӀарш дӀаеллаелла хуьлу серло а, доьзал а, доттагӀий а чу

битархьама. Тхан цIийнан кухни чу йоьду неI гуттара а дIайиллина хуьлу, хIунда аьлча тхан дуккха а божарий бу цIен тIехь, ткъа царах цхьанна хилла а, бага даима а еллаелла хуьлу. Амма вайн могушаллина а, дахарехь латтарна а дIаделладелла а, серлонах дуьзна а дог хиларал, коьрта хIумма а дац.

> Шайн дегнаш дIа а деллий, тхо шайца ма-хиллара,
> хилийша шу а тхоьца!
>
> 2 Коринтхошка 6:13, гочдар *Message*

И дIахьедар оццул цхьалха а, оццул паргIатвалар дохьуш а, ткъа цу хеннахь оццул кхерам тосуш а ду. Вайн вешан карахь бен дац вайн дахар дIаделладелла хуьлуьйту олалла. Цкъа хьалха вай ваьш хуьлу дIаделладелла, тIаккха вайн дахар дIаделлало – цул тIаьхьа вайн дахаран гар шорло. Шен дахаран неI дIа а гIаттийна, дIакъовлавалар доцуш вахар – иза ши тегIа йолу процесс ю. Хьайн дахаран неI дIа *а* гIаттийна ваха там бу хьо, амма цу хенахь *дахаран дIакъовлавалар хила* тарло хьан. Шайн дахарехь шайх лаьцна дуккха а йолу агIонаш а, цхьаццайолу шайн уьйранаш а дIайоьллуш долу адамаш девза суна, амма уьш кхоччуш къовладалар доцуш бехаш белхьара, хьалха дIакъевлина хилла долчух дуккха а сов дерг серлоне даьккхина хир дара цара. Цхьадолчу адамаша шайн дахаран цхьа агIо дIайоьллу, важа дIахьулъярхьама.

Делахь а, сан кхетам юх-юха а ПахIала дIахьединчунна тIеберзаре хьаьжжина, цуьнан дешнаш кхин гIоле олийла доцуш, аьлла хиларна тIейогIу со. Сайн дахаре вайн Везачу Элана кечдинчу, дIакъевлина хиллачу совгIате санна хьажар доуьйту суна цу дешнаша. Дала вайна дIадиллина долу дерриг а, вайна лакхенашкара кховдийна мел дерг а тIеэцарна дIаделладеллачу дахаран сурт хIоттадолуьйту ПахIалан дешнаша. ДIаделладелла а долуш, адамо шен дан йиш ерг даима а шордеш дIахIоттийначу дахаран сурт.

Хьайн дахар дIадахаран сурт хIотто луур дара суна ахьа – хьайна гонаха долчу дуьненан хIора агIонца хьан уьйр кхоллаяларе терра, кхиаме хуьлуш, чIагIлуш, шорлуш дIахIуттучу дахаран.

> И дика тӀех дукха делла вайна Дала мел хуьлучу хьекъалаллица а, кхетамца а. Шен къайлаха йолу Ӏалашо йовзийтира вайна Дала, ткъа и Ӏалашо хьалхxе дуьйна билгалъяьккхина а ю, Цо леррина Къобалвинчуьнца йоьзна а ю. Ткъа Делан Ӏалашо иштта ю: хенаш кхочуш хиллачу хенахь Цо стигалахь а, лаьтта тӀехь а мел дерг цхьаьнатухур ду, Ша леррина Къобалвинарг коьртехь а волуш.
>
> Эпасхошка 5:8-10, гочдар *Message*

Хьуна хезий иза? И стен лом санна, дӀаеллаелла йолчу меттехь ехаш ю хьо хӀинца. И ӀиндагӀашкахь долу олалла дац хьан хӀинца, шеца кхерам дохьуш долу. Хьуна тӀехь олалла дан йиш йолу эхье а, дӀакъевлина а йолу меттиг яц хьан. Суна чӀогӀа тамехь ду и кхайкхор! Некъ сирла бу – хьалхара гӀулч яккха!

Мел дукха адам ду, шаьш хӀун дан тӀекхайкхина ду хаа лууш. Дала оццул цхьалха динарг, дукха чолхе ма дей вай. Дика дерг, бакъахьа дерг, билггал бакъдерг даре кхайкхам бо вайга Дала. Иза ду, и гӀуллакхаш дийнан серлонга дахар вай кхочушдича, вайна тӀе юьхьӀаьржачу хӀоттар доуьйтур доцург. Вай серлонан бераш ду, вай дийнан серлонгахь дан хьакъ долу гӀуллакхаш дан кхайкхина ду. ӀиндагӀан боданехь лелочу дуккха а долчу гӀуллакхашна гена довла деза вай. Вайна Делан лаамехь долу гӀуллакхаш муьлханаш ду довза деза, тӀаккха уьш кхочуш а деш!

Дала леррина Къобалвинчуьнца долу вайн дахар маьлхан зӀаьнарш санна, кхидӀа а яхлуш, шорлуш дӀайоьду, вайн дахарехь, Цуьнан сийлахьчу серлоно боданан пардо дӀа а яьккхина, серло дӀахӀоьттинчу хенахь дуьйна. ХӀора секхаӀад малхо луш йолчу серлонан а, йовхонан а зӀаьнаран лепарх тера ду, вайн хенан хӀоттам карладалар хиллачу минотехь иккхина долу.

Суна там хуьлу, арахь мела шело а, йовхо а йолуш, кораш дӀа а диллина, цӀена хӀаваъ чу даийта йиш хиларх. Цхьа са хьалаозар санна дерг хуьлу, цӀена хӀаваъ чухула а лелаш, садаӀа хала долу хӀаваъ арадаьлча, сан цӀийнан хӀора маьӀехула хьийзарца чекх а долуш. Керлачу хӀавао Ӏаламан инзаре хьожу чу йохьу, тӀаккха хӀаваъ шорлуш санна хилла дӀахӀутту цӀа чохь, ткъа ша хӀаваъ дахарх а, меттаххьарах а дузу. ХӀинцца хьаькхначу бецан а, дӀаделлалуш долу сирень зезагийн а, зоьзан баганан а, догӀано дилинчу лаьттан а хьожа – и дерриг а цхьаьнакхета адам дехачу цӀенна чохь. Дахарехь адамаша хийцадаларш динчунна юккъе

Дала кхоьллинчу Іаламераниг чу даийтаро билгалдоккху, оцу стен лоьмах лаьцна дийцарна аса оццул тидам тІе хІунда бохуьйту бохург: цу стен лоьмо дика гойту озадалар ца хиларан, ницкъ хиларан а, ловзаме хиларан, майралла хиларан а, акха хиларан, синтеме хиларан а цхьаалла. Изза цхьаалла го суна Дезачу Йозанийн хІокху дешнашкахь а:

> Дуьйла Суна тІе, *кІадделларшший, балехь дершший. Аса дагна синтем лур бу шуна. Сан дукъ шайна тІеэца, Сох Іама, хІунда аьлча даг чохь Со чІогІа эсала а, кІеда а ву шуна. Цундела шуна Со волчохь деган синтем карор бу.* Сан дукъ а дІакхехьалур долуш ду, Сан мохь а бац беза.
>
> Маттай 11:28-30,
> гочдар *Message*, схьакъастийна авторо

Динах лаьцна дуьйцуш хиллачу доьзалехь кхиийначех долу йоІарий вай делахь, вай юха а Делаца а долуш хелха дийла Іама деза. Тхан берийн Дала делла ритм хилар ду, аса а, Джона а дайина аьлла хеташ долу. Цара эшаре ладогІар Іаламо делла ма-хиллара ду, тхайчуьнца дуьстича, хІунда аьлча тхуна динца йоьзна йоцучу цхьана а эшаре ладогІа ца магадора. Оцу агІоно ваьшна хезаш йолу «хила ма-езза йолу ритмаш» хаза а, уьш тІеэца а хала хуьлуьйту вайна, иза, Дала вайн синош чу диллина, хила ма-дезза долу хІума доллушехь.

Сан хьоменаш, Везачу Элана гІуллакх дарехь тІех болх биний-теша аша, сих довллал гІел а делла? Цуьнца долу дахар бохучун маьІнах девлла-м дац те шу? Наггахь вайна массарна а оьшу и дагадаийтар. Суна а оьшу иза. Цхьа шо ца кхоччуш йолчу хенахь со а еанера иштта гІелъеллачу хьоле. Хиллий-те шун дахарехь а, цІеххьана цхьа хала киртиг а хІоьттина, кІаддаларна охьа а эгна, холчу хІоттаран Іин чу шаьш дужуш санна шуна хеталуш? Шуьца ца хилла хила а там бу иштта, амма суна девзина и хетадалар. Со чІогІа холчохь яра, динна кхо бутт баьлча сан хила деза цхьа цхьаьнакхетар бахьанехь.

Аса цу сан синтем байинчух лаьцна ма-дарра сайн доттагІчуьнга дийцира, ткъа цо цхьа хьекъале хьехар дарца синтем беара суна. Аса дан дезарг деккъа цхьа хІума ду, сайн и декъаза масех бепиг а, чІара а охьабилла беза, ткъа вайн сийлахьчу массо а рицкъанан Элано, царах дакъош а

дина, уьш дуккха а сов доккхуш дебар хуьлуьйтур ду, аьлла, иркарахIоттийра цо со. Аса, гIоли а хетта, доккха са даьккхира, Везачу Эло дуккхазза сайна гайтинарг дага а деана: уггар кIеззиг дерг а Цо дуккха а деш совдаккхар, дуккха а долчу адамана тоам а хуьлуш.

Юха а паргIат а, атта а даха Iамий вай. ТIех кIаддалар а, стресс хилар а вайна тIедеанера къа латор хиллачул тIаьхьа, амма вай кIелхьардаьхна чул тIаьхьа вайн дахаран керла дIадолор хила деза деган синтем хилар, кхечу тайпана аьлча садаIар а хуьлуш.

> Вай Цунах тешар бахьана долуш, Iийсас Делан доккхачу
> диканна тIекхочийла хилийтина вайна. ХIинца вай дехаш
> ду оцу диканехь. Даккхий а деш, Делан сийлаллин
> декъехь хиларе сатуьйсуш ду вай.
>
> Римхошка 5:2, гочдар *Message*

Суна тамехь ду и тIекхайкхар. ТIех дукха йолчу ханна тIех дукха неIарш а, кораш а дIакъевлинера вай, вайна а дIакъевлина а дара уьш. Хьан, еккъа хьан цхьаннан, ду и олалла, хьоменаг, хьайн дахаран неIарш а, кораш а дIаделла я дIакъовла. Билггал хьо ю цу хехь лаьттарг, муьлха неI дIайоьллур ю, ткъа муьлханиг – дIакъовлур ю бохучун сацам а беш. Шен дозанийн ха дар лараме ду, амма, хьайн даг чу Дела кхайкхарца, кхоччуш долу кхерамах маьрша хилар делла хьуна. Хьайн дахаран неIарш Цунна дIайиллича, хьуна хаало, сатийсаран метте хьо нисъялар… паргIатъяьлла а, Делан дика а, Цуьнан сийлалла а тIеэца кийча а йолуш. Дезачу Йозанийн хIокху аято а дIаделладелла хиларе кхойкху вай.

> Вай къайленаш гул ца йо – вай царах лаьцна дIадуьйцу;
> вай уьш къайла ца  йоху – мелхо а, вай массарна а
> дIагойту уьш.
>
> Римхошка 5:2, гочдар *Message*

Цу тIехь дакъа лаца йиш ю хьан. Дела дика хиларх лаьцна болу кхаъ къайла ца боккху цхьаммо а. Гуттаренна а болчу безамца езна Далла хьо, Шен дикалле хьаьжжина, Шена тIе кхайкхина Цо хьо. Дала Шен къайленаш хьуна дIаелларе терра, хьан а йиш ю хьайн къайленаш Цунна хьалха дIаелла. Латийначех цхьа а къа

къайлаха хуьлийла доцийла хьайна хиъча, эхь хета бахьана дац, цхьа а Іадато ца магораг дац, хьуна дуьхьало ян, хьо билггал паргІатъяьккхина и хааро. Хьан уггар къайлаха долу хІуманаш а, хьох даьлла дерриг гІалаташ а Далла девзашшехь, Цо дуьххьал дІа хьо Шена езар дІахьедеш хиларх хьо кхетча, хьуна ницкъ болуш хилар догІу.

Цунна дуьхьал Цо доьхург ду, вай а цу тайпана хилар. Дала вайга дина дІахьедар хІара ду: Да волу Дела – безам бу, ткъа Цуьнан цхьаъ бен воцу КІант Іийса, вай Цуьнца тедархьама велла. И дІахьедар дукха доккха а, комаьрша а ду, цунах лаьцна ца дуьйцийла а доцуш. Инжил къайлаха дац, ткъа дог меттах а доккхуш къайлаха дерг, оцу безамах лаьцна долу дІахьедаран чулацамехь дерг ду.

Вай муьлш дара, вайн Стиглашкарчу Дас, вай оццул тидаме а эцна, вайна цу тайпана деза совгІат даллал? Цо Шен безаман Іалашо дІайиллира вайна, цунах лаьцна Ша вайна ма кховддор, кхечаьрга а и кхаъ кховдор а доьхуш. Делан безамах лаьцна болу Хаза Кхаъ хІоранна а дІахаза хьакъ долуш ду.

Хьайн ерриг а къайленаш дІаелла боху кхайкхам ахьа боьшуш, хьо кхетта хила там бу, хьайн дахарехь дІакъевлина йолу агІонаш хиларх. И хила тарло хьуна чохь къайлаха болу кхерам лаьтта меттиг я деган кІоргенехь доллу эхье долу хІума. Иза хила тарло неІ я кор, уьш дІаделла хьо кхоьруш долу. Со кхета хьох.

Тхаьш девлла лелачу хенахь, оха ул-уллора номерш лоцу отелехь. Уьш цхьаьна тоьхна чоьнаш хуьлу, вовшашна юкъахь чучча ши неІ йолуш. И ши чоь цхьаьна тоха йиш ю, амма и ший а неІ дІайиллича бен, царах чекхволийла дац. Оха Джонца цу сохьта тхешан неІ дІайоьллу, жимма хан яьлча, шайн чамданаш дІа а йоьллий, шайна тІера хІуманаш хийцича, тхан кІенташа а шайн неІ дІайоьллу. И ший а неІ дІайиллича, паргІат дехьа а, сехьа а лела йиш хуьлу тхан. Тхан массеран а паргІат йиш хуьлу оцу шина а чоьнна чухула дІасалела.

Хьоменаг, дІагІаттае хьайн неІ. НеІаран чухула агІор чу малх кхетта чоь ю, хьоьга ладоьгІуш хьан доьзал а болуш. Ма кхера! Дала Шен неІ дІа ца къевлина хьуна. Иштта хьалха дІайиллина хилла йолу неІ а дІакъовлур яц хьуна хьалха. Везачу Элан неІ дІайиллина ю. Ткъа ахьа хьайн агІор дІаелла иза.

Аса кхайкхам бо хьоьга, хьайн дахарехь лазам болу хІора агІо а

дӀаелла Цунна хьалха, аьлла. Цуьнан дахаре а, серлоне муьлхха а боданца доьзнарг дӀадаккхийта.

Хьан синан мостагӀчунна хьо Ӏиндаглехь латта лаьа. Серлонгахь къаьсташ а, цхьалха а дерг, бодано чолхе а, кегаре а до. Далла, вай серлонгахь даха лиъна а ца Ӏаш, вай серло санна хила а лаьа. Хьайн гехь болу мохь дӀа а тесна, дахарехь кхиндӀа а яха йиш ю хьан, цу тӀе иза цу сохьтта дан йиш ю хьан. Иза ду вайн доӀан хазалла а, ницкъ а. Аса масех дош яздина, хьайн деган неӀ дӀа а йиллина, дӀагӀатто хьуна гӀо ден долу, амма и доӀа билггал даг чуьра деш хуьлийла.

Хьоме Стиглашкара Да,

Ӏийсан цӀеран дуьхьа йогӀу со Хьуна тӀе. КъинтӀера валахь суна, со Хьох дӀалечкъаш леларна. Суна серлонга яла лаьа. Аса сайн деган хӀора неӀ дӀагӀаттайо, Хьан серлонга а, Хьан безаман дикане а йолуш. Баркалле хиларца тӀеоьцу аса сан къиношна гечдина хиларан бакъо, Хьан билггал бакъдолчуьнца яха сацам а беш, хӀунда аьлча оцу агӀоно бен чӀагӀ дийр дац со паргӀатъяьлла хилар. Со Хьан ю. Хьан соьга болу безам тӀеоьцу аса, хӀинца дуьйна Хьан некъахула лелар ю со. Серлабаккхахь суна хьалхара некъ. Амин!

## БУЬЙСАНАН БӀАЬРСА

ХӀинца, серлонан йиша, хьоьга стен лоьмийн кхин а цхьана амалх лаьцна дийца болчу лаамах юьзна ю со. Хьуна ма-хаъара стен лоьмаш серлонгахь деха, ткъа талла боданехь оьху уьш. Ткъа муха ларадо-те уьш буьйсана шаьш дечу оцу талларца? Чам кхетар ира хиларна я дика хазар хиларна? ХӀан-хӀа!

Вайн лоьмаш-йижаршна билггал аьлча *буьйсанан боданехь а са го.*

Муха?

Стен лоьмийн, дукхаха долчу цицигийн тайпанах долчу дийнатийн санна, цхьа ша тайпана долу хаарш ду серло схьаэца а, дӀаерзо а, юхататта а. Царна ур-атталла уггар гӀийла йолчу серлонгахь а са го. Кхоччуш болчу боданехь вайшинна чул сов са ца го царна. Амма цхьа жимма а къеда серло хилахь, цо иза цу сохьтта схьалоцу, шен бӀаьрса хиларе а дерзош. Ур-атталла беттан

серлоно я геннара къедачу седарчийн серлоно а стен лоьмийн буьйсанан бІаьрса кхолладолуьйту.

Церан йоІбІаьрг, шегахула серло бІаьрга чу ерзош болу, вайнчух къаьсташ бу. Оцу агІоно йиш хуьлуьйту бІаьрса фокусировать дан, кхечарна хІумма а ца гучу хенахь а. Цхьана агІор маьІна дича, царна гуш йолу серло церан бІаьргаш чуьра схьайолуш ю, гонаха йолчу серлонера а доцуш. Цундела хуьлу цицигийн бІаьргаш наггахь боданехь къегаш. Цара, шайна тІекхочехь йолу муьлхха а серло тІе а гулйой, цуьнан зІенарш хоьцу.

Вай юхадевр ду ткъа оцу стен лоьмел? Кху дуьнен чуьра синойн бода тІеттІагуллучу хенахь, вай адамашна яла еза серло вайна гонаха жималур ю. И серло, вешан чохь чІагІ а еш, тІегулъян еза хан тІекхаьчна.

> «Суна гонах йолчу серлонах бода хуьлийла», – ас аьлча а, Іаьржачу бодано дІахьулвийр вац со Хьох. Хьуна-м Іаьржа бода а сирла серло санна бу.
>
> Забур 138:11-12,
> гочдар ингалсан версира NLT

Нагахь стен лоьмийн оцу хаарх вай цкъа мацца а тасадала дезахь, хІара и хан ю. Вайх дуккханна а дийнахь са го, амма боданехь а са гаре кхойкху ас шуьга. Стен лоьмашна гуш йолу серло, билггал аьлча, церан бІаьргаш чуьра схьайолу серло ю. Нагахь вайн дегнаш чохь цІе летта елахь, вайна гонаха олалла деш болчу боданан лоллехь хир дац вай. Цу гІуллакхо гонахара дуккха а сов дерг ган таро еш долу, бІаьрсан тадалар лур ду вайна, тІаккха вайна хетарг Дала бохучуьнца догІур ду.

Дела – серло ю. Цуьнца бода а бац. Вайн кхетаман билггал таро юй-теша и агІо чу эца, бохург хаа луур дара суна. Серло йолччохь – бІаьрса а ду. БІаьрса долчохь, сатийсар а, гаран дендалар а хуьлу. Гар долчохь, довзар а хуьлу.

Дезачу Йозанаш тІера дуьххьара суна довзар санна хилла долу аят дагадогІу суна.

> ... Вайн Веза Эла волчу а, Ша леррина къобалвинчу а Іийсан Дала, сийлаллин Дас, Шех дерг кІоргге хаийта шуна хьекъалаллин а, довзийтаран а Са лойла. *Шун*

> *дегнашна тIера пардо дIадоккхийла* Цо, шу тIекхайкхина долу сатийсар а, Шен нахана лур ду аьлла долчун хьал муха ду а, Шех тешаш долчу вайна чохь лела барам боцу боккха ницкъ бохург хIун ду а шуна хаийтархьама…
>
> Эпасхошка 1:17-18, схьакъастийна авторо

Ас хIора дийнахь деш долу доIа хилла цу дешнех. ДIаюьжучу хенахь хIора суьйранна, бIаьргаш дIа а къевлина, цу дешнашца сайн набарехь Дела соьца хиларе кхойкхура аса. Дийнан серлонехь айса Деза Йозанаш деша доладале, цу тIехь Цо лур ду аьллачух юзура со. Кху лаьттахь йоллушехь стиглашкахь дерг гарна дIаделладеллачу бIаьргашкахула гуш долчу тамашийначу гIуллакхаша а, Цо лур ду аьллачо а дIалоцура со.

Хьайна гуш дерг санна хуьлий, дIахIутту хьо. Хьайна гар долччух лаьцна, дийца а дуьйцу ахьа. Мел инзаре тамашийна дерг кечдина вайна Везачу Эло бохучух кхетарх вай девлла хиларх кхоьру со. *Веза Дела, лохьа тхуна бIаьргаш, тхуна са гархьама!*

Оцу дехаро гойту, Делера хаам хила кхайкхина болчеран цIена, къинойх паргIат долу кегий берийн санна, дагахь хIума доцуш хилар хила дезар. Цунах лаьцна дерг саннарг хеза вайна Iелас Шамъална бинчу хьехамехь.

> Iилманан талламехь ду аьлла хетачуьнца доьзна дац Дела хилар, амма билггал серло санна гуш волу дела вевзинарг ву. Иза вайн болчу кхетамца боданехь серлонца лаха везарг вац. Иза Ша серло ву.
> – Авраам Джошуа Хешель

> …Юха а, дIагIой, дIавижа.
> Нагахь санна хьайга юха а
> цхьаммо кхайкхахь, цуьнга ала: „Вистхила, Веза Эла,
> Хьан лай Хьоьга ладугIуш ву“...
>
> Шамъал 3:9

Делан озо вижина Iуьллучу Шамъале кхойкху, иза набарх а воккхуш. Вайн жоп а хила деза, цуьнан жоп санна: «Вистхила Веза Эла, Хьан лай Хьоьга ладугIуш ву».

Шамъала жоп а делла, Деле шега Иза вистхилар деххалц, цунна шен цIе йоккхуш хилар бен ца хезира. Везачу Элан цIарах хаамаш бан иза волавалале хьалха, цхьа билггал йолу хан яла езара.

Вайх долчу масаннийн хилла Дала шен цIе яккхар бен ца хаалуш? Тешалаш, аса и хаадалар кIезиг хIума ду аьлла ца боху, амма иза доладалар бен дац. Вайх хIораннан а лаамехь долчул *цхьа сов долчунна* тIе довлий вай. Вай сатуьйсу Делан Iалашо йовзаре а, Цуьнца цхьаьна гIуллакх даре а, ткъа иза вайгахула дийца Цунна бакъо ялар бохург ду.

> Везачу Эло Шамъале элира: «Аса Исраилан махкахь цхьа хIума дийр ду, и шена хезначун шинна а лерга чу зов догIур ду».
>
> Шамъал 3:11, гочдар *Message*

Сан шеко яц, ур-атталла хIинца а Дала вайга бохуш хиларх: «ЙоIарий, леррина ладогIалаш! Со цхьа хIума дан воллу лаьттахь, цунах лаьцна хезнарг, массо а Iадор волу а, дерриг дуьненан тидам тIебохуьйтур болу а». Дала сатуьйсу дуьненан тидам Шена тIе бохуьйтур болу бераш хиларе. Шамъал вехачу хенахь Дала кIезиг олура адамашка дош, ткъа Делан халкъо сагIа даккхаран кхерч а, Далла Iамал ян леринчу динан цIийнан сийлалла а емалдинера. Динан цIийнах нахаца лелачийн меттиг хиллера! Iелан я ницкъ ца кхочура, я шен кIентий совцо лаам бацара цуьнан, хIунда аьлча уьш Дала бохучунна тIера бовларх са йолура цунна.

И бахьанехь Дела дIавирзинера Iелан цIийнах, Шена Iамал а еш, Шена тешаме волу къонах самаваьккхинера Дала. Кху заманахь лето къинош цу хенахь хиллачех башха къасталуш дац, ткъа хIинца синошца самадовлуш долу бераш ду Делан.

> Ткъа Шамъал воккха хуьлуш вара, шех Везачу Элан а, нехан а бIаьрг бузуьйтуш.
>
> Шамъал 2:26, гочдар *Message*

Суна бевзина цу тайпана болу къонахий – уьш дахарах буьзна а болуш, Дала декъалбина а болуш, нехан бIаьргашкахь дика а хеташ болу нах бу. Делан уьш вайна улло дIахIитто лаам бу, вайга массаьрга а цхьаьна Шен гIуллакх кхочушдайтархьама.

Иза кхочушхилийтархьама, Делера болу хаамаш кхайкхор меттахIотта деза, цара вайн бIаьргашна Дала дийриг гар дохьур ду, лергашна Цо бохург хазар лур ду, ткъа Цуьнан дашо оццул кхачаме долу а, ма-дарра довзар хуьлуьйту а хаарш лур ду, цу дашеху-

ла дегнаш чуьра ерриг пардонаш дӀаяхийтархьама.

Оцу аьллачу дерригенехула суна лаьа, ахьа и дешнаш хиндолчух лаьцна гар санна тӀеэцар а, Делера долу тамашийначу гӀуллакхе сатийсаран цӀе йогучу хьан деган чуьра сонех уьш дӀакхетар а. Хаалахь, Дезачу Йозанаш тӀера далийна долу и дешнаш а, адамийн вастех лаьцна дерг а, ахьа доьшучу хенахь, Дала делла похӀманаш меттахдаха а, дендан а там бу цара хьуна чохь.

Иза Дезачу Сино хьан дахаран кийрахь дерг шор а деш, хьан лергашна хаза а, бӀаьргашна ган а, синкхетам хила а йолу агӀонаш а совйохуш ю.

Цкъа аса динан хьехамаш бинчул тӀаьхьа цхьа хаза жима зуда еара суна тӀе, шена тӀехь Делан куьг хилар хаалуш йолу. Цо тӀе а еана, шен дагахь дерг дӀадиллира суна: «Аса хьан хьехамашка ла моссаза дугӀу а, сайна чохь бер меттаххьуйш санна хаало суна».

Иза берах яцара, суна цунах лаьцна хӀумма а ца хаьара. И ала гӀертарг, шена чохь цхьа Делера долу хӀума меттахдолу бохург дара, цунах лаьцна кхечу тайпана ша и муха эр дара ца хаьара цунна.

Цхьана хенахь хьуна чохь а хааделла хила мега и саннарг. Амма ахьа хьой хӀинццалц а тешайо: *«Со цхьа пайхамар санна ма яц!»* Со берашца чу хиъна Ӏаш йолу зуда, я кхиъна йогӀу йоӀ, я даима балхахь йоллу зуда, я берийн денана, я ненанана ю. *«Пайхамар»* боху дош хьайна хезча, хьан кхетаме догӀург деккъа цхьаъ хила там бу, набахти чу хаийна волу, шен дӀаьхкаш чохь цӀе йогуш санна хеташ хилла волу Ярми-ЯхӀу, я боккхачу чӀеран кийрахь хилла волу Юнус.

Со тӀетов, хьан дахар церан дахарх къаьсташ ду бохучунна. Хьо хаам бийриг ца хила а там бу, амма иза дац, пайхамараллин похӀма хуьлучу агӀор хьан яха йиш яц бохург.

Хаам баран похӀма хиларца дӀаяхар – хьайна хьалха долуш долчух сурт хӀоттар я цхьана хенахь хин долчух лаьцна сурт хӀоттар бохург ду, оцу агӀоно хиндолчух дийца хаар ло хьуна. Ур-атталла вайн доӀанаш а хуьлу наггахь цу кепехь. Вайна хаьа Далла хезаш хилар, цундела вайна хаьа Цо жоп луш хилар а, Цо цхьа инзаре а, даккхий а хӀуманаш гойтур ду вайна, цул хьалха вайна девзина доцу. Вай доӀанаш до, сатийсарца хин долчуьнга ладогӀарца.

Ӏийса лаьттахь лелачу хенахь, парушхоша шайн бӀаьрса дайанера. Шаьш нийса ойла йоцуш хиларна, уьш бӀаьрзе бара,

цундела Іийсан дахаро а, Цуьнан дешнаша а, шаьш даима а йохье кхойкхуш ду аьлла хетара царна, дарбалар а дохьуш. Яхьъян Инжил тІера 5-чу коьртехь Іийсана уьш юха а дарбаларх яздина ду – хІинца Цо шоьтан дийнахь нахана дарба до дела. Иза церан Іадаташна дуьхьал дерг дара. Амма вай кхета деза, Іийсас дийриг Делан весеташца догІуш хиларх, цу тІехь Делан халкъе шоьтан де лара кхайкхам бора, и де дага а доуьйтуш, иза деза а лоруш.

Ткъа хІун хила дезара деза, астагІа волу стаг товарал? Церан бІаьргашкахь уггар деза лорург, хІумма а ца деш хиъна Іар дара я, нагахь Іийсана оццул и стаг тован лиънехь, кІиранан муьлххачу а кхечу дийнахь дан мегаш ма дара бохург дара. Іадаташа а, бакъонаша а бІаьрзе бина болу парушхой ког тийсалуш а, дакъазабевлла а бара.

> Ткъа Іийсас элира цаьрга: «Сан Дас тахханалц а болх беш бу, Аса а бо и болх». Іийсас иза аларна, Иза вен кхин а чІогІа тІаьхьабевлира динан куьйгалхой. ХІунда аьлча Далла лерина шоьтан де ца лерина а ца Іаш, Делах Шен Да ву а аьлла, Ша Делаца вуьстинера Іийсас. Ткъа Іийсас жоп делира царна: *«Бакъдерг боху Ас шуьга, Шен Дас дийриг гуш ца хилча, Шеггара хІумма а дойла дац КІентан. ХІунда аьлча Шен Дас дийрриг до КІанта а. Дена Шен КІант веза, цундела Ша мел дийриг дерриг а гойту Дас КІантана. Шу цец а дохуш, кхин а сов гІуллакхаш гойтур ду Дас Цунна».*
>
> Яхьъя 5:17-20, гочдар *Message*,
> схьакъастийна авторо

Шоьтан дийнах лаьцна тІедиллинарг вай бечу балхаца доьзна дацара, ткъа вай Дала бечу оцу балха тІехь вай синтеме хила дезарца доьзна дара. Іийсас аьллачу дешнаша цхьадолу хаттарш хІиттадо вайна хьалха, вай царна жоп дала дезаш долу:

- Юй хьо Делан йоІ?
- Лаьий хьуна, хьан Дас дешдерг ган?
- Лаьий хьуна цу гІуллакхан декъашхо хила?
- Серло луш ерг хила лаьа хьуна, я цхьаннан синца боданехь хиларна тІе пІелг хьажо лаьа хьуна?
- Ирсе юй хьо Іийсан тІаьхьахІиттанчех хьо хиларна, кхечарах

дӀа а къаьстина яхар а долуш?

- Лаьий хьуна баланехь долчу а, дахарх дог даьллачу а, хӀаллакьхуьлуш долчу а, доьхна лелачу а дуьненна Делан тамашийна гӀуллакхаш гайта?

Ӏийса цкъа а вацара тамашена стаг, амма Ша мел ваханчохь, Делан тамашийна долу гӀуллакхаш гойтура Цо.

Нагахь Делан КӀант волчу Ӏийсана а Ша Шегара хӀумма а далуш ца хиллехь, вайна а далур дац хӀумма а, Дезачу Синера хаар а, кхетам а ца хилча. Вай а Цо деш хилларг дан деза. Цо гӀо дийр ду аьлла весет ду вайн. Иза чӀагӀдархьама, кхин а цкъа Векалийн цӀе йолчу тептаре хьовсий вай.

> …„ТӀаьххьарчу деношкахь, – боху Дала, – Аса Сайн Синан Ӏаь тухур ю дерриг а адамна тӀе. ТӀаккха шун кӀентий а, мехкарий а, шайга пайхамаралла а доьссина, Делера болу хаамаш беш хир бу. Кегийнаш Делера долу тамашийна суьрташ шайна хьалха хӀуьттуш хир бу, ткъа баккхийнаш Делера долу гӀенаш гуш хир бу. Сайн ялхошна тӀе, божаршна я зударшна делахь а, Сайн Синан Ӏаь тухур ю Аса цу деношкахь, тӀаккха цаьргахь пайхамаралла хир ду. Аса стигалан Ӏаьрчашкахь а, лаьтта тӀехь а тамашийна хӀуманаш гойтур ду: цӀий, цӀе, кӀуьран мархаш. Везачу Элан сийлахь де тӀекхачале малхах бода хир бу, баттах цӀий хир ду. Амма массо а Везачу Эле кхойкхуш верг кӀелхьарвоккхур ву“…
>
> Векалийн 2:17-21

ХӀокху тӀаьххьарчу хенахь а цкъа хӀинца а лелаш ду Дезачу Синан мохо деана весет. Тешалаш сох, юьхьанца со а яра цецъяьлла, Дала билггал вай хӀунда къастийна-те бохучух. Дуьненан мехкашкахула дӀасаяхар хуьлчу хенахь, и адамаш иштта дац, зама а иштта яц, аса сайн Ӏаь шайна тӀе тухун йолу, олий хета суна. Аса жимма тамехь а, цӀена а, кхераме йоцу а, дерриг а кхоьлина а, даьржина а йоцу зама хоржур яра. Цунна йогӀург Дала леррина Къобалвинарг винчул тӀаьхьа хилла долу 50-гӀа шо ду аьлла лорур дара аса, Ӏийсана тӀаьхьахӀиттинарш эккхийна лелийна болу. Амма тӀаккха оцу дерриге суьртана юкъахь вай мичахь хир дара? Я хьайна тӀе Дезачу Синан Ӏаь тохар ца деза я ца оьшу, аьлла-м ца хета хьуна? Хьан динан тобанехь цунах ца

тешаш берш хила а тарло. Амма, билггал аьлча, бен дац аса хIун боху я хьуна хIун лаьа бохург. «ТIаххьарчу деношкахь иштта хир ду, – боху Дала, – Аса Сайн Iаь тухур ю тайп-тайпанчу адамашна тIе».

Суна хетарехь, эххар а Цунна Шен халкъ карор ду, ша аьлларг Цо билггал кхочуш а дийр ду. Амма иза иштта хилахь а, и бохург хIун ду? Муха хир ду Цо Шен Iаь тохар? Таллам барца хьовсий вай, билггалдаккхарца къастадей вай и Дезачу Синан Iаь тохар муха хир ду бохург. Ши эзар шо хьалха гергга Деза Са лаьтта даийтинера, Iийсан вар а гойтуш, Цунах тешначийн дегнаш карла а дохуш. Цу тайпана, вайна чохь Деза Са ду, динан тобанехь Шен болх беш долу. Амма аса эр дацара хIинцца долуш дерг Цуьнан тIетохар ду.

Муха хир дара и тIетохар?

Цуьнан таллам барна, цкъа хьалха «са» бохург хIун ду хьовса деза вай. Оцу «са» бохучу дешан билггал долу диъ маьIна ду. Хьалхарниг – «ницкъ» бохург ду. Цунна чу догIу *«майралла», «доьналла», «чIогIа амал», «нуьцкъала лаам», «цхьа хIума кхочушдан ницкъ», «дог-цIена хилар», «чIогIа латтавалар», «хьекъалалла», «цхьа Iалашо хIоттор», «дIагIертар», «дог», «оьгIазло карзахъялар»* боху агIонаш. ХIокху Дезачу Йозанаш тIера аяташа масаллаш гойту Деза Са майралла а, дегIан ницкъ а билгалбаккхарца тIетоьхна хилар.

> Шамшонна тIе Везачу Элан Са доьссира, тIаккха цо и лом, буьхьиг санна, этIийна, цистина, дIадаькккхира…
>
> Куьйгалхой 14:6

ХIаъ, иза шога долу масалла ду, башха ма-бохху Дезачу Синан кхокханга терра охьадогIучу вастах тера доцу.

ХIара масалла ду, Деза Са хьекъаллех дуьзна а, оьздангаллехь латтадалар долу агIонаш гойтуш долу:

> …Везачу Элан Са цунна тIехь Iийр ду. Оцу Сино цунна хьекъал а, кхетам а лур бу, Цо хьехам а, ницкъ а лур бу, Цуьнгахула цунна Веза Эла вевзар а ву, Цунна хьалха ларамах вуьзна а хир ву…
>
> ЕшаI-ЯхIу 11:2

Я:

> Суна чохь цIена дог кхоллахьа, Дела, суна чуьра тешаме са карладаккхахьа.
>
> Забур 50:12

Иштта кхетаме хилар тIетохардеш долу Деза Са а хуьлу:

> …Ас иза Делан Синах вуьзна. Муьлхха а хIума ян похIма а, говзалла а, хаар а Ас делла цунна…
>
> Арадаккхар 31:3

Эххар а, хIокху аятехь Деза Са дог санна гойту:

> Ас царна шалхо йоцуш долу дог а лур ду, иштта керла са а кхуллур ду Ас царна чохь. Царна чуьра церан тIулган дегнаш дIа а даьхна, царна дилханан дегнаш кхуллур ду Аса…
>
> Яхьазкхиал 11:19

Иштта шолгIа коьрта билгалдаккхар а ду оцу «са» бохучу дешан – цунах «дог» ала тарло. Цу юкъа догIу «адаман чуьра со», «дахаран ницкъ», «волуш хилар» боху билгалдаккхарш.

> Стеган сино, иза цомгуш хилча, цу цамгарх тола ницкъ ло, амма доьхна са лалург мила хир ву?
>
> Кицанаш 18:14

> Синкъерамечу даго стеган юьхь-сибат а синкъераме до, ткъа, дог баланехь хилча, *са а сингаттаме хуьлу.*
>
> Кицанаш 15:13, схьакъастийна авторо

КхидIа долу «са» бохучу дешан билгалдаккхар – «бIарлагIа, фантом, гIаларт, дуьхьалхIиттар» бохург ду. (Со тешна ю, оцу билгалдакхарех лаьцна тIехдаьккхина дийца ца оьшу аьлла.)

Эххар а, «са» бохучу дашо билгалбоккху «дог паргIат хилар, гонахарчу юкъметтигах лаьцна, тенденци, накъосталлин юкъаметтиг» бохучу дешнийн чулацам. Шуна а хезна хир ду, адамаша цхьана меттигехь дика хилар хаало шайн дагна, олуш – иза «юкъметтиган дика хIаваъ ду кхузахь», бохург ду. Цара бохург

бIарлагIах я кхокханах лаьцна дац. Цара бохург гонаха хIоьттинчу хьолах я шайна хаалуш долчух лаьцна хуьлу (масала, цхьана хIумане сатийсарх лаьцна). Тешна, дуьххьара Деза Са доссале, синойн цхьаалла йолуш, цхьана меттехь и нах Iаш хиллачу оцу цIа чохь, цхьа шатайпана йолу дика юкъаметтиг хилла хир ю, Делан дан Iалашо йолу дерриг а тIеэцар а, ларам а болу хIаваъ долуш.

…Ткъа Везачу Элан Са долчохь – паргIато а ю.

2 Коринтхошка 3:17

Цу тайпана, кхузахь вайна го Дезачу Сино Делера долу паргIатонан хIаваъ дохьуш хилар. Ахьа тидам бина хир бу, аса «синах» лаьцна аьлча иза кхечу меттанашкахь дийца долу похIма ду ца аларан. Кхечу меттанашкахь дийцар – иза Деза Са гучудаккхаран я Иза долуш хиларан тоьшалла дар ду, амма и кхечу меттанашкахь дийцар дац кхоччуш Деза Са гайтург.

Делан Йозанаш тIехь вайна гира Дезачу Сино Ша массо а агIор гучудаккхар. Оцу Сино Шамшонна Iаламехь боцу ницкъ беллера, цуьнга пIелаштамхошна тIе церан динан цIа дожадайтархьама. Эли-ЯхIу, ша гIаш воллушехь, паччахьан конканна тIе а кхуьий, тIехволу. Гедеонна Делера йолу майралла йоьссича, цо карахь герз доцу тIемалой вовшах а тухий, мостагIчунна тIехь толам боккху. Оцу Синан ницкъаца яьссачу аренгахь цхьа а йолуш ехачу Деборас, Исраилна дуьхьалбевллачу мостагIашна дуьхьал онда ницкъ гIаттабо. Дезачу Синан ницкъаца Iийсас Делан амал гучуйоккхура, Ша мел ваханчохь а, Шена дуьхьал мел кхеттачунна тоьшалла дархьама.

Ткъа хIинца вай ду. Делан Йозанаша боху, вайн заманахь кхерамо дIалацарна гIеллур ду адамаш. Муха баккхалур бу толам адам Iадош болчу оцу кхерамна тIехь? Цунна догIу жоп ду, суна хетарехь, Делера йолу майралла тIейоссарехула.

Делера болу хаам хилар карладер долчу заманахь вай деха дела, наггахь адамашна горизонтехь дерг ган там бу, амма иза ша-шегара долу, я шайгара схьаэцна долу хIума хила тарло. Шух цхьаболчарна яханчу хенахь хааелла хила там бу цу тайпана хилла меттигаш, шуна жимма тамашина ю я билггал харц ю аьлла хетта йолу.

Цунах лаьцна къаьсташ дерг даладей вай. Далла адаман дегIа чохь Шена меттиг хиларал я цхьа цIе лелош йолу динан тоба

хиларал совдерг деза. Цунна Шен долчух терра дегнаш долу адамаш деза. Вайн Делера болу хаамаш хилар, вай кху заманахь дуьнен чу довларца доьзна ду. Иза дац вай цхьана семинарехь хилла долчуьнца доьзна, амма Шамъала санна, вайн Далла лерина гӀуллакх вай дина дела ду. Семинараш вон ю аьлла дац иза, амма вай дуьйцург цхьа доккха долчуьнца доьзна ду.

Шегара хаам хилар ша цхьа тӀех башха хӀума ду, я ша тайпана долчу, кӀезиг бен доцучу адамашна лерина ду аьлла дацара Дала. Цо адамашна а, хаам бечу суьрташна а, аьзнашна а тӀедуьллу вайн бӀаьргаш дӀаделлар, вайна гайтархьама, лергаш самадахар, вайна хазийтархьама, бага, вайга къамел дархьама, дегнаш а, вовшех дегалазам хилийтархьама.

Делера болчу хаамех лаьцна дерг дукха цхьалха даккха а кхоьруш, масех принцип ялор ю аса шуна, сайна хааелла йолу, суна чӀогӀа везаш волчу ЕшаӀ-ЯхӀу-пайхамарх лаьцна дерг Ӏамочу хенахь. Цуьнан син чуьра схьа болу кхайкхам дӀаболалушшехь, вайна хӀара девза:

> Везачу Эло вайна Шен некъашца лела хьоьхур ду.
> ТӀаккха вай, Цуьнан некъашца а лелаш, дехар ду.
>
> ЕшаӀ-ЯхӀу 2:3, гочдар *Message*

Суна иза тамехь ду: Дала Ша дийриг муха ду гойту вайна, вай даха ма-дезза дахийтархьама. Вайн Везачу Элан дог деттадаларца догӀуш йолчу тактаца дахархьама кхоьллинера вай. Цунна Шен некъаш а, Шен гӀуллакхаш а гайта лаьа вайна. Оцу аьллачуьнца доьзна ЕшаӀ-ЯхӀун тептаран 49-чу коьртехь масех тӀедиллар гира суна, хиндолчуьнга хьажар долчарна хьажийна долу. Изза ойланаш гойту ПахӀал-векало а, ша Римхошка яздинчу Дахьийтаран 9-чу коьртехь ЕшаӀ-ЯхӀус аьлларг далош.

1. Лакха хьежа.
2. Гонаха хьежа.
3. Леррина хьежа.
4. Хьалха хьежа.
5. Билггал бакъдерг баха.

Уггар хьалха, лакха хьажа. Нагахь хьайн хьажар лакха дерзорхьама, айхьа хӀун дан деза хьуна ца хаахь, Довзийтар цӀе

йолчу тептарал гIоле дерг карор дац хьуна, Стиглашна хеттачу кепара дуьнен чохь долчуьнга хьажархьама. Дехар ду шуьга, и тептар тIаьхьарчу заманан цхьа Iадош долу хьал гойту сурт долуш санна ца хетар. Цу тIехь Хилла волчух а, Волуш волчух а, ВогIун волчух а лаьцна довзийтар ду. Дела хенаца воьзна вац; Иза даима а Верг ву, цундела оцу агIор хуьлу цуьнан дукхахьолахь вайга олуш дерг. Колледжехь нисса цхьана баттахь Iамийнера аса и Довзийтар цIе йолу тептар, со хIинца а цецъюьйлу, адамаша цу тIехь долчунна шайна хеттачу тайпана хенийн доза тохарх. Со шек ю, ур-атталла Яхьъя-пайхамар кхеташ ца хилла хиларх, ша дIаяздечу оцу дерригенах. Наггахь оьшуш а дац дерриг а хаар, вайн деккъа тешар хила деза «кирхьана» тIехьа къайлаха, вайна моьттачул а сов долу, вуно балане дерг хиларх.

Лакха хьажар хила дезар, чIогIа оьшург ду. Вай хIинццалц а бо хьехамаш, Галилай-махкахула а лелаш, массо а санна долчу адамашца хан а йоккхуш хиллачу а, Шен Делера Хиларна йолу привилегиш а йитина, Адамийн КIант хилла веанчу а Iийсах лаьцна бу. Ткъа Ша Яхьъяна гайтинчу Iийсах лаьцна хIун эр дара аша? Сурт хIоттадейша шайна хьалха цунах лаьцна, нагахь шайна иза хIоттадалахь:

> …Ткъа оцу ворхI стогарна юкъахь лаьтташ «адамийн кIантах тера цхьаъ» вара. Цунна тIехь еха бедар яра, ткъа цуьнан некхана гонах хьарчийна деших дина доьхка дара. Цуьнан коьрта тIера месаш, тIаргIа а, ло а санна, кIайн яра. Цуьнан БIаьргаш а дара йогу алу санна. Цуьнан когаш пешахь лалийначу, къегачу цIастанах тера бара. Чухчаринb гIовгIа санна дара Цуьнан аз. Цуьнан аьтту куьйгахь ворхI седа бара. Цуьнан багара схьадолура шинна а агIор ира долу тур. Цуьнан юьхь а, шен нуьцкъалаллин нуьрехь болу малх санна, лепаш яра. Сайна и гича, велча санна, Цуьнан когашка вуьйжира со. Ткъа Цо, суна тIе аьтту куьг а диллина, соьга элира: «Ма кхера. Со ву Хьалхарниг а, ТIаьххьарниг а. Со ву дийна Верг. Со велла вара, амма хIинца Со ерриг а тIейогIучу заманна дийна ву. Сан карахь ду Iожаллин а, эхартан а догIанаш. Иштта, дIаязде хьайна гиначух а, долуш долчух а, хиндолчух а лаьцна.
>
> Довзийтинарг 1:13-19

Билггал стенах лаьцна ду дуьйцург бохучух кхета гIортий вай. Яхьъя оцу шийтта векална юкъахь уггар а собаре стаг хилла хила там бу. Иза Iийсана везавелла мурд хилла хила тарло. Эххар а, билггал цунна дIа ма доьллу Iийсас Суьйренан Пхьор дуучу хенахь, Шена ямартло ен верг мила ву. Стиглашкахь шена Делан КIант хиларан сийлаллехь Iийса гича, иза Iадавой вуьсу Цуьнан когашкахь! Иза дуккха а сов дерг ду, Iийсан карахь Iахар хиларал я Iийсас чIара кечбеш хиллачу суьртал. Иза Шен карахь седарчий долу, Везачу Делан КIант ву. Шегахь герз долу, нуьцкъала Паччахь-тIемало ву Иза. Iийсах лаьцна долчу оцу инзаречу довзийтарх лаьцна хьехамаш бан болийча хIун дара те вай? Хьовсий вай Довзийтар цIе йолчу тептар тIехь долчуьнга.

> Шен ялхошна кестта хила дезарг довзийтархьама, Ша леррина къобалвинчу Iийсагахула гучуяьккхира Дала и къайле. Цо иза Шен ялхо волчу Яхьъяга дIахаийтира, цунна тIе Шен малик а дахийтина. Яхьъяс ма-дарра дийцира Делан дашах а, Дала леррина къобалвинчу Iийсас динчу тоьшаллех а лаьцна шена мел гинарг. Декъала ву хIара Делера бинчу хааман дешнаш доьшург. Декъала бу, цу хааме ла а дугIуш, хааман тептар тIехь яздинарг лардийраш, и дерриге а кестта хир долу дела.
>
> Довзийтинарг 1:1-3

Уггар хьалха оцу тептаро Iийса билггал мила ву бохург дIадоьллу. Цу тIехь декъалаллаш кхайкхадо и довзийтар доьшучу а, хезначу а, иза лардечу а хIоранна а, цундела иза шена тIе вайн тидам тIебахийтарал а сов хьакъ долу хIума ду. Стенна оьшу-те и довзийтар? Iийса лаьттахь муха ваьхна бохучух лаьцна тоьшаллаш кIезиг ду-ткъа вайн?

Суна хетарехь, иза цхьа дакъа а бен дац, вайн толамбаккхархо волу КIелхардохург, вайн Дала леррина Къобалвинарг билггал Мила ву бохург дIадоьллуш долу. Иза, Дала Шена елла йолу привилегиш а йитина, вай санна хилира, вайн а йиш хилийтархьама, вешан долчух дIа а къаьстина, И санна хила. Иза Нуьцкъала а, Веза а, Инзаре а ву… *цундела стигала хьала хьажа!*

ШолгIа агIо – *гонаха хьажа.* Стигалийн лакхенашкара охьа хиндолчуьнга хьаьжча, вайн ваьшга а, вайна гонаха долчуьнга а, лаьттарчу адамашка а долу вайн бIаьргийн гар шорделлачу сан-

на хьовса долало. ЕшаI-ЯхIуна иза хааделлера, Дала шена довзийтинчух иза чIогIа инзарваьллачу хенахь (хь.: ЕшаI-ЯхIу, корта 6). Цкъа хьалха шен бага боьха хилар хааделира цунна. ТIаккха ша юкъахь вехаш долу дерриг халкъ а боьха хилар хааделира цунна. Далла сагIа доккхучу кхерчана чуьра кIора Iоттаран гIоьнца ЕшаI-ЯхIу цуьнан къинойх, юьхьIаьржонах цIанвира, тIаккха цо майраллица элира: «Со вахийтахь». Иза цIанвеллера, цуьнан дог шуьйрра дIаделладеллера, иза кийча хилира, шех лаьцна, хьоьга цара ладугIур дац аьлла, Дала хаам бина долчу халкъана тIеваха.

Вайна гуш долчу башхаллаша а, дуьхь-дуьхал хиларо а, веза а, бакъ волу а Дела шеца а, гонаха долчуьнца а вустаро, вайн дегнаш дохо деза. Хьажахь хьайна гонаха. Керланашка хьажа я беламе сериал дIахIоттаехьа. ХIун го хьуна? Суна къинош, нийсо ца хилар го, амма иштта серлонан бераш шайн къайлаха хиллачу меттигашкара арадовлуш а го, шайн серлонгахь лечкъина уьш Iийначу ханна гулбеллачу, оцу Iаламат кхерамечу боданна юьхьдуьххьал дIахIиттархьама.

ТIаккха вай *тидаме хиларца хьовса* дезий? Иза вайна гонахарчу дерачу а, цомгуш долчу а дуьненна дика дерг дарна некъаш лаха деза бохург ду аьлла хета суна. Иза ду, шен серлонца бода дIаса а баржош, холчохь болчарна сатийсар а кховдош, зуламе долчух дIа а дирзина, дика дар бохург. Цомгуш а, доьхна а долчун могушалла хилар а, ницкъ бар а меттахIоттаде. Вай кхочушдийриг экономически проблемашна тIера а, дешарца йолчу агIонна тIера а вайн юкъметтигаш дIанисъярна тIе кхаччалц йолчу агIонашца доьзна хила а тарло.

Вайна гонаха дуккха а доьзалш бу, меттахIоттар хила дезаш болу. Дукха адам ду молханийн а, цIеначу хин а, юучун а кхачам боцуш дехаш. Дукха ду цхьалха долу адамаш, царна доьзалш кхоллабалар оьшу, иштта ду да-нана оьшуш долу байлахь дисина бераш а, паргIатдовлар хила деза лоллехь долу адамаш а. Баланаша дIалаьцна, некъа йистехь нисделла адамаш ду, царна гIо оьшу. Тидаме хиларца хьажалахь!

Ваьшна *хьалха долчуьнга хьажархьама*, вайн кхетам хила беза, вай тахана бинчу сацамийн тIаьхье хир ю хин йолчу заманахь бохучух, цундела вайн, тидаме долу хьажар хилла а ца Iаш, тIаьхьалонан ойла яр а хила деза. Дахаран галморзе тIекхочучу хенахь, ваьш мел долийнарг чекхдаккха гIерта деза вай.

Сан *Ninja* цIе йолу мотоцикл ю. Иза технологични йоцу я кхерамаза йоцу хIума ю дуьнен чохь, цундела, Джонан сагаттадар ца хилийтархьама, шен зуда цхьа кхерамечу хIуманна тIехь лелаш ю аьлла, оха кхераме ца хуьлуьйту агIо луш йолу мотоциклаш лело курс чекхъяьккхира. (Со цхьаъ бен зуда яцара царна юкъахь.) Оцу курсехь тхуна хиира, дукхаха йолу авариш некъаш галморзе довлучохь хуьлуш хилар. И авариш, мотоциклисташ шайн бакъонашцца ца леларна а доцуш, машинаш лелочарна уьш ца гар бахьанехь хуьлу. И авари ца хилийтархьама дан дезаш дерг билгалдоккху цхьа дешнаш Iамийна оха: «Схьалахар, Мах хIоттор, Кхочушдар».

Сайн *Ninja* мотоцикл тIехь некъ галморзах болучу метте со тIекхочучу хенахь, и машинаш лелочара чул, айса церан тидам бар совдоккху ас. Хила тарлучу кхерамийн агIонаш, машинаш тIехь болчарна гуш яцахь а, шен хеннахь суна хааялар соьгахьа долу дела, аса лоьху уьш. Уллохула йоьдучу машинашка а хьоьжуш, ас тидаме оьцу, телефонехь къамел дийриг мила ву, дIавоьрзург мила ву, со хьанна гира я ца гира бохург. Иштта некъ муха бу бохучун а тидам бо аса. Гравий я гIум йолу некъаш ца деза суна. Чучча болу хIора некъ толлу аса, кхераме агIонаш юй те хьожуш, гIоле йолу агIо а къастош.

Некъ таллар чекхдаьлча, со гонаха долчуьнга хьожу, сайна дикаха йолу агIо а къастош. Наггахь, тхо Джонца цхьаьна доьлхуш хилахь, иза хьалха воьду, цуьнан мотоциклан гIовгIа чIогIо йолу дела сайн чул, тIаккха машинаш тIехь болчарна иза шайна тIевогIуш хеза. Ткъа машинаш тхуна тIаьхьайисча, со хьалхайолу, Джона со ларъяр а хуьлуш.

И план дIахIоттийча, оха иза кхочушйо. Оха харц сигналаш ца йохьуьйту машинашна: хуьлийла иза, масала, аьрру агIор дерзар билгалдаккхар, цул тIаьхьа дуьххьал дIа дахархьама. Тхаьш дан доллург, ма-хуьллу, къастош гайта гIерта тхо. Сайн *Ninja* мотоцикл тIехь лелаш кхин а цхьа лараме урок Iамийна аса: айхьа мотоцикл юьгуш, охьа ма хьажа, хIунда аьлча охьавожарна кхерам бу иза. Мотоцикл тIехь а, дахарехь санна, хьо хьала а, хьалха а хьажа веза, некъ дIабоьрзучохь. Хьо нийса дIайоьрзур ю, нагахь дIабоьдучу некъахь хьалха хьажахь, хьо хьалха хиллачу я хIинцца лаьттачу метте а доцуш. Хьайна хьалха хьажа, хьо кхача Iалашо йолче.

Вай хӀинцца лаьтташ долу меттиг – вай доьлхуш долу меттиг яц. Вайна хьалха хин дерг дуккха а сов дерг ду: сов даккхийдер, сов кхерамаш нисбалар, сов Дела карор, сов зер хилар, сов нийсо хилар, сов паргӀато хилар, сов ницкъ хилар, сов серло хилар, сов сатуьйсийла хилар.

Вай билггал некъ галморза боллучохь лаьтташ ду, хӀинцца долуш долчунна а, хила дезачунна а юкъахь. Иза ду, вайна уллохула дуккха а машинаш лелораш бевр бу, вайн тидам бар а доцуш, бохург. Иза церан гӀуллакх дац – вай кхерамехь ца хилийтархьама, дерриг тидаме эцар. Вай а, уьш а кхерамехь ца хилийтархьама, вай ваьш хьовсий гонаха долчуьнга.

ТӀаьххьара дерг ду – *билггал бакъдерг алар.* ПахӀал векало аьллера, ЕшаӀ-ЯхӀу шена хьалха долчуьнга хьоьжура, билггал бакъдерг а олуш. ЕшаӀ-ЯхӀу вехачу хенахь цуьнан дешнаш гуттар а ца оьцура тӀе, билггал бакъдерг санна. Цхьаболчу историкашна хета, цунах ши дакъа а деш иза вийнера, цо адамашна билггал бакъдерг дохьуш хилла дела. Иза массарна дезаш дерг, тамехь дерг, бӀегӀийла дерг дацара, делахь а, цо иза кхайкхийна а ца Ӏаш – хиндолчунна тӀедерзийна долчу оцу билггал бакъдолчуьнца вехара иза.

> Амма тӀейогӀуш ю и зама, тӀееана а яьлла иза,
> шаьш баккъалла а Дена Ӏибадат дечу наха, синца а,
> бакъдолчуьнца а Ӏибадат деш. ХӀунда аьлча иштта
> Ӏибадат дийраш лоьху Шена Дас.
>
> Яхьъя 4:23, гочдар *Message*, схьакъастийна авторо

ХӀара ду Ӏийсас вайна тӀера дина доӀа:

> Хьайн билггал долчу бакъдолчуьнца уьш Хьайн дола бахахьа. Хьан дош ду бакъдерг. Ахьа Со дуьнен чу ваийтаре терра, Ас уьш а хьажабо дуьнен чу. Аса церан дуьхьа Со дӀало Хьан дола, уьш а бакъдолчуьнца Хьан дола бахийтархьама.
>
> Яхьъя 17:17-19, гочдар *Message*

Нагахь вайна вайна билггал бакъдерг хӀун ду ца хаахь, вайн Делан Дош ду, билггал бакъдерг Волчу Ӏийсана тӀе некъ гойтуш долу а, Цунах кхетар луш долу а. Цхьадолу адамаш ду, лакха

хьежар долуш, ткъа гонаха долчуьнга ца хьожуш долу, цундела дӀа а лечкъаш. Иштта, гонаха дӀаса а хьаьжна, оцу шайна гинчо инзардаьхна долу адамаш а ду, уьш цкъа а лакха хьала ма ца хьовсура, цундела цара хӀумма а ца до. Шайна хьалха долчуьнга хьежна долу адамаш а ду, амма цара цкъа а билггал бакъдерг ца дуьйцура, цундела харц долчуьнца дехара уьш. Иштта билггал бакъдерг дийцина долу адамаш а ду, амма уьш цкъа а гонаха долчуьнга ца хьовсура, цундела оцу билггал бакъдолчо кхечарна тобалар ца дохьура.

Цундела, рогӀерчу коьртехь кхин а сов долчух лаьцна дийца йолалуш, сайна гонаха хьаьжча гинчу цхьацца хӀуманах лаьцна дийца йоллу со кхузахь (цхьана агӀор акха долуш санна долу, ткъа вукху агӀор – инзаре тамашийна долу), ваьш эрна байинчу ницкъах вайн юха а тасадала йиш хилийтархьама. ЦӀеххьана вайна тӀе доьссинчуьнца доьгӀна тасадалар а доцуш, деккъа – дӀаса а хьаьжна, вайна гарца доьзна долу.

Со хӀинца дийца йоллург, суо цхьа къайле йолуш я башхалла йолуш ю аьлла хетийтархьама далош ду ма мотталаш. Иза иштта данне а дац! Цхьа дӀаделладалар санна хилла дара суна иза – Ӏаламатах лаьцна долу дӀаделладалар. Ткъа хӀинца со дан йоллург, адаман болчу ницкъаца шуьга и сайна дӀаделладелларг дийца гӀертар бен дац шуна, сайна хуъучу кӀезиг долчу дешнашца.

Сирлабаьккхина кхетам хилар ларамe ду боданах дуьзначу дуьнен чохь. И бакъ ду: хьан хьажар тӀедаханчу хӀумане терра хилла, дӀахӀутту хьо а, бохург. Вайна чуьра схьа гуш долчу суьрте а, серлонан суьрте а, гонахарчу дуьнен чохь вайна гуш долчу суьртал лакхенга довлар хила деза вайн. Вайна гуш долчу, билггал деган лазам бохьучу суьртал дехьа а хьаьжна, оцу кегаре долчу дерригенна юкъахь Дала деш долчуьнга вай хьовса деза хан тӀееана вайна.

Вайна бода гушшехь, серлонах лаьцна кхайкхамаш бан беза вай.

Вайн бӀаьргаш сирладевлча, мел Воккха ву вайн Дела бохучух болу инзаре кхетам юхаберзор бу вай ваьшна. Веза Дела, лохьа тхуна бӀаьргаш Хьо гархьама!

Делера йолу серло совъяларе терра, Делера болу хаамаш хилар а хир ду, аьлла, тешна ю со. Дала бӀаьргаш лур ду вайна, гархьама, лергаш лур ду, хазархьама, олаллица Цуьнан Дош

кхайкхо майралла а лур ю. И синойн меттахдовлар хилча, адамийн дегнаш чуьра новкъарло еш хилларг а духур ду. ЛадегIа Деле, хьайн даг чу ала бакъо а ло Цунна, Цо деш долу тамашийна гIуллакх хьуна чохь хаадалийтархьама а, цуьнан лар хазархьама а. Хаам хиларехула Делан йолчу Iалашонан цхьа дакъа довзар ду, Иза дан воллу тамашийна гIуллакххаш гар бохург, цуьнгахула хиндолчух лаьцна хаар а догIуш. И гар ца хилча, дахар, боданехь лелар санна хуьлу.

> Пайхамаралла ца хилча, халкъ ша юха ца узу. Амма декъала ву товрат-хьехаме ладугIург.
>
> Кицанаш 29:18, гочдар *Message*

Iийса цкъа а вацара тамашена, амма, Ша мел ваханчохь а, Цо Делера долу тамашийна гIуллакххаш дора. ХIунда? Цо Шен Дас деш Шена гиннарг бен ца дора. Цунна цхьаьнаметта гора лазамах дуьзна долу дуьнен чуьра адамаш, Шен Везачу Дас цунна догIу жоп далар а гора. Цо серло а, билггал бакъдерг а кхайкхадора, динан харц хьехамчаша баржош болу бода а, харцдерг а дIадаккхархьама, Делан берийн бIаьргаш а кхолийна, уьш Дийна Волчу Делах дIакъастийна долу.

*«Пайхамар»* боху дош *«хиндерг хууш верг»* бохучу дашца догIуш ду. Iийсана кхечарна гуш доцург гора. Цо тидам бора эшамехь болчийн, лаьхкина лелочийн, боьха хетачийн. Цунна тобанаш гина ца Iара, Цунна адамаш гора. Цунна божарий, зударий бу бохучул сов дерг гора, уьш адамаш хилар гора Цунна, церан дегнаш чохь дерг гора. Боданна юкъара серло гора Iийсана, серло санна тIеоьцу бода емалбора Цо. Иза дуьненна серло санна вара, ткъа хIинца хьо хила еза и серло дIакхоьхьуш ерг.

> Далла хьалха бехк буьллийла доцуш, цIена шаьш хилийтархьама. Аьрхачу а, телхинчу а тайпанна юкъахь шайца цхьа а воних доцуш, Делан бераш санна дахалаш.
>
> Пилапхошка 2:15, гочдар *Message*

И дерриг а, сан хьоменаш, вайн боданехь дечу талларх лаьцна ду. Вайн дахарехула Делан серло боданехь лепар ю. Баланехь болчарна а, эшамехь болчарна а вайн хийцаделлачу дахаре хьажа могуьйтур ду вай. Вай дIа ца лечкъа боданах, вай иза дIайоккху.

Вай долчохь бода дӀаболу. Серло боданан дозане кхоччучу хенахь, вайна гучудер ду, бодано шена тӀаьхьа дуьтуш дерг. Дуккха а адам ду, паргӀатонан серло яре ла а доьгӀуш, боданехь лечкъина Ӏаш.

Таллар а долийна, боданан лоллехь хиларна сабӀаьрзадаларца сатийсаран дахьийтар кхачаре ладоьгӀуш мел долу адам кӀелхьардаккха деза хан тӀекхаьчна.

## БОДАНЕХЬ ТАЛЛАР

Дукха хан йоццуш сан йиш хиллера Инди-пачхьалкхера кхоьлинчу къоьллин «боданехь таллар дан».

Оцу боданехь сайна гинчо, инзаръяьккхинера со. Динан гӀуллакх деш йолчу *Life Outreach* организацин юкъахь хьаша санна Мумбае яханера со. Цара меттигерачу цхьацца организацишца болх бо, нахаца леларх а, маьттаза хӀуманаш лелорах а дуьзна долчу публични цӀеношкара зударий а, бераш а схьадаха гӀерташ.

Индира адамаш – дика адамаш ду, уьш гӀиллакхе а, кӀедамерза амал йолуш а ду, амма уьш дехачу меттигашкара къоьлла гича, цецволий вуьсу. Суна гинчу «ЛаппагӀаш чуьра схьаваьлла миллионер» цӀе йолчу фильмехь гайтинчу боьхалло со кхетийра – иза-м оццул боьха а ца хиллера бохучух. Урамашкахь Ӏуьллучу адамийн, дийнатийн боьхаллашна юккъехула дӀасауьдуш кегийчу цицгел долу мукадехкий дара.

Хьерадаьллачу санна долчу Мумбаян урамашкахула, цхьа дика хила ма-дезза хаза со схьакхачийначу, чохь кондиционер йолчу машинна чуьра со араяьлча, со кхечу хийрачу дуьнен чу кхаьчначу санна хетаделира суна. Хийра бохург экзотикица йолчу агӀор доьзна дацара, амма иза цхьа адамалла йоцу мультикультура ю аьлла хетара.

Иза догӀанаш оьху хан яра, оцу тӀуьналло а, йовхоно а цигахь лаьтташ долу хӀаваъ садаӀа ца мегачу даьккхинера. Цу сохьта оцу суна хьожа йогӀучу агӀор боьхачу хьожано дӀалецира. БӀаьргаш Ӏийжош йолу адамийн боьхаллин а, чишан а, цу тӀе яхкаеллачу юурган а, уьш бехачу боьхачу лаппагӀийн а, адамийн хьацӀаран а хьожанаш цхьаьнакхеттера. Ша хӀаваъ а дара цхьа башха деза а, цхьана Ӏаьржачу жинаша таӀийначу санна.

Суна ши агӀо хааелира сайна гинчун: дика адамаш долу

индийцаш а, уьш лоллехь латтош долу боьха жинаш а. Оцу лаппагӀаш чохь къайла долийла дацара церан хьал а, цара дийриг а. Цу хьолан дозалло охьатаӀор бахьанехь божарийн а, зударийн а тийсадалар, дӀасатехкар гора, хӀунда аьлча къоьлло а, коррупцино а, церан талхаро а шен деза куьг тӀедиллинера массо а агӀор.

Адамийн бӀаьрг тхайна тӀе ца бахаийтархьама, тхан командано церан къоман долу духар дуьйхинера. Амма цу агӀоно тхуна гӀо дийр ду аьлла тхуна моьттинарг, дукха сиха дӀаделира, хӀунда аьлча тхуна уллохула чекх мел волучо а тхан тидам бора.

Тхан динан Ӏуьналхочо, гидаш болчу миссионераша тхо сихха клинике чу дигира. Меттигарчу адамийн бӀобулура оцу поликлиникера белхалойх, царна адам дезар а, цара адамашна гӀуллакх дар а гора нахана. Лоьро шаьш тӀекхайкхаре хьоьжуш нах хиъна Ӏачу жимачу цӀа чу елира со. Хьалха нахаца лелачу цӀеношкахь куьйгалла деш хиллачу зударех лаьтташ болу белхалой, тхо дахкаре хьоьжуш бара. Тхо цхьана агӀор йолчу цхьана хӀусам чу девлира, суна тӀедиллинарг дара деккъа и борделешкара зударий «декъалбар».

Со цӀеххьана кхийтира сан тоьрмиг чохь Ӏуьллуш, аса ала дезарг тӀехь долу кехат суна оьшург ца хиларх. Суна со цхьа хийрачу меттигехь хилар хаалора, со кхетара – автор а, динан хьехамча а йолу Лиза – иза жимма кхузахь лелар доцу хӀума хиларх. Тхуна тӀехьожуш хӀоттийна адамаш долу дела, сайгара Делан Йозанаш дӀаделла йиш яцара сан. Сан талламчас буьйцу ингалс мотт кхачам болуш бацара, ткъа суна хинди мотт хаъане а ца хаьара. Цаьрца богӀу мотт каро гӀо, деккъа Дезачу Сино бен дийр дацара.

Оцу адамаша дуьйцучух цхьадерг мукъане а дисийтархьама, суна тӀийрачу хӀуманна тӀе йоьллина микрофон яра, цуьнан тӀийриг сан кучах дӀатесна яра. Къайлаха йолу камера кхечу зудчун Ӏаьржачу шарфан хӀуттаршна юкъа лачкъийна яра. Тхо, вовшийн куьйгаш а лаьцна, доӀа а дина, оцу боьхачу хӀожанах буьзна болчу урамашка дахара.

Цу сохьтта сайна тӀехьоьжуш цхьаъ волуш санна хийтира суна. Амма и хьажар чӀогӀа тидаме ду аьлла хеталора, мостагӀчун ду аьлла а доцуш. Корта хьала а бахийтина, некъал дехьара шолгӀачу этаж тӀехь долчу коре хьаьжира со, цигара охьахьоьжуш цхьа хаза сибат долу азиатийн йоӀ яра. ТӀехьаьжча цуьнан пхийтта шо

бен хир дацара. Цуьнан юьхь тIехь гIайгIане хилар а, амал доцчу хьолехь иза хилар а гора. ТIаккха бен ца кхийтира со, иза оцу борделера кертана дехьа дIакъевлина хиларх.

ХIун дан дезара и хьажар гинчо?

Вела йиш яцара. Корта ласто йиш яцара, хIунда аьлча цу тайпана аса цунна бехк биллар я цунах сан дог далар гойтур дара. Со цуьнан бIаьргаш чу хьоьжура, иза дIаерззалц. Лаха охьахьаьжча, суна гира ламин лахарчу тIегIина тIе охьахиъна даръелла йолу божарийн тоба. Уьш соьга ца башарца юхахьаьжира: «Хьуо хIун ю моьтту хьуна? ДIагIо кхузара! Хьан меттиг бац хIара!» – бохуш санна.

Шеко а яцара, иза билггал иштта хиларан. Делан вастехь а, амалехь а кхоьллина долчу цхьана а адаман а меттиг яцара кхузахь – хIокху меттера дIавадар бен ца дисинера.

Сан йоьхна хилар а гина, цхьана зудчо гIодаюкъ лецира сан. «Яло! Некъал дехьа яла гIо дийр ду ас хьуна!» – аьлла. Цхьана а тайпана бакъонаш ларъяр а доцуш, ур-атталла некъа тIехь хьаькхначу сизийн тергам бар доцуш, оцу боьхачу некъашкахула дIаоьхуш долчу адамашна а, велосипедашна а, машинашна а юккъехула дехьа яьккхира цо со.

Оцу лаппагIашна юкъахь аса даьккхинчу дийно Iамийра со, дIаоьхучу адамийн еккъа цхьа бакъо ларъяр хилар – нагахь хьо некъах дехьа вала волавеллехь, юха а ца волуш дIавахар. Кхерар доцуш дIаэха дезара, хьуна нисса дуьхьал тIейогIуш мел дукха велосипедаш, мотоциклаш, машинаш хиларх. Со цкъа жимма соцунга яьллера некъана юккъехь, тIаккха и хьалха бордель долахь хилла йолчу шина зудчо, суна шинна а агIор а яьлла, со хьалха теттира, кортош а лестош: «Ма сеца! Оха ларъеш ю хьо», - олуш. Цара билггал ларъеш а яра со.

Тхо даьхкинчу хьалхарчу борделехь, цхьаъ ах метр а, ши метр а бен хир йоцу хьалхара чоь яра. Цу чохь шайн хьаьйна хьашташ кхочушбарна бахка безачу мехкаршка ладоьгIу божарий бара. Иштта цигахь зударий гуллора, юург ян, шайн берашка бистхилархьама, цаьрга хьажархьама. Бода хIоттийначу цIа чуьра неIаран арахула йолчу къоьлле хьажа йиш яра церан. Оцу гатте йолчу метте дикка дуккха зударий баьхкинера, Делан безамах лаьцна хазархьама.

Чу яьлча, сан тидам ца гIойла дацара кхин а цхьана неIар тIе.

Цунна дуьхьал оьллина яйн шаршу яра, иза готтачу чоьхьа волучу цIа чу йоьдура, ткъа цигахь дIачIаьгIна йолу могIара лаьтта неIарш яра. Царна чохь йоIарий дIабуьйшуш хилар, цара божарийн хьашташ кхочушдеш хилар хиира суна тIаьхьо. Оцу учехь масех дIакъевлина йолчу неIарийн тидам бира аса, иза дара и йоIарий я садоIуш бу, я и шайн болх беш бу уьш бохург.

Сайна хьалха охьахевшина болчу зударшка дIахьаьжира со. Цара ерриг цIенкъа а, пенарца лаьтта гIантех тера йолу меттигаш а дIалаьцнера. Зударий, вовшашна тIеттIа а гIерташ, шайн коьртарчу хIуманех а хьерчаш, шеконца тхоьга хьуьйсура, тхо могIара чу довлучу хенахь.

Гочдархо йист хилира цаьрга, хинди маттахь маршалла а хоттуш. Цара леррина ладоьгIура, ларам барца корта дIаса а лестош, шайн къомахь ма-хиллара. Цо олучу дуккха а долчу дешнашна юкъахь сайн цIе йоккхуш хааделира суна. Массеран кортош соьгахьа бирзира. Со сабIаьрзенца динан куьйгалхочуьнга хьаьжира. Цо, куьйгаш хьаладахийтарца жоп а луш, юха а ша хьехнарг ала элира: «Декъалбе уьш … цара шина сохьтехь кху чуьра хьолехь ладоьгIнера хьо яре!»

Аса со мила ю а олуш, со мичара еана дийцира цаьрга. Аса сайн виъ кIант а ву, кеста кIентан кIант а хила везаш ву элира. Сан дешнаш суна сайна а даьсса а, цхьана а тайпана маьIна доцуш санна а хетаделира. ХIун хийцалора сох лаьцна дерг хаарх оцу зударийн? Царна девзаш долу дахар кхоччуш кхечу тайпана дара, сан америкера долчу дахарца дуьстича. Амма цара ларамца корта таIийра аса дийцинчуьнна дуьхьал.

Оха бехха некъ бина, элира аса, шуьга шу цхьалха дац алархьама. Дуьнен чуьра массо а зударшна халахета шу ишттачу хьолехь дехаш хилар.

И хIун ду? Уьш цхьалха бацара? Церан хIун дийр дара ца хууш долчу дахарх лаьцна церан лаппагIанаш чуьра арахьа даьллаткъа? Кхинаш боьлхура-ткъа церан дахаран хала хьал девзина? Аса хаам бира дуккха а болчу зударша доIанаш деш хиларх лаьцна Индира йоIарийн Дела волчун Iаьршана хьалха. Церан яххьаш меллаша деанчу бIаьрхиша сирлаяьккхира.

Наггахь ас ойла йо, билггал кхетий-те вай мел боккха ницкъ бу вовшашца уьйр хиларехь а, цхьааллехь а бохучух. Вай цхьалха дац вайн халонашкахь. Вай цхьалха дац вайн болчу

сатийсамашкахь. Іийсас Ша гуттара а вайца хир ву аьлла ваІда дина.

Сайн дахарехь а хьалха хиллачу цхьаццачу меттигашна со а дохкояьлла, аьлла, дагара дийцира аса цаьрга. Со къона йолчу хенахь аса а тидаме ца оьцура, сан дахар бехдаза хила дезар а, со цІена хила езар а, цаьргара а бертаза схьаяьккхина йолу и агІо санна. Сайна ма-лаьъа лела йолаеллера со а, амма тІаьхьо аса Далла сайн деган неІ дІайиллира, ткъа Цуьнан безамо цІанйира со, хІаллакьхиларх кІелхьар а йоккхуш. Цара тидам тІебахийтарца леррина ладоьгІура соьга.

Дезачу Сино хьоьхучуьнга ладогІа гІоьртура со, Цо хІора зуда а дІакъастош хилар дагахь а латтош. Уьш бацара юьхь йоцу хІуманаш санна хеташ, уьш цхьа адамаш дара, йоІарий бара. Аса рогІехь церан хІоран юьхьах куьг Іоьттира, Дала а Шен куьг а кховдийна, аса боху дешнаш Шен Дезачу Синца чІагІдийриг хиларх тешарца. Царах дІахьакхалуш, аса эсала чІагІдора: «Делан цхьа Іалашо ю хьан дахарна».

Уьш кара а бина, церан лоллерачу бодане веана волчу Делах лаьцна аса хьахийча, бІаьргех хи деара церан. Хезна а ца Іаш, царна хаьара Іазапехь а, лоллехь а воллуш дахар бохург хІун ду. И хІора йоІ Іазапехь ехаш яра, кхечу цхьаммо шена хІоттийна долчу. Аса шеца къамел дина йолу хІора зуда я ядийна, я леярца оцу боьхачу дахаран лолле ялийна яра. Уьш лолле бигар а дара, аса хІинца царна сатийсар долу дахар кховдоре терра дина хІума.

Царах хІораннан а шайн долчу хьолал гІолехь долчуьнга сатийсам бара – дика болх хилар, дешна хилар, я деккъа шайга безам хилар. Царах цхьаболчара шайн инзаре къоьллахь йохкучу ярташкара дІабовда сатуьйсура. Оцу зударшна ямартло йинера, хьалха шайх тешаш хиллачу божарша а, зударша а. Цара дуьйцура шайна ямартло йинчу шайн дайн, нанойн вежарех, майранех, вежарех, шичойх, дайн, нанойн йижаре, ур-атталла шайн доттагІех а лаьцна. Царна ямартло ярхьама, дахарехь дикане хилла долу церан сатийсар дохийнера цара. Аса дийхира цаьрга, Делан КІант волчу а, уьш Іехор боцучу а Іийсах тешарца, шайн юха а сатийсар хиларх тасадалар.

Аса кхиндолу а хІуманаш дийцира цаьрга – и хІун дара суна хІинца дага а ца догІу, – цхьацца фразаш, дешнаш, нагахь аса уьш кхузахь юха а далийча, малхбузехьара болчу ешархошна уьш

даьсса дешнаш дара аьлла хета а тарло, тем барна аьлла долу дукха цхьалха дешнаш дара мотта а мега. Амма оцу миноташкахь и дешнаш Стиглашкара схьа долуш санна хеталора суна.

Леррина долчу гIуллакхо дIалацар а доцуш, Стиглашкара схьа долчу хIаваах юьзира и готта меттиг. Дийна волчу, царах хIоранна а сатийсар кхийдочу Далла хьалха церан дегнаш дIаделладеллачу оцу минотехь, цхьа башха уьйр хилар дIахIоьттинера. Оцу зударийн хьажарехь цхьа хийцадалар а хааделла, ткъа сайна цаьрга ала кхин дешнаш кара ца дарна, динан куьйгалхочуьнгахьа йирзира со. Цо доIа дира оцу зударшца царна тIера. Цо Стиглашка кхайкхам бича, тхан тобанера зударша, оцу Далла безачу зударшна тIе а бахана, царах хIорра а марайоьллира, иштта царна тIера доIанаш а дира. Цу минотехь хеталора, гонахара пенаш дIасадаханчу санна.

Кабинки чуьра уьче ваьллачу цхьана клиентан тидам бира аса, шен хечин барч дIа а къовлуш, дог даларца ша араваьллачу метте юхахьажна волчу. Тхо ша-тайпана нах дара цигахь.

## ТIЕГУЛДЕЛЛА А, КХЕРАМ БОЦУШ А

Ойла елаш Делан Йозанаш тIера хIокху дешнийн:

> ХIетте а Хьуна дерриг а го, зуламан а, халахетаран а тидам бо, Iазап хьоьгуш берш а Ахьа Хьайн каралоцу. Къечо а ша Хьан кара дIало. Байлахь висинчунна а Хьо гIоьнча ву Iесачун а, зуламечун а ницкъ бохабехьа, церан Iесаллех уьш жоьпе озабехьа, церан Iесаллех хIумма а ца диссалц. Веза Эла абаденналц а, гуттаренна а Паччахь ву! Кхин къаьмнаш Цуьнан лаьтта тIера дIадовр ду. Веза Эла! Хьуна дIахеза Хьайна хьалха шаьш кIезиг хетачийн лаамаш. Церан дегнаш Ахь чIагI а до, Хьайн лерг царна дIа а делла. Байлахь висинчунна а, Iазап хьоьгучунна а Ахь нийса кхел йо, лаьттарчу адаме кхин цкъа а кхерамаш ца тийсийтархьама.
>
> Забур 9:35-39, гочдар Message

Шуна хезий иза? Кхузахь вай боданехь дан дезачу талларна оьшург дерриг а дагадеана: тешар, нийсо, толам, товалар, сатийсар, бераш дола а даьхна тIеэцарах, меттаварах,

бакъхьараллех, чакхенах а, керлачу доладаларх а! ХIинца иштачу дешнашца доIанаш дан деза хан тIееана, тIаккха, нагахь вай Делан Дош дIасадаржадахь, Веза Эла иза кхочушдаре хьожур ву.

Иза ца ваьлла дина доIа ду, мафияс дечу кепара долу. Сох лаьцна аьлча, со чIогIа кIадйина, ларваларца олучу мелачу доIанаша. Ткъа «церан куьйгаш а кегдой, Iорадаккхар дехьа, Дела», боху доIанаш кхераме ду. Иза чIогIа деш долу дехархочун доIа ду. Ткъа иштта долу доIа тийначу а, гIийлачу а озаца муха дийр ду бохучух ца кхета со. Забур тIера 9-чу коьрта тIехь дерг – иза билггал аьлча Дала дийр ду аьлларг ду, аса, дукха хан йоццуш Къилб-Малхбалехьара Азие яханчу хенахь, гIалакх санна сайца схьаэцна долу. Сайна нийсо ца хилар гича, аса хIоразза а и гIалакх схьадоккхура.

Хьайн доIанна тIехь тидам тIебахийтина а, луьра а хила. Билггал гуш долчуьнга хьежар а дитий, меттахIотторан а, нийсонан а сурт гаре хьажа. Иза ду Далла кху лаьттахь хила луург. Айхьа дечу доIанна тIехь, ахьа бIаьргаш а къевлина, шаьш гар дезаш долу адамаш а хуьлу. Аса бохург ду, ахьа деш долу доIанаш билггал тIедожжош, хила деза, хьан багара даьлча, цара хьо кхера а еш, Стигалашка дIакхочуш долу.

Партал йолу динан тоба латталур яц. Динан тобанна гIолехь долу сатийсар ду – вай боданехь таллар, хIоьттина долу къемат саца а деш, дуьненан Эла схьаваллалц йолчу ханна. Иза кхочушхилийтархьама, вай къаьсттина я цхьаьна а долуш, лаха а, таллам бан а, меттахIотто а деза, цкъа хIинца къайлаха дерг.

Тешалахь, хьо Инди-пачхьалкхе яха ца еза, бодано дIалаьцна долу холчу хIиттина адамаш карорхьама. Иблисан лолле бахана болу божарий, зударий, бераш массанхьа а карор ду хьуна. Ваьшна бIегIийла йолчу меттигашкара ара а девлла, вай цхьаъ даре ладоьгIу цара. ПаргIатоне йолу неIарш дIа а йиллина, муьлххачу а тайпана долчу боданехь ваьш дахкарх дIадерза деза вай, и адамаш серлонан Олалле далорхьама.

Вай Делан серлонах дуьзна хилча, вайна билггал боданера схьадахалур ду и баланехь дохку адамаш. Доктринех лаьцна къийсамашка довла я къийсамаш бан хан яц хIара, хьенан динан тобанаш тоьлаш ю, лакхара ю бохуш. Вай адамашна гIуллакх дан деза, лакхара я лахара мила ву боху, къийсамаш а битина.

Инди-пачхьалкхехь адамаш холчохь хиларх а, уьш бухкуш

хиларх а лаьцна айса шуьга кху агӀонаш тӀехь дуьйцуш, дуьненъюкъара болчу барамехь долчух лаьцна яздинера, ткъа цо хьан дуьнен чохь доллучуьнга хьажар шордойла. Цунах лаьцна хьайна хиънехь а, ма мотталахь хьан баланаш я хьан уллорачера болу баланаш лараме бац. Дела уллохь ву лазамехь болчу массарна а. Лоллехь хиларан, цхьалха хиларан, ямартло яран, къизалла латторан, таӀзар хиларан, дан хӀума доцуш висаран лазамаш хӀора пачхьалкхан адамашкахь хуьлу. Массанхьа а долчу адамийн а хуьлу цхьатерра эшамехь хилар, амма массеран а ца хуьлу и хьашташ кхочушдан йиш.

Тешаме долу динан гӀуллакх дийраш санна, вайн заза даккхар совдаккхий вай, нийса Ӏалашонаш а йолуш. Хьо декъалйина ю, ахьа а кхинаш декъалбархьама. Дукха адам ду и декъалалла оьшуш, ахьа дан йиш йолу. Хьан гена яха а ца оьшу, хьайн дерг декъархьама. Кхин дан хӀума доцучу хьолехь долу адамаш, ахьа болх бечу меттехь я ахьа хьайна цхьа хӀума оьцучу хенахь уллохь хила тарло. ЦӀахь деш долу къизалла хьан накъостан доьзалехь а хила мега. Хьоьца цхьаьна динан цӀа чу лелачу адамийн а хила тарло, шаьш цхьалха ду дахарехь аьлла хаадаларна, баланехь долу. Ур-атталла хьан берашна а хааделла хила тарло, масала, шайна йина ямартло, оцу хьоло таӀдалар дохьуш.

Дукхахьолахь иштта дерг а нисло, кхечеран дахарехь сатийсар хиларна тӀе цхьа гӀулч вай ма-яьккхина, вайна а синошца тодалар догӀуш. Дуьнен чохь мел долчу адамана оьшу шега безам хилар а, ша лара хьакъ хилар а, Дала леррина къобалвинчу Ӏийсас адамийн синошна луш долу. И адамаш миччанхьа а дехаш делахь а – охьайожжа йоллучу лаппагӀана чохь, пиллийн даьӀахках динчу даккхийн цӀенош чохь я кехатах динчу цӀа чохь – вай дан дезарг хууш ду, цуьнан дозанаш а делладелла ду. Дахар а ду, иштта валар а, хӀаллакьхилар а долуш ду. Сатийсар хилар а ду, сабӀарзадалар а ду. Серло а ю, бода а бу. Цкъа а ца хиллера и агӀонаш оццул дика къастаялар долуш, ткъа церан хин йолу тӀаьхье а оццул лакхара йолуш.

Стен лоьмаш серлонгахь деха, ткъа таллар боданехь до цара. Цундела, сан хьоме майра йоӀарий, сан кхин гӀолехь долу масалла дац дало, вай хӀун дан деза бохучунна. Со тешна ю, хӀара книга хьан карахь хиларан бахьана, хьо лур ду аьллачун йоӀ хилар ду бохучух. Ахьа шуьйрра дӀагӀаттийна деган неӀ. ХӀинца Цуьнан

инзаречу серлонгахь яха а, сапаргӀат долуш хила а Ӏама.

Иштта тийна а, атта цхьаьна даха а Ӏамий вай; гӀайгӀанашка а, балане хиларе а дӀа а ма къастадайта шаьш кхечарах я дахаран мохье шаьш охьа а ма таӀадайта. БӀаьргаш шуьйрра дӀа а диллина, боданехь ган Ӏамий вай – геннахь дерг а, дегнаш чохь дерг а, цкъа хӀинца а къайлаха дерг а. Боданехь цхьаьна таллар дей вай, кхиберш а Делан серлонга а бохуш. Стен лом санна, дахаран баланс а карийна, тийна а, дегнаш дӀаделладелла а, гӀортаме а, оьшучохь чуьрадевлла а хилий вай. Везачу Элаца хиларна синтеме а хуьлуш, садаӀар долуш, цхьаьна а кхетта, боданца къинхетамза а хилийша.

# 10

# Лоьмаца доладалар

…Ма велха! ХIара ду ЯхIудан тайпанах долу Лом: Даудан Орам. Цо толам баьккхина…

ДОВЗИЙТИНАРГ 5:5

Чувство, что через свои трудности ты проходишь одна, очень распространенная вещь. Однако на самом деле впереди тебя идет нечто невидимое, но могущественное, ведя тебя за собой. Читая эту главу, ты поймешь, что часто ты шла по жизни вместе с нашим Львом, Иисусом Христом, даже не осознавая этого.

Иногда следовать за кем-то может быть страшно. Вызов заключается не столько в том, чтобы понять, что Бог велит нам делать, сколько в том, как это сделать. Многие люди очень сильно хотят идти одним путем с Богом, но понятия не имеют, как этого добиться.

Иисус дал нам кое-что, что изначально может показаться простым указанием. Посмотрите на эти два разных перевода Маттай 16:24:

> Іийсас Шен мурдашка элира: «Суна тIаьхьахIотта лууш болчара шайн „со“ бохург дIататта деза, шайн баланийн мохьа схьа а эцна, Суна тIаьхьахIитта а беза.
> ТIаккха кхин а алсам къаьсташ хилийтарна...

> ХIора Соьца цхьана дIаваха Iалашо йолчо, иза велахь я елахь, ша Соьга вигийта веза. ДIавуьгург хьо яц, Со ву. Халонех дIа ма яда; иза дахаран некъахь хила дезарг санна тIеэца. Суна тIаьхьахIотта, тIаккха Аса гойтур ду хьуна и некъ муха бан беза.
>
> Гочдар *Message*

Гойтуш дерг кхоччуш къаьсташ ду: хьуо дIа а тасий, хьайн жIара схьа а эций, Iийсана тIаьхьахIотта. Чолхе хилар стенца ду аьлча, иза билггал муха дан деза бохучуьнца ду.

> Хьуо мухачу кепара дIатаса веза?
> Хьайн жIара схьа а эций, бохург, хIун ду?
> Гуш Воцчунна, муха тIаьхьахIотта веза?
> Жоп дуьххьалдIа ду: Iийсас дуьгу... вай лоррах доьлху.

## ТЕШАРЦА ЛЕЛАР

Сан сих-сиха сессишкахь йоIаршца «хаттарш а, жоьпаш а» бохучу форматехь йистхила аьтто болу. Тамашийна хIума ду-кх, ас сих-сиха цхьана хаттарна жоп мел ло, соьга кхин хаттар до: «Ткъа муха?».

Хьайга Дела вистхуьлуш хилар, муха хуийла ду? Хьайн дена къинтIера муха волийла ду? Хьо анорексих паргIат муха ваьлла? И кIант билггал, цхьаъ бен воцу, иза вуйла – муха хуийла ду? Ахьа кхерамна а, эхь хетарна а, бехке хетаран синхаамна а тIехь толам муха баьккхина?

Оцу йоIарша соьга хоьттучу халонех аьлча, со тешна яра Делан Дош билггал бакъ хиларх, тIаккха цо со дIаюьггучу дIайоьдура со. Iийса –дилханах хилла Дош ду. Вай Делан Дош доьшучу хенахь, вайна го Iийса муха леллера а, Цо вай стенга дуьгу а. Дуккха а долчу, халачу зерах буьзначу дахаран некъахь Цунна тIаьхьахIиттинчу адамашна, цкъа хьалха шайна далур дац иза аьлла хетара. Амма уьш, шайн ерриг а майралла гул а йина, тешарца Iийсана тIаьхьахIиттира.

> …Тешар хиларна, пачхьалкхашна тIехь толамаш а бохуш, нийсо а лелайойтуш, Дала лур ду аьлла хIуманаш схьа а оьцуш, лоьмийн баганаш дIа а къовлуш…
>
> Iебархошка 11:33

Адамаш тешарца лелар бахьанехь, коррумпированни пачхьалкхаш юхура, зуламна хила хьакъ дерг хуьлура, ткъа Делан весеташ кхочушхуьлура. Вай Делан планашна а, Цо вайн дахарехь лур ду аьллачунна а тешарца юкъадоьлху. Лоьмо дӀадуьггучу дахархьама, тешар хилар оьшу.

Тешаро шеконаш тӀехь толам боккху. Вай хоьтту Деле: «Хьо кхузахь вуй? Суна хаа ца ло Хьо». Тешарехула вайна хеза Лоьмо жоп луш: «Ас цкъа а юьтур яц хьо, дӀатосур а яц» (хь. Iебархошка 13:5).

Вай доӀа дечу хенахь, тешаро сатийсарна ницкъ ло вайна. Тешаран доӀано цомгушнаш тобийр бу, Везачу Эло хьо метта а хӀоттор ву. Нагахь ахьа къа латийнехь, хьуна геч а дийр ду (хь.: Якъуба 5:15).

Тешаран гӀулч бохург хӀун ду?

Вайн динан да волчу ИбрахӀимна, иза дара яьссачу арегнахь Далла тӀаьхьахӀоьттина вахар дезар, эххар а ша стенга валор ву бохург а ца хууш. ИбрахӀиман, Саратан бевлла леларх лаьцна аса доьшуш, Дала царна шайн бӀаьргашна гун долу и латта, делла а ца Iаш, уьш чекхбовлу латтанаш а лур ду аьллачун тидам бира аса.

> Тешар хиларна, Дала шена тӀедиллинарг кхочушдеш,
> шен дола доккхур ду аьллачу лаьтта тӀе вахара
> ИбрахӀим. Ша стенга воьду а ца хууш, дӀавахара иза.
>
> Iебархошка 11:8

Нагахь ИбрахӀим а, Сарат а Ур-гӀалахь биснехьара – аьтто болу а, евзаш йолу а меттиг йолчу, – царна Дала лур ду аьлларг кхочур дацара.

Ва, мел хала хуьлу вайна тешарца дӀадаха! Вайна тӀехьажа карта деза, амма цуьнан метта Дала къайленан зӀенаш вовшахъюцу, вай даха дезачу бевзаш боцучу некъахь.

Оцу араяьлла леларан тешаро доьналла кхоллаолуьйту вайна чохь. Вайх хӀоранна а хьалха – дуьхьалонаш йолу а, кхерамечу гӀуллакхех буьзна болу а некъ бу, иштта вайн Лоьмо Ша ца леллачу некъахула вай дуьгур дац бохучух тешар а ду вайн. Хьалха вайна ца гинарг я вай ца динарг кхочушдан, Дала вайга кхайкхам баро, вай гуттара а кхерадо. Наггахь Дала, хьалха цхьа а ваха ца ваьхьначу метте хьажадо вай. Вайн долуш дерг дерриг а

ду – Дала тӀедехар а, тӀекхайкхар а: «Сан йоӀ, хӀуттур юй хьо Суна тӀаьхьа … хьо кхоьруш елахь а?» - олуш.

Дукха хан йоццуш сан доттагӀчо зӀе тоьхнера соьга, шена дан тӀедуьллуш долчух лаьцна а, ша цхьана агӀор ца яьхьаш хиларх, ткъа вукху агӀор – цу гӀуллакхо цхьа башха дика йолу Ӏалашонаш дӀайоьллуш хиларх лаьцна а. Цхьана вовшахкхетарехь спикерш болчу божаршца цхьаьна дош алар тӀедуьллура цунна, цигахь лараме болу божарий-лидерш а хила безара. Ур-атталла цуьнан майра а шеконе велира иза цига яха езарх: иза цецваьккхинера шен зудчунна и гӀуллакх тӀедилларо.

Шена и буклет яийттинчу хенахь, цу тӀехь божаршна юкъахь еккъа ша бен, цхьа а зуда йоцу сурт а гина, тоьхнера цо и телефон. Иза инзаръяллера, кхера а еллера, сийлаллица оцу хьолах ша чекхъялалур юй те аьлла.

Айса бохучух кхетале хьалха аса элира: «Хьуо ехаш мел ю оцу моменте ладоьгӀуш ма яра хьо. Хьуна билггал далур ду и – иза дика а деш. Ахьа иза тамехь а, бакъахьара а, доккхачу хьекъалаллица а дийр ду».

Цо са паргӀатдаларца доккха садоккхуш хезира суна, корта таӀош санна а хаалуш. Суна хаара иза ша хир йоцийла оцу зерах чекхйолуш. Цунна уллохь лаьтташ Лом хир дара. Иза Цунна тӀахьахӀуттур ю, оцу некъара дӀа а ца йолуш, голаш его а тарло цуьнан цу хенахь, амма ша цхьа йоцийла хаадалар хир ду цуьнан.

Ӏийсана тӀаьхьахӀиттинарш, Лоьмаца хуьлу. Ӏийса вайн Ӏахар бу, вайна тӀера сагӀина беана болу, ткъа денвелча, ЯхӀудан тайпанах долу Лом санна денвелла Иза.

> …ХӀара ду ЯхӀудан тайпанах долу Лом: Даудан Орам. Цо толам баьккхина…
>
> Довзийтинарг 5:5

## ЮКЪАХ МА ВИЙЛА!

Хьан синца агӀор долчу дахаре жимма кхерам, егор даийтархьама, хьайна хьалха хьо лоьмана уллохь йолаелла йоьдуш санна сурт хӀоттаде. Хьанна хаьа? Дала хьо кхералур йолу цхьа гӀуллакх дар деха а тарло хьога.

Гой хьуна, Іийса Галилай-хІордан йистехула дІавоьдуш я ломан басехь нахана хьехамаш беш яздина долу сурт кхачам болуш дац, Иза мила ву хІинца бохург дІаделлархьама. Делан КІант шен Делера йолу билгалонаш а йитина, адаман вастехь веанера кху лаьтта. Амма Иза кхин лелаш вац адаман дилхалахь – ша Шен кІенташкахула а, йоІаршкахула а гучуваларца дацахь. Иза чехкадаьллачу а, инзарвоккхучу а стиглашкара тойнехь волу декъашхо санна хиъна Іаш ву Паччахьан гІанта тІехь – нуьцкъалалла а, исбаьхьалла а гойтуш!

Хьайн хьажар хьала а дерзадой, хІинца Іийса, сийлаллин а, нуьцкъаллин а лепарехь долу ЯхІудан тайпанах долу Лом хиларан сурт хІоттадехьа хьайна хьалха. Цунна хьо цец а юьйлуш, йоккхаер а долуш яха лаьа, декхараллин а, тІедилларийн а прессан кІел а йоцуш. Цуьнан озе хьайна чуьра цхьа туьйр доцучун а, чІогІа аьрхачун а кІоргера орам самабаккха магадехьа! Дала къоначу Ярми-ЯхІуна лур ду аьлларг, хьуна а догІуш ду – Цуьнан кхерамаза йоІ йолчу, хьогахула а Шегара хаамаш бан лаам бу Цуьнан:

> …Суна хьо вевзаш вара, ненан кийрахь Айса хьо кхоллале а, Аса хьо дІакъастийнера, хьо дуьнен чу валале а. Ас хьо къаьмнашна пайхамар хила дІахІоттийра». ТІаккха аса элира: «Хьалдолу Эла! Суна ца хаьа муха ала деза, со хІинца а дукха жима ма ву». Амма Везачу Эло суна жоп делира: «Ма ала: „Со дукха жима ву“. Аса хьо дІа мел хьажийначу метте гІур ву хьо. Аса хьайна тІедиллинарг дІа а эр ду ахьа. Кхера ма кхера царах: Со массо а хенахь хьоьца хир ву, хьо кІелхьарваккхархьама». Иштта боху Везачу Эло.
>
> Ярми-ЯхІу 1:5-8

Хьан тІекхайкхарехь эвсаралла долуш хьо хилийтархьама, Ярми-ЯхІу санна, Дела билггал хьайна уллохь хиларехь чІагІяла еза хьо. Оцу агІоно кхерам боцу доьналла хилар лур ду хьуна, хьаъа а, хІуъа а алахь я дахь.

Хьан дахаран дІадахарехь хьуна тайп-тайпана аьзнаш а хезар ду, хьуна тІе цхьацщанхьара долу таІор а догІур ду. Цхьаболчара хьо чІагІ а йийр ю, гІо а дийр ду хьуна ахьа дечу гІуллакхна тІехь; кхинаш хьо нийсачу некъара яккха а, хьуна новкъарло ян а гІертар

бу. Цхьадолчу аьзнаша хьуна евзаш йоцучу меттигашка яха иркарахIиттор ю хьо, ткъа цхьадолчара хьо юхаийзор ю. Цхьадолу аьзнаш хьан хиллачу дахарера ду – доьзалан аз, догдаларан аз, кхераман аз, – наг-наггахь мохь тоьхна олуш, я шабар-шибар деш долу: «Юьстах яла! Юхаерза. Аьтто бер бац хьан. Хьо лазон там бу». Оцу аьзнаша хьуо ларъяре кхойкху хьо.

Хьуна дуьхьал дерг олучу, хьан дахаран ницкъ бойуш долчу, оцу аьзнашна юкъахь нуьцкъала а, дахар луш долу а аьзнаш а хуьлу. Уьш гуттара а долуш ду, амма ахьа цаьрга ла ца догIа сацам бахь, уьш хьуна уллохула чекхдер ду. Массо а тайпанчу чолхечу некъашкахула хьуна тIекхочуш хилла долчу стиглашкарчу эскаран аьзнаша, Дезачу Йозанийн массо а агIонаш тIера кхайкхамаш бо хьоьга, хьо сеца а ца соьцуш дIаяхарна иркара а хIиттош: «Ла ма дегIа хьайн кхерамашка я хьайна гонаха долчу адамийн кхерамашка! Ла ма дегIа, кхел йина а, шена тIедеанчу неIалто хьийзош а долчу мостагIчун бакъдоцучуьнга. ДIаса ма хьежа! Хьо тхуна оьшу! Хьайн некъа тIера а ца йолуш, айхьа бан беза некъ чекхбаккха!».

Дагахь латтаделахь, лом долчохь кхидолу лахара меттиг дIалоцу дийнаташ дегош хуьлу. Иблис лаьттахула даьлла лела, мила дIакхоллур вара те бохуш лелаш ду аьлла, яздина делахь а (хь. 1 Кипин 5:8), иза ша лом дац. Иза тардала гIерта лоьме. Иблис цхьана а дустаре ца догIу вайн билггал долчу Лоьмаца. Боданан олахочо а, цуьнан уллоранаш а шайна Дала деллачу гIигI дарехула тардала гIерта, амма цунна гIуллакх дийраш – IиндагI бен дац, Делан корхьматаллин сийлаллех а, серлонах а дерг дIаэца гIерташ долу.

## ЛОЬМАЦА ХЬАЙН ДУЬХЬАЛIИТТАВАЛАРЕХ ТЕШНА ХИЛА

Со жима йоI йолуш, Iийса винчу денна «Хроники Нарнии» цIе йолчу книгийн динна комплект еллера суна совгIатна. И хIора книга цхьа къайлаха йолу хазна санна яра. И ерриг книгаш ешна яьлча со йилхира. И истори чекхъяьлла хиларна хилла а ца Iаш, оцу инзаречу, билггал кху дуьненара йоцучу пачхьалкъаца сан тасаеллачу уьйрах со яьлла дела дара иза. Со кхетара Аслан, Iийса санна ву аьлла, яздархочо схьаэцна васт хиларх, амма акха а, аьрха а долу лом, сайна вийцинчу Iийсаца вуста ца лора суна,

цунна тIе а вахана, куьг Iотта йиш йолуш и лом хиллехь а, и книга йоьшучу ханна суна иза дезаделлехь а.

Иза берашна юккъехула даьлла лелара. Дист хилар доцучу, кортошна гонаха нур лепар гайтарна адамех тера хеташ боцучу «базбинчу нехан» суьрташ тIехь долчу иконашна а, шийлачу «даздинчу хина» а тIе юхаерза ца лаьара суна. Дийна а, садеIар долчу а лоьмаца юкъаметтиг хиларна юхаерза лаьара суна. Оццул кIоргечу хьекъалаллех вуьзна волчу, дика дог долчу, дийна волчу Делаца йолчу уьйре сатуьйсура ас, Иза билггал юххехь хилар къовсаме ца даккхархьама. Со кхераяллал чIогIа болчу безаме сатуьйсура аса. Сан чуьра са озадаллал цIена йолчу нийсоне сатуьйсура аса.

Люси санна, дийнаташа дитташца хабар дуьйцуш долчу а, диканна а, билггал бакъдолчунна а совгIат дар догIуш хуьлчу а, гIалаташна таIзар дар доцуш, гечдар долчу а дуьнен чохь хила лаьара суна.

Вай Шена тIе баккъалла а дагахь хIума доцу а, дуьнене шуьйрра дIадиллинчу бIаьргашца хьуьйсучу а берех терра дахка лаьа Далла, Цуьнан исбаьхьа безам а, кIелхьардахар а тIе а оьцуш. Амма Iадатийн бакъонаша, хенан йохалло вайх дукхаха дерш нийсачу некъара дIадаьхна. Ткъа вай вайн бераллера Лом юьхьдуьхьалара дIадаьккхина.

Ткъа хIинца, оцу аьллачу дерригенца доьгIна, «Нарнин хроникаш» цIе йолчу книгин тIера «Каспиан принц» серин доьалгIачу декъан агIонаш тIера Люсин йогуш гуш йолчу серлонехь долчуьнга хьовсий вай. Оцу агIонаш тIера вай шайх дIакхеташ долу бераш, кIад а делла, тил а делла, хIинц-хIинцца юха а шаьш даха ца дезачу даха дохку, амма Люсина цIеххьана, шен Лом долу Аслан го.

- Хьовсийша! Хьовсийша! Хьовсийша! Мохь туху Люсис.
– Стенга? ХIун? – Хотту массара а.

- Лом, – элира Люсис. – Аслан. Шуна, хIун, ца гира
иза ткъа? – Цуьнан юьхь хийцаелира, бIаьргаш
сирладевлира. – Ахьа билггал боху?.. – аьлла,
волавелира Питер. – И мичахь гира хьуна хетарехь? –
хаьттира Сьюзена. – Ма дийцахь баккхийчара санна,
элира Люсис, ког тухуш. – Суна ца хета иза гина аьлла,
суна иза гина. – Лу мичахь ву? – хаьттира Питера. –

> ДӀогахь, рябина дитташна юкъахь ву. ХӀан-хӀа, басенан хӀокху агӀор ву. Лакхахь ву иза, лахахь вац. Нисса оцу шу даха дохкучу басенна дуьхьал агӀор. Цунна а луур дара вай и долчу, лакха тӀе дахар. – Хьуна мичара хаьа иза, цунна билггал иза лаар? – хьаьттира Эдмунда. – Цо … суна… суна… иштта хаьа-кх, – жоп делира Люсис. – Цуьнан хьажарехула. Вуьйш, цец а бевлла, вовшашка хьаьжначохь бисира.

Лом гучудаьлча, хьан юьхь тӀехь гуш хуьлу иза. Гарехула хаарш а догӀу. И *хаар* сан кӀентан Эддисонан юьхь тӀехь сайна гар дагадогӀу суна, цо сайга, билггал Джулиана хир ю аьлла хета шена шен зуда, аьлча. Со Киевера зударийн конференцира цӀа еана йоллуш яра, ткъа со цӀахь ца хиллачу оцу йоццачу ханна (ялх дийнахь), сан кӀантана шен дахаран безам бевзинера. Цунна оццу дийнахь ас шайца делкъе ян лиира. Тхо террасехь хиъна Ӏаш, со ладоьгӀуш яра цо сайга, «и цхьаъ ю-кх аса лехнарг», – бохуш, дуьйцучуьнга.

Ас шега, хьуна хӀун хаьа иза, аьлла хьаьттича, цо сан бӀаьргаш чу а хьаьжна кхетийра со: «Суна хаьа-кх иза», аьлла. Оццу минотехь дуьйна суна а хиира иза. Суна хаьара, сан кӀантана цхьа ша-тайпана долу доккха дерг гина хилар оцу йоӀехь, цхьана хӀумано ницкъ лора цунна шен некъахь дӀаваха, цунах лаьцна кхето цунна хала долу. Цуьнан нана хиларе терра, аса гӀо дан дезара цунна оцу некъахь. Джулианна йовзале дуьйна а со тешна яра, иза сан кӀантана йоьгӀна хиларх, со дерригенах кхеташ ца хиллехь а.

Вайн цу тайпана долу вовшахкхетарш хилча Лоьмаца, вай тешна хила деза оцу хаарх, нагахь кхинаш уллохула чекхбевллехь а, вайна ма-дарра гуш долчунна. Кхиндолчу берийн тешар ца хиллехь а, Люси тешна яра шена гинчух лаьцна, цунна ма-хаъара, иза бакъдерг а дара.

Асланна хетарехь, шаьш муьлхачу некъахула даха деза бохург Люсис дийцинчул тӀаьхьа, кхидолчу бераша тӀе ца ийцира иза. Церан шеко хилла ца Ӏара, цунна Аслан гина хиларх, цара хаттар дора, иза цунна хӀунда кхеттера дуьхьал бохуш. Цара кхоже дилла сацам бира: шаьш Люсина а, цуьнан Лоьмана а тӀахьахӀитта деза те я дуьххьал дӀа болчу некъахула даха деза те бохург. Люси ийшира, ткъа бераш, юха а дирзина, кхечу некъахула дӀадахара. Иза елха а йоьлхуш, яха езачу агӀор йоьдуш йоцачу, тобанна тӀаьхьхье дӀаяхара.

Вай массо а кхетар ду цунна хеттачух, аьлла хета суна.

Хьуна лом гича, цхьа Делера йолу билгало хуьлу, кхечарна гуш йоцу, тIаккха хаттарш хIуьтту. Нахана хаа луур ду, царна гина доцург, хьуна хIунда гина бохург. Со кхетта, оцу хаттарна Дала бен лур дац жоп бохучух. Цуьнан бакъо ю, Шена луъург дан. Дала тайп-тайпанчу агIонашца тайп-тайпанчу адамашна дIавоьллу Ша. Цу тайпана хиларо Дала леррина Къобалвинчун Тобанах долу вай, вовшех дозуш хиларх болчу кхетаме дало деза вай, хаттарш а ца кхуллуш. Вайх хIораннан а ша дан дезачу гIуллакхан дакъа хилахь, лидерша вовшашна гIо дийр ду, вовшийн иркара а хIиттош. Ирча дерг ду, хьох кхетар а ца хилла, тIаккха хьо харц некъа ваккхар. Хьуна гонаха долчу адамаша, Дала хьуна довзийтинарг тидаме ца эцар, чIогIа ирча хIума ду! Амма дагахь латтаделахь, ур-атталла иштточу хьолехь а Дала Шен гIуллакх до, муьлхха а хIоьттина хьал лакхарчу Iалашоне а дерзош. Хьуо юхататтаре, оьгIазъяхаре (хьох цхьаннан ца кхетар хилча) хьайн даг чохь кхел яр а, къаьхьалла а ма кхоллаялийталахь. Цунна тIехь толам а баккхий, кхидIа а дIагIо.

Амма *«Принц Каспиянна»* тIе юхадерзий вай. Вочу агIонга дерзош болу, еххачу хенахь эрна некъ бинчул тIаьхьа, бераш юха а шаьш некъ дIаболлийнчу метте кхечира. КIадделла, гIелделла долу бераш дIадуьйшу. Асланна хаьа Люсин дог доьхнийла, иза и йолчу вогIу, гIуллакх кхидIа а вочу агIонга ца дерзийтархьама.

Уьш севцинчу меттигна го бинчу боданера, Аслана Люсига кхойкху, цецвоккхуш, оццул хала чекхдаьллачу дийнал тIаьхьа а наб еш йоцучу. Асланан аз хазарна дукха дог а айделла, йоI хазахетарца цунна тIе йоду. Чекхдаьллачу дийнахь хиллачух лаьцна ша дуьйцуш, Люсис шен вежаршна а, йишина а критика йора, цара ша бинчу хьехаме ла ца догIарна. Лоьман цхьана деган кIоргенера «гIигI даран къадар» хезира. Цецъ а яьлла, Люсис хаьттира цуьнга, цхьа нийса доцург-м ца далийтина-теша аса, аьлла.

> – Амма, иза мухха а делахь а, сан бехк ма бац, бакъ дуй и? Лом нисса цуьнан бIаьргаш чу хьаьжира. – Ва Аслан, – элира Люсис… – Кхиберш а битина, хьуна тIаьхххий яха йиш яцара сан, гIойла дарий-ткъа сан?.. Аслана хIумма ца элира.

*Лом нисса цуьнан бIаьргаш чу хьаьжира.* И хIун ду те Делан

уллохь хилар хаадаларехь, адамийн харцахьа даьллачу гарна къаьстташ дерг луш долу? Со кест-кеста йогӀура Дела уллохь хилар хаадаларе, сох ца кхетар а, сох лаьцна эладита кхоллар а бахьанехь, эшамехь хуьлу со бохург даг чу а догӀуш, харжа дезарг сан карахь бен дац бохучух айса сой тешаярхьама. ХӀетте а вайн Лоьмана хьалха со лаьтташ эхь доссар ца хаало суна. Суна суо чӀагӀелла а, нийсачу новкъахь хилар а, кхидӀа а яха кийча хилар а хаало.

Сих-сиха вай дерриш а иштташ холчу хӀоттарехь нисло. Цхьана агӀор, Дала кхоллабалийтина цхьана некъахула дӀаяха лаам хуьлу хьан, ткъа вукху агӀор, доттагӀаша, доьзало кхечу тайпана де и бохуш, тоьтту хьо. Хила тарло ахьа, динца доьзна дерг я хьан даго хьоьху нийса дерг а юха а теттина, тобанна тӀаьхьа а хӀоьттина, йист а ца хуьлуш дӀаяха сацам беш йолу киртиг хӀоттина хьуна хьалха. Мел доккха тӀедожор хьайна деш делахь а, хьуна хаадала дезара: хьо Лоьмана тӀейоьдучу хенахь, бехказлонаша болх ца бо. Цунна дуьхьал йолу реакци – вист ца хилар ду. Суна дуккхазза а хезнера иштта долу хьехар: нагахь Дела вист хуьлуш вацахь, хьайн Цуьнца тӀаьххара а хиллачу къамелехь Цо хьайга аьлларг дагадаийта. Ахьа тӀеийцира, кхочушдира, элира, дӀахийцира иза? Нагахь ахьа иза ца динехь, Иза хӀинццалц а жоп даларе хьоьжуш ву.

## «ХЬО СТЕН ЛОМ ДУ...»

Дала Ша цкъа дина буьйр ца хуьйцу, наха цхьана кхечу хӀуманна тӀера кхаж тесна я Цо бохучунна уьш реза бацара, аьлла. Иштта Дала дакъа ца лоцу вайна дезаш долчу «караве бехке верг» бохучу ловзаршкахь а. Цо ладугӀу бехк баккхарна тӀера билггал бакъдолчунна тӀе вай дерззалц. Оцу муьтӀахь хиларан агӀоно Цуьнца цхьаьна аьрхачу саванне дахарна ницкъ ло вайна.

К. С. Льюиса кхоччуш ма-дарра яздина оцу кӀорггера долчу билггал бакъдолчух лаьцна долчу Люсин а, Асланан а хӀокху къамелехь. ЙоӀ кхийтира, ша Асланна тӀаьхьахӀотта езаш хилера бохучух, кхиберш шех дӀа ца кхеттехь а. Оцу довзийтарца керла жоьпалла а догӀура. Аслана цуьнан кхиам балийтарна кхин а цхьа агӀо ло, цунна шен вежарий а, йиша а самабахар тӀедуьллу цо, цаьрга шена юха а гира иза, аьлла, хаам беш, хӀинца цо тӀедуьллург кхочушдо хан тӀееана а олуш.

– Ткъа уьш тешар ма бац сох! – элира Люсис. – Цуьнан цхьа а маьIна дац, – элира Аслана. И муха хуьлу тIаккха? – элира Люсис. – Со чIогIа йоккхаеш ма яра, хьо юха а сайна карвархь… суна моьттура, ахьа, юха а деана, хьайн гIигI дарца берриг а мостагIий кхерор бу, хьалха санна. Ткъа хIинца шадерг чIогIа ирча хир ду!

– ХIаъ, хьуна хала ду, жиманиг, – элира Аслана. – Амма хIумма а, цкъа а шозлагIа ца хуьлу.

Цхьана минотана саций вай. Суна тамехь хуьлу адамо Делан кхайкхамна жоп луш долу сурт. Цо вай новкъа доху, ткъа вайна иза «ирчачу тайпана гIуллакх дохар» ду аьлла хета. Цхьа минот хьалха сатийсарх юьзна хиллачу Люсина, хIинца цхьанхьа дIалачкъа лаьара.

КхидIа а хьовсий вай:

> Люси лоьман кхесана юкъахь хьулъелира, цуьнан хьажарх дIалачкъархьама. Ткъа цуьнан кхесана юкъахь, цхьа тамашена дерг долчух тера дара. Цунна хааделира лоьман ницкъ шена чу буссуш санна. ЦIеххьана иза дIанисъелира. – бехк ма билла Аслан, – элира цо. – ХIинца со кийча ю. – ХIинца хьо стен лом ду, – элира Аслана. – ХIинца ерриг Нарни меттахIуттур ю.

И кхайкхам айса бешча, со инзаръяллера. «Хинца хьо стен лом ду …» Со тешна ю, Далла изза ала лаарх шен хIора йоIан дахаре, вай, хьала а гIевтина, доьлхучуьра а сецна, кийча хилча. ТIаккха Далла дIахьедар далур ду: «ХIинца хьо майрра ю. ХIинца Хьуна Сан хьажарехь дерг девза. Хьайн ницкъ хиларх кхета хьо. Хьо кийча ю тIом бан». Дагахь латтаделахь – хадам боллуш болчу тIамехь леташ долчу эскаран декъахь ю хьо.

## ЛЕЛОШ ЕРГ ХИЛА МА КХЕРА!

Ткъа вайн тIом муха хир бу? Бода сов а буьйлуш, ткъа вайн серло гIийла къедаш санна хетало.

Вайна юкъахь Лом хиларх лаьцна массаьрга а дIахьедо хан тIекхаьчна. Вай Цуьнан тидам ца бина хила а тарло, вешан даьссачу хIуманех къийсамаш бечу хенахь. Вайн могIарш бекъабелла, вайн хьажар кхечу хIуманна тIедирзина, боданан ницкъаша, вай шен гIайгIа бан безаш долу латта дассочу ханна.

Вайна гонаха тӀом дӀабоьдуш бу, ткъа вай мукъа дац, вешан йолчу лагерехь вовшахлета а кхиалуш дац вай.

> Хастам а, сийлалла а хуьлда массо а заманашкахь хир волчу а, цкъа а лийр воцу паччахь волчу а, гуш воцучу а, цхьаъ бен воцучу а Далла. Амин. Хьехам бо ас хьуна, сан кӀант Тимапи! Хьох лаьцна Делера хиллачу хаамашца а доьзна, иштта весет до ас. Ахьа оцу весеташца, дикачу тӀемалочо санна, къовсам латтабойла, хьайн тешар а, сий а лардеш. Цхьаболчара уьш юхатеттинера, цундела церан тешар хӀаллакьхилла, бохам баьлча доьхна хинкема санна…
>
> 1 Тимапига 1:17-19

Вайн тӀаьххьара хиндолчуьнга сатуьйсийла долу якорь тесна ю. Вай беш болу тӀом серлонан а, сатийсаран а герзаца беш бу. Ӏийса юха а ваьлла вац Ӏожална дуьхьал. Цо толам баьккхина баьлла. Билггал аьлча, вай а оцу толамца лела деза хан тӀекхаьчна, вайн масаллехула кхиберш а иркарахӀиттош.

Ур-аттала хӀинццехь а вайн пачхьалкх моральни а, экономически а, синошца йолчу агӀор а эшамехь хиларан дозане кхочуш ду. Вайна гонаха мостагӀий а, террористаш а бу – массо а дуьнен чохь санна, вайн дозанан чоьхьа а. Кхерамаш тийсар а, ямартлонаш лелор а ду массо а агӀор, ткъа вайна юкъахь а ду адамаш, шаьш шайх жоп далалур дац аьлла хеташ долу.

Суна хетарехь, вайн хӀинца хӀоьттина хьал масех бӀенаш шераш хьалха Ингалс-пачхьалкхехь хиллачу хьолах тера ду. Дассийначу а, дӀасаийдочу а лаьттахь импери кхоллаелира, тӀаккха Британера халкъ меттадеара, цхьана къоначу зудчо шена чохь стен лом хилар гайтича.

Ткъе пхи шо долу паччахьан йоӀ Елизавета I, финансийн а, моральни а агӀор чӀогӀа эшамехь болчу мехкан олалла дан дӀахӀоьттира. Ингалс-махкана массо а агӀор католицизм дин долу цхьаьнакхетта онда мехкаш тӀегӀоьртинера. Ткъа Ингалс-мохк цунна дозанан чоьхьа дӀабоьдучу динца доьзначу тӀемаша бекънера. Мохк дукха ледара болчу баьллера, паччахьо Генрих VIII, паччахьан зудчо Марияс олалла дечу хенахь.

Ткъа ладогӀийша, ша олалла дан дӀахӀуттуш Елизаветас

аьллачу дешнашка: «Сан белшаш тӀе биллинчу мохьо цецйоккху со». БӀешераш девлачу хенахь цуьнан дешнаш тахана а догӀуш а, со яхье йоккхуш а ду, аьлла хета суна. Шена тӀе и беза мохь тӀебилларх *цецъялар хилла* йолу зуда, муха хила езара?

Со йоккхайоь, оцу зуда-паччахьо шена бехказлонаш лехна ца хиларх – дукха къона ю со, дукха эгӀаза ю, цу тӀе а божарех а яц, аьлла. Иза олалле хӀотторан бакъо даима а шеконе доккхура. Бакъонехь ма-бохху дуьнен чу яьлла Генрих VIII-чун йоӀ ю олий, шена техдетташ хиллехь а, иза юха ца йолура. Цуьнан метта шен цецъялар тӀеэца сацам бинера цо. Цуьнан цецъялар цуьнан дахаран орам хилла дӀахӀоьттира, ша Делах йозуш хилар тӀе а оьцуш, Цуьнан сийдарх а, Цунна хьалха дог дегадарх а юьзна яра иза.

Жима йолуш дуьйна а догӀу дешнаш лоьхура цо шен къамелехь. И иштта ца хиллехь, ткъе пхеа шере ер яцара иза! Дуьнен чу иза яьлчхьана, елла дӀаяллалц зуламе дерг дан лууш долу адамаш дара цунна гонаха. Паччахьан кертахь а, цуьнан дозанал арахьа а тоам болуш дара цунна ямартло ян а, олалла шайн кара дерзо а лууш долу адамаш. Цуьнан дегахула йолчу, цул хьалха зуда-паччахь хиллачу йишина Мариина, ЦӀий Ӏанорг аьлла цӀе тиллинера, ша олалла дечу хенахь цо дукха адам дийна хиларна. Марияс Елизавета ен агӀо лоьхура, ур-атталла Лондонера Тауэр-набахти чу а йоьллинера, Елизаветин нана Анна Болейн а чохь йоллучу, цуьнан корта тӀера баккхале. Елизаветина Ӏиттарш яр, цунна дуьхьал питанаш тийсар Мария елла чул тӀаьхьа а бен ца сецира.

Елизавета паччахь хилла дӀа ма хӀоьттина, Шотландехь паччахь йолу цуьнан шича Мария, католически динан коьртехь болчийн гӀоьнца, Британи-махка юха а йирзина, мосийттозза ингалсан олалла дар схьадаккха гӀоьртира. Эххар а ша ен дагахь болчарна юкъахь цо а дакъа лаьцна хилар гучудаьлча, иза ен таӀзар дар кхайкхийра Елизаветас. Елизаветина ямартло йора, иза юха а тоьттура, иза тӀе а ца оьцура, амма оцу халонашка шех тоьлла йолу олалла дархо яйтира цо, и саннарг Ингалс-махкахь кхин хилла а йоцуш.

Маре а яхана, тӀаьхьалонна шена бер дечу меттана, паччахьзудчо Елизавета I, шен махкана долу нускал а, нана а хир ю ша, аьлла дукъ тӀеийцира шена тӀе. Оцу инзаречу тайпана ша махкана лерина шен дахар дӀадаларо, шен пачхьалкхана оьшу гӀуллакх

дарна паргІато елира цунна. Цо дешар дІа ца тосура, шена тІехь болх бора, цу тІе шена гонаха хьекъалалла долу нах гулбора, халкъана дагахь долчуьнга а хьожура, церан хьашташ кхочуш а дора.

Елизаветас олалла дечу ханна:

- протестантски динехь йолу тобанаш Англикански цІе йолчу цхьана тобане ерзийра;
- Ингалс-пачхьалкхан экономика цхьалхахІоттам болуш, ткъа и бахьанехь кхечу мехкашца йоьзна хилла йолчуьра диверсифицированни а, цхьана а кхечу пачхьалках йоьзна йоцучу а хьоле елира;
- Іилманаш а, искусство а заза даккха йолаелира;
- Ингалс-пачхьалкхах хІордаца доьзначу агІор яккхийчех йолу пачхьалкх хилира;
- адам Америке дІакхалхар а, иза таллар а жигараллица дІадахара.

Елизаветас олалла дина хан «дашо бІешо» хилла дІахІоьттира, цхьана жима пачхьалкх йолчуьра нуьцкъала импери а хуьлуш.

Цецволийла а дацара цунах стен лом аларх. Амма пачхьалкхан баккхий кхиамаш хиллехь а, олалла до гІуллакх, мохь дІакхехьар санна хилар, дуьсура цунна тІехь.

Паччахь хилар а, коьртахь паччахьан таж леладар а – инзаре башха хІума ду, иза гуш волчунна, иза билггал лелош волчунна тамехь дерг хетар хуьлучул.

Историх лаьцна долчу тептарша тоьшалла ма-дарра, цо дуккха а сов гІуллакхаш динера, деккъа коьртахь паччахьан таж леладарал: цо керланиг юкъадаккхарна а, йохк-эцар лелорна а, талламаш барна а тІехь дІадолор дира. Елизавета кхетара кхоччуш ша дІаяларан мехах, цундела гІайгІа барца а, собаре хиларца а кхочушдора цо шен мехкан кхиаме хилар, халкъ машаре болчу некъаца а дуьгуш, оццу хенахь Францин-пачхьалкх саннарш, революциш ярна бохамехь хуьлура.

Елизавета майрра тІемало яра. ХІара ду, шен эскарца ша тІаме йоьдуш, цо аьллачу дешнийн дакъа:

> Къизалла йийраш кхоьрийла, ткъа аса, Далла гуш ду
> иза, сайн коьрта гІортор а, кхерам ца хиларан гаранти а

> сайна тешаме дегнаш долчех а, даггара лелачу ялхойх а йора. Цундела хIинцца, хIокху минотехь, со шуна юкъахь ю, шуна ма-гарра, хIокху хенахь садаIархьама а, самукъадаккхархьама а доцуш, доьналлех юзарца кху тIамехь ю, шуьца цхьаьна я дийна йиса, я яла а кийча а йолуш. Со кийча ю сайн Делан дуьхьа а, сайн пачхьалкхан а, сайн халкъан а дуьхьа а, сайн сий а, цIий а дIа а делла, лаьттан чан хилла дIаерза. Суна хаьа, сан дегI – ницкъ боцу а, эгIаза а йолчу зудчун дегI дуйла, амма зуда-паччахьан дог ду сан, паччахьан хилла а ца Iаш, Ингалс-пачхьалкхан паччахьан. Со ца яшарх юьзна ю Парма я Испани, я муьлхха а Европера кхиволу паччахь сан пачхьалкхан дозанна тIегIорта ваьхьар ву бохучуьнга, цунна дуьхьал аса сайна тIе сий дайар тIедале хьалха, кара герз схьаоьцур ду… вай кестта сийлахь толам боккхур бу оцу Делан а, сан Пачхьалкхан а, сан Халкъан а мостагIашна тIехь.

Цара баккха а баьккхира и толам.

Гой хьуна, хIун хуьлу цхьана зудчо инзаръяла сацам бича, кхералочу меттана? Елазавета доьналлица Далла тIаьхьахIоьттинера, шен кхолламо тIекхайкхаре тидаме а яра иза. Делан лаамехь дерг лахарна тIейирззина яра иза, кхаа маттахь ша деш долу доIанаш шен тептар тIе дIа а яздора цо. Цо динчун тIаьхьалонах инзарвала йиш ю. Хьуна а хаало там бу, Дала цхьа могIара доцучу я кхерош долчу цхьана гIуллакхе хьуо кхайкхар. Иза иштта делахь, Люсис а, Елизавета I-чо а динчух масаллашка, кхиндIа а йоьдуш, хьуо иркарахIоттаяйта.

Бен дац, муьлха гIуллакх кхийдадо хьуна кхечара бохург. Дала аьллехь, тешалахь Цунах. Цо хьо дIайохуьйттучу метте дIагIо; Цо хьайга бохучуьнга ладогIа. Оцу Лоьмо хьуо дIайюьггучу дIагIо, ур-атталла кхинаш хьох ца кхетахь а, хьайна «девзинчух» теша. Кийча юй хьо инзаръяьлла хиларна?

# 11

# Шабар-шибарна тӀера гӀигӀ даре

Лом со вацара – суна, лоьман гӀигӀ дар бен, ца доьгӀнера.

УИНСТОН ЧЕРЧИЛЛЬ

Лоьмаша гӀигӀ до. Билггал, шуна иза хаьа. Амма хаьийте шуна, стен лоьмаша а гӀигӀ дойла? Лоьмаша я стен лоьмаша шайга ладугӀучун тидам тӀебахийтархьама, гӀигӀ дархьама, цкъа хьалха, шайн дегӀ дӀанисдан деза. Шен юьхьанца дуьйна хилла долу нуьцкъалалла гайтархьама, охьатаӀар хила деза. Церан ондда кортош охьатаьӀа, цара шайн некхан ваз шордо, накха хӀаваах бузархьама. Хетий-те царна, шаьш и гӀигӀ дечу цу минотехь шаьш лелхар ду аьлла, схьадийцарехь, цара и деш тийначу буса бархӀ километр геннахь хеза, и аз хезачу меттехь нисделлачу адамийн а, дийнатийн а дегадар а хуьлуш. Лоьман гӀигӀано хьуна го бан там бу, шен буьрсачу озаца шу Ӏада а деш.

Оццу тайпана, нагахь вайна Делан стен лоьмаша санна цу кепара онддачу озаца гӀигӀ дан лаахь, вай а хийца деза вешан хьал. ГӀигӀ дархьама, вайн хьаладахийтина кортош охьа а дахийтина, охьатаӀа деза. Цу тайпана муьтӀахь хилар а долуш, доӀанаш даро вай нийсачу кепе далор ду, Дезачу Сино луш долчу керлачу Ӏаьнарах дузархьама. Со теша, цу тайпана долу гӀигӀ далург хиларх, вайна белла болу Дезачу Синан хӀонан и «барам»,

вешан ницкъаца вай Цуьнан дахаран кхачамалла сецадан гIертачул, совбалахь. Вешан чохь долу Цуьнан билггал бакъдерг, безам, дикалла вайга кхин сеца ца делча, вай паргIатдоккхур ду, дог дегадар доуьйтуш долу, Дела муха ву боху дIахьедар.

Делахь а, стен лоьман долчух терра вай гIигI дар, деккъа аз бен хилла Iийр дац. Вай бо кхайкхам Делера долчу вовшахтоьхначу инзаречу дешнех а, гIуллакхех а, тешаран гIулчех а лаьтта. Тешаран а, сатийсаран а, безаман а гуш йоцу агIонаш цхьаццадолчу адамийн дахарехь хаалуш а хилча, дуьненан эшамашна а, Делан безамна а вай лочу жоьпаша гойтуш а хилча, тIаккха хезар ду дуьненна вайн гIигI дар. Ткъа нагахь вайн дахаро вайн Лоьман ма-дарра долу Сибат гучудаккхахь, дуьненна хезар ду Цуьнан гIигI. ТIаккха деланаш хила луучийн а, олахойн дегнаш а охкалур ду, ерриг гIовгIанаш дIатуьйр ю, тIаккха айаделла аз хезар ду: «Цхьана Далла бен Iамал ма е!», – бохуш долу.

Вайн дуьне массо а тайпанчу гIигI дарх дуьзна ду. «ГIигI» дар боху дош ас теллича, суна хиира гIигI дуккха а йолчу хIуманаша деш хилар. Даккхийчу хIордаша а до гIигI. Акха а, сецалуш боцучу а мохо а до гIигI. Корта хьовзар а доуьйтуш, лакхара охьадогIучу доккхачу хин чухчарис а до гIигI. Стадионашкахь гулделлачу адамаша а до гIигI.

Iаьршашкахь долчу деа дийнато а до гIигI: «Сийлахь ву, Сийлахь ву, Сийлахь ву», – бохуш, оцу гIигI даран озо стиглашкара неIарш а егайо (хь.: ЕшаI-ЯхIу 6:4). Лаьттахь, эшар санна, юх-юха а олу вай и дешнаш, амма Сийлахьчу Делах схьа болчу кхайкхаман кеп юьхьанца – гIигI дар я Iехар бохург санна яра.

Ур-атталла стигланан а, лаьттан а Веза Эла волчу вайн Сийлахь-Везачу Дала а … до гIигI.

> Везачу Эло, лоьмо санна, стигалара схьа гIигI дийр ду.
> Цо Шен дезачу цIа чуьра нуьцкъалчу озаца къамел дийр
> ду. ЧIогIачу озаца Цо гIигI дийр ду Шен махкана дуьхьал.
>
> Ярми-ЯхIу 25:30, гочдар *Message*

ТIаккха юха а:

> Со – Дела ма ву, Со адам ма дац. Хьуна юкъахь Со
> Везаниг ма ву! Дераллица вогIур вац Со. Уьш Везачу
> Элана тIаьхьахIуьттур бу. Цо Шен аз, лоьмо санна,

> хозуьйтур ду. ТӀаккха, сих а луш, богӀур бу Цунна тӀе малхбузера кӀентий.
>
> ХӀушаӀ 11:9-10, гочдар *Message*

Мухачу кепара хуьлу-те цхьа аз оццул чӀагӀдалар, цунах кхин шабар-шибар, гӀовгӀа, мохь тохар я цӀогӀа тохар олийла ца хиллал. ЧӀогӀа аларо бен ца до те и аз, шен нуьцкъалаллех цецволуьйтуш?

## ДЕРРИГ А ШАБАР-ШИБАРНА ТӀЕРА ДӀАДОЛАЛО

Кху хаттарна жоп далархьама, цкъа хьалха шабар-шибаран динамике толлур вай.

Назмаалархочо яздо:

> Сайна бевзаш боцу мотт суна хеза.
>
> Забур 80:6, гочдар *Message*

Кхузахь назмаалархочо шена хезначу Делан шабар-шибарх ша инзарваларх лаьцна дуьйцу. Хьалха ца дийцинера-ткъа цо шен Далла хастаме хиларх лаьцна? ХӀокху Назманна тӀехь шен дуьххьара Делаца уьйр хилча, шена даг чохь хааделла долу инзарвалар дагадоуьйтуш хила а тарло цо. Вайн хаадалар хуьлийла дац цхьана хӀуманах лаьцна, вайна и хьалха хезна ца хилча. Масала, Даудна Делан шабар-шибар ша жима жаӀу волчу хенахь хезнера дуьххьара, цул тӀаьхьа цунна гуттара а, миччанхьа а къасталора Везачу Элан аз. Делан озах лаьцна иштта боху: «…цхьа кӀеда-мерза шабар-шибар». Сийлахь-Воккхачу Дала кӀеда-мерзачу озаца олу – мел йоккха башхалла ю цуьнан билггал долуш долчу къизачу адамийн дахарца иза дуьстича.

Цундела бо Дала кхайкхам Шеца йолу уьйр вай тийналлехь а, синтеме долуш а хиларе: «ДӀа а совций, Со Дела вуйла хаийша…» (Забур 45:11).

Со тешна ю, Сийлахь-Воккхачу, долуш мел долчун Кхоллархо волчу Далла хууш хилар, Цуьнан берийн дохар хирг хилар, амма цуьнца цхьаьна Цуьнан шабар-шибаро царна синтем лург хилар а.

Сох лаьцна аьлча, шабар-шибар деш волчу Делан васт инзаре хетар совдолу, мохь хьоькхуш волчу Делан чул. Оццул Воккха волчу Делан къорвар доуьйтуш долу мохь хьакхар хуьлийла а ду, амма шабар-шибар дар – иза цхьа хуьлийла доцург санна долу

хIума ду. Оцу Шен кIедачу озаца вайн тидам Шена тIе бахийта йиш ю Цуьнан. Бух боцучу Iино вукху Iине кхайкхаре терра, Делан шабар-шибар – иза Кхоллархочун йилбазмохь бу, Цо кхоьллинчу берийн дегнийн кIоргенера хезаш болу.

Мохана юкъахь, латта дегоран юкъахь, цIарна юкъахь каро гIоьртира Эли-ЯхIу Дела, амма Иза шабар-шибарехь хезира цунна (хь. Сулим 19:12). Тийна а, кIеда-мерза а аз шена хезча, пайхамаро, ша дIахьулвеллачуьра ара а ваьлла, ладуьйгIира, Дала шега бохучуьнга.

Со теша, Дала бохург гуттара а шабар-шибарх дIадоладарх. ЧIогIа хозуьйтуш кхайкхийнарг, цкъа мацаха шабар-шибар дарца аьлла. Со берах йолуш, суна чохь кхуьуш а, чIагIлуш а дахар хаадалар дара, иза дуьнен чу догIучу беран шабар-шибар дара. Мохь хьакхар даг чохь динчу шабар-шибарх дIадолало. Шайн даг чуьра и мохь схьабалале хьалха, Дала шабар-шибар дарца жоп далар хезна хила а тарло шуна! «Дела со меца а, кхераелла а, цхьалха а ю», – аша аьлча.

Цо жоп луш, шабар-шибар дира: «Ма кхера! Со кхузахь ву, Сан бер».

Наггахь суна го, уьш шаьш а шабар-шибарх буьзначу санна болу зударий. Шен кхераделла бер тедан гIертачу нанас мохь хьокхур бац, цо шабар-шибар дарца эр ду. Шерашкахь суна хезара, Делан йоIарша вовшашка шабар-шибар дар шайна чохь кхоллалучу дIагIертарх лаьцна. Ткъе итт шо кхоччуш ду, тхаьш дIадуьйшучу меттахь Iуьллуш, аса сайн майрачуьнга цхьацца хIуманах лаьцна шабар-шибар ден. Буьйсанан заманахь бовхачу меттахь мохь тоьхна дийцар догIуш ца хуьлу. Иза шабар-шибар даран, садаIаран, уллора хиларан меттиг ю.

Цхьана хенахь динан гуламехь сайна улло охьахевшина болчу сайн доьзалан декъашхошка аса шабар-шибар дарца олура лере. Аса тийначу озаца олура, цхьа кIоршаме дерг я билггал бакъдолчуьнца догIуш доцург олуш сайна хезча. «Иза нийса дац», - олий, шабар шибар дора аса. Джона а, сан кIенташа а бист ца хуьлуш, кортош теIабора, наггахь сан белшах куьг а тухуш, - «Тхо кхета хьан синтем барах. ЧIогIа хезаш ала ца оьшу ахьа иза. Тхуна хеза хьо».

Ас шабар-шибар до, айса и дан деза аьлла, сайна хетарна. Суна хетарехь, нийса дац, йист ца хуьлуш, кIезиг ду аьлла хетарг,

тергам ца беш дитар, я тӀех лакхара ду аьлла хетарг, гамдина дерг, харцдерг дуьхьало ца еш дитар. Шадерг ас дечу динан гӀуллакхца доьзна хила а тарло, амма аса билггал бакъдерг гучудаккха деза, лаьттара и харц долчун хӀу схьадаккхархьама, цара орам тасале. Сан шабар-шибаро харцдо, и чӀогӀачу озаца аьлла хилларг.

Аса шабар-шибар до, нагахь суна хезаш долу дӀахьедарш, Дала соьга шабар-шибар дарца аьлла а, сан дахарехь билгалдаьккхина а долчуьнца догӀуш дацахь. Со тешна ю, хьан а хуьлуш хиларх иштта йолу хан, хьуна а изза хеташ. Нагахь хьуна Делан шабар-шибар хезнехь – хьуна хаьа, иза деза а, вай тидаме эца хьакъ долуш а дуйла. Дуккхазза а хуьлу, вай хьехамаш беш я кхайкхамаш бечу хенахь, вайна кхечара Ӏамийнарг вай юха олуш. Амма Дала олуш хилча, иза билггал кхечу тайпана долу хӀума ду.

Делан шабар-шибар – иза кӀезиг долу хӀума дац, цуьнга ларам хила беза. Дала Шен кӀенташка а, йоӀаршка а до шабар-шибар. Хаалой-теша хьуна, хьан дахарехь и хан тӀекхаьчна хилар, ахьа-айхьа а шабар-шибар дан дезаш а, Дала дечу шабар-шибаре ахьа ладогӀа дезаш а? Хьуна иза хӀинццехь а хезаш хила а тарло. Шабар-шибар – иза къайлаха долчун а, хиндерг хааран а мотт бу.

Эзарнаш шерашкахь адамаша лоьхура Делан шабар-шибар дар, амма дукхахьолахь цунна догӀу жоп вист ца хилар дара.

> Ас боху шуьга: дуккха а пайхамарш а, паччахьаш а лууш
> бара хӀара шуна гинарг ган, амма иза царна ца гина.
> Царна лиънера шуна хезаш дерг хаза, амма царна иза
> ца хезна».
>
> Лака 10:24, гочдар Message

Ширачу заманан пайхамарша а, паччахьаша а шайн лергаш дугӀура хазарна, амма Дала цхьа а дош ца олура. Уьш леррина хьуьйсура, цхьа кӀеззиг хилла а хиндерг гархьама, амма царна хьалха хӀумма а дацара. Я цхьа а аз, я гар а, я васт а – хӀумма а дацара, цара шайн накъосташка хаттар дан бахьана хӀоттуьйтуш долу: «Шуна хезирий иза?» – аьлла.

ТӀаккха тӀееара и хан, и дахьийтар схьакхаьчна, амма иза шабар-шибар дарца а доцуш, адаман вастехь дара. И шабар-шибар даран Дош, адам а хилла деара, Цо массарна а хозуьйтуш дийца долийра, адамашца уьйр хиларехула, царах куьг

Iоттарехула, уьш Iаморехула, тобарехула, белларш денбарехула. ГIайгIане дерг ду, уггар чIогIа хаза лиъначийн, хезаш долу лергаш ца хилар. Уьш Цунна уллохула чекхбевлира, Дала царна хетачу кепехь а, царна моьттург а дуьйцуш ца хиларна. Iийсас «шабар-шибар» дора ял йоккхуш болчийн а, чIерийлецархойн а лере, иштта мохь тоьххна олура парушхойн къорачу лергаш чу а.

Ша мила ву а, мичара схьавеана а бохург дешнашца дуьйцучу меттана, Iийсас Ша мила ву бохург Шен дахарца гучудоккхура. Цуьнан гIуллакхаша муьлххачу а озо чул чIогIа олура.

## ШАБАР-ШИБАР ДАРНА ТIЕРА КХАЙКХАМНА ТIЕ

Вайх дуккхаммо а санна, сан накъосто Бобби Хьюстона Стиглашкарчу озе ладугIу, Веза-Воккхачун Дезачу Сино Шен йоIаршна дан кечдеш долчу гIуллакхна тидам тIе а бохуьйтуш. Вайх дуккханна а гуш дерг, цо ишттачу дешнашца аьлла:

> Делан шабар-шибар кхайкхам хилла дIахIоьттира.
> Дерриге а дуьненахь зударша цу дешнашна хетарг олу.

Делан йоIарех дуккханна а хеза Цуьнан шабар-шибар. И хIун Делан шабар-шибар ду те? Цуьнан чIогIалла сов а хIунда дуьйлу-те? Дуккха а цхьаьнакхеттачу нийсоне кхайкхам бечу озийн дуьхьал вайн сатийсар дIакхайкхор кхоллало. Iийсан нанас, Марема, Шен халкъ кIелхьардаккхархь лаьцна дина долу Делан ваIда ша тIе эцча, иза шен даг чохь латтийра, цунна хьестаялар долуш. Тахана дуккха а болчу Делан йоIарша дIакхайкхадо, Дала шайн дегнаш чохь орам теснachу дахарх а, паргIатонах а дерг. Цу тайпана, цхьаццадолчу адамийн дегнаш чохь шабар-шибар санна кхолладеллачух цхьаьнакхетта долу дIакхайкхор хилла. Дахьийтар гучудолу, дуккха а йолчу ханна сецадаран тийналла лаьттинчохь.

> Лерга юххехь лохха Аса шайга аьлларг, цIийнан тхов тIе а довлий, мохь туххуш дийца!
>
> Маттай 10:27,
> гочдар ингалсан меттан версира *NLT*

Iийсас цкъа хьалха шабар-шибар дира, тIаккха мохь тоьххна дийцар тIедиллира Шен мурдашна. Цо кIеззиг долчу адамашна

чу дуьллура кхетар хилар а, хьекъалалла а, цул тIаьхьа Шен мурдашна тIедуьллура хьалха къайлаха хилларг, гучудаккхарца дIакхайкхор.

Со тешна ю, вай иштташ, селханалера Делан шабар-шибар кханалерачу кхайкхамашка доьрзучу хенахь дехаш хиларх. Суна ца хаьа, кхетий-те вай билггал оцу гIуллакхан нуьцкъалчу барамах, амма суна хаало, вайх дукхаха дерш герга кхаьчна цунна, леррина ла а дугIуш. Герга кхочуш, хьуна дайн шур-шур дар хеза – дIагIертар, дог тохадалар, хьайна чохь цхьа хIума меттахдалар хаалуш.

Делан шабар-шибаро Шена тIеозош хуьлу, цунах кхеравала а там болуш.

Иза цхьа дагахь а доцучу тайпана хуьлу, наггахь-м цунна тIаьхьахIоьттича, хьо цхьана ханна цхьа йиса а там болуш.

Иза оццул нуьцкъала хуьлу, нагахь цкъа хилла а цуьнан доладалар хилийтича, иза кхин сеца а лур дац.

> Цуьнан оьгIазаллех инзардевлла, стигалара бIогIамаш
> ду дегош. Шен ницкъаца хIорд дIатебира Цо, хIордан
> саьрмик болу РахIаб Цо Шен хьекъалаллица хьаьшира.
> Цо схьадеттачу хIоно стигал серлаяьккхира, Цуьнан куьг
> шершаш боьдучу лаьхьанах чекхбелира. *ХIара дерриг а*
> *Цуьнан гIуллакхийн кIеззиг долу дакъа бен дац. Шабар-*
> *шибар дечу хенахь бен вайна Цунах лаьцна ца хеза!* Ткъа
> Цуьнан ницкъан къекъар къасто хьенан хир яра йиш?
>
> Аюб 26:11-14, гочдар *Message*,
> схьакъастийна авторо

Бакъ ду-кх иза. ХIун дийр дара вай? Вай, билггал, кхерадаларна дегор дара, ткъа Цуьнан шабар-шибар девзина а, цунах тешна а берш латталур бацара Иза вогIуш Цо тухун болчу цIогIанна дуьхьал. Вайна чу цхьа башха дог дегорца ладегIар догIур ду, Цо мохь туххуш маца эр ду те бохуш. И вай лакхахь бийцина болу ницкъ а, озан олалла а – шабар-шибар бен дац. Цуьнан цхьана хIо тохаро стигалашкара ерриг а мархаш меттахйоху!

Дала Шен дахарх, паргIатонах, сатийсарх, ницкъах, тер ца хилархь, мехаллех ур-атталла хазаллех а лаьцна дуьххьара сан даг чу шабар-шибар дича, иза, со цхьа дIасаозаяр санна, дара суна. Суна

хетарехь шордар, совдаккхар хуьлийла а дац аьлла суна хеттачохь, шордаре а, совдаккхаре а кхайкхам бора Цо соьга. Цу хенахь сан даг чохь хиллачу синхьийзамо таIорах лаьцна иштта дийцар гIолехь хир ду: шайна хьалха сурт хIоттадейша, шайн дахарехь хIетталц шуна дага а ца деанарг, хир ду шун аьлла, шабар-шибар хеза шуна. Оцу шабар-шибаро боху: ахьа муьтIахь хиларца тIеэцна хьан дахарехь хила дезарг дерриг а кхочушхилла даьлла боху ойла, кхин дIа хьуна хIумма а далур дац боху факт тIеэцна ахьа, амма иза бакъ дац, цкъа а хилла а дац бакъ. Хьуна дуккха а долчу адамашкара хезначунна дуьхьал дерг ду цу шабар-шибаро бохург.

Амма шабар-шибаро цхьана къайлаха а, кIоргера а йолчу метте кхойкху хьоьга, хьуна чохь цхьа къаьсташ доцу дIагIертарш а кхолладолуьйту, цкъа хIинца а шайх лаьцна ала хала долу. Иза хьуна телевизор чохь гинчул, книгаш тIехь я журналаш тIехь ахьа дешначул, бакъдолчух тера хуьлу. Цу тайпана долу довзийтар хьан лере кхаьчча, хьан хийцаялар хуьлу. ЦIеххьана, цхьа бутт, кIира я цхьа де хьалха хьуо хи чохь болу чIара санна ю аьлла хьуна хеталуш хиллехь а, хIинца оцу меттигашкахь, вовшийн йолчу уьйранашкахь, хабаршкахь цхьа бIегIийла ца хетар хаало хьуна.

Суна Делан шабар-шибар дуьххьара хезча, изза хила а хилира. Цхьана агIор суна хааделира, со хIинца сайна хьалха хууш хиллачух дIакъаьстинчу санна, иза ямартло яр дацахь а. Со хIордан тIера хинкеман чохь махо дIахьуш санна хеталора суна, цхьана а тайпана со цу чохь муха нисъелла бохучух хаар а доцуш, я тIехIотта еза хинкеман дIахIуьйттийла мичахь лаха еза а ца хууш. ХIинццалц дерриг а чIогIа ду аьлла хеттарг, хIинца телхаш санна а, къастамза а, бIегIийла доцуш а хеталора. Деккъа цхьана хIуманах тешна яра со: цхьа хIума меттах даьлла, хIинца со кхин цкъа а юхайоьрзур яц хьалхалерачу дахаре бохучух.

ХIаъ, оцу шабар-шибаран олалла ду оццул сихха, вайна хьалха девзина хилла долчух вай дIакъасто, – билггал цу кепара. Цхьаболчара цунах синца серладалар олу, вукхара – парадигма меттахъялар ду олу. Гуттара а, аса Дела лоьхучу хенахь, Цо шабар-шибар дарца жоп ло суна.

> Дела, сан доIа дIа а хазахь, сан дехарх къайла а ма валахь!
>
> Забур 54:2, гочдар *Message*

Цуьнан жоьпаша шуна а, шун хьалха хиллачу дахарна а юкъахь дӀасакъастаре дало а тарло, тӀаккха цо цхьана ханна бІегІийла ца хетар доуьйтур ду шуна. Цундела лараме ду, Делан шабар-шибар шайна хезча, синтеме а хилла, дӀа а тийна, ла а доьгӀна, и шабар-шибар билгалдаккха гӀортар.

Людвиг ван Бетховенс яздора: «Аьзнаш дӀасадаьржа, дека, хьийза суна гонаха, ас уьш ноташ санна кехат тӀе дӀаяздаллалц». Ткъа хӀун хир дара цо шена чохь хезарг дӀа ца яздинехь? Вайна цуьнан мукъамаш ца хезна а ца Ӏаш, цуьнан хилла ойланаш, безам, дегалацамаш, синан айдалар девзар дацара, цо дӀаязйинчу аьзнийн симфонис кхоьллина долу.

Делан шабар-шибаро суна чохь дарц далар я ойланийн гӀигӀ дар самадаьккхича, аса иза дӀаяздаллалц, синтеме ца хуьлу со. Стигланийн садеӀар схьалаца а, и шабар-шибар цхьана кепе дало а йиш йолу дуккха а агӀонаш ю. Цхьаболчара иза дешнашка дерзор ду, вукхара мукъам балор бу. КхозлагӀчара иза шайн динан хьехамашкахь схьаоьцур ду, я актераша шаьш ловзучу ролешкахь, я литературни йолчу агӀор далор ду, чӀоггӀа бечу кхайкхамашкахула, оцу шабар-шибаро беана болчу. И шабар-шибар шаьш дуьллучу суьрташ тӀехь я архитектурехь дало там бу цхьаболчара, басарш а лелош, цхьана кепе а далош.

Гайтаран кеп дӀогара лараме яц. Коьртаниг – иза гайтар ду!

## ШАБАР-ШИБАР ЧӀОГГӀАЧУ ДАХАРЦА ГАЙТАХЬА

Шуна хезна хила там бу иштта олуш, – амма аса цхьа хӀума тӀетухур дара цунна. Мохь туххуш ваха, хьайна чохь доллург гайтар долуш.

Ральф Уолдо Эмерсона аьлла: «Вайх цхьаммо а цкъа а дийр дац цхьана а тайпана башха долу а, инзаре долу а хӀума, нагахь шена цхьанна а бен хезаш доцучу шабар-шибаре ладоьгӀуш иза ца хилахь».

Хьуо-хьайга ладогӀа Ӏама. Ма деха кхечаьрга хьайна дийцар, хьуна хьайна бен хезийла доцург. Иза дарца, ахьа кхечо хьайн дагна тӀехь олалла дар совдолуьйту, оцу Делан шабар-шибаре олалла дойтучул хьайн дог чохь. Ларамца тӀеэца хьайга Дала деш долу шабар-шибар, хан а карае, хьуна цхьа ша-тайпана долу гӀуллакх дан хаар а луш, Цо хьайн чу дуьллург хазархьама.

Дукххахьолахь, ваьш цхьа дисна аьлла хетачу хенахь хеза вайна Делан шабар-шибар. Амма вай цхьалха дац, хезаш долу лергаш долчарна юкъахь. Дела кийча ву, Ша бохург хазарна синтеме веанчу хIорранга а вистхила. Хаттар цхьана агIонца бен доьзна дац – и ду, кийча дуй те вай ладогIарца, дикка еххачу ханна дIасаца, къасттош Дезачу Сино бохург дIа а хезна, тIаккха Цуьнан дешнаш ницкъ болчу тайпана дIаяздан, бохург. Ваьшга долчу дахьийтаран дакъа, чIагI а дина, вай билгалдаьккхича, кхечаьрга долчу шабар-шибарх а кхетар ду вай. Тийналлехь ваьш ладугIуш йолу и хан бIегIийла яц аьлла хета а тарло вайна, амма вай чекхдовла деза оцу гIуллакхах, нагахь вайна юха а уьйраш дIахIитто лаахь, цхьана хIуманах дIа а кхетта, кхераме йоцачу хинкеманийн дIахIуьттийла йолчу ваьш дIа а дерзадойтуш.

Со цхьа хилар а хаалуш, аса ладоьгIу хан 2006-чу шарахь чакхенга еара сан, Пилап-махкахь нуьцкъалчу а, дикачу а зударшна юкъа со нисъелча – Хелен, Бобби, Дебора цIераш йолчу. Тхо дерриш а тайп-тайпанчу мехкашкара даьхкина дара, цхьа дешаран курс дIайоьллучу хенахь, цуьнан Iалашо яра массо а дуьненарчу зударийн мехалла а, ницкъ хилар а чIагIдар.

Суна ца моьттура, и конференци чекхъяьлла чул тIаьхьа аса нахана хьалха деш долу сан къамел, кхоччуш кхечу кепе доьрзур ду аьлла. Оцу вовшахкхетаро аса бечу хьехамийн чулацам хийцабалар ца дохьуш, и къамел кхечу кепара дар хилийтира. 2006-гIа шо чекхдолуш ас олучу дешнашна юкъахь, ас хаттарш дар я со бехказайийлар кIезиго дара эр дара аса. И конференци чекхъяьлча, Делан шабар-шибарца сан йолу уьйр хьалхачул уллора хилар а, со цунна тешаме хилар а хааделира суна. ХIетале сайна чохь болчу къовсамо а, со дIакъаьстина хилар хаадаларо а, цхьалха ю аьлла хетаро а холчу хIоттайора со.

Динан хьехамаш бечийн раж хIотточара со хьалхара дIахIоттайора. Айса эриг со аьлла яьлча, кхечу зударша деш долу дахьийтарш сайна чуэца йолаелира со. ХIора сесси чекх мел йолу, хаттарш хIиттарна сан кIадделлачу а, холчохь долчу а даг чу дахар догIура. ХIора хьехамаш беш йолчу зудчо шаьш эриг къасттош а, ницкъаца а, кIеда-мерза хиларца а аларца, суна сайна хезна долу шабар-шибар, сан къайлаха дерг дешнашка дерзадора. Сайн беснеш тIехула охьаоьху, сан дакъаделлачу синна хи тухуш санна долу бIаьрхиш сеца ца лора суна. Сайн синан хьогалла

дӀаяьккхира аса, сайн хаттаршна жоьпаш а деара суна.

Семинараш чекхъевлча цхьаболчу оцу зударшца гостинице юхайирзира со. Со къамел дечуьра ца соцура (дикка уьйр йоцуш а хуьлура и къамел), сайна чохь доллург дешнашца ала гӀерташ. «Ткъа изза ма ду ахьа яздеш дерг а, хьехамаш бийриг а, – элира соьга Боббис.

Иза бакъ а яра, амма хӀетале кхечу цхьаммо чӀоггӀа а, хозуьйттуш а алар ца нисделлера суна, сан даг чохь дерг цо бохучуьнца догӀуш а долуш.

Шераш мел долу, суо цхьалха ю аьлла а, сан дешнаш пенашна дехьа ца довлуш ду аьлла а хетара суна. Суна арахьа бӀаьрг тохалора, амма оцу пенаш юкъара ара ца ялалора со, цхьаммо цӀеххьана решеткаш йолу неӀ дӀа а гӀаттийна, серлонах а, велаваларх а юьзна йолчу шуьйрачу а, дӀаеллаелла йолчу а метте соьга кхайкхалц.

Боббис соьга куьг а кховдийна, белшах куьг туьйхира: «Хьо кхин цхьа яц», а – аьлла.

Корта а таӀийна, йилхина дӀаяхара со, ма берах тера лелаш ю со, аьлла а хеташ – амма суна иза бен а дацара. И буьйса сан дахаран цхьа мор бара. Суо цхьана хӀуманах дӀакхетталц йолчу оцу ханналц, суо цхьа хиларх кхоччуш со кхетта хиллий-те а ца хаьа суна. Со билггал кхийтира, динан вежарех дӀа а кхетта, дуьне хийцархьама, цаьрца цхьаьна гӀуллакх дийр долчу динан йижарех цхьаъ со а хиларх. Изза шабар-шибар хезаш хиллачех дӀакхетаро ницкъ хилар дохьу, паргӀат а воккху, иза чӀогӀа инзаре а ду!..

Хьан а хилла тарло и санна долу хетадалар. Хааделлий-те хьуна цкъа а, хьо, юьстах а яьлла, цхьана хӀуманан тидам беш йоллуш, цӀеххьана хьуна хаадалар догӀуш, хьуо тӀе а эцна, долуш долчу цхьана гӀуллакхан хьох а декъашхо хилар? ЙоӀ, йиша, нана я накъост, хаалахь, хьо Делан доьзалан декъашхо ю, хьо тхан дакъа ду. Хьо цхьа яц, цкъа а хилла а яц цхьа. Хьо ган а, тӀеэца а кийча ду, шайна чохь Делан шабар-шибар лелош долу адамаш.

Хьо цара шайна юкъа тӀеэцар, хьо кхайкхина ца хилар а гина, шаьш иза дан деза аьлла хетарна дина дац хьуна. Иза иштта данне а дац хьуна! Хьо тӀеэцна, дерриг дуьнен чохь айадалар хиллачу Делан зударшна а, божаршна а юкъа хьо йогӀуш йолу дела.

> Ткъа шу Дала Вазвинчо къобалдина ду, цундела шуна массарна а бакъдерг хаьа. Шуна билггал долу бакъдерг ца хаьа аьлла, ца яздо ас шуьга. Мелхо а, ас яздо шуьга, шуна и бакъдерг хаьа дела а, иштта цу бакъдолчуьнца цхьа а харцдерг доцийла шуна хаьа дела а.
>
> 1 Яхьъяс 2:20-21, гочдар *Message*

Дешнашца ала а ца ло суна, суо йолчул сов доккха долчунна юкъа со а йогӀуш ю бохург дӀаделладалар, хӀун дара суна. ХӀора кӀиранах, бӀеннашкахь болчу зударшна динан хьехамаш а беш, со дӀасайоьдуш хиллехь а, дуккхазза а со хьаша бен яц аьлла хетара суна. Хьошалахь а Ӏийна, со царах цхьаъ ю бохург ца хаадалар – иза сингаттаме хӀума ду! Цундела хӀинццехь и дерриг а чекхдоккхур ду вай, хьоменаг: хьо хьошалгӀахь яц – хьо Делан доьзалан декъашхо ю. Дуккха а дерг цхьаъ хилла дӀахӀоьттича, хӀораннан дош йилбазмохь санна юхадоьрзу, уьйр чӀагӀло, ткъа аз чӀагӀдалар совдолу.

Иштташу кепара шабар-шибаро вай шайх дӀакхетарна тӀекхойкху!

Ткъа кхайкхаран хьокъехь дерг муха ду?

> Иштта Везачу Элан тӀорказ, гӀалех цхьа го а боккхуш, дӀадаьхьира. Цул тӀаьхьа уьш, шайн меттамотт болчу юха а баьхкина, цигахь буьйса йоккхуш севцира!
>
> Нунин ЮшаӀ 6:10, гочдар *Message*

Вай шабар-шибар дарна тӀера мохь туххуш аларна тӀедовла вайн болчу лаамах лаьцна ойланехь вайн хилча а, чӀогӀа лараме дерг нийса хан харжар ду. Гой хьуна, историехь стратегически лараме а, кхераме а йолчу хенахь дехаш ду вай. Дала Иерихон-гӀалица диннарг санна, хӀинца а цхьацца долчу хӀуманашна къайлаха го бина, тӀаккха нийса йолччу хенахь, цхьаьнакхеттачу маьхьаршца уьш йохо воллу Иза.

> …ХӀунда аьлча Веза Эла коьртачу маликан озаца а, Делан турба лакхарца а, Ша стигалара охьавуссур ву…
>
> 1 Тассалникахошка 4:16

Цуьнан аз хазарна Ӏожалло а, хӀаллакдаро а олалла дар духур ду.

Исраилхойн ворхӀазза го баккха дийзира Иерихон-гӀалина,

деттачу маьхьарийн ницкъ цара тӀеэццалц. Оццу кепара, хьекъалечу стен лоьмаша а гӀигӀ ца до, шаьш еш йолчу кӀелоно толам боккхург хиларх шайн тоьшийла хиллалц. Коьртаниг дац чӀогӀа мохь тоха хаар, йоккха гӀовгӀа а йоккхуш, амма оьшшучу хенахь и дӀадолор ду. Вайх цхьаммо а хӀумма а кхайкхо ца деза, и кхайкхош дерг шена тӀеэца ша кийча хиллалц – цунна оьшу кхоччуш болу ницкъ а болуш.

> Берах йолчу зудчо, бер хуьлу хан тӀе а кхаьчна, лазарша
> ша хьийзош, мохь хьоьккхуш санна, дара тхо Хьуна
> хьалха, Веза Эла.
>
> ЕшаӀ-ЯхӀу 26:17

Годами каждая из нас по отдельности и все вместе мы кричали о нашей боли, но кричать о боли – это не ответ. Ответ – это когда эта боль, подобно родовым мукам, производит на свет жизнь. Давайте же ответим на эти труды, предрассудки и даже боль силой искупления и дадим жизнь поколению сильных и энергичных дочерей.

## КХАЙКХАР ГӀИГӀДАР ХИЛЛА ДӀАХӀУТТУЧУ ХЕНАХЬ

Мохь хьеннан а хьекхийла ду. Амма гӀигӀ дойла массеран дац, мел лахара а, хан тӀекхаччалц

Ткъа хӀун ду те и гӀигӀ дар бохург? ГӀигӀ – иза чӀогӀа мохь тоьхна алар хилла ца Ӏа. Иза, уггар хьалха, кхерам боцуш кхайкхам бар ду. ГӀигӀ дар – иза цхьа дуьххьарлера а, саца ца лу а, ца къаьста а хӀума чуьра арадаккхар санна ду. Вайх хӀораннан а нуьцкъалла ду гӀигӀ дан, амма къаьст-къаьстина а доцуш. Ткъа адамашца доьгӀна аьлча, суна хетарехь, гӀигӀ – иза дуккха а аьзнаш цхьаьнакхетарал а, сов дерг ду. Иза адамаша шайн тешар гӀарадаьллачу дахарца гайтар ду, сатийсар хилар а, Делан безам а бекъар а хуьлуш.

Шух цхьаболчарна дагадогӀу хир ду I970-чу шерашкахь Хелен Рэддис яьккхинчу эшаран хӀара дешнаш: «Со зуда ю, дӀахазайша сан гӀигӀ!». Аса доьху шуьга, кхеталаш, со ала йоллург дац, зударша бен дан ца деза гӀигӀ, бохург ца хиларх. Цул сов аса ца боху зударшка божаршна дуьхьал гӀигӀ де, я божаршка а-

зударшна тIе. Суна хетарехь, хIинца тIееана вайна, вай цхьаьна аьзнаш ай а дина, гIигI дан деза хан!

Ур-атталла хIинца а хеза суна сайн даг чохь: «Кечам белаш, йоIарий, хIунда аьлча аша цхьаьна бо кхайкхам гIигI даре доьрзур ду, лаьттана тIера хьала а даьлла, Стиглашкара кхачор хилар паргIатдоккхуш.

Уинстон Черчилла ма-аллара: «Лом со дацара – суна лоьман гIигI дан сийлалла кхаьчнера».

Иштта вай а дац лоьмаш, амма вайн Лоьмо дечу гIигIна вайн аьзнаш тIетоха сийлалла кхаьчна вайна. Веккъа цхьа Iийса ву Дала леррина Къобалвинарг а, ЯхIудан тайпанах долу Лом а. Цуьнан гIигIна, йилбазмаьхьаро санна, тIаьхьара олу Цунна тIаьхьахIиттинарш ду вай. Муьлхачу бахьано дойтур дара-ткъа вайн Везачу Эле-Лоьме гIигI? Со тешна ю, оцу хаттарна догIу жоп вайна хуийла ду, стено дойту акхачу лоьмашка а, стен-лоьмашка а гIигI бохург хаарехула.

Оцу цицгийн тайпанах долчу шина а дийнато гIигI дахь а, цара гIигI даран бахьанаш цхьатера дац. Лоьмо гIигI даран коьрта бахьана хуьлу, церан шайн долчу латтан бакъо дIакхайкхаяр а, цара иза лардар а. Бода булучу хенахь лоьмо, хьала а гIоттий, охьа а таIий, боллучу накханца буьйсанан хIаваъ чуузу, тIаккха гIигI до. И аз цу лоьман долахь мел долчу латтан декъахь дIахеза, къаьстташ кхайкхам а беш: «Со тIамана кийча а ду, ницкъ болуш а ду. Со сайн меттахь а ду, сайн латта а, сайн тIаьхье а сайна дуьхьал мел ваьллачух ларъян кийча а ду. Со юьстах а даьлла, хьоьжуш Iийр дац, сан стен-лом я сан кегий кIорниш дIадига цхьаъ гIоьртича. Тхан ижу, бакъо йоцуш, схьайоккхур яц тхан доьзална юкъа ца богIучу харцончаша».

Лоьман гIигIано чагIалкхаш кхерайо. Цуьнан нуьцкъалалла дийнатийн оьрнаш чохь а, цул дехьарчу меттигашкахь а хаало, саванни боданехь дIалечкъинчу хIорранга а дIахьедар деш, шена тIегIортар ша ловр доцийла хоуьйтуш долу. ГIигI даро дуьхьалбевллачу мостагIашна инзаре кхерабалар дохьу, къастам боллуш дозанан сиз хьокху.

Лоьмаша шайн доьзал мичахь бу хаархьама а до гIигI. Оцу агIор дечу гIигIано боху: «Со кхузахь ду. Ткъа шу мичахь ду?».

Цуьнан стен лоьмаша, кӀорнеша дуьхьал гӀигӀ до.

Лоьман нуьцкъалчу а, чӀоггӀачу а гӀигӀано дӀадоьллу цунах лаьцна дуккха а дерг. Лоьман гӀигӀане хьаьжжина, цуьнан доккхалла, хан, ондалла а къастало. Билггал аьлча, цуьнан гӀигӀано боху: «Суна хаьа, хьуна со гуш доцийла, амма хезий хьуна, хаа а лой хьуна хӀара бохург хӀун ду? Соьца къийса ма гӀерталахь!» Кхин а тӀаьххьара, амма коьртаниг ду: лоьмаша гӀигӀ до, шаьш оьгӀаздахийтича.

Аса хӀара могӀарш язбеш, цхьа хилларг ца дуьйцуш ца Ӏало со, мел чӀогӀа эмгаралла дара Ӏийсан Делан цӀийне бохург дӀадоьллуш долу. Дуй теша вай а, Ӏийсан ма-хиллара эмгаралла йолуш – кийча дуй те вай, кортош охьа а таӀийна, пехаш чу дуккха а хӀаваъ а эцна, муха ю вайн Цуьнца йолу уьйр бохург дӀакхайкхо?

Ткъа стен лоьмо гӀигӀ дарна хӀун бахьана хӀутту-те?

Лоьмо санна, цо а гӀигӀ до, шен а оцу латтана тӀехь бакъо хилар а, ша иза лардеш хилар а дӀахьедархьама а, шен доьзалан декъашхошца шен йолу уьйр билгалъяккхархьама а. Иштта цо гӀигӀ до шена мостагӀ тӀегӀоьртича а, шена гӀо дан кхечу стен лоьмашка кхайкхархьама. Шен тиладелла кӀорнеш тӀедоьхуш а гӀигӀ до цо. Амма дукхахьолахь стен лоьмо гӀигӀ даран бахьана – шен кӀорнеш мостагӀех лардарца доьзна хуьлу.

Цунах лаьцна сурт гайтархьама, лоьмаша лелочух лаьцна шина шарахь бинчу талламаша бохург далор ду аса.

Цхьаьнакхетарх стен лоьмашна пайда болу, хӀунда аьлча оцу цхьаьнакхетаро царна шайн кӀорнеш кхечу боьршачу лоьмех лардарна тӀехь гӀо дина а ца Ӏаш, цара кӀорнеш хӀаллакдар бахьанехь, иштачу цхьаьна гӀигӀ даро кхечу лоьмашца вовшахкхетар кӀеззиго хиларе а даладо.

Дукхахьолахь стен лоьмаша цхьаьнакхетта гӀигӀ до, шайна юкъара доцучу боьршачу лоьмана, гӀалат а даьлла, цхьа а долчу, гӀигӀ дечу стен лоьмо, шех дӀакхетийтархьама шега кхойкху ца моттийта. Стен лоьмана луучух тӀаьххьара дерг хир дара, ларамза шена тӀе лоьман тидам бахийтар, тӀаккха цо цуьнан кӀорнеш а дийна, и меттиг дӀа а лоцуш. Даьлла лелачу лоьмаша, дукхахьолахь, кӀорнеш дойу, стен лоьмийн ма-хуьллу сихха

шайх дlаккхета лаам хилийтархьама (стен лоьмаш шаьш кlорнеш кхиочу ханна дlа ца кхета лоьмех). Ткъа уьш дайина дlадаккххаро шен тlаьхье кхолла сихо ярна гlo до даьлла лелачу лоьмана.

Хьалха лоьмийн дахаран таллaмаш бечарна моьттура, стен лоьмийн цхаьнакхетаран бахьана шайна талла эха аьттонна ду. Хlинца и тайпана долу хьалха хиллачу талламийн жамl дар шеконе дуьллу цара, талламхошна хетарехь, стен лоьмийн тобанашца цхьаьнакхетар уггар хьалха шайн кlорнеш лардар ду, ткъа шолгlаниг – шаьш дечу таллар тlехь вовшашца шайн уьйр хилийтар ду.

Стен лоьмийн цхьаьна а кхетта гlигl даран lалашо – шайн кlорнеш дайарх я царна цхьа бохам барх уьш лардар хиларх лаьцна айса дешча, елха дог деанера сан. И талламаш бар бахьанехь дlаделладелира, ур-атталла кхаа стен лоьмо цхьаьна а кхетта динчу гlигlан а тоам хуьлу, лоьмийн кlорнеш ца дайитарна.

Стенах лаьцна боху вайга оцу агlоно?

> МостагIчо цхьанна дуьхьал толам баккхахь а, шиннал тоьлур вац иза. Ткъа кхаа тайнах хьарчийна йолу тIийраг атта хедар яц.
>
> Устаз 4:12, гочдар *Message*

Если львицы знают, что их изоляция может погубить, то почему мы так стремимся к независимости? Вместе мы можем защитить наше потомство от смерти и увечий. В изоляции друг от друга у нас нет ни единого шанса это сделать. Если это действительно так, почему мы так боимся признать нужду друг в друге? Нам не нужно строить связи с огромными массами людей – нам нужны всего лишь несколько небезразличных, сострадательных людей, чтобы изменить мир для этих самых масс.

## ГIИГI ДАРЦА ДОIА ДАР

Тайпанийн гергарлонца вовшашца уьйр йолу стен лоьмаш бен ца хуьлу кхерамалла доцуш гlигl деш. Царна хаьа, деккъа аьзнаш хилла а ца lаш, шайн йижарша гlo лацар а оьшуш хилар шайна. Иштта, Делан стен лоьмаш долчу вай а, хlунда дан деза те гlигl?

> ЦКЪА А ШЕКОНЕ МА ДАККХАЛАШ, УР-АТТАЛЛА БЕН ЦА ХИЛАР ДОЦУЧУ МАСЕХ АДАМНА А ДУЬНЕ ХИЙЦАЛУРГ ХИЛАР. БИЛГГАЛ АЬЛЧА, ИШТТАЧАРА ХУЬЙЦУРА ИЗА ГУТТАРА А.
> – МАРГАРЕТ МИД

Вай вешан аьзнаш айадо, Цуьнан олалла а, вайн Цунна муьтIахь хилар а дIакхайкхорхьама. Вай гIигI до, тилабелларш тIекхайкхархьама. Вайн гIигI даро цIа балор бу къонанаш а, тилбелларш а, вай церан дола а деш. Вай хIаваъ дегадо, вай кхайкхина боцурш а, мостагIий а, къола дийраш а вайна улло ца бахкийтархьама. Цхьаьна а кхетий вай гIигI до, вешан тIаьхье хIаллакьхиларх а, цунна лазам хиларх а ларъярхьама. Вай дист а ца хуьлуш Iийр дац, вайна бода дуьхьал кхетча.

Вай лакхахь дийцинчу бахьанел, мехала дерг хIун хир ду ца хаьа суна. Ур-атталла хIинца а оьгIазъоьху со, хIинццалц дист ца хуьлуш вай Iерна. Вайн бакъо яцара дист ца хуьлуш Iан, аз доцучарна тIера аз айдина алар вайна тIедиллина хилча. ХIара тIаьххьара сахьт ду. Вай дийшина Iашехь, бода дуьхьало а йоцуш дIасабаьржаш бара. ХIинца, вай самадевлча, вай доIанаш дан деза, Деле вайн ницкъ совбаккхар доьхуш, Цуьнан серло дIасаяржорхьама. ДоIанаш дар вайн цхьаьнакхетаран уггар коьрта бахьана хила деза. И тIом барна, вайна Стигалашкара вай лардар, хьекъалалла, тIом дIабахьаран нийса стратеги хилар деза.

Iийсас аьлла: «Хьайн Веза Дела доггах, доллучу синца, дерриг а хьекъалца веза» (Маттай 22:37, гочдар *Message*).

ХIара кхо агIо ю шуна вайн озан чIогIалла гIигI даран чIогIалле кхачийтарна: эмгаралла, доIа, кхетаме хилар. Вайн дахаран и кхо агIо вай дIакъастийча, уьш тIаьхь-тIаьхьа вовшахкхета, эххар а вайн Деле болу безам вайн даггара а, оццу хенахь кхетаме а долчу вайн доIанашкахь гучудаллалц.

Вай кIеззиг долчунна тIера дIадоладо, доккхачух тешарца. Дала Iийсан дуьхьа шиъ я кхоъ гулвеллачохь, Ша хир ву аьлла. Нийса йолу Iалашо къасторна а, стратегически планаш кхочушъярна а болчу некъа тIе воккху доIано. Стен лом санна йолу сан йиша, со къовса кийча ю, хьуна шиъ хилла а зуда карор ю аьлла, телефонехь хилла а, вовшах а кхетта доIа дархьама.

Вай хьалагIовтуш а, гуллуш а, вешан аьзнаш айдеш хиларе терра, Дала оцу кхааннах лаьтташ йолу тоба шор а йина, сихха ткъе иттанга ялайойла. ТIаккха и ткъе иттаннах лаьтта тоба, кхин а уьттазза сов а яьлла, кхо бIе зудчух лаьттачу тобане йоьрзийла. Кхаа бIеннах лаьтта тоба – кхаа эзарне, ткъа иза – ткъе итт эзарне а йолуш – иштта вайх эскар хиллалц, цуьнан доIанаш нуьцкъалчу гIигI дарца лаьттара стигалашка хьала а довлуш. ТIекхаьчна и хан вай а, йилбазамохьо санна, вайн Лоьман гIигI дан деза.

> Лоьмаш санна, самадовла шайн набарх,
> Бецийн гIад санна, дукха ду шу,
> Iаьржачу гIенийн жиналла дIадаккха,
> Охьайожае шайн буржалийн йозалла,
> Шу дуккха а ду – кIезиг бу шун мостагIий!
>
> – Перси Биши Шелли

# MessengerX

*Дешаре некъ хIоранна а, массанхьа а*




- **115 меттанашкахь сов маьхза**
- Юххедиллар а, онлайн а санна тIекхочийла ду
- Шун синан лакхалле хьалакхиарна хьажийна хIуманаш
- Шайн историга а, дешаран некъе а хьовса






Messenger дешарна гIирсийн кхоччуш библиотека схьаэца – электронни книгаш а, видео а, аудио хьехамаш а, аудиокнигаш а, Делан Йозанаш а… Хьовса а хьовса, еша а еша, ла а догIа берриге а шайн гIирсаш тIехь.

## MessengerX.com

Download on the App Store

GET IT ON Google Play

Дерриге а дуьненахь App Store-ехь а, Google Play-ехь а тIекхочийла ду

## Самадовла.

Стен лоьмашна кхетам боссар – нуьцкъалаллин а, даггара хиларан а, хазаллин а исбаьхьа васт ду. Цуьнан билггал бакъдолу Iалам – гонахарчарна омра дар а, тIаьхье ларъяр а, лоьман ницкъах дузар а ду. Коллективехь стен лоьмаш гонахарчарна Iаткъам баран дуьхьа дийна цхьаъ долуш санна лела.

## *Хьо а – стен лом ду.*

«Стен лоьмашна кхетам боссар» цIе йолчу книги тIехь Лизас Биверо стечу лоьман дахар а, амат а чIоггIа, амма оццу хенахь кIеда-мерзачу зудчун аматехь схьахьедо. Кху тамашеначу кхоьллиначун цIаьххьана характеристикаш дIаелларца, Лизас зударий Iалашо а, дIагIертар а, доьналла а хиларна тIекхойкху.

**Кху дахьийтарехула аша аьтто дIабоьллу:**

- ницкъан а, нуьцкъалаллин а цецвоккху кеп хилла дIахIотта
- кхиаза берш дералле ларбан
- аз доцчарна аз хила
- серлонгахь даха а, боданехь талла а
- гонаха дерриг а хуьйцу, юкъара гIигI дар айа

Акхачу Iаламера а, стечу лоьмех лаьцначу библейски текстийн кIоргенашкара а бIаьрла аналогийх юьзна, «Стен лоьмашна кхетам боссар» цIе йолу книга, – зударшна цхьаьна а кхетта, гуттаренна а кху Лаьттахь ницкъ дола баккха тIекхайкхар ду.

## Вай – Цуьнан кхетам буссуш долу стен лоьмаш ду.



*Даггара амат. Халонашкахьа йирзина. Адамашна уллора. Нуьцкъала. Самукъане.* Кху дешнаша амалш билгалйоху **Лизин Биверан** – иза дерриге а дуьненахь евзаш йолу спикер а, 216 сов дуьненарчу пачхьалкхашкахь трансляци еш йолчу «Векал» телепрограммин соучредитель а, гIараяьлла автор а ю. Адамийн дегнаш маьршонах дузаран а, хийцадаларан а дуьхьа, Лизас шатайпаначу кепара Делан дош санна, иштта шен юьхьша зедалар а доькъу. Нийсо ларъярхо хиларе терра, цо кхинаш массанхьа йолчу халонашна жоп хила хьийсабо.

MessengerX

Маьхза чуяккхарна а, видеона а, хьовса **MessengerX.com**-е

Алсам хаа лаьий шуна?
Кхузахь сканировать е:

MESSENGER INTERNATIONAL
MessengerInternational.org

Хlара книга – авторера совгlат ду тlаккха ЙОХКА МАГОШ ДАЦ